

Слчеч
Ч-91



М. МУСАЕВ

АНЗОР

НОХЧ-ГІАЛГІАЙН
КНИЖНИ
ИЗДАТЕЛЬСТВО
ГРОЗНЫЙ—1979



М. МУСАЕВ

АНЗОР

Сельский филиал №
с. Серноводск
центральной библ
Сунженского

Роман

КХОЗЛАГІА ЭРАХОЬЦУ
ТІЕЮЗУШ

Сунженский район ЧР
районная библиотека
с.Серноводск

Дубликат комплектации и обработки литературы Сунженской центральной районной библиотеки

376



С2 (Чеч)
М91

М91 Мусаев М. М.
Анзор. Роман. Чечено-Ингушское книжное издательство, 1979.
232 с.

Хlара книжка динах, къорlанах шен жlов, марс дина хьийзачу Хизар-моллех, тlеман турпалхочун кlант, жима Анзор цуьнца къуьйсучу белхан коллективах, мел халачу гlуллакха тlехь тола Iемнийчу адамех лаьцна ю.

Мусаев Мохьмада вайн дахарна уггар новкъа гlертачу хlуманийн сюжеташ хоьржу, лоьху шен произведенешна. Буххера, шайн массо беснашца гойту, Iорадоху цхьаболчийн кхетамехь дисина вонаш, хестабо, серлабоху адаман ирсан кханене — коммунизме боьду некъ.

Оцуьнан цlен тай Мохьмадан ерриг кхолларалле чекхдуьйлу.

Яздархочо ша баxарехь, «Анзор» Мусаевн хьомечех книжка ларало.

М 0733 — 034 / М 135(03) — 79 23 — 79

С2 (Чеч)

ПРОЛОГ

— Ва мама! Ас хIун дийр ду?..

Ведда веана, эвлан йистерчу цIийнан маьIIе кхечира и шийла мохь баьлла Анзор. Кхойттара ваьллачу кхуьнан ненан барма бу дIо-о бай тIехула адамаша хьуриг.

Денъялале лаьттах йолла санна, ма сиха, сиха доьлху-кх шу! ХIей, шорто гIойша... ма хьойша!.. Хьоьжур, гуттар хьоьжур вара-кх мамега. Гайтийша кхин цкъа а...

Верриг вегавора Анзор, гIа санна.

«Дечиган елахь а, тоьлу нана», — боху нохчийн халкъан кицано. Цундела санна, дийна яцахь а, бармахь Iиллахь а, дуьненахь хетара жимачу Анзорна мама. Бехк а бац! Аганахь мацвелча а, гIалато вагийча а, тIамо лазийча а... «мама!» — кхойкху. Цуьнан орца сиха ду. Цуьнан куьг аьхна ду,— и хьакхаделча, дегI качло, бодло, дохло. Мама, ма хаза ю-кх хьан Iаь! Хийла шелвеллар ахь вохвина, хийла мецаниг ахь вузийна, хийла догдоьхнарг ахь хьаьстина. Хийла буьйса ахь аганан гIожа тIехь яйина... Баркалла, хьайн дегIо ма-лов баркалла хьуна, хIай дуьненан нана, мама!

Хийла кIантана хьуо йилхинчу дуьненахь гIийла воьлхуш Анзор витина, йоьду хьо тахана.

«Мама... мама...» — меллаша деттало, берзинчу коташ тIехь, коьртта Iуьйра, юткъийчу белшийн кортошкахь вегош, ийалучу Анзоран балдаш. ТIаьхь-тIаьхьа жимлуш боьдучу бармана тIера схьа ца болу кхуьнан, ерриг юьхь яшош, леша сийна ши бIаьрг.

ХIинца хьозанан бIаьрггал хIума бен ца хета барма. Халла цу тIера схьавирзира Анзор.

Маржа яI! Ма деса ду-кх хьо, маьлхан дуьне... Iуьйкъехь а, пед санна, диканах, вонах дуьззина лаьттина, хьо-м еккъа цхьа гарманан аре а хилла дIадели. Мел сирла бIаьрг беттарх, мел сема ладегIарх ган, хазий хIума

дац-кх силачу хьуна чохь хIинца. Басна а тохарлерниг доцуш, хийцаделлийца стигал а, латта а... — шадерг. Бакъ ду техьа хIара? БIаьргех куьйгаш хьаькхира. Башха бе-берса даьлла хIума ца хилира. Ванах, иштта лаьттар ду техьа хIара? Малх а, бутт а ца кхеташ, я де, буьйса а ца къаьсташ. ДIасахьаьжира Анзор тIехъоьхучу бIаьргашца!

ХIан-хIа, Анзор. Лаьттар дац! Ненан бIаьрг хьаьбина юьхь массарна а хета иштта иназаре. Шадерг шен-шен метта хIутту: малх хьожу, олхазарша эшарш лоькху, жиманиг воккхахуьлу, хиш а шайн хорша охьаоьху, дитташа чIенгаш этIош, хIу денлуш. Вайнехан олуш ду: нана елча беран даг тIера доьжна зезаг кхин тIе ца долу. Иза а дуй хьовха башха чIагIдан тешаме. Масане еана хир ю, даватIа, хIара дика болх ган схьавоцу сан мел велларг, аьлла дийначунна хеташ минот!

— ХIинца мама яц-кх сан... — барма баханчухьа вогIавелира Анзор.

— Ма велхалахь, Анзор. Сан анâна хьо дукхавеза хьуна. Хьастаха вайшиина гIалитIара доьхкарш муха деара цо, — доттагI шен жимачу мара вуллуш, Анзорах вовха хьаьрчира Бескемпер.

ХIинца а кху шиинан юкъах ду и доьхкарш. Цхьацца хIара шиъ бен, кхин доьзалш боцчу наноша, эшаре хьаьжжина, тIехь, когахь цхьатера лелавора ваъал вовшийн веза ши кIант.

ТIамо байлахь витинчу Анзоран нанна гIо-Iуналла ца оьшуьйтура Бескемпераи дас, нанас, иза шайн колхозе кхаьччахьана дуьйна.

Хийла дагахь доцург диичу заманан кхиэло вовшахтоьхна хIара жима ши доттагI: Казахстанера Бескемперрий, Кавказера Анзорриий. ХIундий, мухий — ца дуьйцур вай, сан дешархо. Вайн веччан бIаьрга ма гойла и Гитлер дажал ваьлла зама!

— Анзор, атас, вай цхьаьна Iийр ду, аьлла...

* * *

Шолгlа шо дара Анзор Iеш Бескемнергlаьргахь волу. Цхьана а хlуман тlехь шайничул и эша ца веш, юучунна а, юхучунна а цуьнан хьалхе йохуш схьадогlура Сабиракай, кхуьнан зудий. Церан аьлларел арахьа кор ца боккху Анзор хаза кlант хуьлушший, цу шинна чу садиллиний кхуьуш вара. Цу шинна цатам хилахь, дуьне тlекхетара нохчийн кlантана. Цкъа, Нагима цомгушхилча, Анзора дийина кlира даькккхира, цуьнан гlуллакхана ваьлла лаьтташ, шен урокаш сарахь Бескемперера схьаязйой а Iамош. «Нагима-ана, ас хlинца лор ялайо... Нагима-ана, хьажал, ас молханаш деа хьуна...» — ишша хьийзира Анзор.

Амма мелчу ладарха воьлхуш лаьттинчу шега садолучу сарахь нанас кхийлинарг даг тlера дIадаьлла, кхуо и дицдина миноташ кlезиг яьхкина.

«Варий, Анзор. Хьайга далучунна кхоа а лой. Сабир-акагlарна хьайх бала ма белахь... Дешна а волуш, вуно эсала дешича ву хьуна хьан. Хизар бохуш. Дика дешича вон тевжийла яц. МаьI-маьIнехьа кехаташ а яздай, лахалахь иза... Суна ца карийра... Нахах тешна виснарг декъаза-м вацара... ХIан-хIа... Мичара... Делахь а, делахь а жимачу ахь хIун лелор техьа боху даго, сагатло... Маржа яI, хьо зуда ялорг хиларе сатеснера мамас. И суна ган доьгIна ца хилла. ТIамо вайничу хьаналчу хьайн дена дуьхьал юьхьIаьржа хIуттийла хьо, махканий, адамашний хьарам а, са-ниха кхоош а хин велахь. Ас дуьнене вели хьо...»

Эшцахь сецира нана-махкахь гIийла вуьсучу кlанте хедаш луьйн Бекистан мотт...

Хьастаха школера цIа догIуш цхьана гIезалон кlанта-ца дош дашера даьлчахьана дуьйна хIара ерриг эвла, тохарлериг кхин хетар а юй техьа аьлла, къахьъелла йогIура сихха кхузара дIаваха салаьттачу Анзорна. Бехк

а бацара. Де а бахьана доцуш чIогIа халахетийтира ккхунна цу кIанта.

— «Со хьайга писваларна кхоьруш, ца аьлла хир дара ахь соьга, и глагол муьлхачу спряженехь ю. Хала дара хьуна цхьаъ я шиъ пIелг хьайга хьежначу соьга бата? Ма ккхералахь. Соь писвала мах ца кхочу хьан. Амма хьуна со оьшуш меттиг йогIур ю, IаьржаIа дог, вон IаьржаIа дог!..»

Кхин Iотта а, тоха а ца оьшура Анзорна. Метте ккхеттера. Дага юккъехула чекхдаьллера шаьлтанал ира дош. Эхьах, дегабаамах, халахетарх буьзира бос керчачу Анзоран жима кийра. Вист ца хилалора, мотт лацабеллера, легашка хIуьттура дог Iуьйдучу хораман шеддаш.

ХIун бакъахьа ду ца хууш, доьхна, гIар-тата а яйна, вовшашка хьаьвссинчохь диснера бераш. Бераш хьовх, хIорш-м дийнна нах бара, ворхIалгIачу классехь а болуш, цхьацца бахьанаша хьебаний бен, цхьаболчийн уьссалгIачу чохь хуьлу хан а йолуш.

Кхоррел хила мегара Анзоран беснеш тIехула охьакерчина къаьхьа бIаьрхиш. Цара бехкбоккхуш Iовжийра гонах лаьтта доттагIий.

«И хIунда эли ахь?!» «Къа ца хета хьуна?» «Эхь ца хета хьуна?» «IЦуьнан хIун оьшу вайл?» — цхьабосса гIелалочунна тIекхохкабелира.

— Анзор, Анзор... ас доьху хьоьга, къинтIера ваьллахь суна... — валан-ван хьаьвзира, сихваллар тIехь, дашал хьалха мотт эккхаро чIогIа юьхьIаьржа хIоттош, дохковаькккхинарг.

Анзоран даго ца бохура цу кIанта и кхоссар шена баккъалийна а йина. Схьахетарехь, иза «кхааний» бен грамматика ца хиинчу шен дагна хьаам бан воьллера. Вай дезачунна ма хуьлда доттагIчун бос бойу хьаам...

КIайн кхокхий санна, йохалла а, шоралла а этIо девлира верас лоьхучу Анзоран кехаташ. ХIара гуттар кхочушдан гIертарг виичу ненан весет дара. Кхин мел дерг а дицдора цуьнан цхьадолчу дешнаша: «Дешича вон тев-

жийла яц... лахалахь иза, дIаделахь мамин весет цуьнга, Анзор...»

Кхуо дIа мел тесначу кехатана дуьхьал цхьатера жоп догIура: «Ахь лоьху Хизар кхузахь ваш. ТIекара вохку. Волу меттиг тосалахь, хоуьйтур ду». Бутт кхачча боллура цхьа адрес дист ца хуьлу.

Ша ялале «...Со могуш а яц. ДIадига, тхойшинна хала ду кхузахь...» — бохуш, Бекиста маршича лоьхуш а ца хилира кхаьрга и адрес дист.

ГIо дан дезарна кхоьруш, хIетахь хIорш цабевзарг а хилла, IадъIийна Хизар хIинца, цIе яьлча санна, ван ветталуш вара. «Ваха веза. ХIуманан тIалам болчу Бекистан кIантана хьежийна шеддаш дисина хир ду. Цу тIе, буо кхобург а хуьлуш, нехан сахь-сагIа-загат а оьшур дац. Шеме хир ю-кх, ша ма-ярра шеме. Цу беран тIорзах соьга делан лай валахь гуттар барша яьккхина гота ю...» — новкъавелира Хизар.

ХIор дийнахь-сарле мел лахара а кхузза-доьазза хьожура Анзор шайн кетIарчу яьшки чу. Хьозанан бен беса карийча мара бахлучу кхуьнан, и яьшка еса карийча, бIаьргаш а левчкъаш, беснеш тIехь кIаьгнаш довлура: «Цу кехатана Ваши карийна. И со дIавига а вогIу-кх!» Амма и шен дагахь лачкъийна лело воккхавер улло вогIучу Бескемперх хIинца а дадош, бай тIехь бекъа санна, ловзаккхира школе воьду Анзор. Жоп дан хье мел дели чIагIдора кхуьнан жимачу даго дешича ша дIавига вогIург хилар. «Ма хаза хир ду... Сабир-ака санна, дика хир вуй-техьа суна Ваши?» — бос керчира кIентан.

— Ткъа и Хизар-ака вагIахь, цуьнца дIагIур ву хьо, Анзор?

ХIара оцу яьшки чу мосазза хьаьжи, кху шиннан къамел хьаьвзий цу хаттарна тIе догIура. Анзорна хIуьттаренна санна. ХIораззе а и хаттар дицдан, дайа доккха къахьоьгучу кхуьнан сийна бIаьргаш, хи санна, лела девлира: «ХIун долор дара?..»

— Ойла ян воьлча, корта базбалар, бакъ ду хьуна,

Бескемпер. — хIинца Анзора долийнарг-м схьатIевирзинчу казахан кIентан ладогIа догдогIуш хIума дара. — Стохка математикан урокехь наб хьегIачу кIанте тхан хьехархочо: «Хьесапе бахча, базло корта», — элира. Тахана Iуьйранна, хьо хьала ца гIоттуш, и теллира ас. «97 × 6 = ?» маса хуьлу, цIечу къоламца тIе а яздина, картон бIогIамах дIатуьйхира ас. Юха, вайшимма закъий дечу уьн тIе вахвелла аркъал вижина со, аптекехь терзанал башха цхьаний а агIор ца таьIаш, цхьабосса нисвелира. ТIаккха дIа а хьаьжна, сайн дезткъе вуьрхIитта ялхазза эца волавелира со дагахь. Делан вац, хахха-аьлла, сан корта болу агIо охьа ца таьIарехь. Хьесап дан боьлча, коьрта чу цIий алсам догIу хир ду-кх. ХIахI?

— Ца хилча, кхин стенна сеттар ю корта болу агIо охьа? Суна хIун дагадеа хаьий хьуна, Анзор, ахь и дийцича?

— ХIан?

— Гитлеран эскаре вайчо къуртI олуьйтучу хенахь маса миллион адам, танк, йоккха топ, масанн топ-тапча, мел хIоъ, бомба, даьндарг... таттаделла Казахстанан эхан оххал бен йоцчу Германе. Муха дисинна гехьа дуьне цхьана агIор ца таьIаш? И хатта деза вайша физикехь, — портфель а ластош, волавелира Бескемпер, цуьнан дIаваха салаттарна ша реза воцу Анзор юххе а озош.

Оцу кIентан хьастахлерчу тIехтохаро ша цхьа сий доцуш, нийсаройл оьшуш, де, буьйса а, малх, бутт а — шадерг цхьа кхечу агIор даьлла хоьтуьйтура Анзорна. «Туьйхи елира цо суна, лети велира сох, коч ятIий елира цо сан. Уьш хала дацара. И тIехтохар ца долу-кх даг тIера дIа: «Соь нисвала мах ца кхочу хьан. Iаьржа дог, вон Iаьржа дог!..» ХIунда? Ой, соьгара хIун даьлла оцуьл сан дог дохо. Цу кIанте дешпйта, Iамадайта, хаьттинчохь шеггара жоп дала цунна ханйта лааран бехк хетара Анзорна цигахь шениг. Ткъа цу кIанта...

* * *

— ...Вайна ма-хаъара, гIоьртина хилира тIамо адам а, кхидерг а даа долор, — дуьйцура, байн корта а теIош, шега ладоьгIучу хьешан пиали чу чай ладийнчу Сабир-акас: — ТIом... гуобаькхина оьшург бен хIума доцу бIаьстенан юьхь... Уьш дерриг цхьаболчу божаршачул дика лайра Бекиста. Дечунна тIера, онда, хьуьнаре стаг яра. Хийланна махкал дира. Кху шиннах маьIа-моза ца кхийтира. Мукъа цаIаро ларбина уьнах. Бекист, схьакхачарца, свеклаш лело яхара. Анзор а хьийзара, цастар санна, улло а летта, шега далург деш. ЦIийнда вац аьлла хабар хезчахьана дуьйна де эша доладелира, сиркхоша лоьцура. Амма, багахь «ахI» аьлла а, цамгарна яхь ца луш, и чехош схьаеара шарахь гергга. Бакъду, цу кийрарчу цамгаро йожийра, лаьтте кховдийра миска... Ахь боху йоккхаеш хьийзира Бекист, дагахь доцуш майра хьажахIотта веъча. Отпуске ма веара цуьнан иза стохка. Нагима, кхин цкъа а юзал тхойшиннан чайник. Веара-те... — шаьшшинна чайнаш хьаьрсира, чайник дIакховдийра Сабир-акас чуеанчу зудчуьнга.

— Веарийца?.. Муха вара хIара? Хьажахьа, дависа делаI, муха ца гун вара, — хьацарна пIелг хьаькхира хьешо.

— Дера вара Расу тамехь, оьзда къонаха. Цхьаъшиъ орден а яра, моьтту суна. Тхан колхозо чIогIа той дира, веъча а, воьдуш а. Дукха адам дахара и новкъа ваккха гIалитIа. Уьш дIабахча кхаьчча телеграмма вокзале тIаьхьа йихьира. ТIаме дIакхойкхуш хиллера цуьнга. Цу шичах-м дозалла дан мегар ду. ВатIийна ваькхина шен да хир волуш Анзор а ву-кх, амалла чIогIа волуниий бен, — ладоьгIна, векхалуш сецира Сабир-ака, арара берийн лер хезча санна хетта. Хьешан а ладогIа догдеара корах чулелхачу церан аьзнашка.

Цаьрга ла а доьгIуш, башха сирла доцчу бIаьргашца чоь кего велира. Чуьра хIуманаш муха-хIун ю хаа сих-

веллачу хьешан тIуьска дIаяхано, чIапа корта, яьIин тIера бала санна, хьийзара дIаса; дукха лерана хьоьжучу цуьнан мераи дукъ а озош, дукъа цIоцкъамаш хебара, готтачу хьаьжа юккъе белхий а гуллуш. Пенан терхе чу доьттинчу юргIанеххий, пхьегIеххий, сонерчу тIорказахий, кхечеххий летий, дехьа чу хьодура кьена ши бIаьрг, тIехь зезагаш долу неIарехь кхозург дуьхьалара дIа ца йолура. «Анзоргlеран хIуманаш цу чохь хир ю-кх», — доккха са а доккхий, пенах боллучу куза тIе воьрзура хьаьвззий.

— Ши-кхо де ду зудчо и Анзоран куз мох кхетийта цига оьллина, — элира Сабир-акас, Хизаран дагара хиъча санна.

Школера цIа кхаьчначу Анзоран дог тохаделира, уьйтIахь полуторка яйча. Уча велира. ХIинццалц кхунна шайгахь гина йоцу, буткъа буьхьиг болу цIена кIеда калош, царна чутоьхна йолу Iаьржа бумзи а къегара гIадваханчу Анзорна. «Везан дела, Ваши веана хилийта ахь!»

Чунккхира...

ЦIенкъарчу истанга тIехь Сабир-акаца чай молуш Iаш цIена баьшна корта а болуш, пръеш лергина шилха сира маж а шаръеш, векъано стаг вара, мокхочу басахь. Цергех яссаяла йоьллачу бага эгна беснеш. Хьаьвзинчу мера кIел зун кIохцалех дуладелла ира ши мекх. Логгец ветташ дIадоьхкина гIовтал еса яра эгIазчу белшашкахь. Хьелахь боллу хьешан ши бIаьрг неIарге богIабелира.

ТIерачу духаро вовшех тарвинчу шина кIантах Анзор ца къасталора хьеше, мел аматаш дахарх.

— Муьлха ву шуьшиннех Анзор? — хаьттира хьешо нохчийн маттахь.

— Ваши!..

Дукха хан елира, карара портфель охьа а тосуш, тIекхеттачу Анзора, тIеттIа маракъуьйлуш, веанарг дIа ца

хоьцуш. Чохь гIар-тата яйнера. Эххар а дIахийцира. Ерриг юьхь, хи санна, тIеда яра Анзоран. Чуьрачийн а бIаьрг бешира.

Шен жимачу коьрта чу ца тардаллал хIуманаш карладевлира Анзорна оцу миноташкахь: юьхьанца нанас, шай яйна хало, адамийн дикалла, да тIам тIера цIа а веана, юхавахар, и вац аьлла кехат дар, ненан ялар...

— Схьаккечи-кх, Анзор, хьан Хизар-ака, — элира Сабира, бIаьргех йовлакх а хьоькхуш.

— Хьо хIун деш Iара, Ваши, тхо ца лохуш? Мама елла хьуна... — чаччамел дара Анзоран беснеш тIехула охьакерча бIаьрхин тIадамаш.

— Къеначу суна хаьарий мегарг и дан, — бIаьргаш бакъабора Хизара. — Хаьа. Елла Бекисат. Ялсаманин бос тIехь нана яра хьайниг, Анзор. Хьан кехат кхаьчча, цунна тIера етт а бийна, велира со ккуза ван новкъа. Весет-хIума дирий кхуо?

— И хIун ду? — хаьттира Анзора.

— ХIун де элира кхуо вайга?

— Соьга хьох дIакхета элира.

— ХIа-а, суна хаьара эр дарий. Цундела со веана... Делахь, Сабир-ака, тхо ма Iе, садов вайна... Машен а ю дIаяха сиха. Дукха ду колхозан гIуллакхаш.

Хизара Iаьрбийн маттахь деха доIа дира шуьйна, Сабир-акас, цуьнан зудчой тIаьхьара чIогIа «амин» а бохуш. Шина кIанта доIина куьйгаш цалацарна Хизар реза воцчух тера бара цуьнан мукъам а, бIаьргийн кер-чар а, куьйгийн дегор а...

ХIуманаш машина тIе йотта йолийра. Хаза малх бузу хан кхоьлира. Юькъачу марханийн беза бода теIара схьанехьа. Цу юккъехула схьакъедда малх хIинца дIабайра, дIо гене лепа а еш.

— Хьажахьа, Анзор, малхана а хета-кх хьо дIавоьдуш хала: вайн юьрта ца хьожу.

И бохучу Бескемперера вуно гома схьаэцна, кхоьсина машина тIе дахийтира Хизара цо чуьра арадаькхина

баьццара юргIа. КIудал шофере хьалакхийдо Анзор вист а ца хилира.

Даккхий догIанан тIадамаш дуьйладелира эга.

— Молла-Хизар, тоьйла хьовса вай, ма йочане ду-кх цу марханийн лелар, — веанчун воллеш Анзор кхнаре догдохучу Сабир-акана ваха ветталун шиъ тховса вуьсийла лаьара.

— Мичара. ХIара-м хьаха бу ша тIебоьлху делан къинхетам. Маса лела хьо, Анзор. Машинан кхана балхахь хила деза, — элира Хизара. — Дала ларвойла хIокху казахийн хIилланех... — похчийн маттахь тIе а тухуш. Амма дагахь: «Стигала тIеелхахь а, ваха веза. Дагаза даьрий хIара къутIа. ТIаккха шадерг духу. ХIоккхул хIума суна нанас вийчух кор меттахь а ца диснра...» — бохуш, вай хьийзачу верасан бIаьрг горгбинера машинарчу йийбаро.

Миска Анзор-м дагазавала дагахь а вацара. Мичара! Кор лаьттах ца кхета цуьнан. Амма ша унах цIена, мерза лелийначу доккхачу шина стагах хаъал эхь хета, дукха реза хилла шен дIаваха веттаваларна. Шайн кIантечул а ца лалора цу шинга Анзор дIавоьдуш. Бескемперх санна, доьллера, дуйх ала а, хIара шайчул хийра ца хета и шиъ нана ялале дуьйна а шайга дукха листинчу кхунах. ПIенда боккхуш санна, хала садетташ, даккхий синош дохуш, ца догIучу дагара лелара Сабир-акай, Нагимай. Церан бIаьрга тIе бIаьрг хIоттарх ларлун Анзор портфельца араволуш лецира Нагиман хьастамечу хьажаро. Хийла сахьаьвзича ша хьаьстина и бIаьргаш хих дуьзна дайча, кийрара схьаэккхал тохаделира похчийн кIентан дог.

— Апай... — тIекхийтира иза казахан зуда мараюллуш. — Апай, суна цкъа а йицлур яц хьо. Ма дика дара шу суний, маминий. Ас кест-кеста кехат доуьйтур ду. Суо а вогIур ву, хьуна коч а яхьаш... — екха йоьллачу стигалара туьйш доллучу маьлхан догIанаха лешира Анзор...

Буза боьдучу малхо кхелира баьццарчу байлахь чуерза меттахъхьайна шерачохь яьржина Іуьллу колхозан эвла. Са мел долу хІума буьйсанан бена дерзош, денъеллера суьйре.

— Же, латае машина. Анзор, кхин хІумма а юй вайн? — элира чоин тІомахь цІестан чамий, жІайн гІант долуш, чуьра аратасаве́ллачу Хизара.

— ХІан-хІа, — аьлла Анзор чІогІа векхавелла лаьттара дІанехьо Бескемперца къамел деш, портфель а буйнахь — Бескемпер, хьайн десара, ма хила оллалой, Сабир-акан сагатлур ду. Ас пионерски дош ло-кх хьуна... Вайша-м цхьаьний институте писвала а магий, Алма-Атахь...

Сабир-ака Хизарца къамеле ваьлла а хезна, шина кІентан хабар хедира.

— Ца дагІахь а бах ас, Хизар-молла. Варий, вон ма хилийталахь Анзорна. Кхетам болуш, эсала бер ду иза. Деи, пенан дика кІезга дайна, гІийла буо ду, миска, — кхуьйлура Сабир-акас.

Хизар-моллех бехк лоьцуш, къийлалучу Нагимас а тІехь шайн хирг деш, маравухкуш, обанаш бохуш, моллин каравелира Анзор.

— Цунна са ма гатделаш. И буо делан карахь ду. Со дийна а волуш хІума оьшур дац, даламукъалахь. ХІа-хІ, Сабир-ака. Дела реза хуьлда. Марша Іолда. Гергара хир ду вай, Нагима...

— Баркалла, Хизар-молла, баркалла... марша гІолда шу... — бусалбанийн чІогІачу ларамца куьг лоцуш, мерза маракхийтира суьпа Сабир-ака дІавоьдучунна.

Машина летира. ТІехІиттира цхьаболчарна яй-й, вукхарна езий хуьлу вовшех довлу миноташ.

— Варийлахь, Анзор. Йиц ма елахь хьо ца вина нана. Кехат дайталахь... — Лешачу бІаьргашца хьоьстура Нагимас ша шечул хийра ца хеташ лелийна,-хІинца санна, шех мерза хьирчина Анзор, цуьнан кортий, дегІ кІедачу куьйга шардеш.

— Хlан-хlа, Нагима-апа. Цкъан-цкъа дицдийр дац ас шу. Сабир-ака... — велхха воллуш улло лаьттачу Бескемпераи дена тlекхийтира доккхачу шина стеган шена дика хилар карладаьлла Анзор: — Ваши, сох къахетара кху шинна. Суна еззарг йора. Цкъа а хала ца хетийтира. Дуккадеза суна хlара шиъ...

— Вала хьо, дезахь... — нохчийн маттахь олуш, вон чlуг тоьхначу Хизара «хьан дуьхьа ца лелийна» багахь сацоран цхьа бахьана хир ду-кх.

— Вай муьлхачу агlорхьа доьлху, Ваши? — хаьттира самукъе машина хаа воьдучу Анзора, тlаьхьа вогlучу Хизаре вуха а хьожуш.

— Ишта дlа, — кlентан ихьаьрса кlелхьара книжкаш, керара портфель тергалъелла, моллас: — Уьш хlун ю хьан мараниш? — хаьттира.

Схьа а ца воьрзуш: «Книжкаш», — жоп делла Анзор дешнчас куьйга яьттачу шаьш гlон долчу агlорхьа вогlа-веллачохь виснера.

Хlинцца кхарна тlехула кхаьзна мархаш, lаьржа бода эцца, цигахьа, хlорш боьлхучухьа, теlаш яра. Амма ша «книжкаш» аьлча гамъеллачу Хизаран юьхьа тlе бижина бода ца байра йолалучу машинахь цунна улло дlатавеллачу Анзорна.

ХЬАЛХАРА ДАКЪА

I

Бакухара Ростов йоьдучу поезда хинра со ХIинжа-гIалахь [1]. Лаьттина пассажирски цIерпошт йолалуш малхо лалийнчу дийнан делкъал тIаьхье яра. ГIалех ара а шаръелла, лаьмнех хьерчаш, царна гадохуш, юм нийцира поездо.

ХIетта сайн хонйла тоеш, хIуманаш дIаниспина а ваьлла, кху тIе хаале сеццачуьра сайн книжка еша волавелира со. Hel а, кор а диллина йолчу купе чохь дегIана а, дагна а чIогIа аьхна дара. ДегIастанан лаьмнийн, тIехула чайканаш ловзучу Каспийски хIордан вовшахъэделла унах цIена хIаваъ мел чуоьзча а ца Iебара кийра. Там хуьлура, са кIорга мел даьIи. Бага йоккха гIатто догдогIура. ТIеттIа чехка йолуш хеталучу поездо цхьана эшшарехь техкайора вагон. Цуьнца со а техкара меллаша. ДIасахьаьвзачохь, голатухучохь гIеххьа пелволуш вуно хазахетара кIедда Iечу суна.

Еа меттиган купен лахарчу шиннех цхьаъ яра сайниг. Суна дуьхьаларчунна тIехулара меттиг да воцуш яра.

Тхо кхоъ хир волуш вара кху чохь. Амма сайн ши некъашхо хIинца а вевзаш, гина вацара суна. Сенни корашкахь дара дукхахдолу адам, мохехь ловзабуьйлучу хIордо схьа ца хоьцуш. Цаьрца хир вара и шиъ.

Сихвелла Гюго Викторан «Отверженные» роман йоь-

[1] ХIинжа-гIала — Маханкала.

Сунженский район ЧР
районная библиотека
с.Серноводское

Областной филиал № 20
с. Серноводское
центральная библиотека
Сунженского района
17

шуш Іара со, кест-кеста сайна хьалхарчу куьзгана бІаьрг а тухуш. Цу чохь суна гора малхехь юкъ-юкъа зезаган бос а ловзуш, гІа-бацана сенъелла басеш, акъареш, лаьмнаш, жаш, бажош...

Куьзгана чухула дІауьдура бІаьстенан юьхьо чу са далийна Іалам. Лекхачу лаьмнийн бахьхьех хьерча шурул-кІайн мархаш йовлура гучу. Сени чуьрчарна бехк буьллийла йоцуш, хІинца-м со суо а хьевелира куьзган чохь. Хьежа ца кІорддол хаза бара ДегІастанан мохк... Чкъург ма-керчча ала мегар долуш йоьдура цІерпошт.

Хьежа кІордор а дац хьоьга, аьлла, сайн романа тІе охьатаьІира со. «ХІотталур дуй техьа адам бухха дуьйна хийцаделла дІа? ХІотталур дуй техьа дала догдика кхоьллина адам кхин адам бахьанехь оьгІазе хилла дІа?.. Эша а, талха а тарлой техьа бай ца лучу балехь доллу дог?..

Кхетарий техьа Жан Вальжан ша вай кхна гІоьртинчу шен дагерчу хьолах?..

Дицдан ца деза, Жан Вальжан Іаламат чІогІа, ницкъ болуш хилла хилар: цу тІехь цуьнга кхочуш каторгерчех цхьаьллиг-цхьаъ вацара... Халачу балха тІехь, аьчган муш дІалуш я хІордан кеманан ков хьовзош, веаннан новкъа ларавора Жан Вальжан...»

— ХІинца дулуш ду-кх вай, Анзор, цу нана-Кавказах чу!

Учара схьахезинчу оцу дешнаша сиха, сиха хьалаайира, шадерг дицделла, романа тІе воьлла воллучу сан корта. «Анзор!?» — стохка сайна олхазаркІотархочо вийцина вайн нана елла Анзор дагавеара суна.

«Дохкийца?..» — аьлла, суна дуьхьаларчу меттиган когашкара хьала а иккхина, сени чу хьаьдира хІоккхул доккха цхьа адам. Иза чувогІуш а, охьахууш а суна ца хиъна сурт дара схьахІоьттинарг. Со книжка йоьшуш волу дела, вай лелла хир ву-кх иза. Амма оццул хьийкъина дегІ сел дайн лелор а дац аттачех гІуллакх-м.

ДІахьаьжира со. Корах ара вогІавеллачохь висинера

хьийкъина кIант. Тхан поезд йоьдучухьа жимма разо вирзина лаьттачу цуьнан дерриг юьхь-сибат ша ма-дарра гора со Iачуьра: Iаьржо амат, «бокс» лергина корта хьала мел таIий, шалхаоьхуш, ворданан милккал ворта; дуькъа цIоцкъамаш, чо беха негIарш долу даккхий сийна бIаьргаш, кIелхула дуткъа мекхан тача а доьдуш, стоммо эр долуш, шийса мара; цIегIо-стаммий балдаш; ира хьажар... Безамехь къонаха ву, туй тесний бен бIаьра ца хьажжал. Амма цу дерригенна а тIехула цхьа сингаттаме марха Iуьллуш хетало-кх. Юкъ-кара бос а керча, ха хорцуш санна: цкъа къегий серлаболу, юха таьIий ккхулу... Юьхь деган куьзга ду олу физнологаша. Цхьа хийцамаш лелха хир бу-кх кхуьнан цу чохь. Гуттар цIерношгал хьалхадуьйлуш, уьду кIентан бIаьргаш. Дехьа а, сехьа а лаьттачу вукхеран, цхьацца нхьа пIелгаш а хьежош, вовшашца къамелаш ду. Кхуьнан къамел ца долало. Улло лаьттачун хIара ленваккха гIертарх а гIуллакх хила ца туьгу.

КхидIа еша а ца елла, охьайиллира ас книжка. «Там бара хьо и Анзор хила», — аматаш дохура ас сайна хьалхара дIанехьа ваьллачун. Тохарлера аз дистхуьлу а лардора ас, цо яьккхина цIе билггал «Анзор» ярий техьа, дагахь.

Схьа чу а веана: «Кхоъ хилн-кх вай хIинца... Хиллехь лера ду вай хаза дIаоьхур», -- аьлла, суна дуьхьаларчу, схьахетарехь, шен метте охьахиира басна а, леларна а безамехь воккхо стаг, «хIаъа» багахь, со шена прахIоьттича. ДIай-схьай кхоьссинчу хеттарех и Киргизера вогIийла а, со БухIан-юьртара вуйла а хиъна тхойша, вовшашна цхьацца хIума дийца кечлуш санна, сацавелла, кIедда техкара яй-й кхиссалучу вагонца. Дикка миноташ дIаоьхура ишгта Iаш, чкъургаша рельсаш ягаръеш. Некъ хьаьвзачохь йогIий, хьетIара охьакерчинчу маьлхан зIаьнарийн курс эккхара тхуна чу.

— Анзор, дукха хьоьжу хьо ара. Схьавола, садаIийта настаршка...

ХIаъа. ХIинца шеко йоцуш «Анзор» дара суна хезнарг.

Схьавеана, неIарехь сецира Анзор. Беркат яI, хьо куц, кеп!..

Масехасза оха шимма аьллачул тIаьхьа, когашкахьа таьIIина, чIогIа бехк лоьцуш, охьалахвелира жима стаг.

— Хила а хилла Кавказ хаза мохк. Ша ма-ярра дуьненан ялсамане. Кхуьнан Iалам, латта, хIаваъ, хьожа.. Эрна ца хестош хиллени хIара, ког мел баькккхийчохь, дешан говзанчаша.

ЧIогIа векхавелла, самукъадаьлла, дагна там хилла, ойланашна вайвелла хеталуш вара Анзор хIинца. Велакъажа лааро яй-й моханаш кхоьхьура бIаьргаш кIеззиг лечкъачу цуьнан юьхьа тIехь.

— Хьо мичхьара вогIу, Анзор? — хаьттира ас, дукха а хIуманаш дагахь.

— Масане яра уьш, со вогIу меттигаш.

ХIунда ду хаа халочу кенара юкъахдисира цуьнан дийца вАлар.

— Дикка аренаш идийна вогIучух тера ду вайн жимаха, — аьлла, цуьнгахьа вирзинчу кхозлагIчо хаьттира: — Нана а елла, казахца висина, хьо дешичас дIавигира. Ткъа цул тIаьхьа хIун хилира шуьшиннах, хIун лелийра ахь, Анзор?

И хаттар со тIехаале дуьйна а кху шинна юккъехь дехха цхьа къамел деанчух тера а, хIара Анзор суна вуьйцу хезнарг волчух тера а дара.

Хуур ду-кх. ЛадогIа вай кхуьнга?

АНЗОРАН ДИЙЦАР

— Цунах лаьттарг хаац, — парггIат волавелира Анзор, коьртара куй улло охьа а биллина. — Ала ца догIуш хеталахь а, со-м метта вагIахь тамаша болчу тIе ваьлла куц хIуьтту, бахьана н верас долуш. Ас хьоьга ма-дийцара, Сабир-акас маха эшоза, со лаххьийна дIа-

вигира цо, полуторка йоьттина. И тIелхиташ йийца со гIерта ма мотталаш. ХIаш-хIа. Сутаралло хьокхуш хилла ишшта ка.

Вахана дIакхечира тхойша. Ахь боху хаза яра цуьнан юьхь. Со таш хIуьтту адамаш. Дадин, мамин безамана хилла хир дара иза. Со стаг волуш дацара. Вилла а, эша а торий со Вашис, цуьнан зудчой: тоьгуш, яош, хьоьстуш, юьттуш... жимачу суна кхин хIун оьшу? Дах на делира-кх, дависарг. Iайга хьежна, хIусамнана ишкапана догIа летта елира; тIехь модаша вуза велира; хьадалш-вадалш совдуьйлура. Месийн меттара истанга тIе воссийничу соьга лалой уьш? Цхьана дийнахь шега леткъинчу сайна Вашин бIаьрташ тIе къаьрзнча, жимма кхиира со цуьнан хийцавелла вагIарх. ТIаккха дуьйна къийла волийра со: ловза эхарх хадийра; чехавар дийбира. Кишой, кишжкий-м цIахь-чохь хьахо а, я схьаэца а ца мегачу тIе делира гIуллакх, лелла. Хье на луш Iаьрбийн элпаш тIетеIо волийра со. Дешна ма вуй Вашн. Казахстанехь-м гуттар маIа-молла хилла хиллера цунах. Iийна, школа тIехьетта яьккхира суна: «Цулла а ламаз де, дешй, нашний мел ло, еса дешна Iама...» Соьга лелалой дерриг цхьаьна? ХIумана говзачу цо жим-жимма вухаветташ, школехь пакъостел тIаьхьависа волавелира со, уггар дика хуучу математикана а кхоъ доккхуш.

ТIаккха, цига дIаваха безам хилла, Сабир-акагIаьрга кехат дахьийтира ас. Уьш Целинин край дIабахана хилира. Тайп-тайпана ойланаш хьийзара беркъаваьллачу сан коьрте. ХIунда дара а хаан, цхьана дийнахь дагадеана, сайн хIуманашка бIаьрг туьйхира ас шина а чухула. Деса тIорказзий, суна кIел кхуьйсу ченаша буьзина тишш моттиг, ши гIентан къечIалг, гIумгIин бахьаний бен хIума дац-кх гуш. ДIахаьттича: «Балхахь-малхахь а доцуш, вай муха Iа моьтту хьуна, ерг юхкуш бен. Беллачарна тIера сагIина ло, шиъ мовлад ешийти... Вай-м бусалбанаш дай. Дела хьахочу чохь нсбаьхьаллаш ца оьшу», — аьлла, гамвели соьца Ваши. Юха васталора.

Аьхка бераша садоIуш, со колхозе вахара, сайна тIеюхучуьнна амал бан. Тракторшна ворданахь хи кхоьхьуш а, йол хьокхуш а... ши бIе туьма ца кхоччуш ахча а, ишн гали кIа а даькхкхира ас. И дерриг хIур-цIур дина дайира Вашис, рицкъа делехь ду, аьлла. Лула-кулара чувеанчо соь кховдийна шай-кай уьш арабовллушехь дIаоьцуш Iедал дара цуьнан юьхьхьехь дуьйна а. Ткъа со верззина ала мегар долуш вахара гурахь школе. Цхьадика, шен хоржах костюм, ботинкаш а эцначу школо догдоьхна ца витира. И мичара лало вуьшта а цу школана церг йоьгIучу моллига! Школера юкъахвакхарна кхоьруш, цуьнгахь еса Iамош а вара со, цIа веъча.

Сайна мел ишкъ хилахь а, панас веза вийцинчу Вашин дош кхачо лууш а, я и мегар ду моьттуш а вацара со.

— Бакъ ца хилла. Я хIинца а ма хилалахь. Цо сий дойур дац хьан, — Анзоран тIаьхьарчу дешнех там хилла, тхойшиннал воккханиг цуьнан къамела юкъа эккхаза ца Iевелира.

— Хуур-кх, — хьацарна йовлакх хьаькхира Анзора. — КъорIа-

нерий, жайнашкарий кхуьнан цхьацца хьехамашка ладегIа адамаш лестара тхоьга. Шайна юккъе охьа а хаавой, балдаллалц царна, гIийла буо дой, со хаставора Вашис. Схьахетарехь, урокаш ян йисина хан а соьгара дIаяккхаран Iалашо лоьцуш хир вара иза. Хаац, миччахьахула лечкъий а, уьш-м сан йина хуьлура дукха хьолахь.

Iаьнан цхьа шаткъе делкъе яра иза. Цхи-ялх де а дара Ваши вусавелла лела. И кхойкху а аьлла, портфель буйнахь цу чу велира школе ваха кечвелла со.

Делкъан ламаз дина валларх, хьарччийна кIел йоьхкинчу голаш тIехь, суьлхьанаш хьийзош, тIулг санна, макхвелла Iара воккха стаг, корашка оьхкинчу хIуманаша кхолийначу чохь лерина йогучу чеша а вогIавелла верриг. Цуьнан бIаьргаш чохь шера къаьстара цIарулцIечу цIеран кхиссалуш еттаялар. Шен багара аят чекхдаьлча, кхин цхьа доIа деш, суьлхьанийн важа буьртиг дехьа а баькккхина, цкъа а ца хиллачу кепара вон схьахьаьжира иза соьга. Сайгара даьлларг цахуу со чIогIа воьхна хилира.

Эххар схьахьаьвзинчу цо меллаша, амма сан дегIе зуз доуьйтуш, элира:

— КIант, хьо кхин ишколе гIур воцуш сацам хилла сан.

— Муха «гIур воцуш»? — айса хIун до а ца хууш, мохь баьлла хиллера сан.

— Кхин бага-Iуьрг схьа ма гIаттаелахь. Цулла а воккхачуьнга ладогIий, цо бохург даний Iамаде хьайна. Вайн далла и ца мега дела, кхин ишколе ког боккхур бац ахь. Ас доIи тIехь деле хаьттина, — хьоьга ишкола йитийта, боху цо. Сан къа лато а, хьоь латадайта а йиш яц. Схьа портфель.

Ас доггах мара къевлира мацах сайна мамас эцца портфель. Амма, хьаланккхина, тIекхеттачу Вашис оззийна дIаяькккхира соьгара иза ДогIа шена дIа ца даьлча, тIе ког баькккхина, ятIийра цо иза.

ТIаккха сан книжкаш, тетрадаш кхуьссуш пеша эхийта долийра цо: «ХIара, хIара ю шун меттиг», — бохуш. Портфель яхара царна тIаьххье пеша.

Цецваьлла со Iадда лаьттара, меттах ца хьалуш. Сайна гучух ца тешаш санна. Книжканаш сеттара, хьийзара цIергахь, дийна йолуш санна. Ткъа Вашин бIаьргаш, царех ца Iебаш, къерзара, доьлуш. «Ваши, ахь дийриг хIун ду?» — пеша хьалха иккхина, суо вагошшехь, цIергара схьа а йохуш, йогу книжканаш дерзинчу куьйгашна дIаяйа гIертара со.

Кехатан дагараш, цIенкъарчу кузан марцабаларан хьожа йоллура чохь, са ца даIалуш.

Воккхачу стага пеша хьалхара дIакхоьссича, корта пенах кхетта, кхетамчуьра велира со.

Мацца а цунах меттавогIуш, бакъонца кхеравелира со. Адамаш хьердовлу, бохуш сайна хазар дага а деана. БIаьргаш хьетIа а девлла, ша кхе кхуьссучу книжкашца со а ваго там бу кхуо-м, аьлла, пе-

Iарехьа таьIира со меллаша. Лехпачу сан дегIера ницкъ байнера.

Вахана тIекхетта, пенахарчу терхи тIера схьаэцца, къорIа, ши куьг ма-доьдду, цIера хьалха хьала а айина, тамашена сардамаш кхайкхо велира Ваши:

— Ягалаш, ягалаш, наьIалт хиларш! Кху тхов кIел, сан тхов кIел хIара къорIи бен хила йиш яц, яц-те. Дуьненан тхов бу стигал. Цу кIел ма хуьлда хIара цхьа делан къорIий бен! Яго еза, сийна цIе йолийла делаха бевллачийн, дим боццу книжканех. Дерриг дуьненахь цхьаъ ца юьсуш! ЦIерш яхка царех! Доь дайла массо книжкин! ТIаккхий бен цIаплур дац латта адамийн къинойх. ТIаккхий бен гечлур дац дуьненна!

ГIаккха ас суо лаьттачохь сайн гIори-гIоддах мохь туьйхира:

— Фашисташа а ягайо книжканаш, царна тIехь хьекъал, бакъдерг долу дела! «Пионерски правдас» яздо ишттa!

— Дела реза хуьлда цунна, яздахь, — бохура, йогучу книжканашка хьаьжжинчохь висина, ша хIун юьйну ца хуучу воккхачу стага. — ЧIогIа дика ду хьан «Пионерски правдас» и хоуьйтуш.

— Фашисташа-м къорIа а дагадо! — элира ас таIоьш.

Сан са а тIехь книжкаш юучу цIеран нур догура, цунна гIадъоьхуш. Ваши гамзаръяьллачу юьхьа тIехь.

Чим хиллера книжканех. Яйна, кхоьлина пеш цIарах санна, дассаделлера сан доьхна дог. Кхин сакъерадала меттиг хир белахь тамаша бора ас.

— ЦIе хIун яра хьан Вашин, Анзор? — дагадаьхкинарш цунна дазделлачухула хоттийла елира суна тохара дуьйна сайна хаа луург.

— Хизар. — лерринa соьга схьахьаьжира чIогIа йиш йоьхна хеталун Анзор. — Сайн лазийна, метта ца богIу корта а бицбелла лийлира со оцу деношкахь, айса дан дезарг лоьхуш, цуьнан ойла еш.

Шийла еанера буьйса. Лайн дарц летара шелоно тираш лецначу корех. Ойланаша керчош Iуьллу со, ког байбина вахана, дехьа чу хьаьжира юха а. Доккхачу шина стеган хар-хирах дуьзина цIа таьIIана серладохура пешан белша тIехь муьрг еттачу шишанан чиркхо. Суо лаьттачуьра кхевдина, газетан хIупъэргехула дIабайира ас иза. Вуха а хилла, сецира со. Меттах а ца хьайра набарш кхеттарш. Зудчо ха-м хаьрцира, со кхеро санна. ДIатийра, цхьадика.

ТIаккхэ сайн йолу-йоцчу тIелхигана тIехула пальто а юьйхина, араваьлла со, бехказлонна схьаэцца гIуммагI неIарге а хIоттийна, вахара... Лелаш, Джамбул-гIала кхечира. Со саннарш лоьхучаьргара лачкъо а, кисана кхийда а шарвелира. Юучун бен гIайгIа йоцу со, бугIа санна, верстира. И «базар» йита кханеш йохккучохь марзваларна а кхоьруш, ма-нийшши бохург санна хуьлучу ахчанах вала а ца лууш, холчохь вара со. И хууш санна, ларвора «пакъосташа». Цхьа дика кара «хIума еана» меттиг нисйина, лечкъира со, царех хада дагахь. Карийча, цара соь хIоттийнарг... дегI ца лоццург вира... Ас чуьра чамданаш лачкъийнчу зудче эццахь дIавийца а, кхин шайх ха-

да гІертахь вен а хьаьвзина хетар доцуш «берзалой» яра уьш... Валарх, висарх цхьаъ къасто дийзира. ШолгІанир туьйлира. Хьо ца луш Токмаке кхелхира тхо. Цигахь леца долийра. КхозлагІа лаьцна вахана, пхи шо а даькъхина, вогІу со хІинца. Шайх хьакхавелларг дІахоьцуш ца хиллеш жоьлкаша. Лаьцначуьра сха ма-хийцир, каравора со царна. Йилбазан лерг къора хуьлда, хІинца тІаьхьа кхачахь-м къен вара со царна. Беркат доцуш «Іаббаза Іар» хиллера уьш. Хенан заманахь тохарлериг хир вац сох, — аьлла, сецначу Анзорца дукха йолу куц дара гІоргІачу стагана бен ца хеталу кІоршамаллаш.

— Марзделларг дуьтучул атта цуьнга марзвалархь ларвала хир моьтту суна, — элира воккхачу стага, хаттаре а хеталуш.

— Къаьркъий, цигаьркий, цадуьтучаьрга диллича-м, иштта хила тарло иза. Амма бакъ-м дац. Собаран лай и шиъ ший а ду. ЧІогІачу лаамой, цхьа ша дага ца лоцуш, массеран ойла ярой, дикачаьрга писвала гІертарой шадерг кхачадо, дог лаьттачу кхачаво. ТІаккха. Анзор? — хаьттира ас, хІинца дуьйна цуьнан дан безам берг хаа дог лаьтташ.

— Вели со-м. ХІинца дуьйна лело доьгІнарг гур ду-кх. Берахь дуьйна уггар суна лиънарг, со хьегнарг — адаманна пайдехь, церан доггах хилар дара. Уьш сох девллачух тера ду. Шадерг хьирчина, кегаделла. Мел гІертархь, коьрто схьа ца лоцу. Ойланех хІоз хилла...

ТІедеттий, тІера дахий ца гІерташ, ма-хиллара дуьйцу алалур долуш къамел дара Анзоринг. Дикка хІуманаш бен ца хета-м кесталха волавеллехь а тамаша бара хІара. Кхуьнан лер а, лелар а, хьажар а, Іар а цу тІе хІуьттура. Лагеран жаргон йоцуш вагІахь а. Амма куц-кеп кІезиг лоьхуш, юург дегІо таеш, могуш стаг ву шен вастанца.

— ХІа, дика ду, жима къонаха. Хьо телхина, ойланаш а хьалхалерачу тІера дІаевлла боху ахь. Цунна бехке дин до ахь я лагерь хета хьуна? — хаьттира воккхачу стага.

Шен дахаран гІо дарна цуьрриг вайн-м Хизар а ца вуьтура, амма уггар боккха бехк шен бора Анзора. Орца хин доллучу латкъаран, хьошалгІа эккхаран меттана шен вочу новкъа валарний, жуликийн туьпа вахарний оьгІазъихна вер а вац ша бохура цо.

— Цхьаболчарна уггар дела даг чу вижочу, уьш цуьнан къинхетаме кхойкхучу меттера вогІу дела делахь а, я динан бен лаьттачу цІийнах схьаваьлла хиларна делахь а, хьо-м, цхьадика, дела цхьаъ, элча бакъ вечух тера ву. Кху некъан бохалла хьо тергалвеш схьавогІу со, Анзор, — когаш чуччухула бохуш, тавелира воккха стаг.

— ХІундда делахь а, делах тешаш, Іосалла даг тІе ца юьтуш схьавогІу со. ХІаъа, воккха стаг, ахь ма-баххара, ишта а, вуьшта а — тайп-тайпана дара лагерехь адамаш. Бакъду, ахь бехк ма билла, цо ялийначу кепо дешнех догдаькхина сан, — шин куьг мара дуллуш, охьатаьІира Анзор.

— Ткъа, кхин мила ву хьан? Хьанна тІе ласта безам бу хьан, Анзор?

— Ой, адамех дуьззина дац дуьне, ва воккха стаг?

— Э-э, кІант! Адамаш хьаха ду бен-бен.

— Бакъ ду. Дийца даккхаро дарварна мотт лехь а, дера, воккха стаг, кІорге ваьлча, дог кІаддалаза ма ца Іа. Лаьцна волуш цкъацкъа со сайх дагаваьлча санна, бага ас мухха еттахь а, даго хІинца а шениг ма хьоьху. Юткъаялар хир ду иза ойла, дерриг тІехьа а тоттий, дешичехьа ма таьІа, ас юхауьйззушехь. Мамас цуьнан веза вийцар а ца дицло, — хаъал кІадделлера Анзоран аз, Іар, хьажар а.

— ТеІар ю, жима къонаха, теІар, — тамехьчу можах кахьоккхуш, вагонца техкаш, товелира воккха стаг. — И ца хуьлийла яц. Цхьана ораман генаш, цхьана тІамаран шин лаг ма ду шуьша. Цундела аьлла, кхор кхочче бужу. Адамаш а дитий, хьайн дешичина тІе восса хьо. ТІаккха: «Анзор цІа веанчу гІо вай?» — эр ду паха. Ткъа, ахь и ца дахь: «Анзор боху жуьлиг а еана бохийца схьа», — эр ду. Шена цхьаъ гуш, хьо ларван гІиртина Хизар, и харцахьа даьлла мисканан. Суна вевза, Хизар адамашна оьшуш, цара лоруш стаг ву. Дешича-м доккха хІума дай, Анзор. Цуьнан меха хІума доцчу нехан бехках ларлуо хьо. Воі воцуш да а ма ву иза, цу мисканан къа хьаьрчарий хьох.

Тхоьца волу воккха стаг АнзоргІеран эвлара, хІорш бевзаш хуьлу куц дара. Цо хесторехь, вийцарехь, паха хама беш стаг вара Хизар. Цуьнан Іеламалла хьахо, часто башха ца хІуттучух тера дара тхан некъашхочун хабаран тийссадаларрий, кхийссадаларрий. Амма, гонахара уьйуш, лоьман цІога дийнера цо моллех. Цу дешичан «диканех» ларвала чІагІо йина Анзор а хІинца хаъал юхавуьйлура дагахь: «Воккха стаг бакъдуьйш хила там а дера бу. Жимачу суна хІун хаьара хІетахь...»

— Доккхучохь деза хуьлу-м лаа ца аьллий вайн дайша дешина. Хьенан-мила ву хуучохь сий хуьлу, кІант, стеган. Тохара ас ма-аллара, «Анзор цІа веана», эр ду, ахь алийтахь. Ца алийтахь, — важа церан карахь ду.

Поезд лагІъелча, воккхачу стеган хабар хедира. Вокзале кхочуш дара тхо. Анзор хьогаме хьоьжура корах ара. ЦІенош, дитташ, лампанаш лелхара тІех. «Грозз

ный». «Эх!!» — тохаделира мерза велакъежинчу Анзоран дог.

Массарел сиха вара хIара охьавосса. Амма Iалой, волурий воккхачунна гIо ца дича?..

Соьлжа-гIала, вина мохк, хиш, лаьмнаш. ХIун дара хIинца дуьйна ган юьйлалучу церан меха... Хьалхара адамаш а, карара чамданаш а ца хаалора уьш ган сихвеллачу кIантана. Шаьш мича хьовсур ду ца хаьара бIаьргашна, уьдура уьш, дерриге хьоьстура цара.

Охьавоьссира. ГIовгIанаша юьйлина, адамех сийса сирла перрон. Радиохула Iумара лоькху «Лекхачу лаьмнийн» йиш. ХIуо а, хьожа а, екхна стигал а, буьйсанан бос а — дерриг цхьа ша тайпа, гергара, хаза, аьхна хетара Анзорна. Велавала воьллачохь виснера хIара. Муха ца вуьсу! Мамас ккунна хийла йийцина нана-Нохчийчоь ма ю хIара! «Дера бу, Анзор, вина мохк беза...»— нана а, цуьнан дешнаш а дагадаьхкинчу Анзоран бIаьргаш чу хи доьссира...

Iадда лаьттачу цунна дуьхьал баьхкинчара воккхачу стеган чамданаш шегара дIахьош а хиъна куц дацара.

— Анзор, хьо соьца вогIур вуй? — хаьттира дIанехьо лаьттачу ас, мацца а.

— ХIахI?.. Сой?.. — цIеххьана дIасахьаьжинчу цунна хIинццин бен ца хинра перрон яссалуш латтар. — ХIан-хIа, ца вогIу. Цхьацца косташ а ду сан ккуза гена доцуш дIатоха дезаш. Баркалла. Марша гIойла хьо...

Сихха соьга куьг а делла, таьIана волавелла Анзор юьстахо, дитта кIелхьарчу гIанта ша-шех дагавала охьахиира: «ХIун де ас?.. Мича гIуо техьа?.. — Айавелла дIасахьаьжира — Кешшагуо хьо цIа вар...» — шина а куьйга корта лоцуш, охьатаьIира.

Мел Iийра хаац иза эццахь: дайнарш, лайнарш, дагаоьхурш — дерриш луьттуш, кегош, воккхачу стага дийцинчех хуьттуш, дустуш, хедош. Амма: «Кхор кхочче бо-

жахь, Анзор...» — аьлла, гІаьттинчу цуьнан даго хІун магийра хуур ду-кх.

II

ДаьттІа догІучу бІаьстенан патарлахь тхин туьтеш догура. Ана яьккхина гІоттуш бара дашо малх. Селхана сецчинчуьра де долош яра олхазарийн эшарша айина юрт. ГІаш а, вуьшта а ирсан декъе хьаьдда адам, галморзах а дуьйлуш, шен-шен метте кхача масделла: химех йоьттина йоьду хІургон, цуьнан некъ хадий шурин машино; къорза, хелхаран бохь бадийна йогІу дІога важа... Лома тІе тесначул кІайн, Іома тІехь хьерча бедийн марха; баьццара бай къорза сийсабо цу тІехь даьржинчу бежнаший, уьстагІаший...

КІайчу цІеношна хьалхахула шина а агІор цхьабосса дохкучу дитташ кІелхула татолан ши тай доьду тІулган некъ. Цу юккъе а хІоьттина вогІучу стаге къаьрззий хьожура мел сиха воьдург а: цкъа-делахь, болар сакх дара цуьнан, шолгІа-делахь, дегІана тоьлла адам дара иза. ТІехваьлла цхьаверг вухахьажаза ца Іалора. Зудаберийн тоба а хьоьгуш, хьагазий и тергалвеш елира тІех. Цхьаберш вевза-везарг вуй техьа аьлла а хьовсу хир бара вогІучуьнга. Цхьа-шиъ «хьо мичара, хьенан-цига?» бохучу хаттарца къамеле вала а вуьйлира. Амма дІакхаьчча хуур ду шена бохийла царна хуъург тІехвелира некъахо.

— Ванах, Расун кІант варий хьовха иза? — элира хІинца цунна тІаьхьа хьаьжинчу шиннах карбюратор карахь йолчо. Некъахочо дІатесна кор хаъал юхатуьйхира оцу дешнаша, дегІ лахош. «Мила ву техьа хІара?» — дагахь сацавелла, кхин олучуьнга ладогІа бахьаненна мачех а тасалуш, охьатаьІина некъахо Анзор хиллера. Амма механизаторна и дагатеснарг хІун дара, хаац.

— Стенах бах ахь? — хаьттира цуьнга, дІа а волавелла, сецначу вукхуо.

— Хизар вара-кх и цIа веъча бен хьастах базарахь уьстагI оьцуш...

Лерг схьанехьа а доьгIна воллучу Анзорна чIогIа там хиллера хезачух. Амма ша «сибрехара», лаьцна Iийначуьра ван везаш хилар цу шиннан хьахадаларо кIеззиг догдаькхира. Вовзийта а безам боллуш хиллачу Анзоран хахха-аьлал дог шелделира, цкъа-долчунна, ткъа юха-долчунна, дешича ша цIа варе салаьтташ, цунна кечлуш хиларх боккха кхаъ хиллера. «Хьаха веза сихха дIакхача», — юм ийцира Анзора, ког байбеш.

Цхьа хIума дара новкъа: мел хьежарх, лехарх, кхунна шаьш даьхна-Iийна меттиг йовза ца туьгура. ОхьатаьIина ойла йича дагатеснарг дара хьалатаьIча. ЧIогIа хийцаеллера эвла, тIе, хIара жима а вара эвакуаце вуьгуш. ЦIеношь, керташ, тхевнаш, кевнаш, туьнкалгаш — шадерг тергалдеш вогIура Анзор. «Дитт!..» Берахь комарш яа ша тIевийлинчух тера хийтира кхунна дIо кех чуьра гучу диттан шиннан мара ца тарбаллал стомма бух. Гергахьа а гIоьртина, лерриа кех чу вогIавелира. «Ду, ду! — хийла тийсалуш шен тIевийларан сурт а хIуттуш, девзира дитт. — Дадас суна ког таса яьккхина киртиг!..» ЧIогIа безам хийтира Анзорна и шайн кертахь даьллина дитт, дадин куьйга цунах диг кхетта меттиг. «ХIинца мила ву хьовх кху кертахь? БIаьргаш къарзийна а, ша вовзийтаза ца Iийна хила там ма бара Ваши. Хоттур вара-кх иза...»

Оцу диттан бухах куьг а хьакха, дешичах дерг хаалойла а хьажа, кех чу ваха дагахь вара юьртахошка дешичан вехийла хеттар юьхькIам ца хета Анзор. Амма, тIехьарчу когаш тIе а хIуьттуш, схьалета Iаьржа жIаьла чам боцуш дара. Гуттар жIаьла чуьрадаьллачу хена веана, ринжа тIе а тухуш, кетIа велира воккха стаг. «Ваши!..»

ТIеттIа вогIавеллачохь висина хIара шиъ: «Ой, Анзор ваш хьо?» — «Ваши!» — вовшахъхьаьрчира...

Анзоран марахь вегавора кийрара дуьйна велха ийзо Хизар. Цунна тIе цо сихдинна бIаьргех хьоькху йовлакх а

кхетча: «Ма дика ду-кх! ХІинца хала дац. ХІара, схьахетарехь, тохарлерчу тІера дукха хийцавелла», — хетаделира Анзорна мегарг вист ца хилалуш ветталучу дешичах. Цу балхо кІадвинчу шен бІаьргех а, кхораш санна, хиш даьхкира...

— Далла, далла бу хастам... Хьо акхаваьлла ваьлла моьттуш вайх кхарда мел кечбеллачийн баккъаш кегдин ахь. Жолам яІ! Доккха хІума дара, хІара ас эцчахьана, цара доьгІу ла... Же, схьада доккха урс, — чу мохь а тухуш, уьйтІарчу бай тІехь боллу уьстагІа схьабаста хьаьдира Хизар.

Урс дахьаш еана зуда юьстахо лаьттачу Анзоре хьаьжжинчохь йисира.

— Анзор вай и-м!

— Вай, хьо ва марша, везандела...

Доккха хІума дара, цІа веанарг мара вуьхкуш, зудчо динарг. Анзорна дага ца йогІура Бана мегарг, цунна шел башха. Йоккха стаг чІогІа хийцаеллера.

— Жималлера хІун ца долу? ХІинца хуунда нахана, вай вовшийн мел хьоме ду!

Анзора сецош, бетталучу уьстагІана хьаькхна цІийша дуьзна урс а буйнахь хьалатаьІира Хизар.

«Жималлера хІун ца долу?» — цу дешнаша бехказадохура мацах Анзоран вадар...

* * *

Юкъ-кара дехьа-сехьара вогІург а нислуш, цхьа а веса варий-техьа аьлла, дукха адам лестира Анзор цІа веанчу. КІорге ваьлча, и дагахь бийна хила герга уьстагІ мосуьттазза меттахІоьттинчух тера дара Хизаран вайвекхавелла лелар. Амма хІинца а дІабирзина бовлазчу царех веанчо Анзоран да-нана хастийча, мокха моха хьодура и ца товчу Хизаран юьхьа тІехула. «Уьш-м шайн дарже кхаьчнера, дийначун дикалла гойша», — элира, цІен пес а тиллина, дитта кІелхьарчу куза тІехь суьлхьа

доккхуш вегIачу Хизар-моллас цкъа цхьана дийнахь, забарна долчуха.

— О, ма дийцалахь! Дала ма эшавойла хьо кхунна! Дера, тезетах тера ма хир дара Анзор-мисканан цIа вар, бух ларбеш хьо ца хиллехь. Нилха хир бара хIара ганхIотта оьхурш.

Эццахь, жима тас дезийла хуъург йовхарш тухуш, хадийра Хизара шен меха хIума доцчу цхьана эгIазчу стеган хабар.

Цхьацца хеттаршка дегнаш кхиаррий бен, ша лелийнчух адамашна хIума ца хуучу, хIинца шаьш кертахь Iечу АнзоргIеран хиллачу цIеношна тIе и стаг валарх вогуш дара Хизара динарг. Уьш хьахорах ларлора Хизар.

Цхьана хенахь кхуо дукха кехаташ кхехьийтира, Анзорах дерг хаа гIертаран шен Iалашо йолуш. Амма вукхо жоп ца данйтира. ТIаккха и кхечухьа тиддачу Хизара, цхьаболчара шен моллаллин сий дар юкъа а хьийзош, совхозера вуно дорах схьаийцира тIамо вийначу шичан кIентан цIенош, цIа вогIу аьлла, цо данйтинчуха кехат а дина. Ткъа, шениш дезза кисана дерзийра. Бакъду, хIуъу хилахь а цIенош дIахеца биттина лол бацара иза, боцийла хуур а дара, и дерриш лечкъош, цо цIа кхаьччахьана дуьйна шичан кIантана хьийзораш дайча: цкъа дIавулий, цул сов хIума доцург хуьлий, воьлхура, юха чукхетий, воI воцу ша нахана атта хетарг веш, латкъара — масане дара Хизаран уьш... Ткъа цу массарел хьалха йохуш шен мацахлера Iалашо яра — Анзор далла а, дина а муьтIахь латтор, хIара тIевервзор.

Амма дитта улло лаьттачу Анзорна-м кху дуьненара цхьа а хIума ца хетара цIа веъчахьана шена хьежа ца кIордочу, мацах, комарш яа тIевала шена атта хилийта, дадас дагарца яьккхинчу дIорчу киртигал безаме. ХIетахь татола чохь лийчина веана, хиш а Iийдалуш, ах верзина шен латтар а тесира хIинца кхунна дуьхьал. ТIаккха, тIе а ваьлла, ша дадина комарш эгор а. Велакъажар а, велха догдар а вовшахъийра.

— Ваша, шуьнчех хIун хилла цIенойх? — хаьттира Анзора, тIетаьIина ойланаш екъа лаар бен, кхин дагахь хIума доцуш.

И ца дезаделла, ша Iаччохь меттахъхьайра Хизар: «Цхьана куьйган ши пIелг санначу вайшиннан хIун ду, Анзор, хьан-сан аьлла. Нахе шайн догIмаш а ца лелалучохь шопар а хилла хьан вар-м, Анзор, царех хIуъу хиллехь а, эрна ца дайта хьожур ву хьуна Ваши». — Бос херцар велакъежарца кегош, вухахилира хьалха шаршу яржо еанчу зудчунна...

* * *

КетIа баьхкина нийсарой хIара цIахь воцург вина дIа а хьовсийна, мIаьркIажан бода къовлабеллачул тIаьхьа Анзорца къамеле вала волавелира дешича.

— Варий, Анзор, ас дина дика ду хьуна, — тIе ма кIуобелахь и наршнеш. Дериг даккхий, хьох бийланний бен дац хьуна церан тIаьхьабовлар... — баьрче велира чувеана Хизар, неI юххе а узуш.

ЦIа кхаьчначу дийнахь дуьйна шен ма-хуьллу Анзор адамех ларвеш, царех хедош схьавогIура Хизар, хIара а, вуьш а цунах ца кхуьъург лерина. Амма гIутакха чу кхуо и воьллича а, Iийр барий хазазчуьнга ладогIа тIера, хуург ца тоан, довзазниг кегон кийча кегийнаш Анзорах беттабалаза, шайн Iалашонаш, ойланаш йийцаза, изза хеттарш цуьнга данза. Дан безам берш а, говзалла а, мел дешна а, даго къобалбен болх а — шадерг кхуьнгара хаа кхиъна ца Iаш, гIеххьа хьехарш кхунна дан а ларабеллера цхьаберш. Жималахьчу сихаллиний, хез-хезначунна тIеветтавалий, хьатIаречу тIекаршний чухьаьдда вацахь а, дахаран агIонаш дIасахерца езар дагахь соьцуш вара Анзор. Ваха а, Iен а, нахе нисвала а, тIаьхьавуьсучунна гIо дан а дезарх вуола гIертара. Дукха хIума тергалдинера кхуо цIа кхаьччахьана. Дуккха а хIуманаш тIехь юьртан аматаш гIалинчех тардан адамашна атта

ца хиллийла хаа башха гIоьртина дацара: лилула-сийна цIена некъаш, уьш нисдина цIенош, туьканаш, школаш, библиотека, парк, культуран Дворец, телевизорийн антеннаш, лекхалу репродукторш, цхьана рожжехь лела автобусаш, масане ду уьш, хазаллех, дикаллех, аьхналлех ца Iебачу адамийн куьйгаша динарш. «ХIорш мукъа ца Iийна», — олура ша дендолчун цIе хIинца а хаазчу Анзора, паьрга бIаьрг а бетташ.

Анзоран даг тIера дIа ца долура хIара шофер хилла вар эрна ца дайта хьожур ву ша хьастаха Хизара алар. «ХIунда элира техьа, маьIна хIун долуш ду техьа Вашин и дешнаш?» — мосуьттазза хаьттинера кхуо хIетахь дуьйна ша-шега. Вашига хатта там а ца хеташ, цу дешнаша лаг лаьцна лела Анзор кху деношкахь къаьсттана самукъадаьлла, ойланаш таелла, тамашийна векхавелла вара, цхьа боккха кхаъ шена кхача безаш санна. Цу юккъехула лаьцначуьра дIахецаре ша ладегIар а деара хийлазза дага. ХIинцачуьнга диллича, я цуьрриг безам а ца хийтира иза. Мерза хиллера паргIатехь дикане ладегIар, сатийсар! Цундела ойла ца кхуьъэ, бIаьрг ца кхоччe, гIар ца хеззе дехира Анзора и да ца хьоьгу лагерх дагалелхарш. Ша дан а, лело а бакъахьачех лаьцна юкъ-кара цхьацца хьехарш дар доцург, кхин даго къастийна хIума царех дацахь а, хIинццалц ша лелийнарш хадам боллуш дIатуьттура кхуо, хIума лачкъорах, вонлеларх долчу тIехь.

Цу хьастахлерчу дешнаша Хизар чIогIа марзвина вогIура Анзорна. ГIенах дукха гора иза. Дешиче гуттар хьежа луучу кхунна хIинца товшхуо а хетара Хизар-моллин, куьйга а, барта а далла гIуллакх деш, баьрчехь Iар. Цу суьрто цIеххьана ирчачу мацахенга-м такхийра хIара амма, ша лаьттачохь тоха а велла, юхавелира Анзор цу «бодашкара». «ХIан-хIа, со гIалатвийлла. ХIоккхул дикачу кхуо вониг эр дац. Сайга боххург дан деза», — цIа веанчу шен дуьхьа дешичас мел хьайина чалх дагахь ларлаелира, тайра.

Дуккхазза санна, Анзорна хIинца а дуьхьалтесира цIерпошта тIехь шеца деана къамел. «Воккха стаг бакълийна, — элира ккуо ша-шега, дешичан бIаьра а хьоьжуш. — Ваши соьца вон ойла йолуш ца хилла. Сан жималла ца ккуьуш хIуманаш даьхкина, лелла ккузахь».

Кху деношкахь масехазза санна, цу тIехь Хизарна даре дан дог хилира Анзоран. Амма, хIоразза санна, эхь хетара, мотт ца керчара хIинца а шен и ледарло ялхо. И дагаеъча, дегIах цIе йолура ккуьнан. «Кхин сайгара и дер доцийла хаъал резавичахьана, шена дикахуо а хуур ду со дохковаьллийла. И товшхуо а ду», — чIагIвелира Анзор дагахь.

«Анзор» хьалхадаьккхиний бен хIума доцчу Хизаран хIор дашо, цуьнан хьастамечу хьажаро, цуьнан кIеда лекхалучу мукъамо цIанвеш вара Анзор дIадаханчийн мекханех. ХIетахь санна, ца уьдура ккуьнан бIаьрг моллех. ТIебетталора, хьоьстуш, хьесталуш, боьлура иза Хизарна. «Сан шофер хилла вар эрна ца дайта шен ден дерг ца хьахор техьа ккуо?»

— Ваша, ас дика са а даьIнера, балха вахча хIун дара техьа со?

— Стенна, хIун оьшучу декъана? Ма гIуо, къорIанор-кх. Тоьур ду ахь лайнарг. Хьажал замано хьайн жималлех динчуьнга. Шовзткъара яьлла эр дац, ткъе пхиъ ккачаза иза? ХIан-хIа, Анзор. Цхьана «Волгин» семанаш яийча, и дикка метта йогIур ю... — кIант тергалвора Хизара.

И хазахетар чу ца тарлуш, тохавелира дог ловзадуьйлу Анзор. Цхьана «Волга» дашо дуьненан да винера цунах.

Юрт, гIалий, динарг, дан дезарггий, дог-ойлий — шадерг дицделлера «Волга» аьллачохь висинчу Анзорна. Хаз ма-делли шена луъучу хаххка машина хилар стенан меха ду жимачу стагана! Ша и лело хууш хилча-м — мухххале а. Масане эккха тIемаш долчу жималлин сиха а, мехала а гIуллакх. ГIеххьа партал Анзор ккачаза меттиг

ца йисира бIаьрган негIар тухучу юкъана кхокханан басахьчу «Волги» тIехь: гIалитIа, шовданан коьрте. Бехначу накъосташца хаьххина воьдуш бер хьашшаза вуьсу... Эццахь, кхеравелла вегийра, лестира воккхачун сийнна охьа ца хууш лаьтта Анзор.

— Ваша, совхозан директора со шен «Победи» тIе дIаэца там бу. TIаккха вайн гIуллакхана а лур ма ю цо машина.

Жимма меттахъхьадичахьана, цу балха-м Анзор дIаэца мегаш вара, амма кхуо и юкъадаккхар, цо шена и тадарна кхоьррушехь, дешичана тамана дара шен дагахь.

— Деллахьа, Анзор, хьо нехан доьнчик а волуш, машина ма ялаелахь вайн гIуллакхана. Далла хастам яI, и корта бетта вайн ца дезаш. Хье ца луш, гIалитIа гIур ву вайша. Амма цхьа дехар ду сан хьоьга, Анзор... — лерина шичан воI тергалвеш, ладугIуш сецира Хизар.

— ХIун ду иза!? ХIун де ас, Ваши? — дешичан дехар кхочушдан лааро масвина Анзор, цхьана метта ца сацалуш, верриг вулавеллера, вогура, цIе санна. Цуьнан дерриг дегI дехьара, суйнаш туьйсура бIаьргаша: «Валахьа алий!» — кхиссалора ойла.

— Вашис цкъа а хьоьгахьа дерг бен эр дац хьоьга. Бехк ца буьллу, хьо жима вара тIамо вай вовшахдохуш. Цундела сох цхьадолу хIуманаш харцахьа тидира ахь. Жолам яI, уьш дIадевллачуьра. Хьо, даламукъалахь, хIинца вуьззина къонаха ву... тфу-тфу-тфу, бIаьрг ма хиларг, — тIунделлачу бIаьргашна йовлакх хьаькхира Хизара, мара а ийзош.— Кху чоьхьенна хууш, вархIи а дехь дуьйна динан бен лаьттина керт ю хIара. Ваьшшинна тIе хIоьттича и бен бохор вала де, йоккха юьхьIаьржо ю. Цундела ас доьху хьоь, Анзор, ламаз-марха долор, элхьам-бисмалла даккхар... — КIантана хетарг хаза сецира Хизар, дакъаделлачу куьйгаца шалго маж а шаръеш, бIаьрг боьгIна.

— Ваши, хIинца дуьйна, айхьа бохучунна тIехвалахь,

со вен бакъо ю-кх хьан. Тоьий хьуна? — велхаран къурдаш Іуьйшура Анзора. — Дечиг даккхалахь суна тІехь...

— ХІума дац, Анзор. ХІума. Ша дагавеъча бІаьрган белхар зен ца дойу ницкъ кхочуш волчо. Шена Іамал ечу хьовзадо аллахІа беркат. Хуур дуй хьуна дика «Волга» харжа? — хаьттира, пхьид цІубъен лаьхьа санна, юьхьа тІехь велакъажар сеттинчу Хизара.

— Уьш мел дукха хиларх-м хуур ду. Хьалхарчу классан шофер ма ву со, Ваши.

III

Суьйренна цІен дари а тоьхна, регІа тІе буссуш бара дашочу гуьйренан малх. Цуьнан зІаьнарша кхелинчу новкъа гІалех иккхира кхокханан басахь «Волга». Шовдана чухула боьдучу сесаначул башха еттаялар, дІасалелхар доцуш, хаза йогІура машина, дукха сиха ярна цкъацкъа генара гучунна яхло а мотталур долуш. ЦІехьана некъа тІера а яьлла, мажбала боьллачу бай тІехула охьайиллаелира иза, юкъ-кара бІаьрго лаццал галц а кхуссуш. Яхана лилула-снйначу акъаре чу а йоьссина, сецира машина. И хиллера къорзачу тІулгаш тІехула ловзуш доьдучу хьаьъначу хин йист.

Верриг велавелла вара малхехь лепачу машинара охьавоьссина наьрт-аьртхочун дегІахь стаг. Сиха тІекхетта, тІехьара неІ дІайиллира цо. ЧІогІа лерана, Іаламат веза, вуно меллаша Іаса а ловзуш, цу неІарх аравелира баьццара пес а коьртахь Хизар.

— ЭхІ, делан дуьхьа, Анзор, ма Іемина-кх хьуна хІара лело. Со-м, ахь вай тІома дахарна кхоьруш, къийлавелла, тхьусвоьлла, — элира Хизара, куьйга кІелхула малхбузехьа бІаьрг а тосуш. — Малхбузан хан туьлу вайна... — тІера гІовтал охьа а тесна, вай-й бердах чувоьссина, иза ламаз эца хиира.

Цул лахахь изза дан волавелла Анзор ойла йина а ца волура ялх бІе туьма делла машина эцча а диссал ахча

цкъеллига-цкъа балхах куьг тохазчу Хизарна мичара даьлла техьа бохучун. Когера дуьйна коьрте валлалц цо, эткаш, бастонан коч-хеча, дато доьхка, чола куй оьцуш, шен тахана вухар-м юкъа а ца лоьцура Анзора. Молла-Хизара цхьацца жайпеш дохуш, хIара шен кочахь кхозург санна, хIайкалш яздеш-м дайна кхунна. Уьш цхьадолчу адамаша дойуш, кхуо царна иштанехьа деш гIуллакхаш ма даций.

Амма царех оцнул ахча!..

Дера, Анзор, жайна даккхийтий, хIайкал дезашший, эрз язбайта вигий оьхучаьргара а, сахь-сагIа-закатехула а... диллина, хи санна, тIеоьхуш лаьттича IаьIар ма ду. IIIалха-кхолха юхадогIудолчий бен дIа ца дахийтахь-м — мухххале а. ХIордаш мичара девлла моьтту хьуна? ТIеоьхучу хиша хилла!

Ламаз эцна бевлира.

— ОстопираллахI, остопираллахI! Дела, хьо цхьаъ ву, Элча, хьо бакъ ву. ХIинца дуьйна, Анзор, жамъIатца дийр ду вайша, даламукъалахь, ламазаш. Хьан данза мел диснарш меттахIиттош...

Лохха салт а диллина, ламаз дихкира пес коьртахьчу Хизара, тIехьа Анзор а ваькхина.

Вуьштачул кхоъ-йиъ хан сов лоцуш, моллин доIанашца дахделла ламаз чекхделира. Хьенан ю ца хаъал лацаелла хиллера, хьирчина яхка йолаза Анзоран настарш. ИрахIоьттина, машинехьа ловззушехь, аьтту когана шен гора вахар дешичана гергахь там ца хетта, цIазам санна, цIийвелира иза, дог оьгIаз а доьдуш. Шена ца тайна иза тосадалазниг хуьлуш, кхоьлина, дIанехьа вирзира Хизар.

«Волгина» сийна йовлакх хьекха волавеллачу Анзоран шадерг дайра. Сен куьрана велакъежачу цуьнан пхьаьрцергаш гучуевллера. Малх чулачкъале, машинан неIара тIехь таьIIина сийна дуьйхина ша ган а кхиира иза: «ХIинца ма тергалвен-вай со Кесирас!..»

Хизаран зудчан йишин йоI ю Кесира. Доьзалхо воцчу

кхаьрга дукха оьхуш хилла иза Анзор цIа веъчахьана дIаяха а ца кхетара кхузара. Йиллина Анзор тергалвеш, хIара ваьл-ваьллачу юьйлуш, цхьацца забарш еш, цкъацкъа кхуьнца ловзаяла а дуьхал юй-техьа аьлла хеталуш хуьлура Кесира. И ерриг цуьнан эвхьазлонаш Анзор цо хийра ца лоьручух тера хеталора. Ткъа юкъ-юкъа цуьнан бIаьргаший, леларший хIитто цхьадолу сурташ кхин хIуманаш шайх дохкуш тарлора. Къаьсттана ишта хийтира Анзорна иза стомара сарахь цо шаьшшинна бешахь хьайба екъарна тIехь. «Ахь йиънарг вайшинна карор ю», — элира Кесирас, хьайбанан дикаха мажъелла ах кхунна а луш. ХIун бакъахьа ду а ца хууш, и кеп дагах кхетта хилар дара хIинца Анзоран коьрте Кесира хьовзар а. Цу ойлано там бинчу кIентан дерриг дегI дайделла, хазчу суьйренна дешна дIадахара. «Там бара Кесирина со везаш хила! И муха хуур дара?..» — шена дагадеанарг цунах хьулдан санна, Хизар хIун деш ву хьажира Анзор.

Iасанна тIе а таьIна, багахь шабар-шибаршца ша дохуш лаьттачу суьлхьанийн кочар кисана хийцира Хизара:

— Йолайолуьйтий вай, Анзор?

Анзора, неI йиллина, лерана Iаса схьаэцна, веза Хизар тIеваькхина, ша чухиъна, латайира «Волга».

Машинах лаккхарчу хааре, хаза, догах куьйгаш дettачу шичан воIа мел дийриг чIогIа терггаме оьцуш схьавогIу Хизар: «Хьайн десара, Анзор, йолаялийтаран биста кхаччалц, кху машинахь айхьа дан мел долочун юьххье бисмалла хIоттаделахь — хьо реза ма-вву чекх ца дала амал дац хьуна иза тIаккха», —аьлла, Iойла таеш, меттахъхьайра.

— Даламукъалахь, Ваши. БисмиллахIирохьмани-рохьийм... — цхьацца мукъ дIаса а теттина, сусса-аьлла йолаялийтира Анзора «Волга».

Шерачу новкъа яьлла машина, юьйл-юьйлуш, чехка-юьйлура. Суьйренан чубуьзинчу маьлхан зIаьнарша лит-

тина хIо детталора диллинчу корах чу. Мохь тоха, иллин кIеж таса догдогIура сакъерадаларх вуьзинчу Анзоран. Дешичах бехк лаьцна сацавелира иза. ТIетаIийра, тIетаIийра цо газ. Аьтту агIор сеттара спидометран цхьамза — кхузткъа... кхин итт... езткъа... бIе километр. ДаватIа-кх, хьо хаьхкина, хаьхкина, тIома вала, бахара Анзоран даго. «Кесира дIаяхана ма хилахьара...» — детталора балдаш. ТIехьа Iечу Хизарна хьалхарчу куьзган чохь ша ма-варра, гуора машина лелориг. Уллохула тIехлелхачу гIодамех бIаьрг ца кхуьура воккхачу стеган. Цу балхо кхерийна садаькхира цуьнан.

— Юха, со лолдахьа, озалахь, Анзор, юха...

Машина лагI а йина, радиоприемник латийра Анзора.

«Дин беллачу кIентан йиш» яра лоькхуш.

«...Дукхахболчу молланашна шайна а ца хаьара цу къорIанаший, жайнаший бохург, шайгахьа долчух адам тешо гIертанний бен, — волавелира, схьахетарехь, хьалха ша сеццачуьра диктор. — Дено-дено лахбелла багIахь а, цу динан дайх векалш хIинца а нисло...» — ерриг дог-ойла машинна тIе а яхана вогIучу Анзорна-м луьйчо бохург къастахь а тамаша бара. Амма Хизаран хьех чекхдуьйлура радион лер. Шозза-ккузза дIакховда вуьйлира иза, цу къамелан лаг Iовда. Ца хаьара, и мичхьа ду. Раз а сетташ, хьожура молла, Анзора цу хабаре ладоьгIу — ца доьгIу хаа. Цергаш а елаелла Iен машина лелориг-м и хезачохь вацара. Цуьнан са машинан цIеналлехьа даьллера. «Волгин» моторан болххий, и шай бен, Анзорна гуш, хезаш а, я цуьнан дагахь а кхин хIума дацара.

— Анзор, хIинца юьртахошна кур беттар бу-кх ахь, машинахь уллохула а лелхаш... — долийра, радио кIентан лерах кхетарх вогуш, са мере лелхачу Хизара, аз ойуш. ДIаяккха ала ца хIуттура, и мичахьа даьр ца хууш.

— Кхин-м хаац, Ваши, со дийна а волуш кIентан дика оьшур дац-кх хьуна. Делан эхарта гIур ву-кх со кху

догдиканан сий дина ца волуш, — малхана деладелла зезаг санна, хьаьана, бос богуш вара Анзор.

— Хьуна кхоо хIума дац вайн, Анзор.

«...Амма стигалан Iаьрчеш, лаьттан баххаш, хIордийн кIоргеш Iилмано кего яьхча, адаман хьекъална улло кибернетика яьлча, нехан хьовха, цу динан дайн шайн а Казанехь, Средни Азехь, Казахстанехь... тешам байна богIу дуьненан къайленаш хаа йиш яц шаьш бахарх...»

Цо дуьйцург эццахь лерах кхеттачу Анзора, вон катоьхна, дIаяйира радиоприемник. Iаламат оьгIазе, макхлуш. Цо и даро дагах даьтта хьаькхкхинчу Хизара: «Цхьаъ дийца-м гIерта радио», — элира вашацаре, шичан кIанта динарг цунна гергахь башха доккха хIума ца хетарг хуьлуш. Ткъа Анзорна чIогIа новкъа даьллера приемникан къамел. Ца дезаделира дин емалдар. Меран яххаш кIайелла, са сих-сиха доьIура, басна а, хьажарна а хийцаверллера. Кест-кеста гома хьожура иза приемнике:

— Ма дийца суна-м...

Хизар лерана тергаме оьцуш Iачу оцу дерригено а хаъал тоьшалла до вуьшта а заманан кхетамна башха гена йовлазчу Анзоран ойланашна моллас хIинцале дикка динан буржал тоьхна хиларна.

— Дика ду хIора а шен-шен коша вуьжур волуш. Дала лардойла вай, Анзор, цу ша вицвечу тобанах.

— Амин... — кхин а цхьа шабар-шибарш-м гора куьзгана хьоьжучу моллина машинан тIам шина а буйна лоцуш, хьалха вогIавеллачу Анзоран балдашкахь...

* * *

Ерриг Нохчийчоь йохалла а, шоралла а цоьстуш, зихIарташна тIера дIадолийна, бевз-безарийн биста кхачалц, шаьшшиннан дог мел лаьттачухула чекхвелира Хизар «Волги» тIехь, Анзор хьалха а хаийна. ЗихIарташкахь а, хьошалгIахь а Анзоран леларо гIан динера Хизаран суьналлех. Моьттур дара иза Ташкентерчу Медресан

мутаІелам ву. Ламаз карахь бен ког ца боккху, бисмалла даккхаза хІуманах куьг ца туху. Даима багахь деш цхьа шабар-шибарш. Меллаша, таьІна, церга тІера балда ца ойуш, ойлане лер, лелар, хьажар... ЗихІарташкахь цуьнан деле кхойкхуш велхар доккха хІума дара. Цхьайолчу меттигашкахь, эскарера ваьлла веанарг вой, хаставора Хизара Анзор.

«...Тхан шичан кІант ву. Кхо шо эскарехь доккхуш телхиний дукха? Бусалба дог Іийр дац далла хьастадалаза. Цига воьдуш дуьйна а еса дагахь хаьара. Цхьа ламаз ца дуьту. КъорІанаш дешна волуш воллу. Цундела ас совгІатана эцца кхунна хІара машина».

Адамаша цу агІор а, вукху агІор а тамашаш беш, кортош лестош, чІогІа хьуьйсуш, тергалвора Анзор. Ша хастор-м хьанна ца деза! Амма эскарера ваьлла веанарг дешичас ша вар товш вацара Анзор. Кийрахь мел долу хІума, хьаьвзий, тІекІелдолура цуьнан, Хизара и олу хезча, сийна цІе летара юьхьах. Харцо ца еза иза цкъацкъа эккхачу тІе вохура моллин пуьташа. Шен дог а кхаьрдаш, дешичас дуьйцург гучудаккха там ца хетачу шена а оьгІазвоьдура наг-наггахь Анзор. Дан хІума дацара-кх. Муха хІотор ву дешича нахана хьалха юьхьІаьржа. Цкъа-м цхьаммо: «Ванах, Хизар, оцу ахь лаьцна ву баьхначу шун шичан кІантах хІун хилира?» — аьлла, хаттар а дина, мІар тоххал юкъ бен ца йисира хІара шиъ гучувала. Чапханаш йийриг а кхуьур воцуш, моллас цхьа залал а боьттина, цІанвелира-кх. Анзорна товш а, ца товш а. Бакъду, цо шена тІехь дечиг даьккхича а магийта ша декхарийлахь хетачу тІе яьллера Анзоран дог-ойла Хизарца долчунна. Кхузахь ала деза, сел леткъаме, Іеткъаме, текъаме хабар ехка меттигаш йолуш хила герга дара. Амма дешначу стеган къамелах, уьш лоьхуш, церг хьан етта цхьаболчарлахь? Ша аьллачун чемаш баха хуу долчохь иза хил тийний, бацал лохий хиларан Іалашо лацазниш карабо вайн цхьацца хотешлахь. Шаьш тоьлачу, шайн дош лелачу хьийза Хизар тайпа нах. Кар-кара а

оьцуш, къевссина дийца девлича, бакъ карорах къехка уьш. Лергаш таIийна, багахь тамашаш а беш, шайга ладоьгIучу, догдиллина шаьш бохург дечу леста хIорш. И ю бакъдолчух кхоьручу кхеран меттиг. Цигахула чекхваьхна, шена веззарг вина валийна Хизара вайн Анзор цкъачунна.

Цигахула кхерстина цIа вирзинчхьана, хIетале шен тасаеллачу уьйрех а хаьдда Анзор. Шийлла Кесира-м го кхунна. Я садаьржжашехь — Iуьйр-ламазана гIаьттича (лорре хIара ган гIотту иза цу хена уьйтIа нуй хьакха), я пхьуьйррехь, вижале машина хьаста, цунах куьг тоха араваьлча. Вуьшта виллина ламазаш доьхкуш-дерзош, царех йисина хан суьлхьа хьовзорний, къорIанаш дешарний дIалуш, — гуттар дуьненан декъара волуш, суьпаллина вешаш вара Анзор. Цу тIе, деддаюкъа Iамош цхьацца доIа а дара.

Силула йоьллина цIока санна, цу холбатахь тIехулара а, чухулара а туьлуш, ца вовззал хийцавеллера Анзор цIа веанчул тIаьхьа. Юьхьанцалера Кесиринцара безаман къамел тIаьхь-тIаьхьа хорма хуьйцуш, къийлуш дара. Тохарлера велавалар, хьастаме, довха хабар, забар, ловзаме леларш дайнера. Хила ма-даггIара, шорта-м хIетахь а дацара кхуьнца уьш. Амма кхуьнан, Кесирин цхьаьнакхетарехь шайна меттиг йоккхура цу безаман зезагаша. Цкъацкъа цIенчу шовданаха декна и цхьаьнакхетарш хIоьттинчу хьерах тарделла догIура. Кхеран безам эшний, лахбеллий, вовшийн гарх хIорш Iебаш, цунах кIезиг хьоьгуш дацара иза. ХIан-хIа, дацара. Мичара! Баккъал дезачу йоьIан, кIентан безам де-дийне мел дели, мокхаз санна, чIагIлуш, вовшах а кхетта, суй таса кечлуш, марзлуш, хазлуш хуьлу. Кху шиннениг ма бу иза безам.

Безам! ЭхI, и цIена, и хьаьъна, и ховха дош. Балдаш вовшахлета-кх, цергех хи долу-кх и олуш. ЧIегIардиг санна, оьзда ду-кх цуьнан багах далар. Мила ву цо кийра бузаза, цо дог дашоза, цо хьастаза, цунна церг елаялаза, цо хьагоза, цуьнан чам хааза, хуур боцуш? Цхьа а, цхьа а

ца хилла, вац, дика а ду хир воцуш! Жима а, воккха а, стен а, боьрша а цуьнан цIергахь вогу, цуьнан марахь чIагIло, луьйчу. Цунна дала а лей дIадолу дуьнен тIехь мел долу хIума. Дуьне дебориг, и Iаборuг, дуьне дахориг, и хаздийриг — хьо бу-кх, ва баркалла хиларг — Безам!

И нуьцкъала безам бара хьалхадаьлларг вукхуьнга корехь кхокханах а кхойкхуш, уьйтIарчу бай тIехь Анзорий, Кесирас, буьйса теш а хIиттош, Хизарх, цуьнан зудчах идош, балхийнарг.

Ткъа хIинца, хIинца доккха вон деана кху шиннан цу безаме. Орамах нIаьна кхетта, мархаллуш, бакъабелла богIу иза. Цунах Анзорера ах, бодашкахь хьекхийна, писйоьлла, бIарзъелла йоьду. Эхарт, цигара ялсамане леха ваьллачу Анзора дерриг дуьненца тIехьа теттина иза. Экам хIума ю безам. И мархалло, асаро ницкъ бен хьаьжкIа санна, гIелло, ша кест-кеста ца хьаьстича, самса ца баьхча. Оцо наб яйина, социйла кхачийна, цунна орцахъяьлла, меллаша, еха лийтира Анзоран корах сийсара Кесира. Рамех мIараш хьийкхира, учахь цицигах Iийхира. Амма, шега кхойкхург и юйла хуъушехь, Анзора лерган дуьхьиг ца уьйхьира. ТIаьххьара котам йийкира, лохачу гIанта тIе лампа а хIоттийна, цIенкъа тесначу истанга тIе бертал а вижина, иза къорIа доьшуш Iуьллуш. Дуьххьара а яцара и кеп. Уьш юьйлаелла дикка хан яра.

«ХIара харц дуьне ду, кхуьнан диканех Iехавала а, вонах кхера а мегар дац. ХIара харц дуьне лехнарг вукху бакъ дуьненахь — эхартахь — кхераме ву. Барт хоттучу дийнахь, и кIелвуьтуш, теш хIуьттур ду, кхуо харцахьа кхийдийра шаьш, бохуш, цуьнан шен куьйгаш, харцахьа хьийсийра шаьш, бохуш, бIаьргаш, ца догIучунна лебира ша, бохуш, мотт. ТIаккха хIуьрлаIанан мехкарийн биста кхаччалц, далла Iамал тайначунна шадерг Iана а дахана хиндолчу ялсаманига цуьнан даха дог дац», — бохуш, Хизара шен лерера ца хадо хьехарш чIогIа даз-

дина Анзора. Юьхьаралаьцна уьш. ТIевирзина царна...

Дийнахь а, буса а бохург санна далла дуьхьал хиъна Iечо хьехабо, эшча, зуда ялийчхьана дIаболу безам! АллахIа кIел а хоий лоьху дегIана товриг, цунна кIел а хIуттий буьйцу безам! Анзорна-м хьаха хаьа аллахIана деллачу даг чу безам тарлур боцийла. Безам хьовха, дуьне а диталур ду Анзоре-м делан дуьхьа. Набаро Iехаваллац и багара охьа ца вуьллучу Хизаран хенехь.

* * *

Шурул-кIайн Iуьйре. КIарраш туьйсу юрт, бIаьрг ца кхаччал лекха сийна стигал. ГIайба санна, Iуьллу ло. Буса хьоькхучу мохо лерг а, бIаьрг а дуьзна цунах. Керташ, дитташ а цо доьттина, некъаш, тIеш а цо дукъна. Ирсе хьаьддачу адамо уьш, зIенаш санна, шарднйр ду де гIушлакхе далале...

Наг-наггахь куьйгашна багара Iаь а тухуш, кIинжийн корталин гIомат а йоьллина, кертахула лайлахь нораца некъаш дохуш лелара зуда. Дехачу цIенойн уча йолучу неIаргехь бара цуьнан шелоно негIарш вовшахлето бIаьргаш. Сема лергаш а дара цига доьгIна. Йогура шн бесни.

Кесира яра иза. КхидIа садетта а ца делла, кхуо тахана Iуьйранна дагаяла сацийнера шех кхетийла кIезиг леха ваьлла хеталучу Анзорах. КIира сов дара хIара шиъ вовшашка дисгхилаза. И лало безаме!

Тата мосазза дели, дог детталора йоьIан. Кхуо меллаша дохура некъаш, кIант аравалале ца яла. Бастабелла моттаделлачуха, хийлазза дIасахьовзийра карахь нуй.

«ЦIанкъ» аьлла, еллаелира Кесирин бIаьргаша ийзо неI. ЭхI-хI, даьгна дIаделира йоьIан дог: «Анзор...»

Амма дерриг дегI дохийра шийлачу Iуьйренал а екъа екначу къеначу йовхарша. Хизар вара араваьлларг.

— Ло-м диллина хьуна шортта, — локхуш, мара а бассийна, туй-хIума а кхоьссина, чоьхьа вирзира иза.

— Деана-те. — И тергал а ца веш, лайн кIур айира

дуьненна а даръеллачу Кесирас. «Ца вала воллу техьа ара? ХIун ду техьа?» — хоьттура цу юккъехула даго. Шаьшшинна юккъе хIуьттучух ца кхуьуш, йишйоьхнера, кийра богура Кесирин. Ша цуьнга а, цо шега а аьлларш херца, кего елира. ХIума ца карадора, Анзор доллучу тIехь вуьшта а цхьа ша тайпа, тамашийна хилар лерича-м — муххале а. Иза цуьнца юьххьехь дуьйна а долуш дара, кху шинна а хууш. Ткъа кхин...

Юха а цIевзира неI. Бекъачу мохехь шера а хезара цуьнан гIовгIа. «ХIинца хIун до техьа кху къеначу къуккъуза?» — кIелдIахула бIаьргаш къарзийнчу Кесирин куьйгаш а, настарш а лехира. «ВогIу...» — нуй а ца хьакхалора: гIадъяхана, йохъелла, кагъелла дIаелира Кесира. Изза хьал лачкъош гIуммагI охьайиллинчу Анзорехь а дара. Учара охьавоьссина иза дуьнене бIаьрг бетта белира, багахь цхьа шабар-шибарш а деш.

«Схьанехьа ца волу техьа неIар тIера... ХIун эр дара... стенна тIера доладе техьа?..» — ерриг кескаш яра Кесирин дага лелхарш. И тIаьхьа вайта цIийна тIехьа яхара некъ эцна. Анзор меллаша ргIу кIел вахара. «Волга» йолчу. Цигара иза хIинца ша лаьттачуьра дика гуора Кесирина. «Беса, оза, таьIана... Наггахь цу машинахь мохе волуш вацахьара, хьо-м мажарвоьр вара. Безамо вакъаво техьа я цхьа сингаттам бу техьа?» Герга гIоьртира. Анзор, цIеношкахьа бIаьрг а тоьхна, дIанехьа таьIира.

— Тахана мичахьа хохку ахь? — корталин тIам хьакхира Кесирас «Волгин» сена, кIант лен ваккха, сеттина.

— Хуур ду-кх, — элира Анзора хьаса боцуш.

— Кху шиннех лачкъий, цхьаьний гIуо вайша, тохара гурахь санна?

БIаьрг а таIош, Кесирас и оллушехь, Анзор, дай тIехь лаьцна санна, охьатаьIира, хаъал йоIе гома а хьожуш.

ХIетахь, цхьана сарахь, киоскера «Ленинградски» морожнеш а эцна, Кесира тIехьа а хиъна, орца кIел кхачалц дIадахара хIара шиъ, шортта хабарш а дуьйцуш.

Цу дийнахь «Кармен» пудрий, духий деанера кIанта йоIана. ХIинца уьш безамма-м муххале а ца хетара Анзорна, ур-атталла дагадахкийта а ца лаьара, хьехо хьовх.

— ДIаяьллахь. Уьш ца хьехор вай. — Кхарна муха хилла а ца хуучу мутаIеламийнчех тера дара Анзоран цхьадолу хIуманаш.

— Со кхуьуш яц-кх хьуна хиллачух.

— ХIун хилла суна?

— И хьуна хаа деза-кх. Схьа а ца хьожу, вист а ца хуьлу. Тохара... Цу чохь воллу я, араэккхий, машинахь воьду. Оцу тхан невцера схьадоккхурий ахь и тиша моллалла.

Забарца эйина Iоттар яра иза. И ца тайра гIеххьа цунах кхеттачу Анзорна. ТIаккха, цу тIера ша юхаялар гайта, тиша елаозийра Кесира.

— Хьо хIун ала гIерта? — машинах куьйгаш деттара Анзора.

— Моллина хуур дац иза!.. — вон чIугтоьхна, елхаран къурдашца дIаиккхира йоI ргIу кIелхьара.

Тохаделира, кхоссаделира цунна тIаьхьа хьаьжжинчохь висинчу Анзоран дог. «Кесира, Кесира...» — къорра мохь белира цуьнга. Лерган дуьхьиг ца уьйхьира йоIа. «Кесира!..» — юха а кхайкхира кIентан яхь йолу дог.

Оццул шена и езийла хIинцца бен ца хиинчух тера дара Анзоран дохковалар. «Ас динарг... ас динарг...» — дегадора балдаш. Дерриг дегI лехнера. Ойланаш хьерчара. Карзахдевллачу пхенаша жIаьвнаш еттара лергийн яххашкахь. Кхоьлинера бIаьргаш. Цхьана а дашах ца Iебаш, мотт соьцура.

Ша хIун леладо а ца хууш, гIуммагI кхоьхьучу шолгIа некъ эцна йоьду Кесира ргIу кIелхьара ядийнарг, багахь лебан мотт боллушехь, цо хьалха яьккхина «яхь» яра. Амма хIара кху тIе даьр моьттуш-м ца хиллера йоI. Динах тешавалар доцург, тIе хIума кхетаза, массо а адам шел тоьлаш а, цу массарах дисинарг бен шена ца догIуш а, церан когашкахь латта ша вогIуш а хеташ Ан-

зор хиллехь, Кесира шен меха хIума дуьнен чохь ца хеташ, кха тIехь хорбаз санна, юьртахь кIант хоьржуш схьаеанера. Ткъа дегIаний бен бIаьрла а воцу Анзор цунна везаваларх хаъал тамаша бора цуьнан дегалаллаш евзачу кIенташа. Я и хIун ду а ца хаалора, мел ладегIарх, ша Анзоран тапъаьлла амалшший, цуьнан хьийкъина хиларрий дацахь. Шайн-шайн косташ ма карадой зудаберашна кIенташ тIехь. Царех ша лоьхурш карийна хир ду-кх Кесирина ккузахь. Цу дерригенна юккъехула Анзоран лерехь декара: «Зударех Iехавелларг делах волу. Церан хьекъал бIаьргаш чохь ду...»

Эццахь веана, месала кIайн куй а коьртахь, аравелира Хизар. Анзоран ойланийн гIар-тата яйра, хи чу гIаж тоьхча пхьидийн санна. Везза учара охьавоьссина, дешича волчухьа волавелира шичан воI; хIун бах ахь, бохучу хаттаре сецира иза, гуттар санна, куьйгаш тIехьа а лаьцна.

Маьхьсешна тIехула юьйхинчу ира буьхьиг болчу кIеда-калош кIел гIарж дечу лай тIехула дIасахьийзина, Iаса пхьаьрсах а тесна, доIа дира Хизара. И ваьлча, цуьнан Iаьржачу обанах летта чо-мас дIадоккхуш, гонах хьаьвзинчу Кесирас лерина тергалвора лайла а вогIавелла лаьтта Анзор.

— Цхьа сиркхо-м хьакхаеллачух тера ду, Кесира, хьан ненайишех. Ма кхохкийна-кх иза! Со берахь чIогIа Iаьнаш хуьлура вайн ккузахь, Анзор. Латтанаш лелхара, — лайла Iаса а етташ, хабар дийца волавелира Хизар. — Буса ло диллича, Iуьйранна хьайбанаш хитIа дига а ца даьхьара. Цкъа со тIехь воьдучу вайн говран гIогI дойра, латта даьттIачу юккъе ког а бахана. ХIаа, — дIасахьаьжира Хизар, — хьан санна, машина яцара сан.

— ХIетахь-м ницкъаш а хилла хир бацара, Вашш?

— Вай-м хIетахь а къен дацара хьуна, Анзор. ХIара зама хIоьттинчул тIаьхьа маьхьаллаш чекхдаха ондда таро езара. Совето маьхза ишколаш а ехкина, молланаш базбеллера...

— Ой, мелхо а байбала безаш, хIорш ма дика баз-белла, — элира Кесирас, ненайиша яханарг цIанвина а йолуш.

И ца тайна Хизар, лер а дайна, макхлуш, дIасахьаьв-зира. Цунна и ша аьлларг чухIоьттинийла а хиъна, Кесира йовхна хилира. Воккхачу стага Анзоран юьхьа тIе-ра говза схьаийшира йоIа аьлларг цунна а новкъадар.

— Кхераме дара, йоI, делан дуьхьа дийриг. Шен са а доьхкина, логгец кхерамехь моллас мутаIеламана доь-шу и дарс дайло! Хьада, чугIуо. Хьо кхуьур яц цунах, — луьйчуьра сецира Хизар-молла, багахь шабар-шибарш а долош, даима санна.

Кесира, шен гIори-гIоддах и лечкъочу Анзоран са а тIехь, чуяхара, ундешка тIехь бегийна нуй охьатосуш, кхуьнга бIаьрг а кхоьссина.

— Анзор, вайн хьесапах жимма шеквуьйлу со, — элира Хизара, лаьттина. — Ас кехат яздийр ду хьуна, эк-кхий-валий, Суьйличу гIой волахьа. Цигахь маца дастар сецца техьа марха? Кхана-лама дуьйна долалур ду-кх адам и хетта... Некъ хуур буй хьуна?..

Оцу къамелехь йоккха меттиг царна луш аьлла да-ра «...вайн хьесапах...» дешнаш. Цаьрца цо шена тIеххьа хIиттавора Анзор. «Со дIаиккхича а, сан кога-метта хир ву хьо. Докъа-ламаз дехка а, жамаIат дайта а, мел кхай-кхош доIа дан а — шадолчунна шарло, кечло. Лийриг, вийриг а, ялор, йитар а, вер, ваккхар а дерзо динан да воцуш йиш яц юьртан. Юьйлина топ санна, со ваьлла лаьттина уьш барт-хаттам ца хирриг дIакхехьар дуьне-нахь а, эхартахь а зен довр дац». И бара Анзорна ша мел бечу хьехаман Хизара хIитто корта. Анзора хабар а цуьнца дуьйцура, са а цуьнца доьIура, ойла а цуьнца йо-ра, цул дехьара дуьне шена догIуш а, кхочуш а, оьшуш а доцуш санна.

Адамийн кхетамехь, дахарехь хуьлуш дершший, цара дийрашший, уьш дан гIертаршший кхунна хааза а, хаза-за а, я хIара реза воцуш, воккха ца веш а дацара. Муха

хуьлу — Анзор къора а, я Іовдал а ма вац! Гагарин космосе ваханчу дийнахь кхунначул и хазахеташ мила вара кхеран лагерехь!! Юра декъалвеш кхуочул доггах мохь хьан биттира цигахь! Адаман дагна операци йина яллалц лоьрашка цунна резинкин дог диллалойла ма хаьа Анзорна. Молланаша пхьидан цІогганал бен хьекъал дац баьхна нохчийн, гІалгІайн зударий Іилманийн кандидаташ хилар, стигалахула лелар кхуо ша ма дешна...

Уьш дерриш ца хуург хуьлуш, уьш дерриш доцурш деш, харцахьа яьккхина кетар санна, хийцавелла дІахІоьтти-кх хІара, цІа кхаьччахьана. Хизаран хьехамаша ваькккхи. ТІаьхьенан ойла ян ца кхуьуьйтуш, юханехьа вадийна цара Анзор. ХІуъу дагалаца воьлча а, цу къухалахь караво ша. Іаьржаниг а кІайн хоьтуьйту олу бозбуанчалла ма хуьлда кхунах хьерчарг...

— Некъ-м карор бара, Ваши, бензин ду-кх вайн кІезиг, — хала элира Анзора, цІавеанчу шен дуьхьа машина а эцна лелачу дешичах бехк лоьцуш. Бензинна цуьнга ахча деха там ца хеташ, Анзора, шен кІур биллина, чІогІа хаза, «ТТ» тапчех тера зажигалка а елла, доттийтинера хьастаха заправщике бензин. Цул тІаьхьа — цигаьркаш чу йохкучу гІутакхах.

— Бензинна а, машинна кег-мерса оьшучунна а... хьуна хьайна кисанахь хила а ма еза шай-кай... — сецна, долийначуьра чекхвала тІетуьйхира Хизара: — Наха-м даккхийнаш а нисдо хьуна, Анзор, машинаца. Кхана лийр волуш санна, далла Іамал ечо, цкъа а лийр воцуш санна, дуьненан рицкъа лахар могуьйтуш меттиг а карайо, дика хьаьжча, жайнахь.

ЛадоьгІна, эццахь сацийтира машина эцчахьана а хаъал хІуманаш цу хІинца хьахаделлачух къедочу Хизара. Цкъацкъа уьш шена тосалуш хетаза вацара Анзор. Амма долонний, дитанний дезачех лаьцна а, товчийн, цатовчийн хьокъехь а, леррана охьа а хийшош, шена кхетамаш, хьехамаш дукха бинчу дешичас схьа ца аьлларг шеггара цкъа а доло дагахь воцу хІара таханенга ваьллера,

хуур-кх, кхуьур-кх, бохуш. Цхьа кхин ду: дан, хаан, лелон дезарг хетта ца оьшуш, бIаьргаш хьаббина кхочушдан Iамийнера моллас шеначулла атта карийна Анзор.

«TIеххулара доцуш, бухкера дуьйна, деган кIорггера схьа далла муьтIахь, динна тешаме бусалба хила сел чIогIа луучу хьох цIенна и ван сайн ницкъ кхаьччахьана, кхин дика болх ца оьшуш, ялсаманин догIанаш вайша даьхна ваьлла хета суна», — элира Хизара стомара буса, шаьшшиъ терхьера чувеъча. XIетахь дуьйна къаьсттана цуьнан дог хьостийла лоьхучу Анзорна и караюлуш яра хIинца. Я цунах цуьрриг кIезга воккхавеш а вацара кIант. «Ватталхьан хIета!»

— XIета, Ваши, хIинца дуьйна шена бензин ша латтор ду-кх «Волгас»!

— Цул а меллашчу говро-м бахаман барз боккхура, Анзор!

Меллаша доьлхучу лайн бойнах чекх вовшашка хьаьжира дешичий, шичан воIIий.

IV

Соьлж-гIала. Чохь а, арахь а адамаша сийсош автостанци. Бумбареш санна, ло хьийзо Iаьнан чилла. Делкъе.

— Хуьлий, накъост диспетчер, МартантIа автобус? — хаьттира, корехьа а таьIна, боьмаш, драпан пальтоца буьйхина можачу бокказо хазбина кIайчу исхаран бIоржамаш когахьчу стага. Аьтту куьйган карица вукху буйна лаьцна стомма портфель а, цуьнга гIоьрташ папка а яра цуьнгахь. Юьхьан битамаш вуно хаза, гIеххьачу дегIахь, басна кIайчу цуьнан коьртара бухь кагбина бухIарун холхазан куй кIедачу лайн чимаша тамехь къарзбинера. Дагна цIена, аз эсала лер долчу цуьнан Iаьржа бIаьргаш делакъежира корах чу.

— Машина хьеяла мега, накъост, базехь. Цхьаъ телхинчух тера ду цуьнан, — элира цу чуьра схьа диспетче-

ра, ша телефонехула ден къамел ца хадош.

Йишйоьхна корера схьавирзира бухІарун куй болу кІант. Пхьаьрсахарчу сахьта тІе хьаьжира. Цуьнан дерриг лелар сихха ваха луучух тера дара.

— Ас дІавига хьо, накъост? — элира цхьаммо-м дай-й.

— Ма гІуллакх дара-кх иза, — шега луьйчуьнгахьа вирзира вайн пассажир. Йоцца лергинчу Іаьржачу можан гура чуьра цуьнга схьахьоьжург вайн Анзор вара. Дехо лоргуш лелочу мекхех бен ца вовззал хийцинера хІара вайна гинчул тІаьхьа кхуо йита йолийнчу можо.

— Вало хІета...

Чехкачу боларахь вахана, хІара шиъ некъаца лахо лаьттачу «Волгина» уллохь сецира. Анзор машинах куьйгаш детта велира, гонах а хьийзаш.

— Ма сиха вара-кх со! Диъ до́луш СемаІашка кхочучу поездаца Москох дІайоьду тхан йиша... — элира мацца а бухІарун куй тиллинчу кІанта, вукхуьнан дІасаІиттаваларш кІорда а дина.

— Кхин цхьа-шиъ нисвелча, вайшингахьа хеташ...

— Ас лур бу-кх хьуна ерриг машинан мах, — кхийтира сиха пассажир «шоферо» хьийзочух.

— ТІехаа хІета!

КІуьран марха тІаьхьа а тосуш, йолаелира «Волга».

Кхоьссича санна йоьдура гІалех арашаръелла машина, вай-й тІера шиъ а техкош. Вовшашка бистхилар доцуш, Баку — Москва некъан «Грозный» кех бевлира уьш. Цхьацца ойланаш йо хир яра кху шимма. БухІарун куй болчо хьалха доллучу куьзган чохь а, вуьшта тІехьахула а тергалвора машина лелориг. ЧІогІа тамашийна хетара цуьнан маж, цхьана шабар-шибаршна цо хьеден балдаш. Уьш дерриг дицдора цо хаза лелочу машинан тІомо: тамехь, атта, говза, лерана...

— Бехк ма биллалахь... Ламазан хан туьлу...

Нацкъаро таІийна, машина саца а йина, йохалла цунна улло догІучу а, Іуьллучу а лайла ламазана хІоьтти-

ра Анзор. ТIерачу барзакъо цу хIуманийн стаг ца хетийтинчу цуьнга хьаьжжинчохь виснера шен метте Iен пассажир. БIаьргана и хаалойла йоццушехь, керчара ламазана лаьттачун бос...

Корта бетташ, можа юккъе ихина лайш дIа а дохуш, тIехиинчу Анзора, бисмалла а олуш, дIаэккхийтира машина. ХIинца гуттар цецваьллера пассажир. «Ванах, мичара ву-техьа хьо?»

— Москох хIунда йоьду шун йиша? — хаьттира Анзора.

— Доьшуш ю иза МГУ-хь.

ДIай-схьай кхиссинчу хеттарех кху шинна хиира бухIарун куй болчун цIе Салман хиларрий, иза нефтяной институт чекхйоккхуш, дипломни болх бан цIа вогIуш вуйлий, халла ворхI класс бен йоцу Анзор юкъараллина пайдехь хIума деш вацарриг, машина дешнчас кхунна эцца хиларрий... Анзорна-м шаьшшиъ цхьана эвларий, кхоалгIачу чуваллалц цхьаьна дешний хилар а хиира. Амма и кхуо чIогIа лачкъийра вукхунах. Эхьхетара ша вовзийта, цIе харцахьа яьккхира шен. Муха ца хета: Салман инженер хуьлуш ву, ткъа цуьнца левзина хIара хIумма а вац, я... «ХIун дийр ду, цхьанна цхьаъ марзло, вукхуо кхин Iамадо... массара цхьаъ лелийча-м адамашна дан иза тоьар дацара. Велча, верзар-м хIинцачунна ниисса юханехьа хир ду тхойшиннан. И гуттар а лаьттар ду, кхуьнаниг, ши бIаьрг хьаьббашехь, дIадер ду»... — шен доха доьллачу дагна ялйира цхьа ойланаш юьхьа тIехула лелаш тIехьа Iен Салман шен куьзган чохь гучу Анзора. Юьхьанца иза цхьана фабрикехь я складехь ву шена моттаделла хилар дага а тесна, велавеллачу кхуо хаъал хIуманаш цунах дIахайитира шен пассажире.

— Ма-боггIу бечу балхал сийлахь хIума цхьаннахьа а хуьлийла яц, накъост. Амма со «хIума йоккхучохь» вацаро хьайна машинах догIург лахдарна ма кхералахь, — паргIат цуьнан шен метте виллира Салмана шофер.

— Остопиралла, остопиралла! Делан дуьхьа, ма хьу-

на ишта хетийта дацара моьттахьа иза, Салман, — бехкала вахана хьаьвзира Анзор.

Бакъду, вукхо кхетийнчу тIедоьгIна-м ца аьллера кхуо иза. ХIан-хIа. Салманал тIаьхьа висинчу шен дагна хьаам беш вара Анзор цуьнца. Хелхавала Iамазчо туху гола санна, харцахьа нисделиг-ах мисканан иза.

— Варий, къонаха, цхьаннан ойла елахь: ахь къадийнчо суна хетийтина хала бIозза жима хилла ца Iа хьуна цо суна хьох хетийтинчу кхоамал... Сацае... Со дIакхечи... — меллаша машинара охьа а воьссина, корах чу цIен туьма кховдийра Салмана. — Сов долчух хьайн маж яшийталахь. Ша динарг ду хьуна наха деллачул тешаме...

ДIавоьдучу пассажирна тIаьхьа хьаьжжинчохь висинера тIекхетта цуьнгара туьма схьаэцна Анзор. Хьалавогlуш цо шен лерана тергалвар а, шех вашацаре, кхардаме цуьнан хIинца дIавахар а, цара дагатеснарш а — шадерг эшийра буйнара хьалахьоьжучу туьмано. И дайча Iаламат самукъе хиллачу Анзора машина цIехьа юьйгIира. Хизар резаван сихвелла.

Ло тийнера. Суьйре къуьйлучу шелоно тергал а ца бора мархаш юткъачухула хаалу Iаьнан гIорасиз малх. Электропешо бани йинера «Волгех». ХIинцца Салмана деллачулла доьазза ахча доккхуш, тахана некъ нисбелла Анзор гуттар качвелла, мадвелла техкара машинахь.

Туьманаш дацара и хьоьстург, качвинарг. ХIан-хIа, дуьненан дохне-м ша ца Iехавайта чIагIвеллера хIара. Цуьнан хама ша мел чIогIа бахь а, дича хуьлучух хьагий, и долчунна, цхьаберш санна, хьаставалий, цхьа мисхал а ша цул вай хетий дагахь вацара Анзор. Цхьаннан шех догкхардошший, цуьнан коган кIело хиллий хIуманан да ца хIуттуш, дикачех тарвалий, цаьрга нисвалий гIерташ, шен садалийта кийча хир ша, бохуш, ойланаш дукха йинера кхуо лаьцна волуш а, ларамаза юкъанисвеллачу зуламечу адамийн карара ца валалуш а ша текхначу хенашкахь. «Ванах, кхин стаг вац техьа со?» — ду-

кхазза дагадогIуш, шена шех чекх са гинера Анзорна дешичас машина эццачул тIаьхьа дуьйна схьа.

Кхузахь Анзорна шех хьожа йоуьйтург, машинахь ша йоккху хIума хаддаза кIезиг хеташ, хIор сар-сарахь гIам-гIим ден Хизар реза ван гIерташ, цунна а, нахана а хьалха юьхьах чкъуьйриг а йина, шен лелар дара. ТIаккха хьаьвззий: «Со хIун сайн дуьхьа я сайна хIун Iаюш лела! Эхартахь декъала хила со Iамочу моллин и догдика а ца ден дара ас! ХIинца а асчул дика ккуьнан Iуналла дечу наха цхьана хенахь мел оьшург латтийна молланашна. Цкъа тоьур ду къеначу ккунна. Сан хIун эшна тохарлерачул?», — бохучу тIе вогIура. Ша шен ойланашна, сацамашна, лиъначарна хьарам вац бохург дара Анзоран иза. Амма даго хIор сарахь бIокъажабора, велакъежара юккъе а хьерчаш, барзаха къерзачу Хизарна дуьхьал хIотта.

«Мел аьлла, хIинца-м гIадгIур вара Ваши. Диъ туьма!..» — дог ловзадуьйлуш, тIетеIайора цIа ккача сихвеллачу кIанта «Волга». Геннара дуьйна бIаьрг беттара. ІШурул-кIайчу кетIахь литтаналла Iоржагалла яра хIинца а, кху тIаьхьарчу хена хIор сарахь санна. «Iаш ву! ХIинца-м юьхькIайн вара со...»

ХIара пхоьалгIа де дара Кесира кхаьрга янза. Некъан бохалла кертаца охьавогIучу Анзорна дитташ юккъехула яйра ученан бIогIамца лаьтта Кесира. «Еана!..» Хазахетаран цIе летира кийра. КетIа кхоччуш, ша хIун до а ца хууш, машина Iахийра йоIана тамана. Хизар дага а веана, цIаста санна, цIийвелира. Цу юкъана ерриг елакъежинчу Кесирас ков диллира. Къайллах бIаьца кхоьссира Анзора йоIе. Кхин гIарабоккхийла яцара лачкъийна лело безам. Ша дуьненан да хеташ машинара воьссинчу Анзоре хьо цIа кхечин а олуш, дечиган мор эцца, чуяхара дешичан зуда.

Куьйган эшара Кесирега ков тIетоттуьйтуш, суьлхьаниаш а хьийзош, чоьхьаваьллачу Хизара: «ХIун дадели,

хIун дин ахь тахана?» — хаьттира, бетах мотт хьоккуш, хьала а ца таьIаш.

— Тахана-м къаьхьа де динчух тера ду ккуо, — элира сел веза Анзор ккин хьостийла йоцчу Кесирас, ирсе ехьа а ехьаш.

— Тахана екха дац гIуллакх, Ваши... — цIена диъ туьма дIакховдийра Анзора.

БIаьрг къаьрзаш, юьхь озош, катоьхна ахча буйна хьарчийра шарIан дас.

Цуьнан вегор, бIаьрза хьовзар Кесирина ахча гар ца лалуш дара. Оьцург-эриг а, дийриг-дуьтург а — шадерг дуьненах дадийна, хьулдина дара Хизаран. Цкъацкъа ша-шех а тешам боврa цуьнан. Набарх лен ваьлча, хеттарш ца деш, ша самавакхa декхарийлахь йиннера ккуо зуда. И майрачун шех цатешар дуйла ца хуучу цу мискано ккунна цатам я сиркхо хилла буьйса набарза йойура, хIара ларвеш. Масане хир ду Хизаран уьш! Къайлеш ларъен хьен хьесий тхьаьвсинчу юккъехь набарх цхьанна ша даре дарна ккоьру хир ву-кх.

Халахийтира, дог, йишира, новкъаеара Анзорна дешичас ялийна и кеп. Цу тIехула тIе, цо цул тамаша бина хIума а дацара ша цIа веъчахьана схьа. Я ккачам боллуш кхета а ца кхетара: стенна, хIунда, баккъалла а, я цхьаъ тардан — Iалашо хIун ю-техьа цу кепан? Дешича шеца нехан йоI а йолчохь сел кIоршаме, оццул шога, сел юьхь йоцуш хилар ла ца даллал дазделлера Анзорна. Амма шена и иштта новкъадар лачкъо гIертарх гIуллакх хила ца туьгура цуьнан. Шийлий, довхий хьацар деттара кIантана, лергаш догура, дIа мел олу дош сихлелхара. Дегадора куьйгаш. Ша дан дезачух воьхнера: машенна хьакха горгам Iойли кIелхьара схьаэца гIерташ, капот йиллира, багажник кегийра, кисанаш чу куьйгаш Iиттира. ТIаьххьара а: «Со стенна хIоьттина сел холча? Шен цхьаъ хир ду-кх, со ца ккеташ. Мацах санна...»

ХIокху исс-итт баттахь Анзорна хIинца санна дика дага ца даьххира Хизара кIетахь шена лелийнчех хIума-

наш. Амма уьш, хIундда делахь а, хье ца деш, дита лиира кхунна.

— ВаллаIазмор, Ваши, суо мосузза воьду, хьо реза хирриг ван нигат ма до ас. Ца нисло-кх. Сесий санна, лелаш автобусаш ю... такси йоцуш меттиг бац. Инспекторша а ца вуьту... Чкъургийн хедаршна хьакхахьа, Кесира...

Машина цIанъеш дара йоI, кIант.

— Пачхьалкхан машинаш дукха ю, бохуш, вайниг эрна хехка-м яц йиш... Селхана Iуьйранна дуьйна диъ туьма... ялх эзар туьма меттахIотта-м гена ду... — олуш, чIогIа кхоьлина чоьхьа волавелира Хизар. Ша йина харж ахчанан ширачу барамехь кхайкхош, шена тIедеанарг керлачу хьесапехь дустуш Iедал дара цуьнан. Iийна: ламазан хан туьлу, — хазийтира цо Анзорна.

— ДIавогIу со.

Вовшашна дела а къежаш, горгамаш сихйинчу шиммо ша ма-дарра куьзга динера, гуттар «зудъюьйлуш». къегачу «Волгех».

— Ахь хьайна ахча сецадой техьа, моьттуш, шек вукхи иза... — бохура елакъежжинчохь Кесирас, дай-й.

Цахуучуха, Анзоран куьйга тIе хьаькхира цо боьха горгам. Шиннийн а догIмашка цхьа тамаше, дегнаш хьостуш йовхо еара. Билгазчу хаттаре Кесирига хьаьжира Анзор.

— Ас забар ца йо хьуна... Ов-вай, ма пис ву моьттахьа! Сан майра хила там бара Хизар. Дуьне дакъор дара охашимма, ца Iебаш, — бакъдерг а детташ, забарш йира Кесирас: — Варий, охуш, аьлларг, оруш карийна — IаIош хила хьо.

Онддачух лаьцна цу дай-й аьллачо тоьшалла мадарра, Кесира-м хаъал къера яра шен балхана. И муха, мичара даларан балий, гIайгIий йоцуш, мерза-хьений, тIехь-чохь хазий деза марзлуш, дегIах и дулуш кхуьуш яра хIара. Дала ларвойла кхуьнан коч тишъяларх, хьаьвда лахдаларх я якхдаларх. Кесира ешаш, кхуо пусар деш хIума кIезиг дара шайн цIахь а, кху нецагIаьргахь

а. Хуург, хезнарг чохь соцур доцуш хьовха, бартана сиха стаг а яра Кесира. Шен молла пис ву олу хаза хьовха, мискъала-зарратал цунах хIума даг тIе даийта а ца луучу Анзорна кхин а тамашениг дийцира йоIа: «Хаза ду хьуна... Кхо-диъ шо хиллера цхьана жаIуьне Хизара кхо жий лелабойту. Цхьалий-шалий дехкинчу церан дийнна кол цIа ялийра. ТIекхеттачу кортошна тIера закат доккху ша, аьлла, боккха кай, нисбелла Iахар бели кхуо суна сарахь чугулбеллачу нахана хьалхха. Цу буса, дагахь и шиъ, боьхкина, ас эцаза хIун йити... Iуьйранна: «Кесира, хIокху пхеа соьмах ас ийци хьоьгара и кай, Iахар. БисмиллахIирохьманирохьийм, дала беркат дойла хьуна кху ахчанах», — боху-кх. Со-м цец а яьлла йиснера. Нецас схьаэца эли ахча. Юха, мархин сахь Хизара доккхуш дайча-м, кхийтира со. Шена тIера а даьккхина, сахь нецина дели кхуо, ткъа цунна тIера даьккхинарг шена дийхи...»

— Вайша-м тIулга тIехь а дахалур дара, — чу ваха вегавелира реза воцуш цу хабаре ладегIна Анзор.

— Ахь цу тIе ламазана корта биттича дузахь, бахий ахь?.. — кхоьссира ламазана кечвала воьдучу цунна тIаьхьа Кесирас, кIантана и цатарна а кхоьруш дагахь. Цунах яггал хIуманаш вуно суьпа вуьйлучу Анзора хаийтинера йоIана цхьацца долчу тIехь.

Анзор ламаз эцца валаре хьоьжу Хизар чуверъчахьана дуьйна чIогIа ойлане вара. И ишта ма-хиллинехь, цхьа хIума лар тIехь дацарх кхета цIийннана, кIегаш тIехь санна, яй лелара чохь.

Ламазаш дина девллера.

— Зуда, арахь я дехьа чохь дан хIума лахахьа. Жимма къамел дара божарийн, — аьлла, голаш тIехь хийца а луш, суьлхьа даккхар сихдира Хизара.

ХIусамнана араелира. Куьйгийн, когийн пIелгийн голашна, ламаз дерзош, нана-пIелг хьоькхучу Анзоран корта лийса болийнера машинахь хезинчой, Кесирас хIинца дийцинчарий...

— Анзор, оцу машинаца йоккхучу нахарта тIехь ас цхьацца алар ахь ца ловчух тера хета суна, — долийра Хизара. — Вайн цIарах зихIарт цIиндайта дагахь лол бара бетташ... аьллар хилахь, маьждиге а бара безам...

Шал шера хаьара Хизарна уьш оьшуш, цаьрца гIуллакх долуш адамаш Iаламат кIезиг дуйла а, маьI-маьIнехь яккхийчу собранешкахь наха уьш оьшуш меттиг яцар кхайкхадойла а. Царна тIехьа а лечкъаш, шен кисана хьоькхуш ка дара иза моллин.

— Сан юьхь ма яхахьа тIаккха, Ваши! Муьйлу ас, дойу ас?! Цу машинан чкъург эрна карчарна кхоьруш-м ма лела...

Дерриг чухIоьттина, дарвеллера Анзор. Верриг вегош, маьнгин йисте а хилла, эткаш тIеюха волавелира иза.

— Ишта мегар дац. Хьо дукха дегабааме хилла, Анзор. Жимма-м тов иза боьршаллехь. Амма... Мискъала-зарратал цIенна хьарамло ца ен йолчу хьох сайхчул чIогIа теша хьуна со-м. Хаалахь, Анзор... — хабар а, дош а, хьажар а кIадделлера Хизаран. Хьаласеттина чIениг а, дакъаделла куьйгаш а дегадора. Дайн балдаш цIубдора. сихдинна можах ка а детташ.

— Хьайн шекьхуьлийла елахь, ма кхоаве... — хедара Анзоран аз. — Ас ца боху суо дика ву. ГIалатволу хир ву. Веза а ца веш, схьаала хетарг, ас нисдийр ду...

ТIехоьана мича писъян, ког охьа а тухуш, ирахIоьттира Анзор. Дагна а, дегIана а шархъаьлла кхоссавелира баьрчехь Iен Хизар:

— Делан дуьхьа, делан дуьхьа, Анзор... Остопирла, остопирла. Валалахь, вашиниг, кху пIераскан буьйсанна сагIина къинтIера...

— Ас хIун боху? Со-м вац... Ца даькккхинарг дан йиш яц. Со хIун даладелла лела...

— Ма, ма аьллахь, Анзор. Вон ца кхобу дала. Вижа а, гIатта а, яа а, юха а, кхечийн санна, хене хьоьжуш дац. Царех муьлххарг а, дага ма-деъа, карахь ду. Далла ха-

стам яI. Ахь кхоьхьург делан хоржана шорта тоьу. Кхидерг вайна хьашт а дац. Цхьаъ ду: машина хоьхкучу кIанта докъаза вайначу дена чурт-м ца дугIу хьуна аларх а вогу. И вайшинне а хала хир ду лан. Дагах кхеттарг Iотта тIераниш бу дукха... — таIош элира Хизара, пес тиллина корта агIор а тосуш.

Цуьнга дилла хIума дукха доцчу Анзоран гIар-тата дайира да хабара юкъавалоро. И тергалделлачу Хизаран дагах даьтта хьаькхира: «Метта кхийти!..»

ЦIеххьана хьаьвзаш, мелла а карзахе дешиче а хьаьжна: — «Воьду со, хIета!..» — неIарехьа велира кхохкийна Анзор.

— Дала некъ нисбина, марша воьрзийла хьо цигара. ХIара, Анзор. TIехволлушехь, хIара эрз лохьа кIант цомгушчу Себилига дIа... Хьан жайна чу тесначу хиэ коьртана йоккха гIоли йира шена бохуш ю иза. Хьан куьг беркате хета. Айхьа язбина ала. Там хир бу, тешар ю иза. Хьайн Iемина вар довзадалар хьуна а ду доккха хIума... — эрз дIа а эцца, араволучу Анзорна тIаьхьа, ша Iеччохь меттахъхьовш, доIанна канаш лецира Хизара: «Дала Iалашдойла, къинхетам бойла вайх...»

Сийначу кIуьран марха а тосуш, уьйтIахь машина лета хазарца Кесирас диллина ков кIеззиг цIевзира. Сихха корах арахьежа велира Хизар: «Кхунний, дуьненний юккъе ас лоьцучу боданах чекх са ган доьллачух тера ду. Букъбан беза иза. Кхин а къовла, чIагIдан деза кIант ладоьгIийлех, тIекарех ларвар. ПIераскан дийнахь жимма къадийра, меттанаш совцарш, оьшур бац. Делаюкъабахьа, гIуллакх-м ца хила. ХIара карара волуьйтучохь дац», — дагахь, тIекхетта, машина кехъяларца, гIовталан кисанара схьадаьхна туьманаш а хьаьстина: «IаIаде ахь, кIант, адамаша дIатесча, хьайн харцонашна даредан дезча, кхара бен кхобур вац хьо... — Хечин кисана ра доккха бохча схьа а даькхина: — Мел вовшахкхеттатехьа?.. — цIенкъа ахча дагардан хиира Хизар. НеI туьйхира. — Собарделахь!.. Кхо бIе барх туьма... Итт тIету-

хург, Іуьйранна гиххочуьнга делла бІе... Жимма хьайна дан гІуллакх лаха. КъорІанан юкъахвала йиш йоцчу меттехь ву со. Ма хьее неІ. ХІара-м шортта тІеоьхуш а, Іаьіаш а лаьттара. ДаватІарг, и важа нисделла далахьара. ТІаккха-м валаран ойла ян а хала дацара. Цкъа и бецамэъ каракхаьчча делахьара. Кесира... ОхІ-вай-кх... ара даьІина са чуозар хьем хета-кх и дагаеъча... Веший дІавоьду... ХІинца жимма со тохавелча, чекхдала мега, дала мукъалахь. Хьастах божли чохь пхьарс лаьцчи а, селхана сени чохь хьакхавелчи а дІахилар аьрха дацара... Цхьацца аьллачу тІехь а цІнйлой охьатаьІа, цхьа мисхал хийца ца ло. Иштта хир ма яцара иза... Хьайн цхьаьнга безам ма-бахха хаалахь, боху жайно, вукхуьнан дагахь а изза дуйла. Кесира со дага а воьхна хила мега, ткъа со кхоьру... (качло). ХІаа, хІети... хІети, хІаа... ДІаала деза... ша йолчохь, качйина, качйина... хІаа, хІаа... ТІаккха Кесира тІетовр ю... Сан хир... Ас и иштта мараюллур ю. ТІаккха, тІаккха тхойша иштта дІатаьІир ду... Мосазза... И сан марахь, со цуьнан марахь... Іуьллур ду кест-кеста... Ас и иштта Іуьйдуш, цо со хьоьстуш... ЭхІ, хІара ю хьуна ялсамане... Къена Бана лахьара, додур дара кхузара. ХІетталц Кесира цхьаннан цІар тІехь хила еза. Ма гІуллакх дара-кх хІара Анзорна ерзор нисделча...

ЙогІучу набарна гІовла эшац, баханчу безамо хазалла хержац, лаа ца аьлла. Закон, Іедаллий, эхь, бехккий, гамой, гергарлой — уьш деший дІадоьлху, чІир йоцчу безамо пха кхевсича. Дуьненан дайший, эхартан элаший йинна безамана куьг. Муха ца уьйу! Хьаьнга дохаделла, къинош даго жоьжахате дала шех йинчу, адаман деган безамо динарг!? Цхьаьнгге а!!! Далла хастам бу, шена луъург лело, къайле а, къуле а вайна цу безаман йолуш.

Тхиналахь даьжначу лун санна болу Кесирин бетан буьхьиг... ГІазот ву-кх и цІуббеш садаьлларг... «Хизар, хьо хІун деш Іара тоххара хІара ца деш», — боху, бод санна, кІадъеллачу Кесирас меллаша соьга... (ЛадугІу). ХІахІ... (Кхералой, хьалаэккха). Ткъа цо, цо мохь хьа-

кхахь... карара а яьлла, араэккхахь... ТIаккха, тIаккха хIун хир ду?.. Ялсамана юьгур ю, дуьненан да йийр ю, аьлла хьаьстича... ХIан-хIа, мичара. И хьаха дац царех Iехалу тайпа. Ма кхайкхор, ма нахалавоккху варий со цу йблисо. Дуьйцийла дIа йоцуш... ЭхI, эхI, хастам бу-кх хьуна, хIай къинхетаме аллахI!.. Остопуьрла, остопуьрла, ма дика ду-кх ахь сан дага и юьхьIаьржо тесна. Вевзина, сий дайна даьллера-кх сан. Вуьшта догмолачу адамо, оццул бахьана даьлча, ма наьIалт кхайкхо дара, ма дIатототту вара, ма тешам бовн бара сох. ТIаккха, тIаккха сан-м дацариц мацалла ца велча дан хIума. Хьан кхобур, хIун дуур дара ас? Ов-в-вай, далла хастам яI, цхьа мIар буьллу юкъ бен ца йисн-кх со хIалакьхила. Ма нрча ду-кх и дала ларварг дуьйцуш а (вегаво). Машина цIена а йолуш, меттахIуттуш боллу корта... Дукха дезаро кIезиг доьзуьйту. Цкъачунна хIума яккха лелачуьра вухатоха веза Анзор. КъорIанех чекх а ваьр, эрна уьйраш а ца лоьцур. Схьалестачарна ваз а лур...»

Шадерг хьарчийна дIа а даькккхина, неIаран чIуг дIаяькккхира Хизара.

— Хьо хIун деш ву? — чуелира зуда.

— Iуьйранна дуьйна хечо кIамвечу хьажа гIертара-кх, — хуьнжар, барч нисдечуха дIаса куьйгаш хьакхира Хизара. — Аш вуьтур-м вацара.

— Хиндаций, йохарна а ца кхоьруш, кхехкаяйтахь. Схьаяккха, хьажий со?

— ХIан-хIа. Сагал хиллера и-м. Араиккхира. Кесира?

— ЦIа яха-кх. ПхоьалгIа буьйса ма яра иза кхузахь йолу.

— И хьовха, зуда, Анзорна хьахийча хIун дара техьа вай иза?

Шен цхьадолчу хIуманашна Бана реза яцар хуу Хизар, кIелдIахула и тергал а еш, ладоьгIна, шен амалехь мадду, соцунгIа хилира.

Юьхьанца чам тайна, майрчо моллалла юкъадаьк-

кхичахьана дуьйна Бана башха реза йоцуш хIуманаш лелара кхеран цIахь: йита ца елларг йой, йолчаьрга зуда юхаерзаяйтаррий, безам къахьбан, марзбан жайнеш дахаррий, Iедалах там хьулбеш, зудчах урдош дахар нисдаррий — масане ду уьш. Амма къанделлачу меттехь эгIарш, къестарш нахана гергахь там ца хеташ, IадъIийнера Бана. Цундела гIеххьа хIуманаш зудчух лачкъийна дара Хизаран.

— О, дIаваьллахь. И миска цуьнга хьийзавайта! Сан йишин йоI елахь а, Кесира хIуманан хамий, жимачух тарой ян гIуртур йоцуш, хала стаг хир йолуш ю. Вуьшта а вонаш дайна Анзорна... ТIе, наха а эр ду, цхьана чу а хьийзийна — ерзий.

— Тоьур, тоьур ду! Нах бита! Хьо-м, ишта... Сан деда вагIахьара уьш декъала хилале. Амма и захало вайшингахьа хила там бу... — човхош, хьагош, зудчуьнца говза къамеле хиира Хизар.

V

Цхьа а ца лелачухула бохург санна, нацкъаре лоьцуш, керташ юххе теIаш, тасавелла вогIура цхьаъ. Ша гайта а, шена ган а лууш, вовшашна белакъежаш, лайн межаргашца забарш кхуьссучех тера вогуш, таьIана дара кхуьнан болар. Кертах хьакхалучохь катухий пальтон тIам, юх хьалалоцура, ког, цхьайолчу меттигашкахь боьхьара хьажош, ларбеш буьллура. Ша тесна веана кхунна тIаьхьа а кхуьуш: «Оссолом-Iаликум, Анзор. Хьо ма сиха вогIу. Сахеди-кх сан хьуна тIаьхьа ца кхиалуш», — вистхилира цуьнга тIаьхьакхиънарг.

— ВоIаликум-солом... — дай-й олуш, таIийна тиллинчу куйна кIелхула дIахьаьжина Анзор сиха кхиира беран хенан доттагIа шена хIинцца вевзина вогIу кеп хIотто: — Ванах, Салман, хьо ву-кх хIара. Хьастах дуьйна цхьаннах тера а хетта... Хьо чIогIа хийцавелла. — шаьшшиъ машинахь хьалавар хьахаделира цуьнан.

Цу цхьаьнакхетарх воккха ца веран зов къестара Анзоран озехь. Харца цхьана агIор текхначу лезанах тарделлера нуьцкъала вуьгуш санна вогIучу цуьнан болар, хабар хIинца.

— Со ккузахула лела-м хIун хан ю. Хьо вац-кх, Анзор, зурмица лехча а, карош, — цунна и дезалур дуйла хууш, аьрру агIор нисвира ша Салмана.

Цунах ккунна дикка там хилла хиларна тоьшалла деш, гIеххьа таделира, кIадделира Анзоран аз, юкъ-кара, доккхалла деш, ца йогIу йовхар а ккуссуш.

Могаш-доьналла хоттуш вогIу хIара шиъ жимочу майдана ккечира, некъана юьстахо кертаца, цхьадика, шиъ тIехаъал гIант а долуш.

— ХIорш воьдуш ирахь дийцарх кхача а лур дац, жимма охьалахвала веза вайша, Анзор, хIара цхьа хаза гIант а ду. Маса шо, маса Iа ду вовшех хьоьгу... — бай-й цунна чухула пхьарс боккхуш, гIанта тIе волавелира Салман.

Шена лаахь а, ца лаахь а, вуха ца гIерташ, дIавеара Анзор. Охьахевшира хIорш. ГIеххьа миноташ хIара шиъ вист ца хуьлуш яхара. Иза хила догIура. Салмана мааллара, маса шо, маса Iа дара доттагIий вовшахбевлла! Масане дара дагадахка, дуьхьалтаса хIуманаш.

— Анзор, ма халахийтира моьттахь суна хьастаха ахь хьо ца вовзийтар, — хьалха хецавелира цу дагагIоьртинчийн карара Салман. — Хьан машинара воьссина гена валале тIаьхьакхиинчу мамас аьлча, цкъа бакъ ца хийтира суна. ТIаккха, хIинца-м маж лах а елла, дика къаьста, дагадеара-кхи суна хьан чIенига тIера и мацахлера муо сайна тосабалар. Башха ца гора. Хьо букъ берзийна ма варий. ГIо айина, салазаш хаьхкина воьдуш, охьа а ккетта, лазийра-кх хьо цигара. Мел лаккхара а хохкура ахь салазаш чу хIетахь.

— Хохкура-те. — ТаьIна Iара Анзор. Амма дагна там хиллера жималла хьахаяларх.

— ЧIогIа хьо ган лууш, шозза-ккузза шун цига веана

со — цIахь вацани хьо. Сийсар-сарахь хаьттича Хизара чохь вац эли. Лаьцна волуш дерг, дIадаьлча, адамаш юккъехь хила. Кинохь, клубехь, пхьоьханахь, хийистехь хьо гац. Кху баттахь суна-м хаац хьо мичахь хуьлу, Анзор. Сан дипломни болх а чекхбели... — схьадаьккхина, «Казбек» а доьллуш, и вистхилийта, сецира Салман.

— Йитина ас. Велин хьо болх язбина?

— И язбина вели. Важа боло кеч а бина лаьтта. ХIара цаозар-м сакхат дац хьан, — кIур цунна тIе ца бахийта, куьг ластийра Салмана...

— И хIун болх бу хьан?

— Диссертаци. «Юьртбахаман интенсификацина нефтеперегонни заводе далуи долу гIо» къасто хьажа воллу со. Дукха хан ю, цу тIаьхьаваьлла, ас и гIуллакх кего ..

ЧIогIа хьажира Анзор, дуьйцуш, технически Iилманийн кандидат хир ву шех, Салмана аьлча. ГIеметтахIоттаран аттестат, институт, диплом, диссертаци... — уьш, хIинца дицделлехь а, цхьана хенахь Анзоран шайга чIогIа салаьттина хIуманаш ду: ша ден дерш, лелон дерш бен дагахь а дацара, церан, ша мила хир ву бохучуьнан бен ойла а ца юьтура кхуо цу ирсечу хенахь шен коьрте. «Мила хила техьа со?» — дара гуттар хоьржуш. Юрист, нефтяник, механик — цу кхааннах тоьлуш дерг институте воьдучу кхаьчча къасто дитинера Анзора. Амма уьш а, вуьйш а дуьйхира, дайра шадерг, бух боцчу, бердах дахча санна.

Бакъду, ша лагере кхаьчча, юристах догделира: механикалла дезаш дисира, — шофер Iемира Анзор атта доцчу цигахь. Мел гIелвелла варах, курсан заняти юкъах ца юьтура кхидолчух дог шелделлачу кIанта. Ткъа кхуьнца левзинчу Салманан и «ирс» ца хиллера: хIинца Анзорца Iен хIара, технически вуз чекх а яьккхина, дипломированни инженер-технолог хуьлуш ву. Массеран а цхьабосса хуьлуш ца хилла-кх ирс, кхел. Лехнарг хуьлу а олу цхьаболчара-м!

Цхьана хенахь сан урокаш тIе хьоьжуш, уьн тIе вехча, цхьадерг цхьаммо аларе ладоьгIуш хилла хIарий, сой хIинца ннсса юханехьа... хилла а ца Iа-кх. Мичара. Со хIумма а вац, ткъа, хIара — шаверг! Чухулара хьовх, тIехулара а ву-кх тхойша шибосса. Мича, мича даха техьа сан ирс?..» — мохь хьаккхал холчавахара Анзор, доккха са а доккхуш.

Виллина цу машинахь-м лела хир вац. Цу тIера воьссича, мича оьху? Мукъа хан мичахь, хьаьнца йоккху, чохь-арахь уьйр муьлхачу новкъа лела Анзоре хоьттуш, лерана хабаре велира Салман. Цхьадолу хаттар ца дезалой, керчий, бос тIекIелболура Анзоран. ТIаккха гIехьа вухаволура Салман. Берахьлерачу гергарлонна юкъа чаьмзалла юлийла ца лаьара. Динна Iуттуш хIума аьлча, Iаламат новкъадогIура Анзорна. И хууш, Салман чIогIа ларлуш, генахула гадоккхий, вогIура цу тIе. «Къенниг ваха хао хьалдолчийл башха, цхьа а дин адам ккхето цкъа а гIоьртина меттиг дагаягIац историна», — ша аьлча, Анзор гена вала воллийла а хиъна, Салман ккечу тIе велира:

— Ой, доттагIий боцуш муха мегар ву, ва Анзор? Хьайна хазделларг, дазделларг хьаьнга далхо, дага хьанах вала воллу хьо?

Веха Iийра Анзор оцу хеттарийн ойла еш, цара хьаьшна, уьш даг тIе хIиттина, цара хьийзош, къийзош. Коьртара куй охьабилла воьллера, цу чухулара пес дага а еъна, дIатиллира.

— ХIораннан а шен-шен ма хуьлу уьйр-безамаш. Хьо хIун ала гIерта, ва Салман?

— «Йийца хьайн тIекереш — ас эр ду, хьо мила ву», боху халкъан хьекъало, Анзор.

— Сайга хьаьжжина ю-кх, Салман, сан тIекереш а.

— ХIан-хIа, Анзор. Уьш хьоьга хьаьжжина яц. Хьо цаьрга хьаьжжина хилла вогIу. Аьлча а, цара басарво

хьо. Амма хила хьан а, я вайта тхан а бакъо яц хьо цу басар!..

Ша ца хууш айинчу дашо къамелах вохийра Салман. Анзор оьгIаз а вахана, шаьшшиннан хабар юкъахдаларна кхеравеллера Iаламат цунах вогу хIара. Ша Анзоре ала кечдинчарна, хьастах дуьйна ша цуьнга хатта а, хьахо а лоьручарна юккъе а ца ваьллера Салман. Ткъа важа ирах ма-иккхинехь, шадерг довр ду. Нуьцкъаш каравеана мегарг араволуш воцу хIара юха маца пислур ву, хIинца санна? Лама госэкзаменаш дIаяла Бакух воьду Салман маца вогIур ву эвла?.. ХIетале хила тарлуш дукха ду. Оьгуш лаьттачу тIадамаша тIулгана а Iуьрг доккху боху. Схьахетарехь, лагерера вогIуш таханчун бIолгIа дакъа а динехьа ца хилла хила тамехь Анзор. хIинца цунах бакъдерг шега ала воьлча а, чуьравуьйлу, чугIерга. Тер-мера гур бац цунна Хизар-моллас боьгIург... Цу дерригено бухь баьккхира Салманна хьалха кху шиннан хабар сеццачу юкъана.

— Ахь дуьйцу басар суна хаац, Салман. Амма шена яздинарг па лелийча волий? — элира, Iийна, Анзора, лерана шега луьйчуьнга а хьаьжна.

Цуьрриг ша гIалат ца хеташ, дог тешна, ойла сецца хеталора иза... «Хьажал, мичхьа кхаьчча?» — сурт даккха санна, цуьнан бIаьрга вогIавелира Салман.

— Ма дуьне дацаний, Анзор, ахь дуург. Ой, муха, мича кепара ваккхавели техьа цу Хизаре сел сиха хьо кху дентIе?.. ХIан-хIа, хIан-хIа, — вистхила воьллачу Анзорна дуьхьал дай-й куьг лецира Салмана. — Ма мотталахь, со ца гIерта хьуна хьо сонта вара ала. Вай хIоккхул, — барам хIоттош куьг хьалалецира, — долуш дуьйна а вара хьо-м хьекъалийй, кхетамний ира. Массарел хьалха волура хьо классни задани йой, волура-те. ДагадогIий хьуна, Анзор, шун дас — Расу ярий цуьнан цIе? — воккхачуьнца санна ма дора хьоьца къамел: хеттарш а хIиттош, жоьпаш а доьхуш. Тхан ден дацара и Iедал. Ас шега цхьаъ хоттушехь, воккхахилчахьана хуур ду хьуна,

олий, вуьтура цо со. Тхан воккха-дадас муха хьостура хьо: «Хьекъалан барз бу Анзор, Iилманан хIорд бу Анзор». Уьш лалорий соьга? Хийла хан хьаха яьхьира ас, хьох тарвала герташ. Хьой, книжка йоьший, я цхьаъ дагалоций, цунах хеттарш а доХуш, айса жоьпаш а луш, къамелаш дора сайца.

— ГIуллакх хуьлурий хьан? — вела а къежаш, кIеда хаьттира Анзора. ХIинццалц цхьа вон, дегаза догIаделла, лацаделла лаьттина цуьнан дерриг юьхьан сибат малделла, дуоделла, хецаделира. Ша Iачохь а талуш, меттахъхьайра, уьхь-муьхь аьлла, аз а шардеш.

— Дера хуьлура, муха ца хуьлу? Ма хьаьгара моьттахь, со цкъацкъа уьш дуьйцуш, хIинца санна, хьоьца охьахаарх! Хила гIерттарг хуьлу, хьуна, Анзор, стагах. Олуш ма ду иза. Хезний хьуна?

ТаIавелла, вист а ца хуьлуш, сецира эццахь Анзор, шен коьртара куй а кIамбеш.

— Инженер хила чIагIо йира ас,— ладоьгIучуьнан хебар, хьерчар шена хаадалазчуха, дуьйцура Салмана — ХIинца диплом защитить йичахьана волу. Ахь маса яькхина чекх, Анзор?

— ВорхIалгIачунна юкъал тIех велира-кх.

— ХIинца а дац тIаьхьа. Сарахь дешна а, итт ян еза. ТIаккха заочно институте гIур ву.

Хи чу гIаж тоьхча пхьидийн санна, гIар-тата яйра кху шиннан. Вист ца хуьлуш, IаддаIара Анзор, дIакхевдина, схьаэцца луо а хьекхош буйнахь.

— Вист ма ца хуьлу хьо?

— Со-м ца хьоьгу, Салман, цу дешарх, институтах хIинца. Мацах цхьаъ моьттура, дагахьдоллура. Ткъа хIинца и дIадаьлла... Кхин хьалхадаьлла, кхечух теша...

— Стенах?

— Дуьненах Iехаделла адамаш эхартахь декъаза хила магарх.

— ХІан-хІа, Анзор, бакъ дац. Хьо мискъала-зарратал ца теша цунах. Хьуна моттийтина, цунах теша веза... и ду хьо лоьцург, хьо хьийзориг. Цундела суна къахета сайца, со санначаьрца ворхІалгІачу классе валлалц советски школехь дешнарг довчу хьох. Вайн хенарниш кхарда а дагахь буьйлу хьох, молла хила гІертачу хьох, Анзор. Соьга и ца лало... къа, къа ду... Собар, собар, хьан десара! Анзор, сих ма лолахь. Ахь элира-кх, дуьненах Іехабелларш кхерамехь хила мега. Ой, шайн са а, пха а ца кхоош, массарна а дуьне марздеш, дахар хаздеш, ирс дебош доллу адам кхерамехь, декъаза — мичахь, хІунда хуьлу? Айхьа хІун дуьйцу, хаьий хьуна, ва Анзор!.. Эхь яІ, эхь. Ойла, ойла е! Хьан яре догдоху ахь и хьайн меттана? Схьабелла бІаьргаш.

Хьайн хьашт мел ду, кхоаме, довха, къинхетаме дара Салманан хьежар. Хьаьвссинчохь диснера цуьнан сирла, кІорге гун бІаьргаш.

— Вайшиъ вовшашна гена ши стаг ву, Салман. Бакъал аьлча, муьлха тоьлар хаац!— Салманна уллора гІехьа дІахилира Анзор, балдашца цхьа шабар-шибарш а деш. — Дукха хан яра со хьох кхета ларлун. Ларамаза хили-кх хІара... Хьан — хьайн некъ. Сан — сайн некъ. Иштта кешнаш а хир ду ваьш-ваьшшиннан. Халачу Сибарехахь а сан даг тІера дІа ца ваьллачу далла бу хастам, хьуна хала а ма хета, Салман.

— Хизар-моллин жайнаша хьоьху, магадо хир ду хьуна иза иштта.

— Ахь хІун дей, Салман!. — Тоийтал. Хьо санначо хьехош там бац изий, моллий, жайнешший... — балдех церг йоьгІуш, дарвелла, Анзор цхьана метта ца сацалора: — Хьоьца Іар хьарам ду... — дІаваха вуьйлира.

— Собар, собар, иштта там бац, Анзор! — каррехь вего доттагІ схьалецира Салмана. — Дегабааме ма хилахьа. Сих ма лохьа. Дитахьа хьайгахь цатовриг!

Басаваьлла, оьгІазвахана, вехьа Анзор шена улло

гIанта охьаханйра Салмана. Цигаьрка а кховдийра корта ластийнчу цуьнга.

— ХIа, ца узу элирий ахь-м. И дика ду... ОьгIаз вон оьху хьо суна. Хьо дIавахарх, чекх ма ца долу. Дика дийца вайша цулла а? Суна хетарехь, лагерера вогIу дела, адамана хьашт хир вац, моьттуш, иккхина хетало хьо Хизарна хьошалгIа. Ларлуо. Бухйолуш, орам бахкабелла аккази ю ахь га лаьцнарг. ХIинца хецалахь, берд кIорга хила тарло... Хаьа, хьалха ахь баьхьинчу некъах а гIехьа хIуманаш хаьа, ладегIна ас нахе.

— Хаахь, витахьа со, Салман. Ахь соьга хIун боху? Хьан хIун доллу сох?

— Ас витарх, наха вуьтур вац хьо, — бахара Салмана, цIехьхьана бос баханчу цуьнан леррана бIаьра а воьдуш.

— Ой, ас хIун дина нахана? Церан... — Вохар а, оьгIазвахар а эделлера дIасахьаьжначу Анзорехь.

Кхунна хIинцций бен ца зеделлера дIай-схьай лелачу адамо шаьшшиннан лерана тергалвар. Салазаш хоьхкучу бераша а тIехь, тоххар дуьйна чIогIа тидам бора хIара шиъ мел гучара, къаьстана Анзоран а беш.

Цхьаберш, хьуьйсуш, дIанхнехь а, вовш воллучу Анзорах кхоам хетачу дукхахболчара, тIе а хIуьттуш, юьхьа тIехь мел дерг охьадохура Анзоран. Валхош, вагарвеш, кхуьйлура улло Iачу Салмане.

— Хьо Хизар ца вевзаш-х ваций. Молла аьлча а, и сагIадоьхург...

— Суна-м хаац, цу нехан хоьсканашка марзвеллачу Хизарх кхунна хIун таръелла. Цо кхуьнан аккхаваккхар! Ши куьг, корта а хадийна, охьа-м ханйна...

— Хьажал цо школах ваькхкхинчу хьайгий, цу хилла ваьллачу инженерей... Яхь яц, дог дац хьан кийрахь?..

— Цу Хизара нехан хьокъах эцца и машина бен хIума дац кху дуьненахь?..

Варийлахь, Салман, олура хIораммо а бохург санна, ворах ма виталахь, човхавелахь, хьовзавелахь, бехк бак-

кхалахь. ЛартIе вогIур вацара техьа? Кхин долчу тIехь деши ду бохура цара Анзор, шу Хизаран багара ваккхалахь!

Дукхаммо туйнаш тоьхча, юьхь яшайо баьхнарг хиллачух тера дара Анзоран ойланаша хьаьшна висар. И хетаделча санна, тIебаьхкинарш а дIабахара, цу охьатаIарх хIара хьалатаьIарг а ца хилла. ІаддаIара ши нийсархо.

— Пешхойн юккъерчу тхан шичан кIантана эрз язбинерий ахь? — хаьттира Салмана шортта.

— Шун шича мила ю?

Іийна хаьттинчу Анзоран лер хаъал доьхнера. Басна а хийцавеллера хIара.

— Себила.

— Язбина-кх дарбанна... цо... — сеццачу Анзоран балдаш дегадора.

— Ой, хьо лор-х ваций, эрзах дарба доллийла хаа?

— Язбеш ма ду иза цу цамгарна.

— ХIета жоп дала деза ахь, Анзор. Цу эрзах дIовш а даьлла, больнице вигина кIант леш воллу... вочу хьолехь ву...

— ХIахI? — ша Іаччохь кхоссавелла Анзор бурулмажвелира. Доьхна, малделла, хIун ю ца хуург хилира дегIах. Дайлла хилин-техьа аьлла, севсира ойланашка бахана корта. Ала дезарг хьекъало схьа а ца лоцура, я мотт а ца керчара мегарг. ТIулг санна, шийла лацавелира Анзор, улло Іачу Салмане хьаьжжинчохь. ТIеттIа даккхий хуьлуш хеталора цуьнан негIарш ца кхета бIаьргаш. Цхьа хан яьллачу хена хийла хIуманаш тIехь майралла чохь са доцу Анзор, вуно дера дIаса а лестина, волавелира дийца.

— Ахь хIун делаххьий, Салман... — аьлла кхидIа ша ала воллург дицделира.

— Нийса ца веха хьо, Анзор. ГIуллакх хир дац цунах. Ойла е, ойла. Мича гIерта, мича воьду хьажа хьуо. — Салмана дIагIерта Анзор шена тIеозийра... — ХIан-хIа,

Анзор, дан хIуманаш вайн массарна а ду. Болх бан, къахьега деза. Халонех кхоьрург царна генахь соьцу, и ду ахь лелориг, хьуна... Цо воккха ца вево...

VI

ЙогIучу бIаьстенна маллуш, дешаш, лелаш, севсаш, денлуш дара дуьне. ЦIе-кIегий лаьттах йоьлла, Iаь гIуьттура. Десташ оьхура хиш. Гуттар охьаяьхкинера дуьхьарлерчу догIанашна язъелла мокха мархаш. Шо кхочуш дара Анзор винчу махка ваьлла. Амма хIара бIаьстенан юьхь хIетахьлерчух шена тера ца хоьтуьйтурш къаста ца лора учахь лаьттачу цуьнга.

Шен кIоргалле а, чубоьжначу тIулган боккхале а хьаьжжина, гагур-горгачу тулгIенийн зилаш кхоьхьу сецца лаьттачу хиэ, социйла дойий. Изза де дара Анзоран коьртехь хьастах дуьйна. Къаьсттана садаьллера иза хIара Салманца гIантахь Iийначул тIаьхьа. Хи бухахь оцу вай бийцинчу тIулго дечул башха, гуш дацара кхуьнан хьекъалехь хила гIертарг, амма ойланаша яккхий мохарчий кхоьхьура, тулгIеш еттара, карзахъюьйлура, социйла дайна. Цкъацкъа, ойланийн дукхалла, и Iана бахарна кхеравелча санна, тIекхетий, шина а пхьаьрсаца лоцуш, къовллий марабуллура Анзора шен корта. БIаьргаш хьаббой Iаш, цхьа хан йоккхура иштта; хорам хилча санна, хьалаэккхий, волалора; тIаккха соций, цхьана хIуманан бIаьра а воьдий, лаьттара... Вуьшта а кхуьнан нилха къамел кхин а эшнера, хьахо хезчий бен дага а йогIий техьа аьлла, юхакхеттера юучунна. Амма баттал лучу кийра ойъий хин куршка яссайора кест-кеста.

ХIинццалца тIера куьг ца айинчу машинаца йолу уьйр, бехказлонна дуй техьа аьллий бен, цунна тIе ца воьдуш, гIелъяла йоьллера кхуьнан. Цу тIехь бечу балхана-м хIинца тIехIоьттина моьттучух хьалххе дуьйна а вогучу Хизара, пIенда баккхийта санна, шена хала долалушехь, хаъал вухаваьккхира хIара хьасттагIехь.

Кху тIаьххьарчу хенахь къаьсттана а долуш, Iаламат чIогIа шичан кIант ларвеш, сер дайна котам санна, сакх вара Хизар. «Вуьшта-м цIе ялахьара хьох. И эрз язбинчу кIантах дерг ма делара хьуна хууш. Дала хIаллаквойла хьох и тоьхнарг!..»

Чохь Iачу Хизара, корера киса дуьхьал а лоьцуш, тергалвора, цхьа ког вукху настарх а хьарчийна, бIогIам мара а боьллина, учахь лаьтта Анзор.

Дехкана цициг санна, корах аратебачу Хизара, куьйган эшара схьа а ехна, шен зудчунна ветира учахь лаьттарг.

— ХIара шолгIа кIира ду, даккхий синош а дохуш, и кеп цо лело, — бохура майрчо шена тIехьа туьттучу Банас. — КетIа эккха, чу вогIу, уьйтIа волу — изза латтадо. Могуш вац техьа хеташ шозза-ккузза хаьттина ас Ву ша, боху. «Ой, хIун хилла хьуна ткъа?» — «ХIумма а...» — хьаьвззий дIавоьду. Ахь човхош, хIума-м ца аьлла хир ду цуьнга?.. Охьавоьсси учара.

— Схьахаа-м аьлла дац, — белшашца корта ластийнчу Хизаран ши бIаьрг ргIу кIел воьдучу Анзорна тIаьхьахIоьттира.

— Ахь гIуо аларе хьоьжий техьа?.. Машинаца вахана веъча, жимма сах-пахе хуьлура хIара, — аьллачу хIусамненан: — ЙоаллахI, йоаллахI!.. — дог тохаделира, охьакхеттаза вуьсуш, ловсаръелла йогIучу уьйтIахь Анзоран ког шершича.

ТIе а вахана, хьежа хIоьттира Анзор машине. Цкъа долчунна, гома яра кхунна иза, юха долчунна—дуьххьарчуьнга гIурттуш — хьоме. Амма и шиъ ша-ша доккхуш къасто, шен шина хетаран бахьанаш даржо хьекъал ца кхочуьйтура цуьнан гуттар марсаевллачу, керчачу ойланаша.

Салманан «нийса ца веха хьо» хьаьвзара цкъацкъа лерга, «нIаьна» батIо санна. ТIаккха: «ХIун дан, муха ваха веза?» — хаттаре оьгIазвоьдий, дарлой вусалора Анзор. БIаьрга сара кхетча санна, дIасахьаьвзара. ХIин-

ца оцу бIагоро мIизваькккхинчу ккунна уча ваьлла Хизар шега вистхуьлу а ца хезира.

— Анзор! — мосазлагIа элира хаац меллаша лер долчу цо юха а.

— Вай-й!.. ХIун элира ахь, Ваши? — дегI нисдеш, цуьнгахьа вирзира Анзор...

Дешичан пурбанца машинахь кех ваьлла Анзор, шен ойланаш йовдийна вахана, туькана кхечира. Къевлина яра. Лакххьарчу туькана хаьххира — яцара йиллина. ТIаккха чайни йолчухьа юьйгIира. ДIакхечира. Чайни екаш яра. Охьавоьссира...

Малх чубуьзнера. Де дайа гIертара маьркIажан бодаш. Амма царех чекхъхьоьжучу серлонгахь шера гора дIасалелачу адамашна чайни хьалха хьийза Анзор. Цара, кортош а туьйсуш, тамаша бора иза ккуза варах. ТаьIана вахана, сихха чуиккхира иза.

БIаьрган нур эццал сирла, люстро къагийна шурулкIайн зал дуучех, молучех юьзна яра. Хьера кIел нисвеллера хих ведда Анзор. Арахь хIара тергалвинчел дукха дара хIинца ккуьига схьахьуьйсу бIаьргаш. Цхьацца-берш вовшашна лере оьхура. Воьхна, ларамаза, я цхьаъ-м лоьхуш кху чуваьлларг хила вуьйлира Анзор, кIегарвала а дагахь. Амма, хIара новкъа а нислуш, чубевллачара и дохийра. Цу меттахвалларх, волавелла, буфета тIе кхечира хIара. ДIасахьаьжира: массо а стоьлаш тIехь шайн сакъоьруш бара. Декара кедаш; дIо сонехь гавайски гитара белхабора цхьаммо; хабарш мIаькдевллехь а, эшаре ладоьгIурш а, Анзор тергалван кIордозаниш а бара чуьрачарлахь.

— Цхьа ах-литр хьарчаехьа суна... — элира Анзора, чIогIа лардеш, буфетчицана тIе а кхевдаш, цхьанна хьочуха. Юьхьах цIе летира и цхьанна гарна а, хазарна а ккоьруш вала воллучу ккуьнан.

— Ккузахь иштта ца духку. Туькана гIо хьо, — элира буфетчицо, чот еттачуьра хьала а ца таьIаш.

— Туьканаш къевлина ю. Цхьа стака доттахьа хIета... чехкка.

— Официантке аьр ахь. Охьахаа, тIейогIур ю хьуна.

— Со муха хуур ву царна юккъе?.. — эццахь хьалатаьIира буфетчица. — Арахь машина ю сан. Ас доьху хьоь, доттахьа... — вехьара Анзор, хебаш.

— Со балхара йоллуш волахьа хIета, коньяк а хир ду! — олуш, кIажъяхана елаелира хаьнтIе йоьдуш сеттина буфетчица.

Цо хьеднйриг шен гIуллакх долуш хIума доцийла уллорчунна ханйта, церга тIера балда ца ойуш, вахана юьстахочу стоьла тIе таьIина, доккхачу фикуса тIехьа нислуш, охьахиира Анзор.

Даго некхехь вота еттара. Сиха доьIучу сино мерIуьргаш яй-й кхуьссура. Стаммий балдаш дукха хьаьбба, юккъера батт дIа а яйна, маж-мекх вовшахъийнера.

Хи санна, кIелдIахула лелачу бIаьргашца кхуо цара шел чIогIа тергалбора чуьраниш. Кад совбаьлларг воцуш, дош туоло гIертарг ца волуш, хаза са дара чохь къоьруш. Ира забарш лелхара, хьекъале къамелаш дора дахарх, безамах, яккхийчу ойланех лаьцна. Иэделлачу адамашлахь деха къамелаш ца тов дела, дIа мел эриг доца, амма кIорггачу маьIне дара кхеран. Цхьаволчун велаваларо ерриг зал юзура. Сихбинна вовшийн дIасакхойкхура. Юкъ-кара иллин кIеж йолура, эшаран мукъам техкара.. Амма Анзоран гIар яцара. Цхьа тамашийна тергалвар доцург, кхуьнца дош догIуш хIара дIасавоьхуш да ца волура силачу царалахь. Иза дог лазош дазделлера Анзорна. Дан хIума дацара. Кху чуьра ваддал хорам хиллера...

Анзоран аравала безам хилар кхаьллира гитаро хIинца йолийнчу эшаро. Адаман меха хIума дац, бохуш, цхьалла елхайора цо. ЛадуьйгIира, дуьйгIира Анзора эшаре. ТIаьнк-аьлла хих буьзинчу шина бIаьргах цхьанна чуьра тIехбеана тIадам, бедда, можа юккъехь байра. Вукху чуьра хецабелларг кхунна хьалхха стоьла тIе буьй-

жира. Цунна воьхна, хьалахьаьжинчу Анзорна шена тIехь лаьтташ официантка яйра.

— ХIун я хьуна ас? — кIеда, мерза, кхоаме дара и аз.

— Къаьркъанан стакий, цхьа пирожоккий, — доккха са а доккхуш, бIаьргех йовлакх хьаькхира Анзора. — Сихха... — корта голашца стоьла тIе хIиттийнчу куьйгаш тIе охьабахара.

Цецъяьлла а ца Iара Анзор Iеламалле вирзина хилар хуу официантка. Юха хатта там а ца хеташ, цо шега аьллачух кхачо йоллуш теша а ца хIуттуш, сацаелира иза. Амма халла хаьттира:

— Баккъал бах ахь?.. Къаьркъа...

— ХIаъа, хIаъа... Цомгуш ву со. Лоьраша... Же, хьан десара, кхайкхош ма йоьллахь... — тохара санна, куьйгашца дIалецира корта: «Ванах, хIун, хIун хила доллу техьа... Ас хIун леладо, кху чу а веана, адам кхардош?..— хьалатаIа вуьйлира Анзор. Ца таIавелира, эхь дазделла... Веъча хIун ду, со вац хIорш санна?.. ХIан-хIа, хIан-хIа. Вац. Со ламаз а, марха а долуш... Уьш... Царел дуьне... «Нийса ца веха хьо, Анзор...» «Деллахьа, бакълоьй техьа Салман?» — оцу дерригенах а корта бассо, мукъабаккха дагахь, цхьани а хIуманан ойла ца ян лиира Анзорна, кху чуьра дIаваллалц.

Куьйга тIерачу подноса чохь айаелла салфетка а йолуш, буфета хьалхара схьайоласлира тохарлера официантка. Залан дехьа йистерчу цуьнан стоьлийн шина могIанна юккъехула ян дезара неIаргерчу сонехь Iачу Анзорна тIе. Кхуьнан бIаьрг кхийтира цунах. «Мала техьа, ма мала техьа ас? Там бара хIара чоь сох ела .. тIаккха юрт... Вашис...» — цига кхаьчча, кийрахь мел долу хIума тIекIелделира.

Хнзара лелочех, цунна хетачех цхьа тамашийна хьожа етталора, уьш хIинццалцлерниш ца хета гIертара Анзоран кхетам цхьадолчу декъана, юхадолчунна — гIалатах а кхоьрура. «ХIун хир техьа?..»

Анзора уьш кегочу юкъана кIинца кхозлагIа кхоьссира кхуьнан официантке: «Гайтахьа моллин малар... Мовлад еша-м ца валийна аш иза?..» Официанткин елакъежаро а вагочу Анзора и кхиссарш шена хезнехь дендерг хоийла яцара.

Сихха схьаэцца, лачкъош, стака дIа а мелла, пирожок а кхоллуш, аратасавелира Анзор, чуьрачара шена тIаьхьа кхоьссина: «Аьхна хуьлда, аьхна! Иштта тов кIант, етта шурин хьожа йогIучул!» — хезаш, ца хезаш

Арахь, бIаьрга Iоьттина пIелг гур боцуш, Iаьржа буьйса яра. Катоьххана тIе а хиъна, «Волга» йолаялийтира Анзора меллаша. Машинан чиркхаша генна серлабохура шелонна кIеззиг лацабелла некъ. Цхьана новкъа чухьаьвзира. Гена валале юха а туьйхира гуола. «Со мича кхаьчча?.. ХIа-а, нийса веана», — куьг аьтту агIор чуерзийра Анзора машина. Коьртах детталора малар. БIаьргашна а цхьацца бIарлагIнаш лелхара...

Мацах лагерехь, массарна а бохург санна, яккхий зачеташ кхайкхор даздинчу буса дуьйна цхьацуьрриг бен маларх къурд бина вацара Анзор. Цундела кхуьнан дегI вуно дохо там бара къаьркъанан стакано.

Теза туйнаш оьхура, бIагоро моханаш еттара. Дог керчара юкъ-кара. Чуьра лампа а латийна, куьзгана тIе вирзира. Iаьржачу можан гура чуьра схьахьоьжучу шех цIеххьана, чхамма-аьлла, безам байра. Ша-шен ца вевзаш санна, хьаьжжинчохь висира: беснешца цIен бос ца ловзура, балдаш кIайделлера, бетан яххашка кIайн ача теснера. Коьрта чохь цхьа гIурт боллура, там а, цатам а кегабелла.

Дуьхьал догIуш адамаш а дайна, чуьра а, арара а чиркхаш дIадайира Анзора. Мархаш хаьддачухула детталучу беттасин серлонгахь хIара вевзаш а, ца вевзаш а дIабахара некъахой.

Царна гена валале охьаиккхина, баьццара ков а тоьхна, Банас яло ванйтинарг хуьлуш, Кесира машина а хаийна, шайгахьа виллавелира Анзор.

Гуттар кхиссалора, етталора машина. ТIехьа Iен Кесира ирахкхуьссура, дIасахерцайора. Цхьа сиха гIуллакх хир ду-кх цигахь, бохуш, къийлаеллачу йоIа эххар а хаьттира:

— Сингаттам болуш хIума-м дац цигахь, Анзор?

— Сингаттам бен, кхин хIун ду кIара... — элира Анзора, вуха а ца хьожуш, тIам буйнахь къуьйлуш, корах ара а вогIавелла. ХIинца гуттар вон йоьдура машина. Хьала а айаелла, чиркхаша серлаяькхинчу хьалхахьа дIахьаьжира Кесира. Ор а, гу а ца лоьруш, некъ а, лар а ца лоьхуш, и урам мел бу чIугъетташ йоьдура «Волга». Йоьдий, шан пардо а дохош, Iам чу кхетий, хиш дIасакхуьссура, тIаккха гIо хьокхий, лачча хьодура...

«ХIара лаа-м велахь тамаша бу. Там бара мелла велахь...» — ша-шега а бохуш, разъюьйлура Кесира, хьалха Iийриг тергалвеш.

Басна а, хьажарна а, леларна а тамашийна хетара Анзор. ТIекхеттарг, тIера дIадаьлларг схьа ца лацалора хаъал йоьхначу Кесире.

Анзоран бIаьргашна эппазнаш хIуьттура. Куьйгаший, когаший аьлларг ца дора башха. Дог вон дара. Хьийзара корта. Ша мичара, муха, стенга ваха гIерта а дицделла догIура. Цхьана куьйга тIам а лелош, вукху куьйга, уьш дагалоьцуш, хьаж хьекхо велира.

ХIан-хIа, къаьркъанан стака а мелла, машина хиъначул тIаьхьа дерш ца карадора. ЭхI!.. Кесиреран кетIа кхачар а, хьалхарий, тIаьхьарий кхин цхьацца юьхьигаш а, яккъаш а лелхара коьрта чу. Амма схьалаца духбарч долуш хIума кара ца догIура. ТIеветталушшехь дIадовра уьш.

— Анзор, корта лозу хьан? — холчаяхара Кесира.

— ХIахI?.. дIакхочу вайша-м...

Тапъаьлла сецира машина. Шен буйнарчу тIома тIе бижинера Анзоран корта. Меллаша арахьаьжира Кесира.

Ца хаьара, шаьш мичхьа ду, эвлан йистехь хетар до-

цург. Хаалуш дIасадоьдуш адам дацара. Цкъа-долчунна, иза гIоле дара вуккул, юха-долчунна... Хьанна хаьа, цу шиннах муьлха тоьлу?

Йоьхна, чохь са дацара, кхераеллера Кесира: «Хьанна хаьа сибрехара веанчу кхуьнан дагара?.. Дера еза со кху тIера охьаэккха. Ткъа нагахь цомгуш велахь... ТIера охьа а кхоьссина, машина йигахь, хIара текхна а вер ма вац, миска... Лампанаш мукъана а яйалур яцара техьа дIа. Меттахъхьаве ас...»

— Анзор, ва Анзор, вай дIакхечи, — вортан тIера коч озийра Кесирас, цо лелочух кхиархьама.

— ХIахI?... — ша Iуьллучохь корта хьовзийра Анзора.

— Хьуна хIун хилла?

— Со кхин дIа ца вахало. Корта хьийза. Къаьркъа...— кхидIа дина гIам-гIим ца къаьстира.

Бе а барам боцуш дохкояьллера Кесира кхуьнца араяьлла. ХIинца кхетта йогIура цхьаммо а ша яло ваийтина воцуш, маларо дагаваькккхина, шеггара Анзор лелаш хила магарх.

Охьайоьссина, Iома чохь даша а дина, куьйгаш хьийкхира йоIа вехначун хьажа тIе, коьртах, юьхьах. Нуьцкъаш меттахъхьайна, хьалхара лампанаш дIаяйира Анзора «Волгин». Шаьш шиннен а дуьхьа иштта тоьлуш хийтира Кесирина, амма, цхьаъ тIеIотталахь, хIара мел дестор ду... Хьалхара шиł а неI дIайиллира Кесирас, шеца волчунна мох кхетийта. Вукхунна-м машинан тхов дIаэцчи а хуур дарехь тамаша бу.

Тапъаьлла лаьттара буьйса, шийлачу мохо лоькхучу машинаца хIара шиъ хьарча а дина. «Волгин» сахьтан бен тата дацара хезаш. ТIехьа чохь Iечу Кесирина наб хьегIайора цо. Ягарйора сахьто секундаш, миноташ...

Хьеран тIулгаш кхозуш санна, негIарш таьIна бIаьргаш схьабиллича, шийла а хетта, дIакхевдина кIентан лергаш хьакхийра йоIа. Цу юккъехула, «мецачун дагахь сискал ю» баьхначунний дайна, «тахана дукха ахча

даьккхина хьуна кхуо», — ца долура Кесирин дагара дІа.

— ХІа-хІа, вай мичахь ду? Мила ву хьо? — дІасахьажа воьллачу Анзоран корта ца лоцура яьІано. ДІакхетта, лаза а бира и жимма.

— Ахь хІун дуьйцу, ва Анзор? Со ма ю хьоьца ерг, — наб а, саб а яйра Кесирин.

— ХІа... ю... Кесира... Ой, хьо мичара яьлла суна? Хьо хилча, со саготта вац... — охьавахара Анзор. — Амма... — волавелира, бІагІарбуьйлучу коьртах ка а детташ, — декъаза, ирс дайна кІант хилла со. ХІокху доккхачу дуьненахь дагара далхо стаг вац сан...

Куьйгаш тІома тІе теІош, Іойлех букъ гІертош, кІегарІан гертара Анзор. Амма береш бацара, яхь яйнера. Аьллар ца дора дегІо: сеттара, кеглора.

— Со ткъа? Ой, сох а къайленаш ю хьан, ва Анзор? — баккъал дегабаам бира Кесирас.

— ХІан-хІа. Вац, вац Анзор... И вохийна, тилийна, вовшахваьккхина... вийна...

— Ой, хьан вийна, хІун дина хьуна? — леррана дІаса а хьийзаш, хьоьжура Кесира. — Хьо хьаьнца вара, мичахь, муьлаш бара хьоьца?

ГІура тІехула йоьду ворда санна, ветталуш, дийцира Анзора шен чайни вахар. Цхьа а вацара. Массо а кхаьрдачу шеца мила хир вара, бохура цо. Нийса ца веха хьо, бохуш, хьастаха Салмана юьхьъяхар а далхийра, этІош.

— ХІан-хІа, Кесира, хІан-хІа... Стенга воьду... — шина куйга а лаьцна, шен корта бегийра Анзора. — Адамаш, массо а адамаш дика ду. Ткъа со? Мича, мича вуьгу ахь со, сонта корта, мича?..

— Вай-м лаьтташ ма ду, Анзор. Ахь хІун дуьйцу?

— ХІан-хІа, лаьтташ машина ю. Ткъа со дІаийзаво. ХІунда, мича дикане? Кхунна шена а ца хаьа... — саца ца луш, гІара ца вала, кийрара дуьйна ийзош, воьллхура Анзор, ветталуш. — ХІоттийна со кху ойланаший,

гIайгIанаший. Дац, дац, Кесира. Сайниг дац ас лелориг. Кхин Анзор хаийна... кхин Анзор Iа суна чохь. Цо ца вуьту сайниг дан... ХIаъа, хIаъа, ца вуьту. Стаг вац со и эшо, цунах цIанвала... Корта, корта, хIун ду техьа, мичча вуьгу техьа ахь со... Ур-аттала сан цIе йоккхуш адам дацара цу чайнехь. Амма, Iовдал стаг санна, тергал массара а вора, — велхар а Iуьйшуш, сецира Анзор.

— Ас хьоь боху хIун хан ю: адамаш юккъе вала. Шайх хьерчаре хьожжий хуьлу нехан тIекере. Уьйр йоцург тIе а ца кIаво наха.

— Кесира, Кесира, бехк ма биллахьа. Балхо йиш йоцчу балех эккха боллура хIара кийра. Дешича валхор юьхькIам бацахь а, кхин садетталац... — веха Iийра Анзор къурдаш деш. Йовхарш а яьххира. Маларо дохийна дегI, лозу кортий метта догIуш дара, екъачу багахь мотт тийсабалар доцург. — Хизар, хьан ненайиша яхана Хизар ву, Кесира, со адамех ваьккхинарг. Цо берахь тоьхна дIовш ду сох дахнарг, сох дIа ца дериг. Яккхийчу ойланашца, дан дагахьчаьрца, адамана дика мел дечух хьоьгуш, цуьнга нисвала салаьтташ, доьшуш, кхуьуш вара со. Куьйрано котаман кIорни санна, ваьхьира цо цхьана кхоьлинчу сарахь. Цуьнан карара вала а воьлла... доьхна мел дерг... Лагерь... Юха а цуьнан мIараш. Амма хIинца сайн бехкена... Iехавелира... Верасана тIе ца хIоьттича эхь ду моьттира. — Доккха са а доккхуш, вортанах мIараш хьаькхира. Машинан неIарш тIеуьйзира: — Шийла хетий хьуна?.. Сан хенарниш, соьца дешнарш таса а белла махкана, халкъана гIуллакхаш деш бу. Со кхаьбначу казахан кIант Бескемпер, Алма-Атахь дешна а ваьлла, целинни совхозехь агроном ву. Тахана кехат кхечи соьга адресни бюрохула цуьнгара. Лакхъхьара Салман инженер-технолог чекхволуш ву Бакухарчу институтехь. Масане бу уьш. Ткъа со... со хIара а вац... — цергах мIар тесира Анзора. — Я хир а вац, иштта дIадодахь... Эхь дац сел вайна латтар?..

— Хьо хIунда лаьтта вайна? Муьйлуш-дойуш ваш. Вон ца лела.

— Деш а, дан а хIума дац, Кесира, хIума. Эрна, эрна яхана хIара дегI даькккхина хан! — шина буйнаца корта Iуьйдуш, вегавора, оьгIазъоьхура Анзор. — ХIара-м эхь, вала де дай!..

— Гулде, тIекIелдилла. ВаллаIазмор, ца Iа хьо аьтто боцуш-х. Денна хоьхкучу «Волги» тIехь-м дукха даьхни IаIор ду. Ас ца аьлла хьоь? — гIеххьа шеллуш, хьерчара Кесира.

Къахьой, марзой санна, вовшашна бIостанехьа дара Анзора, дазделла, далхориггий, цунна дуьхьал Кесирас долийнарггий. Вахазчун дагахь дерг вехначун багахь хуьлу бохург дара ккузахь хIуьттуш. Вехначу Анзора шена Iаьткъинарг далхадора, ткъа Кесирас цу тIехь шен сутаралла яжайора.

— Ой, ва Кесира, хьуна дош хета ас машинахь лелориг? — хала а, хаза а хетар хаалора Анзоран оцу хаттаран мукъамехь. Амма халахетаро хьекхадора, эшадора хазахетар дагахь. И езаро, дIа ца олуьйтуш, Iуьйшуьйтура иза багахь. — ХIан-хIа, Кесира, хьо ца кхета. И дац со ала гIертарг!

— И Iамаде ахь. Цо дерриг шардийр ду хьуна, — элира Кесирас. — ДIагIо вай?

— ХIан-хIа, Кесира. Ишта-м дуй хьовх?

— ДIаяхийта, хуур хьуна хIета. Со дешна яц. Амма вайшингахьа дерг-м девза.

— Шуьга я тхоьга? — хаьттира Анзора, машина а латош. — ЦIе яккха адресан!

— Хьаьвзина доллучу!..

Стенна делахь а, тховса къаьсттана везавеллера, дагах кхеттера йоIана кIант. Цо кIезиг ойла йора Анзора дийцинчун. Кесира шен хорша теIара. Сутара амалш йолу стаг яра хIара, дохно адаман хан яхйо моьттучех. Ткъа Анзор шен тховсалерачу Iалашоне ца кхаьчна куц дара. Цунах хилларг схьалаца, цуьнан ойла ян хьекъале

ца кхочура бехна, лозу корта. «Кесира, езар, хьох тешар ду хьуна ас тховса лелориг. Варий, ас доьху: кхечех ларде хIара. ХIан-хIа, ишта хир дац. Гур ду хьуна, пислур ду хIорш. Вашина дуьхьал муха хIуттур-м хаац», — бохучу Анзоре: «Нецин карахь дара вай-м», — элира Кесирас. Оцу дашо там бина, Анзор ша ма-варра хилин-техьа аьлла дIахIоьттира.

— Вайшиннан юкъаметтиг ларъелахь чIогIа... — сихйира Анзора машина.

VII

Когаш чуччя а боьхкина, баьрчехь, таьIIина суьлхьанаш а хьийзош Iара Хизар-молла, делкъан ламаз дина валларх, цIен пес а коьртахь. Дийнахь, бусий пхоьазза хьовзадора кхуо и деха суьлхьанийн кочар. Хийла хенахь дуьйна кхин деш хIума доцчу моллин пIелгаша сиха дагардора уьш «лайлахI-иллаллахIца». Амма, пIелгаша суьлхьанаш дахахь а, дукха хьолехь санна, дагахь лоьIург, ойланаша луьстург-м кхин дара. ХIинца буй буза дагахь хьебара къена ши бIаьрг: «Борз, газий вовшахлега, ас даьттанан гуьмалк юур».

Бакъду, ма-луьу атта гIуллакх дац кечдийриг. Шадерг лара, дара деза, шадерг дуста, хадо... Масане дагахь доцург хир, ца моьттинарг эккха тарло. Аьллерийн, хезанерийн чот йовр ю. Уьш дерриш вас, лазам боцуш дерзо, царех муьлххарг а, ара ца долуьйтуш, сацо, ден, юьйлина топ санна, кийча хила веза. Куьйгаша суьлхьанаш хьийзадахь а, коьрто пайде агIонаш лоьху, церан бустамаш доху. Хизар-моллас ши мел боккху.

— ЙоI йолчарна хууш ду-кх? — хаьттира цо ша вистхиларе хьоьжучу шина хьешах юьхьлелочуьнга.

— Нана йоцчарна.

— Ткъа кара муха кхочур ю шуна иза? — доллучун дуьхе, бухе кхийдара Хизар.

— Зуда ю, оха мах биллина. Цо, шайга юьгучуха. арайоккху маьркIажал тIаьхьа.

— Варий, шаьш и муха ялайо суна хаар ма ккхетийталаш шопарх, — суьлхьанаш сихдеш, охьатаьIира молла.

БIаьрган а, куьйган а эшара вовшех дагавелира веана шиъ. ТIаккха жимахаволчо пхиппа туьманан ши кехат тесира баьццарчу истанга тIе. Суьлхьанаш дIа а хоьцуш, тIекхеттачу моллин декъачу куьйгаша, и ша дIаса а хьожуш, буйна лачкъийра ахча.

— ЮьхьIаьржонан сахьт дац. Ахь делан дуьхьа аларний бен лур яцара ас цига машина, — ахчано шен бIаьрг горгбар хьулдан гIертара Хизар. Амма, кIунзала тIе баьлла чо санна, гуш-м дара иза баьккинчарна.

— Цхьацца бахьанашца вовшашна гIорториаш йо-ккхи дала адамех. Цунна хьажийна шуьша ницкъболчо шайн юьхь хин йолчу ккхуза. Цхьа хIума ду сан сахьийзош, — бIаьргаш хьовзош, хIиллане хьаьжира Хизар. — Оцу шун мохчан кIентан хIуьмалгана и эрз вайн Анзор мискано язбина. Цхьа харцахьара айят эцар нисделла хир ду волалучу ккхуьнан цигахь.

— Баккъаллий? — юьхьа тIехь мелла а цатаме хийцавелла хилира жимаха верг.

— ХIаъа. Гой хьуна, динан дарбанашна дукха муьтIахьчу вайн зударша, шаьш лаьттах боллалий, и эрз чу а Iоьттина, хи малийна цу беран чантална, схьахетарехь. Цамгаран дарба, вайна ма-хаъара, делехь ду. Ткъа кIинца, Анзоран докъазалла санна, кIант чIагIвелча, эрз коьртахбаьлла боху... — веанчу шиммо олучуьнга ладогIа сецира Хизар.

— Зударшлахь хьахаделлачух тера дара цуьнан доладалар. ДадагIара къевлина моьтту суна уьш. Дижа там бу иза хIинца.

Жайна даккхаран, эрз язбан хааран биста кхаччалц Iаьрбан дешна Анзор хиларх тамаша беш, цецвуьйлура, шайл вуно жима иза цига мичахь ваьлла хоьттура веанчу шимма. Хьалха а, цIа веъчахьана дуьйна а ша хьоьху-

ра, хийла хIуманах атта кхеташ стаг ву Анзор, бохура моллас.

Ша долийнарг, юьхьаралаьцнарг тамаша бина ца валлал сихий, дикий жимачохь дуьйна Iемашший, хенан заманахь диц ца лушший вара Анзор, мацах школехь хьехархошна коьртах а ваьлла. Дезчу деношкахь, пионерийн костерашкахь декламировать цуьнга дойтура. Ткъа хIинца, цунна къорIанаш, кхидерш хьеха воьлчхьана, Хизарна а зеделлера иза. Шозза-ккузза кхуо хьалхара мадийшшинехь, Анзора хоьцций юха ша доьшу, дукха гIалат ца вуьйлуш.

— Сох гIан дийр ду цо, иштта дIаводахь, дукха хан ялале. Там ца хеташ, вухавуьйлуш бен, хIинца а цхьадолчу хIуманаш тIехь со вицвелларг а лахало цуьнга. Маьждиг делахьара, кхана а рузбанна хьалхаваккха мегар вара Анзор. Оцу эрзо береш бохийна мисканан, — бетах мотт а хьоькхуш, хеставора шичан кIант Хизара.

— Цунах-м хIара хир дац цхьанна а, — мIерах мIар тесира воккхахволчо.

— Цхьа кхин а ду шуна, — долийра Хизара, пIелг а лоцуш. — Лаьцна Iерра тIехь, чIогIа тешха ву Анзор. Аш арабаькхинчу некъах бакъдерг хиъча, оза а велла, цхьацца хамталла яло там бу шуна цо.

— И доллу-кхи тхуна а дагахь.

— Цахуьлучу далахь, даздеш, оцу эрзо чIагIвина кIант шайн вуйла хаийта. ТIаккха ворхI ломал дехьа а дохур ду шу цо. Шун дуьхьачул доггах шен са марзделла. ХIаллакьхила хьанна лаьа?!

Цу тIе ван гIерташ, ерриг хулчеш текхийна, Хизар, йоккха хазна ша схьайиллинчуха, тоаме велакъежаш, сецира. Эшначу меттехь лаг оза кийчча и дIадиллинчух тера веанчу шимма а дара.

ГIуллакх зен ца дайа, цуьнан къайле ларъян дош луш, хIусамана баркалла дуьллуш, юучух кхетаза бахара хьеший, маьркIажехь машина мичхьа ян еза а дийцина. ЧIогIа ког байбелла.

Кхеран къамел лаца, цуьнан йолу юьхьиг мукъа а каро гIерташ, неIарехь ладоьгIуш, чуй-арий юьйлуш хьийзира Кесира. Амма, неI мосазза хьайин, сацош, лардинчу цунах хIума схьа ца лацаделира цуьнан ондачу лергашка. Цунах гIеххьа дагахьбаллам болуш яра кIара, цхьа «ахI» долуш гIуллакх цара арадаьккхинарг хеташ.

Дукха хан ялале, малх чубуза бегош, цIа кхечира Анзор.

Корехь и ларвеш Iен Хизар, партъаьлла хьала а иккхина, аратасавелира. ЧIогIа вай-й, векхавелла дуьхьалвелира, гонах хьаьвзира иза цIа веанчунна. Лерана, мерза, хьастаме къамеле вуьйлура, дIа мел олучу дашна хьалха «Анзор» дохуш. ХIинццалцлерчу «ХIун даьккхи, хIун дадели хьоьга тахана?» — хаттарал хьалха хIинца кхин дуьйлура: «КIад-м ца велла хьо?.. Меца вуй?.. Варийлахь, юучух кхоадай кепек ма далахь вайн цIен тIе. Доккхучун гена хьанал ду. Деса гали ирахь латтац».

Кху тIаьххьарчу хенахь Анзор довза воьлла вогIучех дара Хизара шичан воI хьоьстурш. ХIинццалца дахьа а, дахка а меттиг боцуш ша лелийна и хIуманаш чIогIа туьдура, хоьрцура Анзора. Лар толлучу эро санна, хьожа йохура церан.

— Же, малхбузан жамIат дан кхуьур ву вайша. Ахь хIума кхоллушехь, Кесирас машина а цIанъер, — тIаьхьа догIург багахь ловзош, букар таьIна, чу волавелира Хизар.

ЖамIат дар а, Анзора хIума кхаллар а, Кесирас машина цIанъяр а чекхдаьллера. Шаьшшиъ висинчу Хизаран, Анзоран къамел а, лол тосуш, йисте долуш дара.

— ВархIа а дайшкахь дуьйна вайн цIен тIе дукха листина, чоьхьахь а, Теркаца а дош лелаш гар ду иза. КIадвеллехь а, гIой, церан гIуллакх дай вола хIета хьо, Анзор. Оцу ас хьоь аьллачохь хир бу хьуна уьш, — калош тудуш, маьнгин йистера вай-веза хьалагIаьттира Хизар-молла.

— ГIуллакх хIун ду техьа цара хьуриг, Ваши?

Цаьрга и хетта шена тамехь ца хетаран а, я хIара цунах кхиа гIерта ца эшаран а сурт говза хIоттийра вокхачу стага шен хабарехь.

— ТIаккха мах-хIума мел эца мегар ду ас цаьргара? — хаьттира Анзора, неIаран тIам а буйнахь.

— Кховдийнарг схьаэца, амма дагара ма ханйта. ГIуллакха тIера дIадолу иза тIаккха. Дала некъ нисбойла шун...

ТIаьхьара дешнаш учахь элира, Iаса пхьаьрсах а тосуш, доIина куьйгаш лаьцначу Хизар-моллас.

Кех ара а иккхина, маьркIажан бодашкахула некъ нйцира «Волгас».

Стенна ду а ца хууш, вуно сакъералуш, дог-ойланаш серлаевлла вара Анзор хIинца. БIаьстенна качделлачу лаьттан, цIенчу хIаваан, денделла догIучу дерриг дуьненан хьожа дагна аьхна, унах цIена хетара. Са кIорга мел даьIи, пхенаш хецалора, накха шорлора, меженашка ницкъ буьссура, дегI дайлора. Лаллий-лаллий, машина тIома яккха ша аьлла хеталора кхунна. Англи санна шарлуш, таьIна тIулган некъ къегабора юьртан юькъа Iаьрже этIош йоьдучу «Волгин» чиркхаша.

ЦIехьана яьхкина схьа а лилхина, Анзоран корта юха а буьзира «Ахь хIун леладо?» — кхуьнга хоьттучу ойланаша. Вуьзира, чIагIвира, дарвира хIара цара. «ХIан-хIа! Дош дац ас лелориг!..» — вусавелира, оьгIазвахара Анзор ша шена. — Ванах, «хуур ду вайна» а аьлла, кхин багах а ма ца боккху Вашис и эрз а, я цо динарг а...»

Шена дийцинчу эвлан йистерчу кхаа толла тIе кхочуш, машина лагIйира Анзора. Царна кIелхьара цхьа гIаларт делира схьа. Цо куьг айича, кхуо машина сацийра.

— Анзор, хьо вуй хIара?

— Ву-те.

— Схьадуьло, — бай-й таьллаш кIел мохь а тоьхна, хьалха чухиира дуьхьалвеанарг. Иза цецвелира саламца ша схьалаьцначу Анзоран куьйган доккхаллех, наж сан-

на, цуьнан ондаллех. Иза къаьрззана шега хьоьжийла хиинчу Анзора чуьра чиркх латийра.

— Хьашт бац хьуна, Анзор, — элира таьллаш кIелхьара схьавеанчу шиннах цхьаммо, машинан тIехьара неI а йоьллуш. Уьш тIехевшира, лампа дIаяйира Анзора.

— Мичахьа доьлху вай?

— Хаьмбин-Ирзе.

Машина йолаелира. Цуьнан моторан, чкъургийн бен гIар-тата дацара чохь. Массо шен-шен цхьацца ойла еш хир бара хIорш. Анзоран куьйгах чIогIа бIобоьллера, шаьш хьочу гIуллакха тIехь и хьашт хила герга хеташ, цунна уллохь Iачун.

— Хье-м лур дац вай цигахь? — хаьттира Анзора.

— ЙоI араяларца цIа доьрзур ду.

— Нускал дало доьлху вай?

— Доьлху-те. ХIа...

Вухахьаьжинчу Анзорна шега схьакхийдош юкъал тIех къаьркъанан стака дайра. «Шайн гIуллакх де аш, со молуш вац. ТIе, руль а...»

Мацах чайни ваханчул тIаьхьа кIез-кIезиг маларх кхеташ-м вара Анзор, амма, хIундда делахь а, хIинца ца лийра кхунна и мала. ХIун ду а ца хууш, хIорш тIехевшичхьана дуьйна дог-ойла тохарлерчу тIера эшнера, кхара вовшашка эриг а, хоттург а лардора. Тилкхазлонах, ледарлонах вогура.

Кхаа накъоста, цхьацца стака къаьркъа а мелла, кIезиг нох а даьккхина, цигаьркаш латийра.

— Анзор, хьуна маца такхор ду вай нускал?

Анзор лен ваккха дара и хаттар. Некъан бохалла луьйш-олуш тасало-кхи, хууш ма-дарра, адамийн цхьацца уьйр-безам. Вуьштачул хьоме, бехке, мерза хетало аренгахь тасаделла цхьацца гергарло. Цхьаболчарна юьхь сингаттаме йолаеллачу кхерачух хIун хир-м хаац, сан дешархо. Цхьайолчу агIонан куьйгаш, когаш доьхку, мотт сацабо хабарна а, вуьшта а говзачу вукхо. Юьхьаний-дагний олий, хIуъу а тардолуьйту, могуьйту цхьаммо

вукхунна ца ваьллачу денна, бехк лоьцуш. ТIаккха гена а долий, цунах, дIа хIума ала там ца хеташ, бала а, кула а хуьлий лела важа, мацах цхьа Iалханъюьртхо санна.

Теттина нахера духалург ахчанаш а даьхна, меха воьдучу стаге цу Iалханъюьртхочо а елла хиллера юхалург жимма нахарташ. ТIаккха вукхо шега ахча мел деллачунна цхьацца мокха деана Москвара совгIатана, ша мехара цIа вогIуш. Амма декхар хьахош а, духадерзош а ца хилла долчарна. ТIаккха чохь а, я тIехь а башха пергIатонаш йоцчу нехан, лелаш, собар а, гIиллакх а кхачо ма дезий. Амма эвхьазлонан юьхь шай-шай йоло ца лууш, садетташ хилла хIораммо а. Цхьана сарахь пхьоьханахь Iаш схьаэккхийтина вайн Iалханъюьртхочо шен кисанара мокха: «Хьо диса хьайн да велла. Кхаьрца тхо массеран а багош юькъна-кх хьо къонахчо... — шен декхар доллучун бIаьра а хьаьжна, тIулга тIе тоьхна, дамар-цу бина маьIан мукъ болчу мокханах. — Кхана-сарле охьадиллалахь сан ахча, хьайна дов ца дезахь», — аьлла.

— Цхьа хан хир ю-кх цуьнан а, — элира Анзора, Iийна, шена зуда маца ялор ю хаьттинчунна жоп луш.

— Дуьззина шен ламаз-марха а деш, цхьанне новкъанацкъар а воцуш лелачу хьоьга-м, йигарх а ца тешаш, лур ю наха зуда, — элира пассажирех воккхахволчо.

ХIинца гуттар дуьне тIекхийтира Анзорна. Цкъа-долчунна, Iуттуш а, юха-долчунна, хьостуш а, ткъа, дийцаре даьлча, хастора тIе даккха бIегIийла йолуш, бохь шайгахьа аьлла хийтира кхунна и дешнаш. ХIунда аьлча, кхеран тхьамдас а итт шарахь бен йиъна хир яц Анзорачул сов сискал, мел тIех а. Нийса кхетам эцарей, кхачарей диллича, цхьаьна волу кхоъ заманан гIиллакхца долчунна вукхунначул сов дакъа кхаьчна хила герга ду, шайн сих, догIмех и мухха доьллехь а, дIа цара и мухха кхехьахь а.

Хаац, стенна тIедоьгIна делахь а, хIуъу схьалаьцна делахь а, дешчас беза бийцинчу пассажирашна хьалха

дечун а, лучун а, олучун а гIиллакхан цхьана а декхарла ша цаволар лардеш схьавогIура Анзор, дерзар цуьнан мухха хилахь а.

Ара бIаьрг бетташ вогIучу юккъерчо, шаьш эвлах чудолар а хиъна, машина кIеззиг лагIъе элира. Аьтту агIор ерзаяйтира. «Хье-йом. Иштта юьстах а таIий... ХIаъа, оцу хояхарш кIел саца хьо. Чиркхаш дIадайа...»

Серийн керта тIехула новкъа схьакхевдинчу комарийн диттан гIа дала тохаделлачу дуькъачу генаш кIел сецира «Волга».

МаьркIажан, пхьуьйран юкъ йоькъу хан. Кхоьлинчу буьйсанан эвла. ДогIу-доьду хаалуш адам дац. МаьIмаьIIехь лоькхучу эшарийн, дохучу иллийн аьзнаш хеза. ГIийла хьоькхучу бIаьстенан мохо эвла тIехула ловзайора мохк охучу трактораи гIовгIа...

— Тхо хIокху сохьта схьадогIу шуна...

ТIехьа Iийна шиъ, охьа а воьссина, чехкка вахана, бодашкахь вешна дIавелира. Вист ца хуьлуш, Iадда Iаш вара машинахь висина шиъ.

— Анзор, хьуна халахетар дацахь, цхьа хIума хоттур дара ас хьоьга, — элира баханчех висинчо.

— Схьахатта тIаккха.

— Вовшахкхеттачохь оха дукха хьахаво хьо. Хьастах буса, клубан корехь а хааделла, хьой, Кеснрий карнавале озо аралилхина цхьа накъостий, шуьша дIа а дахана, бисина хиллера. И вахана шиъ-м вайн эвлара а вац... — вукхунна муха хетар ца хууш, соьцура луьйриг. Цхьа цатерг хаттарна кхоьручу Анзоран лаг лоьцура цу балхо.

— Хьайн десара, аьллахь, Анзор, жайнеш а доху, Iаьрбан маттахь чIогIа доьшу, цхьацца хIуманаш а язйо боху ахь. Баккъалла а лела техьа хьо, я цунах цхьа аьтто хилла хьан?

— ХIунда бах ахь? — хьажийна делахь а, дацахь а, са лоцце кхеттачу хаттарна хаттарца дуьхьалвелира Анзор.

— Аьтто боьхнарг, кхидолчух шеггара дог а дуьллий,

стеннах а таро ян вулу олуш хезна дела, дагадеанера-кхи суна иза.

Ша хIун аьр, ца хууш, воьхна меттахъхьечу Анзоран ирсана санна, кхузахьа догIучу адамийн гIаларташ а, дай-й лераш а тосадаларо кху шиннан хабар дохийра.

«Вайнаш бу моьтту суна...» — машинара воьссира Анзорца Iийриг. Юккъе лаьцна хьаьрчина цхьа адам а долуш, веана тIекхечира кхеран вахана шиъ: — «ТIехаа, тIехаа!» — шайн охьавоьссинчуьнга а олуш.

Берриш тIехевшира...

— ХIинца ГихтIа югIур-кх ахь, Анзор! — дара вокхахволчун команда.

Эвлах арашаръеллера тIехь беттаса ловзуш, мохал маса, сай эккхийна йоьду «Волга». «Хаьмбаирзахой кхуьучуьра девлла хьуна вай, меттайола хьо», — забар кхоьссира Анзора, тIехьарчу нускало хала са тIаьхьа орца даларна кхоьруш доьIу моьттуш.

Амма и гена дара бакъдолчунна. Куьйгаш мукъа доцчу нускалан садукъдийриг — дехьий-сехьий Iечу шиммо цуьнан багахь ялло горгам яра.

— Сел сиха несалара ялар а дац башха гIиллакхе, марваша. ГIеххьа моллин хьожа а етталой вайх-м, — элира тIехьарчу шиннах цхьаммо, вукхунна муьшка а таIош.

— Куьг бехкенш муьлха ву шух? Хьовса вай несе а, невце а... — аьлла, дIакхевдина чуьра лампа латийра Анзора.

Ирча сурт дара тIаккха цунна хьалха хIоьттинарг. Иха санна, массо меже а юлаелла, шина къонахчунна юккъехь йоллу йоI. Доккха хIума дара оццул экамчу цуьнан эрчаялар: агIор бахана берзана корта; хьирчина месаш; четера яьттIа коч; юьхьа тIехь боцу бос; гIийла хьуьйсу хIиттина бIаьргаш; мерах доьIучу сиэ етта мерIуьргаш; цхьана агIор цIийн тача тесначу багахь йоллу горгам... Ирча эхь дара ламанан лу санначу цуьнга адамжIаьлеша хIоттийнарг...

И дерриг бIаьрган негIар тухучу юкъана тергалделира. Боьхна, мотт а, куьг а карара доьжнера зуда ялош богIучу «къонахийн».

Хьаьжира, хьаьжира Анзор: «ХIара хIун ду?!» — мегарг Iаь ца елира цунна чуьра. Легацна хорам хиллера... Къа а, оьгIазло а цхьаний кийра хьаьвзинчу цо, кхин йоI ган а ца елла, дIаяйира чуьра лампа. Цунна тIаьххье арарниш а йойуш, машина сацийра. Араиккхина багажника чуьра схьаэцна, машин лато аьчган тIам буйна а боьллина, тIехьара неI а йоьллуш: «Охьаваьл машинара!» — элира аьтту агIор Iачуьнга.

Инзаре декара буьйсанан тийналлехь Анзоран гIаргIделла аз. Цхьа а вист ца хуьлура. Стиглахь ткъес санна, баркалле тохаделира божаршна юккъерчу йоьIан дог. ТIам а буйнахь, поп санна, неIаргехь лаьттачу Анзора, меллаша дехьа агIор а ваьлла, «Волгин» важа ши неI а дIайиллира: — «Охьадисса, зуьдан кIезий!..»

Тохарлерчул а буьрса, инзаре дара Анзоран лер. II дешнаш цхьана йоккхачу цIеран суйнаш хеталора. Церан гIар-тата ярехь, кхаа къонахчун кийрош мерцинера цу суйнаша.

Меллаша охьавоьссира хьалха чуьрниг:

— Ахь хIун до, ва Анзор?

— ГIуллакх ду сан шуьца.... — кийран кIоргехь луьйш хетара Анзор.

— Хьайн эрзо вуьйш лаьттарг ца тоьу хьуна тхан? ДIаяхийта машина, дохковер ву хьо ккунах,— элира вокхахволчо, ара а хьаьжна.

Кхерийра, човхийра, тIаккха дарвира, кхевсира Анзор оцу дешнаша. «Цу кIантах хIуъу дахь а, шу кхоъ такха реза ву-кх со кху аш лелочу тIехь!.. — аьлла, цхьа тIам а лаьцна, араозийра Анзора пассажирийн тхьамда. — Схьавоьл хьо хьалха...»

Кхеравелла, Iаддаргla санна, вулавелла баьчча хIинца марсавелира. «Схьа ма детта куьйгаш!» — воьссира иза машинара.

Анзора шена ластийнчу тIомах къаьхкина, ког а тасабелла, охьавоссарца, дIакхийтира иза. Шен багара горгам дIа а йоккхуш, маьхьарца машина чуьра араиккхина йоI Анзорах хьаьрчира.

Синтар санна, каррехь егайора иза. Цу юкъана кхозлагIниг а воьссинера машинара.

— IадъIе, кIант, ма баккха, лууш йогIу алаза йоI хIинца ца яьн йолчу тIехь, тхан некъ бухъхьа, — элира хьалагIаьттинчу воккхахчо. Я зуламах йогуш, я шен сий дов моттаделла, йоI тIеерзо хIилла дара цо хьовзийнарг

— Дера Iийр ву, хIара йоI шуьга лууш йогIуш елахь-м. Амма яцахь, хечех буржалш хиллалц летар г ду-кх вай... — шена тIехьа лаьттачу йоIе хьаьжира Анзор хаттаре.

— Кхунах зулам хиларна кхоьру, амма тешнабехкаца, нуьцкъала ялош-м ю со кхара... — елхарх эделла делахь а, гIеххьа майра дара йоьIан лер.

— Шек дIа ма яьллахь. Кхарех летта вала кийча, хьайн нанас винарг санна, хьанал ваша ву-кх хьоьца. Шайна дов ца дезахь, дIасахила, кIентий.. — йоIаца машина тIе ваха вуьйлира Анзор.

— КIант, машинна оха боьхху мах белла. Хьо шофер бен вац... Шу довла делла, вай-м юьхьIаьржахIуьттий...

Хьаьрчира, тасавелира кхоъ, цхьаъ — виъ къонаха. Анзорера халла схьабаькхина тIам дIа а кхоьссина, буй-тIара йолаелира. Уьш дукха цхьаъ бен воцчунна еттало ра. Амма «хIаъа»-м цуьнгара дIакхеттачуьнга а долура.

Iийна, мийраш а лета бевлира Анзоран. Царех цхьаъ чоьже кхетта, ша воллучу охьавахара, Анзора шена тIехула кхоьссина дIатохарх меттавеана, чухьаьдда вогIу жимахверг. Хьала ца гIоттура. Айавелла иза, ге а лоцуш, юха охьавахара. Шиъ бен ца висча-м хIун дара! Тасавелира лоьман ка йолу Анзор. Амма шиъ цхьаннал тола велира. Охьаветташ, етташ, хьекхош, жий бинера. Цара ша хьуьйшшехь, кIел воьжна жимма са а даьIна, и шиъ гехь,

ирахIоьттира Анзор, бугIа санна, болу-боцчу ницкъаца ластийна, шен лаг Iуьйду воккхахверг дIа а тухуш... Юха а шиммо охьавиллира цхьаъ.

Тохара дIакхоьссинчохь чомахь ца карийна тIам а бахьаш, еанан схьаниккхира йоI. Анзор кIел воллуш карийнчу ккуо цунна уггар ницкъ бен юккъерниг (цунна ядош хиллера кхара хIара), вукху агIор а хьовзош, дIатакхийра, кач а лаьцна. «ДIаяла, ас тухур ю хьуна!» — бохуш, и тIечеххашехь. Хьаланиккхинчу Анзора, йоIера схьа а эцна, тIам балийтира цунна букъах. ТIаккха дIачухьаьдира хIара кхозлагIчунна, и хьалхара ведира! — «Ма, ма, Анзор», — багахь.

— Же, ядалахь хIинца машина тIе...

Хаьххина вахана доккхачу баркаллица, хиллачух верасаш кхиош, йоI йолчех а тоьхна, сатоссуш цIа кхечира Анзор. Гуттар качвелла дешича гуонах хьийзаш, ча санна, дера чувахара шичан воI, вист хьовха, ур-атталла мегарг цуьнан бIаьра ца хьажалуш.

ГIуллакх лар тIехь дацарх кхета воьллачу Хизаран, кIелдIахула а хьоьжуш, гIар-тата яйра. Вукхунах и лардан гIертара. Амма хабаран тай хедаррий, вегаваррий айкхдуьйлура. Цуьнга вист ца хилий, и луьйш ца хазаний хIуъу дийр долуш, Анзоран бIаьрг уьдура дешичах, мерах шок еттачу цуьнан хьажарх.

Дуьне а, эхарт а хIинца дицделлера Анзорна. ВатIийча цIий ца даллал дарвеллера, тхьусвоьллера. Батталучу кийро кхагарволийна, бага якъаеллера. Юкъ-кара кIайн агIонаш тIеюьйлуш, керчара бIаьргаш. ЦIий соьцуш санна, кхиссалора пхенаш. ДегIа тIехь мел болу чо марсабаьллера. Сихйинна некхехь вота еттара даго. Минминотехь хьийзара кхин ца лело тахана маж яшийтинчу юьхьан бос. Цхьа тамашийна гIугI лаьттара лергаш чохь. Корта лазабохура ойланийн тулгIеша.

ЧугIертачу Iуьйренан серлонгахь шорлуш хеталора хIара бодаший, сингаттамой хебо цIа.

ХIинца маьлхан зIаьнарш а евлира, яхъелла, корах

чу. Маьнгин йистехь хиъна Iачу Анзорна тIехIиттира уьш, Хизар вегIа Iаьржа баьрче ккунах дIахадош. ХьалатаьIинчу Анзоран юьхьа тIехь меттахъхьайра церан дашо хьесий, денделча санна.

— Анзор, хьо ма... некъ бухъхьа-м ца бели шун? — нуьцкъаш хаьттира Хизара эххар а, карара хецаделлачу суьлхьанех ка а тухуш.

— Ваши, сан некъ бухъхьабаьлла дукха хан ю...

Урхана чIогIа дин дикачу беречо санна, вухаветтара Анзора ша дукха ваьгначу валарх. Банин доьхьа.

— ХIунда, ва Анзор?.. — чилла санна, кIеда, саллар санна, дегош дара Хизаран аз.

— Ахь баькхина, Ваши, ахь. Хьо вевзий хьуна?! — ира а хIуттуш, лен велира Анзор. — Ахь хIунда вахийтира со нуьцкъала зуда яло боьлхучу нахаца? ХIун ду ахь сох дийриг?!

Бехкбаккхаре лахделира кхузахь Анзоран лер. Амма туьран диттаха, дегIалуш, декара аз.

— Ой, вайн хIун догIу цара лелочуьнца?

— И хIун ду? ХIунда ца догIу, вай дац адамаш? Ахь-х вай делан леш ду бахара!.. — дерриг цIа дегадора Анзоран леро. Хизар воьхна, чIениг етташ Iара. — Мичара делан леш! Хьо ахчанан лай хилла. Ткъа со — хьан ялхо!

— Собар, собар! И хIун ду ахь дуьйцург?! — кхьаланиккхина, човхоран кеп яло вуьйлира Хизар. Амма, шена тIевогIавелла Анзор вайча, дош хир доцийла хууш, малвала, хьаставала велира.

Буьрса дара Анзоран латтар, хьежар, цуьнан юьхь тIехь етталу оьгIазалла... ТIаккха, качвеш, хьеста велира Хизар шичан воI:

— Хьо вайн мерза Iарх хьоьгучу адамаша бIостанехьа ваькхина. Сих ма лолахь, Анзор. Собар дехалахь хьайна деле. Церан луур доккхур ахь...

— Маццалц?! Хьо хьерваькхина валлалцций?! Ма дийца, ма... Тоийта!.. Ахь-х айхьа зихIарташ тадайта

делла... байшна доькъу, бахара... Ткъа ккузахь хIунда доллу хIара...

Баьрчера куз схьа а тесна, дечиган маьнгин гIевланге тоьхна доллучу уьна кIелхьара схьаяькккхина, гIеххьа бехчалган бонг яьстира Анзора: — Иштта доккху ахь сагIа?.. — Маьнги тIе охьаIенира ахчанан бес-бесара кехаташ. — Гайтал хьайн гIовталан киса, молла. Эрз ас язбина алийтарна тIехьа лачкъийна а хир ду хьан цхьаъ!..

КIегархиъна Iара когашкахь йижина хилла Бана. ЮьхьIаьржа лаьттачу майрчуьнгий, чуьрчу суртей хьаьжжинчохь йисинера иза:

— Шу... хIара хIун ду?..

— Суна-м хаац, Бана, ахь лулахошка туьхий, сабий... хIунда доьху, — ша лаьттачуьра вухахилира Анзор.

ХIоьттинчу суртах цунна хетарг хаа хала дара хьалагIаьттинчу Банин дIасахьийзарх. Реза яцар совдуьйлучух тарлора цкъацкъа цо Анзорна тIе хIотто бIаьрг. Меллаша ахча схьалахьо йолаелира хIусамнана.

ГIар яйна чоь цIенчу ахчанийн къаркъаро самайохура.

— Дита, хьайн гIуллакхе хьажа... Хьий, кьо вала велла... — зуда дIа а хилош, ахча схьалахьо долийра Хизара, сихдинна кадетташ.

— Зуда ядо баханчийниг кечделахь дIадала, — элира Анзора кхардаме.

— ХIахI? — Iаьржачу деган боданах, цабезамах дуьзна дара моллин хьежар. ДIадала деза мегачу ахчанно каррехь вегавора иза.

— ХIан, дIаэца хьайн «Волгин» чIега!

ДогIа дIа а кхоьссина, аравала волавелира Анзор.

— ХIун до ахь?

— ДIавоьду!

— Мацвелча, дагадогIур ду хьуна тхойша... — кхоьс-

сира Хизара, дукха чIогIа тIекхетта, юха еллаеллачу неIарехула цунна тIаьхьа.

— Цкъеллига-цкъа!.. — деара дуьхьал

— Анзор... Анзор... — ахчанаш а марахь, уча иккхира Хизар.

Телхаш, текхаш кел чоьхьабовлуш зуда яло баханарш а баїна, вухахьаьдира...

ШОЛГІА ДАКЪА

І.

КІиранде. ТІекІел йина йоккха универсальни туька, ерриг гІаларчу бохург санна, адамах йолаеллера. Ламеш тІехула хьала-охьабуьйлучийн, тІехь а, бухахь а лела чийн хабарша, некх санна, юьйлинчу цу чохь цкъацкъа лерге мегарг къаста а ца лора отделашкара товараш дагардечу диктора бохург. Даьндаргаш санна, хьийзара йохкархой эцархойн гІуллакхана: хІора а реза ван, хІора а хьаста, цунна оьшург дагаяийта, эца Іамо ма деза йохкархойн. Басна а, еха-йоцалла а, жима-йоккхарла а шен куьцашца, аматашца йогІу йолу бедар, мача, коьрта туьллург, галстук... харжа ца хуург ма нисло эцархойн дукхаллехь. Ворда йоттал делахь а, собар кхачо тІераниг а волу. Амма царал дукха бу эсалниш. Царех хІоранца, кхана шен лулахо а валош ккуза ван цуьнан догдоггІург, мерза къамел дан хаа цуьрриг атта дац. Мичара! Эшарел дукхий, тайп-тайпаний ма ю адамийн амалш. Дуьненан тІаьхьало хилла а Іай уьш йовзар, Іамор, хаар, хьестар. Дуьненан дай ма ду адамаш. Хьажал церан яххьаш тІера бІаьстенан зезагаш...

Гуттар гІовгІане дара культтоварийн отделехь: цхьанхьа — харжа лоькхуьйтуш пластинкаш, вукхузхьа — фотоаппараташка хьуьйсуш, дехьа — радиоприемникаш, телевизорш ийеш...

Юьстахо, пах санна, цІен, вехьаш лаьттара вайн Ан-

зор, цхьа карзахе. ХІума оьцуш а, цхьаьнцций къамел деш а вацара хІара, кест-кеста юккъера схьадуьйлу адамаш тергалдар доцург. Цхьа гІийло резавацар хеталора кхуьнан бІаьргийн леларехь. Доккха са а доккхура нагнаггахь, тІаккха, дІахьой боккха чутухий, «Памиран» кІур дІахоьцура дийнна цхьа марха. ПІелгийн мІараш а мажйина цуьнан гІиро кхуьнан.

Вуьшта а теза туйнийн къурдаш диичу кхунна бІагор беана куц дара. Меллаша сигарета дІа а хецца, таьІначу коьрта кІел куьг тесира кхуо. Дикка Іиллира и ах юьхь лоцуш, ца вовзийта, бохалла бихкина корта цу доккхачу, декъачу куьйга тІехь. Мацца а хьалатаьІира. Боьрша а, стен а, жима а, воккха а самукъе, векхавелла, дагна там бер-берг вовшашка ала тІера, гІиллакхах вохарна кхоьруш, ца богІучохь некъ хадорах ларлуш, оьзда, мерза вара.

ХІокху дерриг вовшашна дела а делла догІучу шиниге хьаьжжинчохь висира Анзор. Цу шиннан нисделла, тІехь а, когахь а цхьаьна товш хиларехь — мар, стей хила тамехь дара и шиъ. Цу тІехь Анзорна хетарг а хьийзара. Ирс яІ, шу битамаш! Говзачу художнико дохкур дарий кхин хаза? ЙоьІан а, кІентан а куц къовссал цхьабоса. Шоршалш кІелхула лелххал лекхачу туфлешца цкъа баькхинчу кога тІехь кхузза сеттара ламанан шовданаха луьйчу йоьІан маргІал-дегІ. ТІетоха а, тІера даккха а хІума ца зелучу аматашлахь и кІант нохчо хила герга хоьтуьйтург билгал ца даккхалора.

Уьш дерриг тергалделлачу Анзорна, хьаьгна дарехь а я хьагІна дарехь а, можа бІагор хьаьвзира... Макхвелира, дарвелира. Схьаэккха санна, гІоьртира хаъал социйла дайначу цуьнан ши бІаьрг. Хьаьжа юккъе белхий гулбеш, хебира цІоцкъамаш. «Цхьана куьйга тІехь дохккушехь, пІелгаш а дац цхьатера. Адамаш мичара хир дацара бен-бен. Хьажал хьо хьайн жималлей, — шен цІазапІелге олуш, — белш Іоьттина лам харццолчу сан латтарей, кхара дуучу дуьненей», — тІе а тоьхна, стаммийчу

пIелгIин хедозчу мIарашца милк санна йолу ворта кIамйира Анзора.

Берахь дуьйна а, шен дагна хорам хилча, и деш Iедал дара цуьнан. Дешна волчу Вашис: «Кхуллуш яздинарг лелаш гур ду», — боху. И бакъ а ду. Декъаза мел дерг яздина хилла ахь суна-м, дела. КIадда а бац. Ша дуткъделлачухула хедар...»

Дерригенах къурд беш, цергаш а хьакхийна, ойланашка вахара Анзор. Вехха царех дагавийлира иза, юкъкара ша-шена корта а таIош. Цхьана мох хьоькхучу бодашкахь сегна серло санна, хIокху масийтта шарахь хIинца дуьххьара цуьнан деган кIоргехь суй тесира молла Хизарна цхьа хIуманаш хууш хиларх теша везарх.

И суй шен марсаевллачу ойланийн дIамбо боллуш хетабелира. Амма дайнарш, лайнарш бакъахьа дерзаре сатийса кIордийна, я кхидIа а уьш Iийша куьг айар ду шен иза, — цунах хIара ша а ца кхуьура. Керчина, тIекIелбелира кийра: «ХIан-хIа! И дIадаьлла! И хир дац! Тоьар ду!»

ТIаккха хIоьттина ши бIаьрг меллаша чухула карчийра Анзора, цхьаъ-м ган везаш санна: «Сайна доьгIнарг-м дуьтур дац», — дагахь.

ДIасахьаьжира. Юха а хIара волчухьа догIуш дара тохарлера йоI, кIант. Леррана цу шиннан бIаьра вогIавелира Анзор. «Ванах... Ванах, хIара мила вара?.. — хоьттура дагахь ша-шега.— Хьо стаг суна цхьанхьа ган-м гина... ЭхI... Салман!.. ву, ву. Сан десара, ву-кх Салман-м. ЦIе йожа хьо белхан... — ша цунна вовзарна кхераделла, лахлуш хебира. — Кхуо-м зуда а ялийна. Горлера дуьне яI! Яц ирча-м... Цхьа йорт хир ю-кх ахь еттарг... «Анзор, нийса ца веха хьо...» — Салманан мацахлера дешнаш дара и Анзорна дагадаьхкинарш. БIаьргаш чу хи хьаьдира: «Ваха а-м ца веха, Анзор, хьо нийса. ХIун дийр ду, кхин ца хаьа-кх хьуна. Ца нисло-кх. Дависа шен делаI. Суна яздина хилла техьа декъаза мел дерг. ХIунда?.. — бIаьрхиш юккъехула хьогаме тIаьхьахьаьжира

Анзор йоI улло а яьлла воьдучу Салманна — Маржа яI, ма къен ду-кх сой, Кесирий иштта даха. Ванах, Салмана хьастаха ма-дийццара, къоьллий, кхетаман лохаллий-х даций хьовх со кху балехь валлориг, суна, гIело йийриг. Адам динна уггар чIогIа тIаьхьадазориг къоьллий, дешар цахаарриг ду аьлла ма бохий Ленина. Дависа шен делаI, шегахьа дерг лахий, къастонний, хаан бен хIара корта стенна белла...»

Безамехь, парталчу боларахь цхьа йоккха зуда, тасаелла адамаш юккъера схьа а яьлла, хIара волчухьа йолаелира. И ма-гиннехь, Анзор, вуно сах-пахе хуьлуш, самсавелира локхалла а, шоралла а тишачу футболкица ма-дарра гун, доьттина дича санна долу шен пхьаьрсаш а дулуш.

— КIант, хьо хIун деш ву? — хIундда делахь а, кхуьнга хатта мегира йоккхачу стеган, лам тIе тесна луо санна болу кIайн корта хьала а таIош.

— Сайна дан карадоьлларг, — ша ма-варра, вукъа вистхилира Анзор.

— Телевизор эццера ас. Машинахь яхьа а кхоьру. Некъ вон бу тхо долчухьа...

Машинахь телевизор лазорна а кхоьрура, кхуо дойла луург муха ала деза а ца хаьара йоккхачу стагана.

— Со Iемина ву хьуна, мама, вочу новкъа лела. ХIун лур ду ахь?

— Наха лурриг...

— Яло хIета, — шен доккхачу боларца тIаьхьа хIоьттира Анзор.

Ша дукха хан йоццуш цхьана стагана яьхьинчу стиральни машинал хаъал еза хийтира Анзорна «Рекорд» телевизор, хьалаайина дIаволалушшехь...

«Кху коьртал еза яцара хьо-м», — ша-шена синтем беш, йорт ийцира.

Ша гIеххьа догдилла дагахь волу дуьне дицдан санна, Анзор маларна хьажо ваьллера шен кара мел йогIу кепек.

Наха туьканара эцца хIуманаш цIакхоьхьучу кхуьнан кара уьш мел йогIура? Вуьзина кIезиг хуьлу ша ваххол.

Сийсара вокзалехь носильщик а лелла, меллачо лазо корта тобаза биснера кхуьнан, ах мала айинчу накъостан дегочу куьйгаша хала вовшахкхетта «читок» охьа а йожийна.

Цу юкъах йисинчу похмельна сихвелла воьдучу Анзора, буьрканал башха ца хеташ, хуьйцура белшаш тIехь «Рекорд», турбанаш йохкуш аьхкинчу, тIедачу новкъахь ког ца соцуш воьддушехь.

— ХIинца гена дац хьуна вайша.

Хьацаран кIур туьйсуш вогIучу Анзорна ца гора, бага са а кхаьчча, оцу дешнашца шена улло иккхинчу йоккхачу стеган юьхьа тIехь шен хала варах къай, эхь, кхоам хетаро луьста кхоьхьу моханаш.

— Кхузахула. ШолгIачу тIехь ду вай... — хьалха елира зуда, тIекIел динчу даккхийчу цIеношна шаьш тIекхаьчча.

Паровоз санна, вехьара хьийзачу коьрто хаьхкина вало Анзор. Ши пхьарс хада боллура. ПIелгаш хьенан ду ца хаьара, зийзаш, лозуш. Уьш дерриг шаьш схьатекхо, тишачу мачаша баийна пазаташ йоцу когаш-м хьеха а ма бе хьайна.

Йоккхачу стага неIаран догIа даккха долийча, кIоргга са а даьккхина сеццачу Анзоран цергех хи хьадийтира лулахойн неIарах арахьаьддачу кхарзарийн хьожано. «Беркат яI. .»

Чоьхьаделира хIара шиъ. Газета а карахь, куьзганаш а бIаьргех, кресли чохь набъозийна чIогIа безамехь, векъано воккха стаг Iара. Кхузткъара ваьлла кила а, ца хила а мегара иза. КIайн мохарчий оьху боьмаша пижамий, баьшна кортий дика тара цуьнан, бод санна, кIайчу басца. И сама ца ваккха яйелира когаш тIехь хIусамнана. Леларехь цу тIе Анзор а гIертара. Амма дагахь и самавалале шен кху чуьра дIаваха дезарна кхоь-

рура, цуьнгара шена цхьа ял хир йолуш санна. ХІун ду а ца хууш, чІогІа безам хетара Анзорна иза. Ткъа паркет Іарий цІийзаза?

— Меллаша, меллаша. ХІоккхуза... — стоьл тІера ядийна кІайн шаршу йоккхачу стага диванан гІевлагга тосучу юкъана доккха тата делира чохь, бомба иккхича санна. Схьайирзинчу хІусамнанна цІенкъахь кІегар кхетта Іуьллу «Рекорд» яйра, шурул-кІай а велла, балдаш Іуьйшуш, вегочу Анзорал хьалха.

— Э-хІей, везандела, лаха хьан и доккха ши куьг, хІанехьа лаха! Хьан дожа и шиъ охьа, аьндарий, йоделайоалла!..

ТІезарзъеллачу зудчунна хиллачух кхиаза, самаваьлла, бІаьргаш бетташ Іачу майрчун шега резавацаре хьежар тергал а ца делира хІинцийн бен.

— Ой, хьажахьа, Семен Иванович, кху Іовдало диначуьнга... — дегочу куьйгашца телевизор нисъеш, гонах хьаьвзира йишйоьхна цІийннана, багахь гІам-гІам а деш.

Сардамана тІерий, говзий йолчу цуьнга и дитийта гІерташ, жимачохь дуьйна а дукха къахьегна Семен Ивановича. Дикка хІуманаш цу тІера маццах яйийтинчу кхунна шега ладоьгІчий бен ца хиира, оьгІазбаханчу матте юьхьІаьржа атта хІотталойла. ГІоддах къовлавелча а, ватІийра цо хІара.

— ХІокху кхаа баттахь оха сатийсина и эти-кх ахь, боьха хІума!..

ХІоллам санна, цІенкъа юккъехь лесташ лаьттачу кІантана тоха а дагахь вара зудчун холча хІоттар а, шена хетта хала а чохь севсина, хьаликкхина воккха стаг.

ИрахІоьттича, кхин а куц долуш хийтира и кІелдІахула тергалвечу Анзорна. Амма зудчо олу хезначух а мегарг тешна валанза волу хІара, майрчо аьллачух-м Іаддоза висинера.

Шен лерга ца хезча, церан багах девлла бахарх, бакъдеш, дІалаца Анзорна инзаре, маьттаза хеталуш, юьхь ягош дешнаш дара доккхачу шина стаге аладелларш.

Бакъду, Анзор, сихвеллачу меттехь цамоьттург ша аьлла я шегара даьлла-м карадо хьуна. ХІинцца хьоьгара доьжнарг санна. Мацаллина-м хІун ден-дарий, маларна бага а ккевсина веана Анзор мичара воьллера телевизор охьайожо, сарахь кино а хьоьжуш Іен дагахьчу доккхачу шина стеган самукъе де кхоло. Миччара! Ялх чкъург керччашехь хьокху машино гІо. Дера веара-кх саьнгарш тІехула а лелхаш-м. Охьа а ма ца йожийра. Я гал а ма ца велира, ур-атталла. Схьакхаьчча, чуккхаьчча талха Іийна, дисина хиллера-кх шадерг. Хили-кх иза. ХІун дийр ду? Мохь хьекхарх, къа дехарх, кхиа хІума ма дац. Мел яІ, и доьхнарг, делларг адам а, цуьнан дог а доцуш. Цо, дечух цаІебачу адамо, шортта енйолу телевизор ю, цхьадика, йоьхнарг. Цунна-м сатоха мегар ду. Вон хьаха дара и охьакхеттарг шен меха хІума доцу, меттахІотто хала адам делхьара. Ма ирча, ма гІоьртана хир дара тІаккха!

Оцу ойланаша лаьцча санна, хьалатаьІира Семен Иванович. Дохковаьллера...

— Инна-лиллахь, хьо безамехь къонаха! Мичча кхоьле хиъна а, баьрчехь а товр ду куц, — леррана хІусамден амат баькккхира Анзора. «ХІун дийр ду? Массарна а хета хир ву-кх шуна тІехь беркъаниг, Вашис ма-баххара, дала декъаза кхоьллинарг, гІаддайнарг сий доцуш а, човхой, цунах кхардий атта а. ХІумма а дац! Ловр ду ас. Делаюкъбахьа, хьаставеллий, корта тоьхний, къурд аьллий — сайх луур-м шун ца даккха. ДІаваха веза кху чуьра...»

Анзоран дагара хиъча санна, схьахьаьжира хІусаманана:

— Ги йолла. Хиллачух догІург ательена хуур ду...

Куьйга корта лоцуш, кресли чу хиъначу хІусамдегахьа вирзира Анзор меллаша:

— Семен Иванович, шаьш кхаа баттахь сатийсина элира ахь оцу телевизоре. Ма дукха хан ю моьттахь шул жимачу сан цуьнга салаьтта. Я хир аьлла меттиг а бац...

ХIинца шех «Семен Иванович» аьллачу озо цхьа аз дагадаийтина, маццахенга ваьхьира кресли чохь Iийриг ойланаша. «Ванах, маца, мичахь, мила вара иза?» — чIогIа кегайора воккхачу стага хала а, атта а шена дагадогIучийн чалхаш. Цкъа буьрса, самукъе, тIаккха ирча, гIайгIане, юха цхьа тамаше, кхета хала — эделлачу гIуллакхийн гIаларташ лелара воккхачу стеган юьхьа тIехула. ТIаккха лергана хезаш дуьхьал тесира тIеман землянки чохь карти тIе вогIавелла воллучу шена хьалха а хIоьттина, вуткъачу лейтенанта Ятуевс аьлла: «Со отпускера схьакхечи-кх, майор Андреев!..»

«Ша ма-дарра и аз ду-кх кхунна чуьра луьйриг. И ши бIаьрг а, хьалхакхетта меран буьхьиг а-м бу Ятуевна тIера баькхкхича санна... Тара хIара Анзор велахь, — куьзганашна тIехула а, уьш дIадаьхна а хьоьжура Семен Иванович дIаволавалла воллучух тарвеллачу веаначуьнга, цецвуьйлуш.

Мацах тIеман буьрсаллехь садоIийла яьллачухула, воккхачу стагах там ца хетташехь, Расус, хьахоза ца Iелуш, масехазза вийцинера шен цхьаъ бен воцу Анзор. Уьш ду хIусамдена дагадаьхкинарш.

Майра дIатевинарг а, зингатан болар хаззал чоь хьаьшнарг а ша Анзоре аьлларг хетта, и вистхилча, шадерг меттахIуттуш хетта хIусамнана, маслаIат дехьа, бохуш санна, Семен Ивановичехьа йирзира.

— Ма кхералаш. Ас дIатокхур ду айса шуна дина зен! — аратасавелира дуьненна а вусавелла лаьтта дегбааме Анзор.

— Токхур дац, кху чуьра ара а ваьлла-м. Хьан ден хеннарчу оха хала вовшахтоьхна... — дуьхьалъелира хIусамнана.

— Наташа... — ирахIоьттира Семен Иванович. ХIинца шена дуьхьалхIоьттинчу сибатах эхь хийтира цунна шайн еанчу кепана.

— Сацаехьа хьайн зуда. Ас схьадахьар ду шуна... — дарвелла, вегавора, амма воьхна вацара ватталу Анзор.

— ЦІе хІун ю хьан?

— Анзор!

— Анзор... — пуьцкъаш багах долуш, малвелира дог вон хилла Семен Иванович — Суна дагадеънарг... — тІетуьйхира къастош а, ца къастош а.

ТІекхетта Анзора, охьа ца кхоьтуьйтуш, дІалецира «Ва Семен Иванович!» — шийлачу маьхьарца цунах хьаьрчинчу Наташин майра. Меллаша ваьхьна дивана тІе охьавиллира догкІадделларг могашчу шиммо.

Юккъерчу дегІахь, кІайн кур болу Наташа ерриг егайора каррехь. Шераша а, цхьацца халонаша а аьхна цуьнан къена юьхь басаяьллера, кІайн, можан йиттинчу цергаша тІехь цІеллех хІума доццу балдашна це еттара. Мегарг кехат ца доуьйту марера йоІ, шаьшшинца ца тарлучу несо дІавигина кІант — уьш дагадаьхкинера, майрачунна сихха кофеинови маха а тоьхна, цуьнан корта карахьчу Анзоре хин куршка кхийдочу йоккхачу стагана.

Жимма хи Семен Ивановичан бага а доьттина, хьаьж тІе а хьаькхна, схьаеллачуьнга куршка юха а кховдош: «Деца Наташа, гІайба бахьа кхунна гІов билла», — элира Анзора. Хи бухахь санна, и хезира воккхачу стагана. Вистхила са дацара. ГІайба ца безаш корта тахкийра...

Меттабан боьлла цуьнан синкхетам Анзор дІавахарна кхоьрура. Цундела тІеттІа чІогІа теІара, бІаьрган негІарш делладала, бего цуьнан корта кІентан кара. Хьеннан карахьчул а эвхьаза, аьхна хетара воккхачу стагана Анзоран карахь. И хаийта кечлучу цуьнан бІаьргийн негІарш юккъехула охьадиссина, хьаьжкІан бурттигел, сирла хин тІадамаш мекхашлахь а, лерга юххехула керчина а дайра. Делладелира бІаьргаш. Леррина Анзорна тІедогІаделира уьш. Хьуьйсура. Хьуьйсура.

— ХІаъа. Ву... — элира Семен Ивановича, цуьнан куьг схьа а лоцуш. — ДІадаккха хІума дац...

— Ахь хІун дуьйцу, Сёма? — бете а таьІаш, хаьттира Наташас.

— Наташа, мацах ас вийцинчу лейтенантан Расул кIант ву...

— ХIахI?. Хьуна муха вовзара иза?.. — доккхачу шина стаге хьаьжжинчохь висинчу Анзоран бIаьргаш цхьа тамашийна къегара, сихделлера. Меран яххаш вон ехьара. Хазахетар а, халахетар а ца гора цуьнан яьржаноччу юьхьа тIехь. ДегI цхьа тамашийна малделла хеталучу цу тIехь вукху шиннал а билгалоне сеттара шеко. Воккхачу стага долийнарг бакъ ца дечу Анзорна башха шена а ца хаьара, и, пхьид санна, шийла шеко цо хьехочух шен кийра стен, хIунда хаий. Амма да тIамехь вийний, немцойн карахь вуй, бохуш, дукха хезначу кхуо дегабаам хийланна шен байнчу тешамах бора.

Я гома а вац цуьнца. Муха хуьлу: мацах доьшуш волуш цхьана кIанта кхунна дех дерг цахаар тIехтуьйхира; Iалашвийр ву а аьлла, молла Хизара бен бохийра; шаьш дика до а моттуьйтуш, къолашка марзвинарш жулигаш хиллера; лагерехь цара кхин а талхийра. Цхьанхьа а, шинхьа а балха кIотта воьлча, хьаькамо, лаьцначуьра веанийла хиъча, хазчу хабарца говза петуьйхира кхунах. Ткъа хIинца кху чуьрчу гIуллакхан юьхь а доккха ши стаг церан лар эца хьаьвзина ца хета доллучух тера йолаелла. «Юьхь-м хаза ю хьан эшаран, хьуьнан хьоза, хьовсур вай цуьнан ерзаре» бохучу кицанний дайна, дийца ахь ладогIа Iеминчунна, дагаоьхуш Iечу Анзоран ойланаш лозу корта тебойла лаха хьаьлхира. Мер дара-кх!..

Ваьсса шега хьоьжучу Анзоран керара меллаша кIегархиира Семен Иванович. Наташин хахъаьлла самалхаделира.

— Волгоградехь фашистех летта Расуца, Днепрах цуьнца ваьлла со, Анзор... — къурдашца дуьйцура Семен Ивановича. — Дрогобыч-гIалахь чIогIа къийлалора фашист. Цо цигахь дийриг хаа дезара и схьаяккхар тIехь долчу тхан дивизина. ГIе ца гIуртуьйтура. Ткъа бIаьр-

гаш а хьаббина чухахкадалархь тешам байнера. Фашиста-ша ерриг тхан шайна тIелетийлешка минаш юьхкура. Цкъа-шозза а дIаяьхнера оха уьш. Амма хIинца чIогIа ларбора цу сапарша вайн минераш. Iуьйранна тIелата, сахилале дIаяха езара минаш. Вахара Ятуев, кхо минер а эцна.

Задани Расус, гуттар а санна, кхочушйира. Iуьйранна оха гIала схьаяьккхира. Валаза ваьллачу шина накъосто бахарехь, Ятуев, лаза а вина, лаьцнера юхабогIуш хIорш тосабеллачу фашисташа...

«Бакъ ду-кх хIета и церан кара... Ийт-т, горлера кхардам яI», — оьгIазалло, дегI тхьусдолош, кийра тов хьовзийра Анзоран.

— Кхин ца вайра-кх хьуна иза?

Цу йишйоьхначу хаттаро ирахIоттийра воккха стаг. Иза а харцахьа тидира дегабаамечу Анзора.

— Муха?.. Отпуске цул тIаьхьа ма веара иза. ЧIогIа хьостуш-хьогуш шайгахьа ваккха, ламанхошка герз охьатаса радиохула кхуьнга алийта, легионе хIара язвалийта гIиртинера гитлеровцаш. Боккха ницкъ оьшура Расу кхеро. Iехо... Амма... — Анзоран гIоргIа амалш гIеххьа йовза воьлла Семен Иванович ша лаьттачохь дIасахьийзара, кхидерш ца хьехош, къамел кхечу ялкхан тIе даккха бахьана дезаш. Хьовзийна, да а делира цуьнга иза, хилазниш тIе ца диттича а тоъал йолу, Теркайистера дуьйна шеца тешаме тIеман некъ бинчу Расун дикаллаш а ягарйина.

— Велин хьо? — хаьттинчу Анзора: «Амми» тIехьарниг хIун ду техьа хьан?» — бахара дагахь шега.

Цуьнга динчу хаттаран мукъам, Семен Ивановичан даго ма-лоьхху, башха чевле бацара, цхьадика. Амма цхьадолчу хаттаран аьртачу юьхьигах тешийла яц.

И хуучух тера дара кофе мелчахьана ша дуьйцур ду, хIинца рагI хьоьгахь ю, аьлча санна, Андреевс диллина «Казбек» гIутакх Анзорна хьалха таттар. Цигаьрка а

хьекхош, ладогIа тавелира кухни чу хьоьжу воккха стаг:

— Куьг ма хадалелахь, Наташа!

Цкъа-долчунна, башха реза-м вацара Семен Иванович цуьнан бен ца хетараллина. Юха-долчунна, къахко ца дезаш хетара иза.

Ша цуьнан цигаьрка латош а чIогIа лерана хьоьжура Анзор воккхачу стеган бIаьра. Лергаш лаззал еззашехь, ша ца уьйзира, цунах бехк лаьцна.

Кхузахь ала деза: цхьана а хIумана тIехь гIиллакх, оьздангаллий, ницкъ а кхочуш, шегара доккхуьйтур доцуш вара Анзор. Мел шога, мел кIоршаме ша велахь а, маьттаза дош а долуьйтур дацара багах. Я осалаллех хьаса а бацара шен дегIаца. Цкъа дIавулий, ден безамана, тIекхетта мараволла дог хуьлура Анзоран Семен Иванович. Доккха хIума ду-кхи тIеман кIуьралахь дика а, вон а деца декъна стаг. Дуьне цо муха дитина ца хуучу дега хьежна бIаьргаш, цуьнан куьг лецна куьйгаш, аз хезна лергаш. Ирс яI церан! И хетачу воIана бехк билла кIант вина а хир вац дуьненан кийрахь нанас. Да, халкъана хьаналчу цуьнан гIуллакхаш — дера хуьлу уьш ладогIа ца кIордош, схьаэца а, Iамо а хIуманаш шайх дукха дохкуш. Семен Ивановича Расух далийнарш, дийцинарш-м муххале а. Цкъа верриг царна юккъе а воьдий, веший, хийцалой, кхин хуьлий дIахIуттура Анзор. ХIинца-м меттаван воллура хIара аьлла хеттачу хенахь, тохарлера гIордаз а хуьлий, шен леман тIе воьдура. Воккхачу стеган «аммо...» дагазавохура, теша ца вуьтура цунах.

— Суна Iаьржа а, кIайн а бен дац. Эвлаяэх а дисина хIара дуьне-м. Хан кхаьчначу дийнахь со а лийр ву...

Тапъаьлла сецира Анзор, шаьшшиннан дуьненан къамел чекхдалийта. IаддаIара иза, цIенкъа а вогIавелла...

— Эвлаяаш муьлаш бу, суна хаац, Анзор. Амма ахь хьоькхург-м къаьхьа баца бу... — кIажара яхана Iаьнан тиша ши этка тIера кIентан баккхий когаш а, кач, пхьуьйшийн дуьхьигаш дайна, майки тIехула йоллу цуь-

нан морса пиджак, тIехьа йома тиллина, голаш зарзбелла галпеш йолу хечий, лаба кагъелла коьртара фуражкий Анзорна ца тосалурриг тергалдира Семен Ивановича, кху ирсечу дуьненахь цуьнан гIийла латтарх чIогIа доглозуш.

— Шена доьгI-доьгIнарг леладо хIораммо а.

Цо, бIаьрган негIар а ца тухуш, деллачу оцу дашо, дикка йишйохош, цецваькккхира воккха стаг. Ехха ойла йира цо цу жоьпан.

— Ой, мила ву, ва Анзор, цхьабоссачу адамашна сел бен-бен дуьне доьгIнарг?

ЦIехьана шега луьйчунна тIевогIавеллачу Анзоран даккхий бIаьргаш, чкъургаш санна, керчина, меллаша тIекIелдевлира. Цуьнан гIоьрттина сацар цхьана хIумашна-м реза воцчух тарлора цкъа, тIаккха цхьа хIун ду а ца хуучухьа таьIара. Цхьа гIурт боллуш хеталора цуьнан коьрта чохь. Цхьаъ-м дагадеъча санна, хьалагIаьттира Анзор:

— ДIавоьду со.

Шен хаттарна жоп дели делара ахь, бохург Семен Ивановича юкъадалийча, адамашна бен-бен дуьне декънарг дела ву, элира Анзора багабуьззина. ТIаккха гIуллакх лаа дацарах шекваьллачу хIусамдас, кухни чохь чкъиж даькккхина цIийннана сихьян санна, стоьла тIе пIелгаш туьйхира, ирахIоьттинарг бIаьрган эшара кегонуьра а ца соцуш.

Хизарца ийгIина, и волчуьра ша схьа ма-велли, катоьххана миччахьа а балха хIотта воьллера Анзор. Шинхьа-кхаанхьа а вахара. Царалахь уггар хьалха хIара ваханарг химзавод яра. Вуно хаза къамел хилира кхуьнца кадрийн отделашкахь. ХIинца-м чекхделира гIуллакх, аьлла кхунна а хоьтуьйтуш. Документашка хьийса мабевллинехь, хабарна хьовха, юьхьа тIехь а хийцалора-кх хьаькамаш. Паспорт лаьцначуьра дIахоьцуш делла хилларо церан хьовха, Анзоран шен а береш бохабора. Кхунна хаъал эхь хетара, ткъа кадрийн отделаш: «Делахь, кху

сохьтачунна белхало оьшуш меттиг яц тхан. Кхечухьа дIанислойла хьайн ца хилахь, схьанехьа ладугIуш хила. Ялахь, хилийта хьовсур ду вай хьуна белхан меттиг. Цхьаъ дIа ца ваьлча... Ткъа, хууш ма-дарра, балхара дIавала луург кIезиг волу...» — цIакел, цIимокел дехьеш яхка юьйлалора. Карлаюьйлуш лаьттачу ламеша Анзоран хир хадо долийнера, сингаттаман ойланаш а саяьхнера. Балха а хIоьттина, дерриг дIанислур ду моьттинчу кхуьнан дикка хIуманаш яйа дезийтинера шена хеттачу тIера. Ша вуно кIезиг ечу набарх а, самах а ирча Iаламаташ туьйсура Анзорна дуьхьал, дуьне лелий дIа долуш; юха еса, шера аре хуьлий дIахIуттуш; тIаккха дерриг адам Iаьс-майдана лоьллуш; мерз санначу сурта тIех дийла гIерта уьш бухахь Iечу саьрмикийн бага оьгуш...

Масане дийшийра уьш Хизар-моллас кхуьнан къоначу даг чу. Синкъерамей, самукъей дан хIума карацадаран гIайгIанечу ойланаша хьийзочу Анзоран коьрта чохь хаддаза карладуьйлуш лаьттара и инзаре Iаламаташ. Дуьненан диканах, ирсах... дог дохуш, деккъа цхьана эхарте сатийса вохура цара хIара. Хизара лелораш дага а догIий, чIагIлора Анзор. Амма Iийна дIаладоьгIча, гIенан-кхоьлех Iилмано довзуьйтучех кхеттавалазчу кхунна шен дог, ерриг ойланаш юха а цу къухалахула дIаяхана карайора.

Вуьшта, хIинца Семен Ивановиче аьллачунна тIехь дIаваха сецца ваьлла-м ца хетара Анзорна ша цкъацкъа. Цкъеллига-цкъа ела а еллий-техьа аьлла, кхоьлина, хьашаелла яра Анзоран, кхин мел дерг санна, нуьцкъала, хораме, скульптурачул башха меттах ца хьовн юьхь. Оццул кху чохь хан йоккхуш, хIинца цхьаццуьрг церга тIера балда айаделира, цуьнан юьхьа тIехула дедда велакъажар, наб ца тоьаш дистинчу бIаьргаш чу а иккхина, дайра.

ШолгIа кIира дара Анзорна Кесира ганза. Дешичаца ийгIина араваьлчахьана, чIогIа тебий, Iаламат къайлах

юкъ-кара Кесира ган эвла ца кхаьчча, бат йолура кхунна. Цкъацкъа, хIара кхача хьевелча, шаьшшиннан цIийнан маьIIера маьркIажан бодаш кегабой, цаевззарг а хуьлий карайора, вахана дIакхаьчча, кхунна йоI а. ТIаьхь-тIаьхьа хьомечу цу цIийнан маьIIехь мел хаза хир ду дагатасаро тоьхна муьрг яра Анзоран беснийн хьесий хIинца деладала озийнарг. Анзоран са арахь дара, йоIана совгIатана цхьаъ яхьа нахарт яккха меттиг лоьхуш. ДIавахар дагадеъанчохь, цIенкъахь Iуьллу «Рекорд» а яйна, дерриг дуьйхира.

— Ва Анзор, хIун даьллачунна къийдина цу дала хIара маьлхан дуьне хьуна сел чIогIа?

— И цуьнга хатта ахь, — элира Анзора, башха схьанехьа а ца воьрзуш.

КIентан дахаро хийла галц кхоьссина а, гIо хьаькхна а хетара шортта туьха а, шеначулла шекар а диъначу воккхачу стагана юьххьехь дуьйна. Дика дайна бос, хьожий кIезиг кхетара Анзорах, и мел дIасахьийзорах. Дерриг чохь сецийна, вукъвелча санна, лем байна. Дуьненна а дера дара цуьнан шадерг: лер-лелар, хьажар-латтар, хаар-гIаттар... ХIунда? Цу тIе кхача везара. Эккхийта езара и Iаьржабiаьрг. Хеттарш, хьестарш юьхьаза дуьсура. ТIаккха гадохуш, леваькхина, юкъ-юкъа велавала хIума а ухьуш, тилийна, эха йолаялийтира Iаьржабiаьрг. Дукха сиха сецира-кх, гIоза ма хиларг.

— Сох къахета-м ца воллу хьо? Баркалла. Ма хеталахь. И «со ца хиллехь, вайна ваьллера» тIаьхьа Iуьтту дика болх хIоккхуза лаьтта суна! — логах пIелг тесира Анзора. — Нехачух а хьаьгна, кхин адам кхаьрдар дац сох...

Къурдана хьакхийнчу цергех гIарж доккхуш, охьатаьIира жима стаг, бIаьргаш чу доьссина хи лачкъо. Дуьззина цо схьа ца алахь а, цхьана онддачу бахьаненна Анзор дешича волчохь Iойла а, бен а боьхна лелаш хиларх догкхиъна вогIура Семен Иванович. Вуха цу верасана тIе гIорта юьхь йолуш дуй хьан цигара аравалар,

бохучу тIехь шега дина къамел «Хуур ду суна!» — хадийра Анзора, шеха кIоршаме.

— Ткъа балхахь мичхьа, хIун деш ву хьо, Анзор? — хаьттира Семен Ивановича, ладоьгIна, цуьнан кIоршамаллина ша бIокъажошшехь.

— Лагеран къинойх цIанлуш, гехь бо ас болх. И кхачийна суна...

КIант лагерера хилар, и шек ца волуьйтуш, лерана дIадиллира Семен Ивановича. ХIинца хаъал бехказа дара Анзорах дохку цхьадолу хIуманаш. Шен хабаран мукъам а, аз а хийцира къеначу белхалочо:

— Вон бо. Лагерера хиларх-м... Кхана дIавола. Тхан бригадехь стаг оьшу. Крекинган оператор Iемар ву хьо.

КIажвахана велавелира Анзор:

— Наташин телевизор такха, бахий ахь? Баркалла. Ма кхералахь. И соьга гехь а такхалур ю шуна!

— Анзор... Анзор!..

Семен Иванович, ялгIу а буйнахь сехьачу иккхина Наташий тIаьхьа мохь беттачохь а дуьтуш, аратилира дегабаамо вуьйлина, Анзор. Вуха ца хьожуш, дIавахара. Амма коьрта чохь цхьа ойланаш-м яьхьира кIанта.

— Варий, Анзор, воьллахь крекинге!

Лами тIера тоьхна и мохь Анзоран лерга буьйлира, потт хилла.

Сиха хьаьдда дехьа чу а ваьлла, коре хIоьттира Семен Иванович.

Кху лакха тIера дика гора хIинца дикка ловсарбеллачу новкъа ша тессина воьду Анзор. Лерана хьоьжура Семен Иванович. Вуно безам хийтира цуьнан техка болар. ДатIийна даькккхина шен ден, Расун, болар хетара цо хьуриг. Жимма хьалха таьIна дегI а лелош.

ДIо воьдуш ву-кх мацах тIеман землянкин сени чохь:

«Семен Иванович, ас доьху хьоьга сан Анзоре а, я кхечуьнга а хIара цаяздар, багах ца даккхар»...— бохуш, ши бIаьрг хих а буьзина, лейтенанта Ятуевс кхийлина Анзор.

— Накъостий кIелхьара бовлуьйтуш, чов а йина, мо-

стагIаша лаьцна хиллера Ятуев. — Семен Ивановича Наташига долийна къамел хезча санна, вуха хьожийла а нислуш, гучуьра дIавелира Анзор. — Шена гIоле ма-хилли, гитлеровцаша цхьана Iалашонна тIеман гIирсаш лаьттах боьхкинчу меттиган билгалонашца буса сехьавелира Расу, фашистийн хорма а тIехь. Ас цуьнан минаш дIаяха вахийтар кIаж мехала даьхначу инарлас шолгIачу дийнахь лейтенант Ятуев эскарера дIаваккха веза аьлла хьовзийра со...

— Ой, хIунда?

— Хаац. И немцойн карахь хилла дела хирг хир дара-кх иза. Иштачу тIехь хала ма яра хIетахь вайн «Особи» отделаш эскарехь. Мохк безаш, цуьнан мостагIий ца безаш садала доллучу Расуга соь мичара алало иза. ТIаккха отпуске вахийтира оха иза, ша сеццачуьра сиха тхаьшка кехат тасар тIе а диллина... Лелаш хьевеллачу шен кехатан лорах: «...Хьо демобилизовать вина...» аьлла, оха еллачу телеграммица веана, верриг вела а велла, цхьана дийнахь тIаме дIакхечира Расу тхуна тIе. «Хьажахьа, накъост майор, цу телеграфо диначуьнга. Вала-м ца вели со, догдаьттIа. Хала лачкъий хьуна ас хIара суо новкъавоккхуш хьийзинчу колхозникех...» — элира цо.

Соьца Iен фронтан советера инарла шек вацара. Сан мотт ца керчира. Тхан яйначу гIар-тате ладоьггIинчохь висира лейтенант Ятуев. «Телеграф гIалат ца яьлла. Иштта нисделла-кх иза, телеграммо ма-баххара», — инарлас аьлча, сан дегIе шийла зуз деара. Расун юьхьа тIехь цIийн тIадам ца бисира. «Мохк а ца ларбойтушший?.. ХIунда? Муха? Мича бахьанина? Со вац вайн пачхьалкхан декъахь? Суна бац цуьнан мостагIчун бала?.. — велхаран къурдаша хедадора нохчочун аз. «Лаккхарчо бохург кхочушдо эскарехь. ХIара тIом бу!» — хадийра инарлас.

Меллаша, телхаш аравелира лейтенант Ятуев. Вон мел дерг хьоьхура даго. Инарла схьа а хьаьжна, вахана араиккхира со. Сени чохь ша-шена лерга юххе тапча

хIоттош воллура лейтенант. «Расу!..» — тIекхетта, схьаяьккхира ас цуьнгара тапча. «Ас хIун дора?.. — цIарулцIийвелира иза. — Баркалла, Семен Иванович. Баркалла, — аьлла, мелчу маьхьарца сох хьаьрчира. — Амма, замано хIуъу хьехахь а, Советан Iедална нохчийн кIант тешаме-м ву!.. — буй а ойуш, цо цергаш хьакхор хIинца а гуш хета суна, Наташа.

— Ткъа хIун хилира цунах, Сёма? — хаьттира зудчо хаъал гIайгIане.

— ШолгIачу дийнахь, штабехь шех дерг къасто ваха, окопаш чухула пакъостийн Iодика еш лелара Расу. Веана и схьахIоттарца командни пункта хьалхха, пурх кхетта, эккха хьаьвзира мостагIчун мина. Мелла а доьхна хиллачу адама юккъера катоьхна и схьа а эцна, юьстах хьаьдира Расу. Гена валале иккхира мина. ТIедахара тхо. Деггец аьрру белш пхьаьрсаца дIакхоьссинера Расун. «Иштта хуьлу аьллаш инарлега махкана тешаме кIант...» — цкъа а ца беллабала хьаьбира ламанхочун бIаьргаш.

Дикка адам хIаллакдийр дара цу мино. Ас и дийцича, Расуна ша халахетийтар дазделла, техкира инарлин корта... — ши бIаьрг цIенкъа а боьгIна, сецира Семен Иванович.

II.

Аьхкенан хаза маьркIаже. Стоьмийн хьожа кегочу мелчу мохехь яй-й текха юьртахь беш. ГIаша шабар-шибарш до. Наггахь туьрк а, Iаж а бужу шина цаьпцалго цхьаъ-м далхочу бацала. Стигалахь кхозу беттан цIеста экъа цIийнан маьIерчу жимочу аккази кIел хьоьжура нийсса. Лохха вовшашца къамеле даьлла ши адам лаьттара цигахь. КIайчу пена тIерачу цу шиннан Iиндагlаша цкъа меллаша, тIаккха гуттар сихлой, деттара балдаш. Шаьшшиннан гIайгIа яра цу шиммо ялхориг. Багахь карраш деттахь а, дагахь вовшийн дезачух тера дара цу шина Iиндагlан эсала, кIеда, детта ца луш, паргIат латтар.

Анзор, Кесирий ду хIара шиъ. КIанта, дерриг а санна, шен амале хьаьжжина, доца, гIоргIа дуьйцу. Ша ма-вву бен хилалой! Массо а хIуманан шен хан ю-кх: садов — сахуьлу, шелло — йохло... Ша вевза Анзор-м къера ву. Боллу бехк шена тIелаьцна а, машар, барт, марзой — уьш деза, паьрга салаьтта. Амма, вир, бай тIе озийча а, баьIашла хьийза баьхначунний дайна, дIаладоьгIча, шечунна тIехь караво.

— ВаллахI, еза-кх, Кесира, сайн са санна-м. Дийца ца хаьа-кх. Я вон а хир ма вац хьуна, — шен ницкъ макхоччу кIеда-мерза лоьра Анзор.

— Вон хир вац тов, — яшацаре беттасе лецира Кесирас духин шиша. — Марзвала гIерташ а хIоккхул жима хIара, йигина ваьлча, ма дазлу дай хьуна.

— Гур ду-кх, со балха а вахана, вайша даха хиъча, Кесира, тешахьа.

— Мичхьа ваха гIерта хьо балха?

«Балха» дош Кесирас хIинца деза озош олу хазале дуьйна а хаьара Анзорна, дагIахь а, ца дагIахь а, лакхаро хIума дезаш, «палс ма-ббу хеца когана» тIехула хьоьжуш хIара юйла. Стенна тIехула а цхьаъ хьахавелча я цхьа хIума дийца даьккхича, шен «эсса-кх» туху Кесирас, ласттадой, юккъе. «И хIун динарг ву?» «Говзачо ши дакъа доу». «Уьш хьаха ю кIай-мадлу шайталш!»

Докъазалла делахь а, я ирсана хилахь а, куралла хьийзо Iамийнера цо ша.

ЭхI аллал хаза яцахь а, ша къовса кIентийн догдоуьйту хIуманаш шех дохкуш яра Кесира. Тесна елаялар долуш. Шега бохург метта дилла а, доггIучуьра эцца ала ахууш. Яхар-яр, хаар-гIаттар когашкахь доцуш стаг яра Кесира мехкаршлахь. Уьш дерриг а хабарийн хьуьнах, моллигахь къанъелла йогIучу ненайишера Iеминера кхунна, дин, и марздан гIертарш, тIехьа а туьттуш. Нецас делан балица Iамийна ламазан хIуманаш кхуо дицдина хIун хан ю! Амма, кхаьрга еъча, хIор шен хен-хенахь гуттар «оллохI-оккубар» а дохуш, гора еттало шен меха хIу-

ма доцчу доккхачу шина стагана тамана. ТІе, хІинца а, пхьуьйра-ламазана корта тоха кечлучуха арайьлла, еана лаьтта Кесира кІантана ког хьоькхуш, цІийнан маьІе гІуммагІ а хІоттийна.

Шена Анзор везаваларан а, хан мел ели марзваларан а бахьана стенах доллу хаалуш яцара Кесира. Цхьаъ ду: хІума дар, алар, кхунна санна, атта хеташ вац, тІеттІа цу тІехь чІагІлуш схьавогІу Анзор.

Бакъду, багахь дина хІоаш кхарза ца лойла хуучух тера дара «Дича кирг хала дац», — Анзора аьлча, Кесирина цергех ян дийлар. «ХІара карара валийта ца веза. Дуьне тІекІел даккхадаллал нуьцкъалчу кхуо, сурт санна, хаза со, шегахь Іийча тоьаш, хи чу пІелг а ца тухуьйтуш кхобур ю», — соьцура йоьІан дагахь, кхидерш дІа а туьттуш.

— Деллахь, Кесира, ас-м кхин хІара-иза аьлла къаста а ма ца бина болх. Баре хьаьжжина талур бара и-м, цкъа цхьанахьа дІанисвелчахьана, — элира Анзора, лагерера веана дикка хан ялар а шен балха вахарна хаъал дуьхьал дийлар лерана хьулдеш, кхунах и цакхетар гІоле хеталуш.

— Эсса-кх, дера ма гІуо мич-миччахьа а-м. Дукха сих а ца луш, жимма кара хІума йогІу йоллучу тасало кхо. Хьанчул ах йоза доцурш искаладашкахь, якхийчу туькашкахь ма бохку...

«Э, йоІ, ма тІаьхьа дуьсу-кх, ма генахь соьцу-кх вай. Сан матар тесна классаш-м хьаха ца йогІу заманна хьорккех а», — дагахь олуш, Кесиринга хьаьжинчу Анзоран корта бай-й хьала-охьа таьІира байттамалле, дагахь балламе.

Шаьшшинна вовшийн дуьххьар дезалучу муьрехь Кесирас дийцина дела, Анзорна хаьара, Хизар-моллин хьехамца дас-нанас кхозлагІчу классера юкъах яккхарх, вуьшта а школе тІаьхьа яхар нисделла иза дешаза йисар.

— Ма кхералахь, Кесира. Вочу балха ца ваха чІа-

гІо-м со йина ваьлла хьуна. Вайшиннан безам бацахьара мегар а варий хьовх... Цкъацкъа, хІуъу далла, сабІарзло. Юха хьой, вайшимма дуьйцучун теш хІара цІийнан маьІиггий... — шу дага а догІий, меттавогІу, дуьне хазло, серладолу суна. ТІаккха вайша кхузахь ган юьллу хІара буьйса тІейоьхуш лела, шадерг а дицлой. ХІун ду а хаац. Хьо яйча дайло-кх мел хьегнарг а, довриг а... Хьажахьа, хьастахьа, баркалла алахьа, Кесира, кху хазчу буьйсанна, хьайн десара.

Эццахь саца а сецца, ша хІинца динчу къамеле ладуьйгІира Анзора. «Ванах, суна хІун хилла?» — шех цецвуьйлура. Безам хьастар, цунна хьаставалар-м хьеха а хІунда дора. Цхьана а бартана шен дог мискъала-зарратал кхоаделла меттиг дага ца йогІура кхунна, берахьлерниш ца лерича. Дависа, иштта дасталур дац-техьа, кІадлур дац-техьа, бохуш, шен хьекъал ма-ларро хьаьстира Анзора цхьана тоамо-м дохдина, тедина, тІулгаш тІехь шовданан хи санна, хьаьаш, кийрара схьаэккхал детталу шен доккха дог.

Дикка дист ца хуьлуш, буьйсанан аматаш дохуш, цуьнан садаІаре ладоьгІуш, цуьнан хьожа йохуш, шаьшшимма доьІучу синошка, детталучу дегнашка ладоьгІуш, лаьттира.

— Іар-сацар хьенан-цигахь долуш ву, хаьттира ахь соьга хьастаха. Сов ма вуьйлийла хьо а далийра ахь, — вуолавелира Анзор, Іийна.

Бакъдерг аьлча-м, Кесирина башха дика шена а ца хаьара, и тІаьхьарниг юкъадар шен муха нисделира.

— «Алда» поселкехь ненан маьхча ю сан. Вижа цига леста. Балхана йортъетташ садовига а, цул тІаьхьа а воьду... — бакъдерриг элира Анзора.

«Дешазчу сох нийсарой хьаьггарг хила деза хьан гІуллакх — бохучу Кесирех чІогІа къайладаьккхира Анзора наха туьканашкарий, базаршкарий эцца хІуманаш царна цІа кхоьхьуш, гехь болх беш ша хилар. И хиъча, Кесирин шех догдаларх вагарал совнаха, эхь а хе-

тара кхунна ша лелочу цу тIехь. Амма ехарал, лачкъорал тоьлаш лерара иза.

— Уьш хьоьгур бу-бац хаац, Кесира. Амма сайн аьллар хилахь, хьо царех ца хьего-м гIуртур ву хьуна со, вайшинна вовшийн доьгIнехь.

— Хьан ирс-м довр даций. Диц а лорий. Хьастаха со дIаяхале цхьацца хьехамна чубаьхкинчаьрга а вуьйцуш, хьан гIайгIа еш, гуттар акха а ваьлла висарна кхоьруш, нецина а хьо хестош вара Хизар. Вайшимма йиллинчу тховсенна сарахь еанчу соьга нецас хIун боху, хаьий хьуна?

— ХIан? — муха-хIун хета деза а ца хууш, воьхна виснера Анзор.

— Сов хIуманаш а доцуш, ван хуучу зудчунна лело атта майра хир волуш стаг ву, боху-кх, хьо.

Шиннен а гIар-тата яйра. Анзора чIогIа ойла йира цу хабарийн. Масийтта хьоьхура даго, лаамо, хетачо.

— Ткъа хьуна хIун хета цу хабарех?

— Суна-м вайшингахьа хета уьш,— даьржана дара Кесирин аз.

— Вайшинна дукха дезарой, тешаме хиларой бен къастор дац иза, — долийра Анзора. — Со кхоьру. ДагадогIий хьуна? Стохка Хизара шен зудче, хьан нецига, вайша шайн ши бер хета элира. Ткъа цул тIаьхьа ша соьга хIоттийнарг? Хьалхалераниш-м дуьтур вай ..

— TIаккха?

— TIаккха вайн безам кхин а хьулбан беза. Цуьнан къалато гIорта дагахь, хьуна хазийта долийна хабарш дуй а хаац уьш. Тосабеллехь, церан шеко йоврриг бадо, ларбан беза вайша бен да воцу безам. И тоьла. Ткъа, нагахь дикачу дагара и хабарш девллехь, хударна даьтта сов ма дац, оьрсашний дайна. Цара мичча хьовзадахь а, вайшиннениг меттахь хир ду, — хаттаре сецира Анзор.

— Бакъ бах ахь, Анзор...

Марха дуьхьалара дIатеттинчу беттан сехь вовшашна делакъежжинчохь сацаделлачу кху шиннан къамел хадийра учахь еллаеллачу неIаро. «Кесира!» мохь а хезира цунна тIаьххье.

— ХIай! ДIайогIу! Чохь хи ца Iенчо, кху беттасехь ламаз оьцуш яра со-м, неца, — аьлла, шен гIумгIи тIе хьаьдира Кесира, меллаша: — Еарин сарахь... — беша юккъе таьIинчу Анзоре а олуш...

III

ГIалитIа лела автобусаш совцийла серлаяьккхина йогучу ламнина гонах хIачъэккхийтина хьийзара садолчу хIуманийн вай. Итт даьлча кхача еза машина ларъеш, рагIу кIел Iачу адамашна, меллаша веана, тIекхийтира Анзор. Цуьнан юьстахо гIанта охьалахвалар мискъала-зарратал тера дацара йоIе ког хьекхийтинний, и хьистинний вогIучух. Амма гуттар теIа тIера кхуьнан дог-ойла мелла а масъя, ирайогIа ларабеллера нуьцкъала безам, мергIада цунах дIа мелла къаьстинехь а. Мацалла чуьйраш къекъахь а, кхузара дIавахарх, машина схьаярах хьоьгуш ца хеталора Анзоран пацкъар теIар. ХIан-хIа, мичара! Кху Кесира йолчу Эвтарахьара хьаькхна мох а хазахетара Анзорна-м гIалитIахь. Безаман марзонан цу кег-мерсаллин чомал хьалха кхидерш а девлла... Кхуьнан леларх цхьаволчунна хIара адамца шовкъ йоцуш, цунна церг йоьгIуш, дог боьха, къиза стаг ву моттадала герга ду. ХIан-хIа. Мичара! И бакъ дац. Сан дешархо, ма дагна кIеда, къинхетаме, адамана тамана цIергахь вага а кхоалур воцуш ву моьттахьа Анзор. Вовшашна диканиг дан, лаа бен адамийн декхар ца хеташ ма вара хIара цхьана хенахь. Чекх ца дели-кх, дависарг. Доллучунна хIара бехказа а волуш-м ца нисделла иза иштта. Амма цуьнан юьхь йолийна бахьанаш кхул дехьахь, кхуо Iалалай дешшехь, лилхина. Эццигашхула ладоьгIу, адамаша ша сий доцуш хета, уьш шех къехка, моьттуш, хебош

тхьусдолийна кху мискано и шен цIена дагар, схьа мосаз гIоьрти, охьадалхоран меттана, кху тIаьххьарчу хенахь тIе къаьркъа дуьттуш.

Цу балхо гуттар, дечиг санна, вакъош мазакъволийнчу Анзорна, хьастаха Семен Ивановичца къамел хилчахьана дуьйна, цкъацкъа ойланийн хотешлахула дIавоьдий каравора ша. ХIинца а цу ойланийн мур боккхуш воллучух тера ду кхуьнан дуьненна букъ тоьхна Iар. ХIара тергалвеш, кхунна тергаллуш дацара шайн-шайн хабарш дуьйцуш, забарш еш Iен, лелан адамаш.

КIира кхачча доллу дуьненна а дарвелла ша маццалц лела везарх кхна безам болуш Анзор волу. ХIинца цунах хоттаделла дагатеснера кхунна: «Зуда ялийча мукъана хIун хир дара-техьа?» И луьстий хьовх кхуо?..

Хьуна ца моьттучо гIо деш а, вуно атта дуош а хуьлу. Дуьненан гIиллакхаш иштта ду.

КIеда, мерза ша-шена велакъежира Анзор. Цхьаммо а ша тергалвой-техьа аьлча санна, меллаша дIасахьажира.

И мила ву — нисса кхунна тIе вогIург? Хьаьжира, хьаьжира Анзор. Болар цхьанначух-м тера хетара. Хьеначух? Дага ца вогIу. Ца вевзара. Дийнаниг санна, тешаме а яц-кхи буьйсанан серло. Цхьаъ хир ву-кх, IаддаIара Анзор. Веана, кхунна тIехIоьттира иза. Хьоьжура, Iасана тIе а тевжина. ТIевеанчун нисса лампина букъ дуьхьал писваларо кху шиннан юкъ Iаржйинера...

— Анзор...

— Вай!..

Вагийча санна, хьалаиккхира, дешичан аз девзина, Анзор.

— Ваши, хьо вац хIара?.. Ахь хьун леладо хIоккху хена?

Дешича тIеveъча, шен хиъна Iарна бехкала ваханчу шичан воьIан лер а доьхнера. Шаьшшиъ мел къаьхьа къаьстина лелахь а, шен са а кхуьуш гIиллакхах вохаран гIалат дужуьйтур дацара Анзора шегара. Баккхий-

чаьрца гIиллакхах хIара мел халачохь а воьхна вац. ПаргIатехь а, паргIатазехь а царна хьалха дечунна кхоаделла дегI дац кхуьнаниг.

— Дера ву, Анзор, со-м. Ахь мел оьгIазвахийтичи а, сан шичан безам ма бу хьо... Схьавола Вашина... — цхьана куьйга маравоьлли Хизара шех шийла схьахьаьрчина шичан кIант. Охьа а лахлуш: — Марха даста дIакхайкхинчу лулахочо хьо ахтобусара вуссуш вайра а аьлла... ХIинций-хIинций хьо чуволу, бохуш, Iий. Кхин тоха са а ца хилла, араиккхина со...

Воккхаллехьа лестича беран кхетаме воьдучу къеначо аьлларг, динарг гома а ца хеташ, харцахьа а ца дохуш, Iадъа декхарийлахь лоьрура Хизара кегийнаш. Ша хIуъу алархх, сел чIогIа шена букъ тоха Анзоран бакъо яц, бохура цо. Амма шаьшшиннан юкъаметтиг оцу ша биттинчу барто мел юхъхьа яьккхинехь а, Анзорна иза оццул даздаларх доккха беркат даьлла, бахара воккхачу стага. «Шена везачу стага аьлла хIума хала чIогIа хета. Цунах хаьа суна, вайша товр вуйла. Расу-миска а веанера вайшинна орцах. И гIенах вайначу Iуьйранна со къинтIера ваьлла хьуна, хьо а вала суна. Кхин вовшашна цатам а бина, нехан луур доккхур дац вайша, далямукъалахь...»

Шен ма-хуьллу велха ийзош а, бехкаш дохуш а, кхунах уьш кхаьрдачу тIера нахана яппарш еш а — хьоьстура Хизара, дIааьллачух цкъацкъа дагахь теша тIера Анзор. КIезаха хьаставелла а, нитточуха къовзийна а, сугIа хилла цунах хьаьрчина а, адам Iехо, качдан, тило, шена тIедерзо Iемина, муьлххачу агIор дийца а хьаьвзина ца хеташ, цIога доцу цхьогал дара Хизар. И луьйш хезча, адамана диканиг цунначул чIогIа лууш дегI латта хьоьшуш дац, моьттур ду.

Берахь дуьйна да Iаламат дукхавезаш, кога вахале дуьйна вижар-гIаттар ненацачул алсам цуьнца долуш вара Анзор. ХIетахь цуьнгара схьаэцна «цIо-цIо» хIинца а олуш ду кхуьнан наг-наггахь. Кхунна цхьаъ марздан дез-

ча, «хьан да а вара ишттa», олий дерзадора Анзорцара шен къамел нанас. ТІаккха кІантана и тоьура, дена мехалчун юьхьъян, и лара. Цу лаамах хІуманаш хІинца а шех дохкуш вара Анзор. Цо чІогІа ладоьгІура, Расу гІена-кхоьлах гарх лаьцна Хизара хІун олу-техьа, бохуш. И ца хуучу вукхо шениш дуьйцура. Амма Анзор Іе ца велира хаттаза.

— Муха вайра хьуна, Ваши, дада гІенах?

— Ахь хІун дуьйцу, Анзор, ахь хІун дуьйцу... — Шичан воІ шена юххе охьахаийнчу Хизаран лер качделира, лакхаделира. — Схьавелахьара ша аьндерриг, шена дагахь доллург далхадора мискано...

Карара суьлхьанаш а эгош, бІаьргех йовлакх хьаькхна, воккха стаг уьш шичана тІехдаьхкинарш дан воьллера. Амма дерриг тергалдеш, хи санна, лела вуьш-м делха хьовха, негІар тоха а ца кхуьура.

— ТІаккха, Ваши, тІаккха? — доладеллачо салаьцна Анзор, ладогІа тІера кІадвелира, ваставелира.

— ДІанехьо таьІар вайша. Лергаш семий, меттанаш дехий ду адамийн...

Шаьшшиъ луьйш цахеззе, нацкъаро доллучу дитта кІел бодашка велира хІара шиъ, вахана.

— Вайшиина юккъерчу цатаман бала бу Расугахь, — волавелира Хизар. — Бутт хьалха а вайра суна иза ишта. ГІала гезйира ас хІетахь, хьо лоьхуш. Тховса, цхьадика... Сох а бехкаш доху. Дакъа кховдоза хьо а ца вуьту. Ас хІуъу аьлча а, воккха со дІатаса бакъо ца ло хьуна... — Гуттар пекъар хилира дешичах: — Ден-ненан бертаза ялсамане ца кхачайо, Анзор, къорІано доьзалхочунна. Иза ахьа дешна. Ас бохучул тІехвалахь, хьуна и къен ю, бахара чІогІа хьо кхуьйлучу Расус.

— Ой, ва Ваши, ахь ца витина бен ма ца вахана со хьо волчуьра дІа...

Дуьненан хазаллех, паргІатонан мерзаллех, хецца волавалархь хьоьгуш, цаьрга сатуьйсуш, лаьцний, вон лелачийн карара ца валалушший яьккхинчу хенахь гІенийн

тидамех а, даго хьоьхучех а, полехь, кхетаман гомхаллин цхьацца билгалонашкахь хIуьттучех а теший, цераи дикане догдахий Iемина волу Анзор хIинца а царех цIанвалаза вара. Цунах мелла а хIуманаш ца хууш Хизара долийна олийла йоцу хабар ладоьгIучун ойланашкахь соьцура.

— Къеначу сан дош маттал хьалхаэккхар бахьанехь, ахь вайшиннан вовшех хьегор тоьар ду. Мунепикъаша бусалба дин хьийзор ду, эвлаяаша баьхна тIаьхьара зама ю хIара, Анзор. Делан цIе яккха. ХIинца хьо жима а вац. Ма дицде, ма дайа ас хьайна хала Iамийна къорIанаш, кхин мел дерш. Уьш дицдинарг къемат-дийнахь бIаьрзе гIоттур, аьлла ду. Беллачарна мел луо. Кхетта со лахь, дуьсучун да ву хьо. ЦIаверза... — шена луъ-луъучухьа хьийзара Хизаран хабар.

— Вайша вовшийн хилаза-м вер вац, Ваши. Амма, вайшиннан дог кхаьрдийла йоцуш, айса цкъа а хьан иштнехьа ца йиъна сискал хьоьга кхин тIех ца тухуьйтуш...— там-товрех ларвеш, шо вацийнчу дешичера хиллачу халахетарийн шеддаш легашка а хIиттина, луьйчуьра сецира Анзор, хIун ю ца хуучун бIаьра вогIавеллачохь.

— Берриг сан бехк динах, делах а ваьлла, жоьжахатин бIогIам хьох хиларна кхерар бу. Дика ши бусалба дара хьан дай, наний... Болх лоьху, боху ахь. Хаза ламазмарха а деш, суна тIаьхьавала. Мовлад еша а Iемар я зуькар дечийн вирде хIотта. Уьш чIогIа хьо везаш бу. ШолгIа кIира ду, хьуна вовшахтоьхна, хIара пхи туьма цара соь делла, — беттасехь дегадора, шен ши бIаьрг тIехь, дийна пхи туьма дIакхийдочу дешначу стеган куьг.

Шен са а тIехь луора Хизара мурдийн ахча Анзорна, вухавирзича делера ял а, кхуьнгара пайда а хIара хиларан дегайовхонца.

Дог тохаделира ахча сиха кисана диллинчу Анзоран: «хIинца охьакхачахь-х вай со вузур...» Дикка хан ю гайна оьздачу кхуо вуззалц хIума яаза.

Хьаьнггара а, миччара а, мухха а йолучу хIуманна

бIаьрг къаьрзачу ненан маьхчана, цхьана «мегочу» нислахь, ваархьама тIелаьцна хIара соввала воьллера. Къаьсттана и билгалделира Анзорна хьастаха ша: «Ва неца, ма дика баллало-кх хIара шун доьзал туьканарчу оцу цхьана Даудана догIучух», — аьлча. Цу гома хьажарх меттаязачу нецас «цо беанчу мухье хьожжий, хуьлу виран хьаьвда а», — элира, цкъа Анзор чуверъча, «баха — несей, хаза — йоIей» бохучу кепара, шайн чуьрчех цхьаьннан бIаьра а йоьдуш. Вуьшта а дегабаамаш лехьо Iемина волу Анзор-м кхийтира цу къамелах. Цхьацца вокзалехь а йоккхуш, дедда-юкъий бен цига кхин буьйса яккха ца воьдура, хIара тIаккха дуьйна.

«Телевизор!» Ша бахьанехь йоьхна телевизор а еара дага. ХIан-хIа, дерриг дитина а, йоккхачу стеган мел баккха беза, хьоьхура даго. Семен Иванович! И башха адам!..

— Ваши, суна дадица тIамехь хилла стаг карийна хьуна.

Дагахь дарвелла Хизар тамаша бина ца волура эццахь Анзоран кIадделлачу лерах. Дитта кIел Iеначу беттасехь, дIаса а теIаш, цуьнан юьхь-сибат ган ветталора Хизар. Мелла велакъежна вара Анзор. Дезара, тайнера да хьахавар.

— Карийна? Муьлхачу эвлара, хьенан-мила ву хIара? — хаьттира воккхачу стага.

— ГIазкхи ву иза-м.

— ГIазкхий? ХIета дош дац. Суна-м, хIума хаа а, теша а тамехь адам ду, моьттура. Шайх тешша дохкучу вайна хIуъу а говза тардо цу копарша. Хьан ден-м кIезиг шовкъ яра хьуна цаьрца, делан мостагIашца.

— Ваши, цо дуьйцурш-м бакъ хила герга хIуманаш ду. ХIетахь дада отпуске вар дуьйцу, ша ма-дарра. Дада тIаме юха дIавоьдучу дийнахь цуьнга эскарера телеграмма кхачаран биста кхаччалц.

Дагардо дадин гIиллакхаш, аматаш, лер, лелар...

Воккхачу оьрсачо шега дийцинчех, цунах шена мел

моттаделлачех теша а, ца теша а — шина даггахь Анзоран хIетахь дуьйна а хилар дикка чIагIдала гIертачух тера дара, корта а кIамбеш цуьнан ойланаш лела йовларехь. «Ванах ишта ду-техьа иза?» — хоьттура ша-шега сихдина.

— Мичахь кхеттера и хьох? — хаьттира Хизара хьашавелла Iачу Анзоре.

— Банехь.

Гихь церан телевизор цIа эцца ваханчохь и къамел шен Семен Ивановичаца деана хилар лачкъийра Анзора дешичах. Цо тIаккха, цхьа цатерриг юкъа а даькккина, юьхьенца шена вуно догдика хетавеллачу вукхунах тешам, безам баккха тардалар ца дезаделла.

— Цхьа хIуманаш хаьа хир ду. Ваставала кийчча хьо лево. Варий, юха и тIеIотталахь, хьайна Расу мила ву а цахуург хилалахь. Немцойн караваханчу пунна тIехула хIаллакьхирий цо лелийнчуьнца гIуллакх доцу вай.

— Ой, ахь хIун дуьйцу, ва Ваши! Дада-м ма ца вахана немцойн кара. ТIамехь и вийна, аьлла, кехат ма деара тхоьга, мама дийна а йолуш... — гуттар цецваьллера Анзор.

— Даийтина цуьнцара вайн зIе лаца шайна атта хилийта. Хийла адам хьовзийра, холча хIоттийра кIетахьлерчу замано вайн пачхьалкхехь цу бахьанашца. Далла бу хастам, хIинца уьш дац. Амма Расу мостагIчуьнгахьа валаро вайна цIиной, хастам цкъа а кхачор бац. Цундела, лергаш таIIийна адамаш нилхачохь, хабарш гомхачохь тоьла вайна, Анзор.

Шен ма-хуьллу деза, дагош, кхераме дохуш, аз хьийзош, кошара луьйш санна, дегIе зуздалош, кхоьлина дуьйцура дешичас. Ирча мел дерг, дог мел дожориг, ойла мел йохориг, хье мел ховзоберг ала дукха хенахь дуьйна Iемаш, шарлуш схьавеанчу Хизара шен дерриг хIилла тIетаIийнера Анзор юхакаравало. «Юкъ-кара хаспана цIий даккха хьан карахдаьлчахьана, вай-м ас йолах леладойтучу ахчано а кхобур ду. Далла Iамалъечу вайна

наха ца оьшуьйту долу сахь-закат мунепикъаша мел лардичи а. О-о, далла хастам яI, хIорш гIаж ластийна бовла бохкуш. Хийла бусалба хьакхин суртахь Iаьс-майдана хIотта гена дац, Анзор. Дала къинхетам бойла вайх. Ларло. Кечло цу денна. Велха, корта тоха аллахIана. Бита гIазакхий. Кхерамехь ву хо...» — цхьана шабар-шибарца куьйгаш хьалалецира Хизара.

Тапъаьлла гIар-тата яйна Iийра хIара шиъ веха, вист ца хуьлуш. ОхьатаьIIина ойланаш йора Анзора. ДIасахоьрцура, кегадора, вовшашца дустура кхуо цIавеъчахьана дуьйна тховссалц дешичас шега дийцинарш, хилларш, дайнарш, лелларш... Цхьадолчу хIуманаш тIехь бакъвора воккха стаг. «Там бара со хIинца дена тIехула а хьийзо», — кхеравелла, вегийра Анзор.

— ЭльхьамдуьлиллахIи роббилIаламийн, — куьйгаш юьхьах хьаькхира Хизара. — Анзор, эвла хIун дагахь веара хьо?

Юьрте а, куьпе а бIаьрг тоха са а гатделла, веара ша, Анзора бохучу кенахь, майрчо аьлларг чекхдоккхуш, Хизаран зуда цIенкъарчу кIинжийн истанга тIехь, Кесирина меран шичан кIант хестош Iара, шена ша цуьнга яхана гIан дайнчуха. Самах бакъхуьлура и саннарг, бохуш, йишин йоI а зуьйш.

Автобус схьакхочуш яра. Адам, шен ларча-марча къовлуш, вовшийн меттахъхьебеш, кечамана тохаделира. ГIовгIанаша юьйлира автостанци.

— Анзор, хьо хIуманна дукха садууш хуьлу. ХIинцалц схьа санна, вай ларделчахьана, Расу Уьстамалахула шен бусалба-вежарех дIакхетта хир ву. Ткъа и коьртахвахар кхузарчу вайна хьовха, цигарчу цунна а новкъадан герга ду. Ницкъкхочург ву-кх вочунна юкъара, — шеца Iийриг тергалвеш, можах кахьоькхучу Хизаран бIаьргаш, мархи тIехьа лачкъа боллучу беттасехь тIекIелдевлира, кIайн керчина.

— Махкана хьарам а хилла, цигахула дIаваханехь, и

да а ца оьшу хьуна, Ваши, суна! Везандела, цхьана а меттехь ког ма хIуттийла цуьнан, и бакъ делахь, — дера гIелвелира Анзор, ша Iаччохь тоха а луш.

Оццул дена чу садиллиний, и вуьйцуш де-буьйса лаьцна Iен а тIерий хиллачу кIентан оцу сацаме декначу дешнех бен тамаша ца кхачалора Хизаран. Кхунна цкъа а ца тосавеллера, диканна а, вонна а да хьахавеллачу тIехь Анзор, хIинца санна, чуьраваьллий, дарвеллий. Бакъду, ямартлонна юкъа хьакхавелла-м вацара Расу хьалхенгахь. Цунна хила там бу Анзоран сел дог-ойла йоьхна, социйла дайна хьовзар.

— Стеган дагара хаархьама, цуьнгара даьллачун жоьпе хIотта а бIокъажор болуш вац со, нагахь Iедало, и иштта хила деза, бахахь. Амма ямартлонан сий цхьаннахьа а хила-м ца догIу, — оьгIазе ира а хIоьттина, автобус сеццачухьа вирзира Анзор.

— Анзор, — элира хьалаайавеллачу Хизара, — суна сайна хьалхарчу нехан зудчах там ца хета, бер санна, хьуна тIаьхьаваза. Хьо сан аьллара тIехь бакъахьа ву. ЦIа верза...

— Хуур ду вайна, Ваши... — хьеречу ойланашца автобуса тIе велира Анзор.

— Оцу ахча деллачаьрга хIун ала ас?.. — йолаяла етталучу машинна улло иккхира Хизар.

Хьайна луъург... Со-м... — Анзор кхин хIума ала ца кхиавеш, йолаелира автобус.

— Яздехьа Лечига. Селхана а чIогIа хьо хоьттуш кехат деана цуьнгара, — кхоьссира Хизара тIаьхьа. И ца дезаделлачу Анзоран басо масех гуо баькккхира, хийцалуш, керчина.

«Леча...» — аьлла, дIавоьдучунна тIаьхьа волавеллачу Хизара, кехат а хьехош, цхьа хабар-м дуьйцура. Амма цхьа и цIе хезча а бIаьрга цIий хьаьвзинчу Анзора лергаш чу пIелгаш доьхкира. Кхидерш-м ца хаза кхиира иза. Ткъа цIарца долчунна тIаьхьависира. «Леча» — лерга иккхинера. Арайолийла лоьхуш санна, хьийзара иза

кхуьнан шина а лергахь. ДІадаьстира кхуо и шиъ. Амма ара ца йолура цІе. «Леча». Шишан чу яхана зІуга санна, сагатдеш, екара иза.

Мичара, хьенан цІе ю-техьа и Леча? Ма ца езаели-кх, ма ойланашка ваьккхи-кх цо Анзор. Чкъург ма-керчча йоьдучу автобусан кор дІадиллира кхуо. Лергаш чу мох хьовзабайта воллу хир вара. БІаьргех суйнаш туьйсуьйтуш чехка йоьду шерачу новкъа машина. Корах чу иккхира тийначу буьйсанан байн мох. Анзора дукха сатийсина винчу мехкан токх хьожа...

Йижазчу аренан тайп-тайпанчу каппаш юккъехула уьду некъ. Іаьржий, сийний, можий асанаш. ДІога комбайн йоьду кІа хьокхуш. Хьуьлла трактор йогІу бІал бохьуш. Адамийн аьзнаш а лелха техникан гІовгІаналахь. ДІо серлаяьлла еттало шекардоккху Шелара завод...

Дахаран пха. И соцуш бац дийнахь а, буса а, шелах, йовхах а, тІехь, бухахь а. Анзора лерана ладоьгІу цу пхоиан беттабаларе.

Адамийн ирс дебочу нехан куьйгаш ду дахаран пха кхуьйсуш. ЧІогІа куьйгаш, дечух ца Іеба куьйгаш...

Стиглахь дато седарчий, лаьттахь дашо сердарчий! Гой хьуна, Анзор, и бІаьрго ма-лоццу дІаоьху ирсан ораман Ленински седарчий?..

Іойла тоеш меттах а хьайна, шен стаммийчу пІелгийн доккха куьг чІенига кІел гІортийра уьш гуш, хезаш корехь Іачу Анзора. Цу куьйган кІел лацар цхьана ойланаша корта базбинчух тера дара.

«Со... ванах, ас хІун леладо? Со ма вац цхьана а болехь а, я кхожехь а... Хир вара, хир вара со а, нах санна... Вохийра, уггар чІагІчулу хенахь эккхийтира, саттийра... Дависа, хІетахь Сабир-акагІаьргара со дІа ца ваханехь Хизарца... Иза а, сибрех а — уьш дІадевлла хІун хан ю... Ткъа со... Маццалц, маццалц лела веза, хІара пал бетташ. Адамийн хІун бехк бу? Со царна оьгІазъоьху, реза вац, дукха хьолехь царех къехка, ца теша. Кху Хизара сайга хІуъу аьлча а, мел цатам кхуо сайна бича а,

цхьа сайгахьаниг кхуо тІаьхьа ала дитина ду, уггар хир хаьддачу хенахь сайна кхуо цхьа дика болх бийр бу, моьтту суна. Ткъа, кхечо сайга мел эриг цо алаза дисинчух а догдоккхуш хета. И хІун ду-техьа? ХІунда ву-техьа со иштта? Я массо ву-техьа иштта?.. ХІан-хІа, ишта-м дуй, хьовх. Сан ойла, лаам, суна хетарг даима, толлан гІа санна, дегош, лесташ, херцаш лаьтта. ЛадоьгІуш Іашшехь бов сан дуьйцучух а, луьйчух а тешам, схьалаца бахьана а доцуш. Стен вина, хІунда ву-техьа со ишта? Вашица долчу тІехь хІунда ца хуьлу-техьа суна иза? Собардехьа, собардехьа...» — эццахь дагадеара Анзорна ша тергал а ца деш дитина Салмана цкъа аьлларг:

«ХІан, дика ду. Ас йоьшучу книжкаша стеган мах — цо хаддийнарг; адам хаздийриг, хасториг — цуьнан гІуллакхаш; адаман ирс цуьнан шен карахь ду, боху. Дийцахьа айхьа доьшучу къорІаной, дечу доІанаший, Іамочу аяташий бохург. Вист ма ца хуьлу хьо? Ца хаьа хьуна? Цара уьш дерриш а велча хуьлуьйту-кх. Хьуо мукъаваьллачухула хьажахьа царех вайгахьа дерг къасто». Ванах, ас цуьнан ойла хІунда ца йира хІетахь?.. — коран бІаьргарчу шега хаттаре хьоьжу Анзор вогІавеллачохь висинера. — ВаллаІазмор, и-м бакъдуьйчух тера ма ду. Мел гІортарх... моллас бахар доцург кхин Іилманца кхетам луш, теша бакъонца ког хІиттош я кхечу кепара схьалаца кхуьуш хІума-м дацара ас дешначарна а, я цо суна хьехначарна а тІехь: Салмана ма-аллара, суна эхарт деза дуьйцура Хизара, ткъа, ша сихвелла дуьненан даьхни тІекІелдохкура, машинаца ас ахча кІезиг даькхкхича, тІе а къерзаш. Царех шегахьа дерг къасто хаа-м йоккха арифметика оьший хьовх... — дагахь бохучу Анзоран юьхь, хІиттина бІаьргаш, бурош хьийзош, керча евллачу ойланаша лаьцнера. Уьстамалахь хир ву, тов, дада... Шен са дадийна, мостагІчунна къурд аллал бен стаг вацара дада? Дера мамас-м веза ма вийцира иза. Тхо долчу веъча цу эпсаран леларрий, цо йийцарехь, цунна тІехІиттина тІеман киртигашший-м яцара фашистана корта тоха та-

мехь. Цу дех тарлойла дуьненан тІаьхьало суна эрна хетта хуьлу-кх тІаккха... Хьастах гІазкхичуьнгара суна хезнарггий, тховса Вашис бохурггий, стигална латта санна, гена ду-кх вовшашна. Семен Иванович-м хестийна а ца волура минер-разведчик Расу. Ткъа Вашис иза дайи, гуттар даьгначу даьккхи... ХІан-хІа, Семен Ивановичах кхета хьажа веза. Цуьнгахула къастадала там бу соьга бакъдерг. ХІара хьалхалера зама-х яций цу тІехь со кхера. (Амма цул а дайчу хІуманех дІанхинчу шерашкахь хилла хІаллакьхиларш девзачу Анзоран дегІе, и тхьусдолош, вузхьаьдира). Ткъа нагахь... ДІавуьйнда шена, хьанна хаьа, ямарт дех схьаваьллачу ас хІун дер а, цхьа меттиг тІехІоьттича. Лаха, лаха веза Семен Иванович... тетя Наташин декхар дІадала йиш а ю, цхьадика...»

Поезд тІехйолуьйтуш некъ хадийна шлагбаум ирахъяхара. ТІаккха йолалуш автобусан тохаяларо дІасакхоьсича бен ца хиира оцу ойланаша лаьцна Іийначу Анзорна шаьш гІалитІа кхаьччийла...

IV.

Трамвайн некъаца схьавеана, гуола а тухуш, охьавирзира Анзор. Шина а агІор машинаш а лелаш, дехьий, сехьий сийначу, дукъачу дитташа кхолийнчу гІашлойн новкъа вогІура иза, стенга кхиа гІерта лачкъо санна, паргІат. Юкъкара адамашка а, ша-шега а хьожура. «Кавказ». Сецира. «Голубой Дунай» вальс техкайора оркестро. «Дера деза ах бІе туьма доло, — неІарге вахара, шегара ахча дукха хета лиъна Анзор. Башха юькъа а яцара ресторан. Чувелира хІара...

Пена уллорчу могІара охьахууш дуьйна, Анзор чІогІа тергалвора дІо-о сонерчу стоьло. Ши йоІ, кхо кІант — цхнъ дара цу тІехь. Кхунна тІера бІаьрг дІа а ца бокхуш, вукхаьрга къамел дора царех цхьаммо. Шен Іарехь, компанин тхьамда хеталора иза. Вукхарех а хьожура наг-наггахь цхьацца схьа.

— Веа шуна и ас баьхнарг, — элира кхарех цхьаммо.

— ХІара вайн стаг ву... Хьовсал цуьнан бІаьргаша кего чоь. Эврика, хьовзадел кІантана цІога! — приказ делира баьччас, охьа а таьІна. — Аш шайн гІуллакх де!..

Низам чІогІа дара стоьл тІехь. Компани даа-мала йолаелира. Анзоре цІоцкъам кхуссуш, шен кад а бассийна, гІаьттина, сеттина араяьлла, юха чу а еъна, цунах хьакхалуш хьаьвзина Эврика охьахиира Анзоран стоьл тІе, шурул-кІайн варий а ухьуш:

— Цигаьрка муьлхачу гІутакхара узу ахь?..

— Цига ца кхаьчча со, — элира «Памир» яьттачу Анзора, дІаса а хьаьжна.

— Накъосташца кхочур ву... Эврика...

— Анзор...

КІайн, кІеда, довха дара и схьакховдийна куьг. ЦІаза-пІелгаш чу кхечира Анзоран дегІе хьаьдда йовхо. Тохаделлачохь диснера дог. Лелинера дерриг дегІ. Хьаьрсачу йоьІан, бамба санна, кІайн варий оба аллал яра тамехь. Даьржинчу басаро цІий диинчух тарбина бетан буьхьиг-м башха эхІ аьлла хІума дацара. Амма васташ хоьржучохь юй йовха жималлий, сел сиха тохаделла, ловзадаьлла цІий...

— Валохьа, хІара юза гІертачул, кийчачу стоьла тІе. Цхьаьна самукъанехо а ду...

— Сан заказ...

— ДІаяхьар ю-кх официантко.

Чухула пхьарс боккхуш, гІаттийна, вехьира Эврикас кху тІаьххьарчу хена гІехьа адамаш деза ваьлла Анзор. Мацах эвларчу чайнехь шена хІоьттина кеп дага а еъна, гуттар ког байбелира кхуьнан.

Веза тІеэцна, гергарлонан куьйгаш луш, охьаханйра стоьло Анзор. Шаьш ма-лоьхху накъост хеташ вовшашка хьовсабелира стоьла тІераниш. Хьакхаеллачу бедаро ца дохура, дегІан доккхаллой, нуьцкъала хеталучу межепаший дохура Анзоран куц.

Дуьзира кедаш.

— Тешамечу доттагIалли тIера! — кад кхайкхийра боцца лергина корта, стомма ворта йолуш, къорзачу футболки чу ца тарлучу тхьамдас Буяна.

Кедаш дIамелира. Даа-мала шортачу стоьла тIехула ез-еззачуьнга кхийдаш, хIума яа буьйлабелира, цхьацца забаршца бела а буьйлуш. Эврикас стоьла кIел, буйна къуьйлура, хIинцале шайх воьлла, сакъераделла вогIучу Анзоран куьг.

Шен заказ — 150 грамм къаьркъий, борщан бошхап схьадеъча, цIазам санна, цIийвелла Анзор онддачу заказана тохавелира. Вуьшта а Буяна хьашт дац боху, иза юкъахдисира официантскас хан дIаяьлла а аьлла.

Юх-юха а доьттира, мелира кедаш...

— Оркестр, нохчийн хелхаран йиш!.. — туьма пIелгаш юккъехь куьг айира Буяна.

Эшаро ловзаяьккхина чоь. Цхьаццаболчара — нохчаша а, оьрсаша а — шайна ма-хаъара, хелхаран кепаш хIиттайора...

Оцу гIовгIанехь цуьнца къамеле ваьллачу Буянна, хьийз-хьийзош Анзор балхахь вацар а, лаьцна ваьллина хилар а хиира. Къайлах а, къулах а вовшийн чIогIа тергалбира, аматаш дехира кхара.

Дукха хан ялале дIакъевлира ресторан. Вуно дика кепаш йолу хIорш, стол кхачийний, кхачозий ара а бевлла, лахьабелла Бароновке бахара «Зима» тIехь.

Шел тийний, Iаьржий меттиг гIали чохь кхин юй-техьа аьлла бара, Соьлжал дехьа яьллачул тIаьхьа, Буяна машина чуерзаяйтина урам. Гена довлале, машина кхидIа йоьдийла дац, аьлла, охьабиссира хIорш.

Цкъа-шозза гола а тухуш, гIаш дIанхинчул тIаьхьа цхьана кетIахь севцира. Кхара туьттуш-уьйуш керта тIехула дехьаваьллачу жимахволчо ков дIа а диллина, уьйтIа бевлира хIорш. Барззал дара сера тIехь лела овчарка — «Гитлер». Керта оьзна динчу цIенойн цхьана а корехь лампин сип тIадам бацара хаалуш. Шеца болчийн леларна а, лерна а байбалар Анзор кхеташ дацара. Цун-

на тІетаІабора кхуо бехна корта, амма хІумма схьа ца лоцура цо. ДегІана а, дагна а цхьа тамашена хетара, хІун ду а ца хууш. Ша лелочунна дохковала вулура, коьрта чохь ца соцура и Іалашо. ЦІанонан гІуллакхана дІаса а баьржина, юха схьагулбелира вуьш. Яй-й тоьхначу неІаран цхьаммо-м чухула дІадаькхина догІа чубевллачу кхарех цхьаммо дІатуьйхира екачу учахь. Чуччухула буьйлуш, бахана хІорш доккхачу цІа чу кхечира. ЦІенчу англин луьстрах догура хаза мел долчу хІумано дуьйлина иза. Анзоран бІаьргаш хьетІа бевллера: цІенкъахь Іохку кузаш, дезчу басаршца яздина пенаш, тІе бархат тоьхна кІеда гІанташ, диван, пхьегІех къегаш сервант, бес-бесарчу маларийн такхора гуонах шийла закуска а лальташ стол, радиола, гитара...

— Дахаран романтика, Анзор, бен-бен ю адамийн. Цхьаберш стигала буьйлу, вуьш лальтах оьху, кхозлагІчара цераи а, вукхеран а некъаш шордо, дацдо. Кибернетика йолийна, адаман дагара хаа машинаш ян гІертарш а буьйлу... Суна-м вайн романтика тоьлаш хета: сирла, мерза, кІеда... — чухула куьг тесира Буяна. — Денъейша, Эврика, вайн стол... — кресло чохь техкира иза.

ГІори-гІоддах гІоьртира, шен кхетамний, ойланний юккъе хІуьтту маларан дохк эккха а дина, Анзор Іаламат чІогІа ша-шех дагавуьйлура кху хІусамах а, адамех а лаьцна: «Муха-хІун лелош, стенах бохкуш нах бутехьа хІорш? Берриш кху чохь Іеш болчух тера а ма дац... Хабар хаза ду кхеран, амма цІена адамаш делахь-м тамаша бу хІорш. Ванах, со хІунда веара кхаьрца? Там бара кхара со... Лаамана волучуха ара а ваьлла, ведча хІун дара хьовх... ХІан-хІа... айса лелочух хІуманаш юкъа а туьйсуш, хІорш сайх тешо хьажа веза... кхара лелочух кхуьур вацара-техьа?..»

Сихбелла вовшашца хабарш а дуьйцуш, диванний, гІанташний тІехь Іара вуьш. Вортана тІехула месаш охьаяьхкинарг, цхьана эшаран мукъама тІаьхьа гитара а

хьийзош, волавелла лелара чухула. Стол кечъеш йолу Эврика, дIаса мосазза йолу, гIантарчу Анзорах агIо а хьокхуш йоьдура. Цунна баккъалла а хIара везавала воьллачух тера дара. Ела дукха къежара иза, бIаьргаш а сеттош.

— Ткъа, вай муьлаш ду, Буян? — говза векхалуш, хаьттира Анзора.

— Вай кIедачун, — эццахь уллохула йолийла деанчу Эврикан гоах куьг туьйхира Буяна, — хазачун, мерзачун, — ира а хIуттуш, схьаэцца, шоколад кхаьллира цо, — романтикаш ду. Схьагуллол, берзалой!..

Цхьацца-шишша кад а мелла, буржуазни дуьненан маьттаза хелхарш доладелира радиолица. Ши йоI, кхо кIант цхьаьний долура, шиъ кхааммо шайна ма-луъу дIай-схьай а хIиттош, юкъ-кара мохь а тухуш.

Хьийзина, Буян юккъера схьавелира:

— Хьо а хьажахьа, Анзор, хьайга хIун дало.

— Баркалла. Суна хуур дац.

— Сан Эврика тховса юкъахь хир ю вайшиннан, Анзорчик. Хьажал цуьнан дегIе, цIулла-сара бац иза! Ахь боху йижа хаьа цунна. Аьхна, йовха... Пах-нах-пах... — Шаьшшинна коньяк а доьттина: — ШолгIа бах ас, тешамечу доттагIалли тIера!

— Буян, и тешам аш шайлахь иштта дукха бийцахь, гIеххьа шух чекх сагойла ю. Ткъа, суна бетташ и зайл белахь, тешам боцург вовзий, новкъара дIаваккхий Iеминачунна хала дац... Эрна хан а ца йойуш, шаьш лелориг, дан кечдинарг дуьйцуш, къамел дехьа. Суна дицделла берийн хабарш а дитий... — аьлла, соцунгIа хуьлуш, конфет а кхаьллина, тIетуьйхира Анзора: — Со когашкахь ца Iийна, Павлодарера кIентий хIуманаш дайна бIотIарчий яра. Цхьа юьхк я цуьнан онда га-м хьо а долчух тера ду, Буян. Юй вайн мIар летийла?

Цуьнан бIаьрга тIе бIаьрг нисбеш, техкина, сецира Анзор.

Веха Iийра Буян ойланашка таьIна, юкъ-юкъа лерга

юххе мІара хьоккхуш, дакхий синош дохуш, меттахъхьеш, гІуьттуш, охьахуьйшуш... Вуьш, гитара а лоькхуш, забаршкий, беларшкий бахана бохкура. Амма цхьацца мо къайлах тхьамдига бІаьца ен а, вукхо шайн маттахь жоп ккуссу а хаделира Анзорна масехазза. Схьахетарехь, уьш хІара зуьйш а, баьчча ккунна реза а хилла сурт дара. Дикка миноташ ехира Буяна вист ца хуьлуш, меттигаш хуьйцуш. ХІинца куьйга корта а лоцуш, коре хІоьттира:

«Со когашкахь ца Іийна...» тов. ХІара кадолуш борзю, — коран бІаьрга тергалвора ккуо Анзор. — Делахь а хьадалчи тІера воло веза...

Веана, тІехула пхьарс а боккхуш, Анзорна улло охьахиира Буян:

— Делахь, Анзор, тахана-тховса дуьйна вели хьо гехь болх бина. Цхьаьна ду вай. КІиранденна кечйинчу операцин ролаш екъна ю вайн. Машина карор доцург. Иза...

— И шоферна йогІу-кх тІаккха, — хоьттира Анзора шеца Іечун хаьдда къамел.

— Хьо шофер ву ткъа?

— Хьалхарчу классан!.. — схьаяьккхина шен права етира Анзора. — Лагерни! — паспорт а кховдийра дІа.

Буяна лерина дийшира Анзоран дерриг документаш. Цара вуно тешош чІагІдо уьш долчо мел дийцинарг. Стол гулйинчу тхьамдас шаьшшиннан къамелан кескаца а, цуьнан кехаташца а веза вовзийтира Анзор цунна тІера кедаш айинчарна:

— Вехийла, Анзор!!!

V.

КІирандийно сийсайо гІала. Адамех, мебельх юьзна йоккха тулка. ЧІогІа кечделла, культурно хІуманашка хьоьжуш лела Буян, Эврикий.

— Шуьшиъ духа деара? — ерриг ела а елла, хоьттура йохкархочо кху шинге.

Зуда ялийнчу марвешина совгIатана эца тамехь хIума лоьхура шаьш, бохура Эврикас. Йоьлуш, сетташ, хестош, мерза вуьйцура цо иза, безчу механ ридикюль а ловзош карахь. «Атта вешар волуш а ваш... Шифоньерашка хьаьвсича хIун дара хьовха?» — «Хьовсийша», — йохкархочо а аьлла, дIанехьа бахара хIорш.

Хоьржуш, хьуьйсуш лелачу кхеран тIехьахьуо лаьтта шифоньер эца бартхилира. Цу тIехь доккха гIо хIума хазъян а, хасто а, йохка а Iеминчу йохкархочо а деш.

Пенехьа хьовзош догIа дIатоьхначу цуьнан хаьн тIе мелца «Продан» а яздина, схьабаьхкина хIорш ахча дIадала тохабелира, йохкархочо кассе чек язъешшехь.

— Же, Бобик, ас хIара дIалушшехь, вадал, машенна... Кхеран хIума юу хан хилале, — йохкархочуьнгара чек схьа а оьцуш, сохьта тIе хьаьжира Эврика. Ахча дагардан йолаеллачу цо: «Бобик! — мохь туьйхира неIарге кхоччуш воллучу «майрачуьнга». — Карахь деза ду, вайн шифоньера чу диллахьа и хьайгара тускар, — элира, ридикюль чуьра догIанаш кассови чекаца цуьнга дIа а луш. — Со вокзале йоьду, багажни кассе. Кхна мега вай-м поездана...»

Вахана, ша дуьхал а хIуттуш, Буяна догIа дIадаькхинчу неIар тIехьахула тебна шифоньера чу иккхира, Анзорна хIорш бевзачу буса кхаьрца хилла юткъа йоI. ТIаккха, шегара сетка чу а тесна, шифоньер неI йолчу агIор, пена юххе дIа а теттина, Буян, шайца мах бинчу йохкархочунна уллохула а ваьлла, машина яло вахара.

Дукх хан ялале «хIума яа» горгали а бекка, адамах яссаялайолаелира дукха мах бен, гIовгIанах юьзина лаьтта тука.

Цу хенахь шина накъостаца цхьана тийначу урамехь лаьтташ вара Буян. «Трехтонки» тIехь веана схьаккечира Анзор.

— Мичара ели хьуна хIара? — гIеххьа реза волуш а, воцуш а хилира Буян.

— Iалхан-юьртара сан цIархо ву кху тIехь. Хьажал путевкига, — гайтира Анзора... Ян а яра путевка ккуьнан цIарах. ТIаккха паргIатваьллачу Буяна, машина хьалха чу а хууш, яхийта, элира.

ХIорш дIакхачале, йохкархой шайн директорца хIума яа, баханера. Ткъа, туькана чохь йисина юткъа йоI. чIогIа ларлуш, кассаш чуьра ахча хьарччийна тIоьрмига чу а дерзийна, ша хиллачу шифоньера чу юьйлира, каррехь егош. Кара ккаьчначу ахчано майраяхахь а, ккоьруш чохь са дацара. Холча хIоттахь, мала кечйина «читокан» ах хьалаерзийра йоIа. Хаъал дог майраделира, лагIделира егор. Куьйгаш, когаш метта ца догIура. Бодашкахь гучу сохьта тIе хьаьжира: «Делкъал тIаьхье ю. ХIинцале со машина тIехь хила ма езара...»

Дукха машинаш лаьттара цIерпоштнекъан переездо некъ ца луш. Царех цхьанна тIехь вара сихвелла сохьте хьоьжуш, йийнйоьхна Буян. Тишчу «Победи» чохь геннара туьканан хьалхе ларъеш Iара Эврика.

Мох санна, еана, къевлина йолчу туькана хьалха сецира машина.

Адамех юьзинчу столови чохь шайна юург охьаюьллуш хьийзара туьканан йохкархой. Схьачунккхина Буян хьаьдда цара кечъечу стоьла тIехь Iачу директорна тIе веара:

— Накъост директор, делан балица машина писъеллера, пхеа минотана ахь тушка еллийтахьара, и шифоньер арайоккхур яра-кх ас, — карийна кIеза санна, хьставелира Буян, кассови чек цуьнга дIа а кховдош.

— Тхо хIинцца ма довлу. Жимма собар дехьа, — сахьта тIе а хьожуш, чек юхаелира директора.

ЦIерпоштана а тIаьхьавуьсу ша, шофер а сиха ву, аьлла вала-ван хьаьвзира Буян. Схьа тIегулбелира, стол юьйлина бевлла, йохкархой. Дукха лерана хьесталучу Буяна бохург дан кIадвелла шайн директор хеталучу ца-

рех цхьаммо: «Иштнехьа чуьрко ю а ца тухийла хаьий хьуна, кIант, хIинца?» — кхоьссира забарна. Берриш бийлабелира.

— Дехьа цуьнан гIуллакх, — юхарна шифоньер йоьхкинчуьнга догIанаш дIакховдийра директора.

— Баркалла! Накъостий, бехк ма билла. Айса йохийна аппетит шампанскица меттахIотто, — туьманан кехат охьа а кхоьссина. Шун тIус балале хIара схьавогIу шуна... — шеца вогIург а эцца, дIахьаьдира Буян.

Йохкархочо неIаран догIа доккхушехь, тукан чу иккхинчу Буяна, догIа а тухуш, сиха раз хьовзийра шифоньер: «Же, дIалацалаш, юучунна тIера а гIаьттина веана хIара накъост вайн дуьхьа».

«НеI ларьелаш, куьзга дохорий аш», — йохкархо улло а лелхаш, араядийна шифоньер, Анзора а лоцуш, машина тIе яьккхира.

Цу минотехь, цIерпоштана тIаьхьадуьсу, аьлла, еана «Победи» тIехь схьахIоьттира Эврика.

— Же, лаллалахь, накъост шофер, вокзале. Тхо тIаьхьакхуьу хьуна...

Тука дIакъевлина ваьллачу йохкархочунна гергахь шина грузчикаца расчет ен кеп хIотто Буян воьллачу юкъана Анзора машина дIаэккхийтира. Йохкархо шен столови вахара. БуянагIеран «Победа» грузовикана тIаьхьахецаелира.

Гена ялале лецира «Победо» грузовик.

— ХIинца догIа даккха деза шифоньеран, — элира шек дIа а воцуш, шоферана улло Iачу Буяна, гоьл тIе ког баьккхина цигаьрка уьйзучу Эврикиний бен, басах хIума тIехь доцчу накъосташка. — Со цу тIе ма-велли, аш, хьалха лилхина, цкъа и лагI а йина, юха грузовикана некъ лучу юкъана тхойша, цу тIера охьа а иккхина, кху тIе дер ду. Анзорах хирг хуур ду вайна. Кхийтин шу? — «Кхийти». — Тука еллале гIалех лелха деза...

Елларан, болх баран, къовларан порядкаш, йохкархойн амалш, гIиллакхаш деха теллинчу кхарна хаьара,

делкъанна къевлича, уьш цхьа минот а хьалха туькана чу ца боьлхнйла.

ХIинца а бара уьш дIо IиндагIерчу гIанташ тIехь буьйлуш, забарш еш Iаш, туьканан хьалхе адамах а юьзина...

— Итт минот... — сохьта тIе а хьожуш, хьалха-тIаьхьа бIаьрг туьйхира Буяна. — ТIетаIаел...

Грузовикана тIе батйиллина йоьду «Победа» аьрру агIор, цунна улло иккхира.

— Анзор, шифоньер дIалаца со тIевалийтал. Леста. Харцахь, куьзга духур ду цуьнан! — мохь туьйхира Буяна.

Ца сецира грузовик. Хеза хир дац, бохуш, юх-юха а **улло лилхира «Победа» маьхьарца. ГIуллакх ца хуьлура.** Хьалхаяла юьйлира. Некъ ца бала, схьатаьIира грузовик.

ТIаккха шекбевлира «Победи» тIераниш. Кхерабелира чIогIа.

Машинан идар а, хеза мохь а лор тIехь ца хетта, шифоньера чохь йоллург фонерах урс хьекха елира... Чекхъюьйлу цуьнан юьхьиг яйра «Победи» тIерачарна.

Юха а, хьаьдда хьалхаяла а гIуртуш, улло иккхира грузовикана «Победа».

— Сацае ца боху хьоьга, зуьдан кIеза, машина!.. — ворхIазза йолу тапча Анзорна тIе лецира Буяна.

Хаъал герзах ларлуш, машина чехка а яьккхина, Iуьйранна хиллачу шайн бартаца верза ца вогIучу новкъа чувирзира Анзор.

Шифоньеран хаьн тIехула араялла йоллура йоI. «Даркх-даркх» — Буяна шозза тапча туьйхира. Грузовикан тIаьхьара чкъург ченан къахь а гIаттош, хецаяла йолаелира.

Чан йижна яьлча, сецца лаьттачу машина тIехь гучуелира шифоньера чуьра арагIерта йоI. Ша бехна, цо схьакхоьссина ахчанан тIоьрмиг схьалоцуш, юхахьажаеллачу Эврике: «Машина йогIу...» — мохь белира.

Шаьш тIехлелххашехь, Буяна шозза ялийтинчу тапчех цхьаъ димбухке кхетта, Анзор охьавахара...

Дуьхьал йогIуш милицин машина а хааелла, юхахьаьдда «Победа» тIаьхьа йогIуш хиллачу угрос схьалецира, Анзоран грузовикара ядайоьллачуьнца.

Мотт ца луьй Анзор больнице снхвира...

— ХIан, йоI, хьан тIоьрмиг. Ша дин-динчух делча бакъахьа ду вай жоп!.. — аьлла, цкъа боккхучу кога тIехь ккузза сетташ, цIен моха йоьдучу машина тIе елира Эврика, къаьрззина шега хьаьжначу Буянна чIуг а тухуш...

VI.

Йоккха больница. Снхха дIасалелаш медсестраш... Хирургически кабинет. Лоьраш.

— ХIун до вай, Наталья Петровна? — хаьттира чуяьллачу ассистенткас.

— Хьуо ма-ларро сиха кечам бойту операцина, — хьалагIаьттира хирург.

Ассистентка чехка араелира.

— Дархо метта а ваийтина, хаза наркоз а елла, хIума дича хIун дара хьовх вай? Башха дукха оьхуш цIий а дац... — элира анестезиолога.

— Цо а гатдо сан , коллегаш, гIеххьа са. Даьндарг йоллучу агIорхьарчу похан садаIар ца хета суна, ладоьгIча, дика. ТIамехь яьхкина суна хIара меттигаш, — элира Наталья Петровнас, фонендоскоп буйна юллуш, арояла а кечлуш: — Хьо дIаса ма вала. Со ялале, наркоз яла езахь, кийчча хила, — анестезиологе хьаьжира иза...

Операци ен чоь. Шурул-кIайн, малх санна, цIена. Аьтту агIо кIел а болуш, стоьла тIехь нисвина Iуьллу Анзор. Ткъа минот хьалхалерниг ву эр дац хIара: тIехула йогучу лампин серлонгахь можо хеталуш, бос бахана юьхь, ирбелла меран буьхьиг, чуэгна беснеш, дIахьабба дохку оццул сирла хьежна даккхий сийна бIаьргаш, кIез-

зиг гIаьттина бага, гIийлла доьIучу син марха етталу, дегош санна хеталу балдаш...

Моза бедча хаззал тийна. КIайчу кисин масканаш а йихкина, куьйгех нелхан басахь каранаш а дохкуш санитарканаш, ассистент...

Бетах маска а йоллуш, лекхачу терапевтаца чуеара Наталья Петровна. ДIадоьхкира царна а операционни каранаш...

ДIайолаелира операци.

— Скальпель... Зажим... Пинцет... Зонд...

Мосуьйттазза юх-юха шена эшна и хIуманаш йоьхучу Наталья Петровнин аззий, ассистенто схьаоьцуш, охьайохкуш лелочу инструментийн татий бен, чохь хезаш хIума доцуш, дIайоьдура операци. Массо а хьацаран кIур хиллера. Хирург, терапевт кест-кеста вовшашка хьожура, бIаьрган эшара хатта-ала... Гуттар йишйоьхнера Наталья Петровнин. ХьаьжкIан буьрттигел дара санитарко цуьнан юьхьа тIера кисица схьалехьо тIадамаш.

Хаза лелара операцина хьийза Iемина Наталья Петровнин куьйгаш, тIам тIехь хийла кIантана чу са далийнчу ненан куьйгаш...

Дукха хан ялале пинцета юккъехь хьалалецира хирурго тапчин даьндарг.

— Схьаяьккхи — шабарца элира лор-йижарех цхьаммо.

Кхоьруш, массеран а ийаделла синош, къийладелла дегнаш — шадерг меттадеара, хецаделира.

ДIатега йолийра операци йина меттиг.

— Йод... Кетгут... Скальпель... Зажим... Шелк... Пинцет... — юха а лен доладелла хирурган аз дIатийра...

Массо а цецвоккхуш, цIехьхьана тохаделира дархочун бIаьргийн негIарш. Оцу минотехь хьацаро кхохкийра, кхиссадала девлира балдаш. Хьаьбира бIаьргаш...

ХIинца кху чуьрчарна хета хазий, кхеран баккхийберрий ма-дарра дийций, язданний хуур а дарий хьовха, сан дешархо. Берриг бекхабелла, белабелла. Цхьа боккха

мохь шен гира охьабоьссича санна, паргIат, дайн доьIура хIораммо а са. Дайделлера догIмаш, яйеллера ойланаш, хецаделлера дегнаш. Белакъежна дара вовшашка хьийсар. Шаверг дархочуьнга хьаьжжинчохь йисинчу Наталья Петровнина гонах хьийзара.

ГIудалкхахь операцеш йинчийн палати чу хьочу дархочунна тIера бIаьрг дIа ца боккху хирург, цхьаъ-м дагадан гIерташ санна, хьаьж а хьакхош, сецира. Лаьттина, палати чу а яхана, сестраша, шурул-кIайн тавеш, охьавиллинчу дархочун маьнги тIе яхара Наталья Петровна. Сестраш а хIара тергалъян бевлира къайллах.

Меллаша бIаьргаш схьабиллира дархочо, тIаьхь-тIаьхьа баккхий боьллуш. Хьаьбира... биллира... «Тетя Наташа...» — нуьцкъаш бен ца аладеллачу цуьнан уьш юха а хьаьбира, кIаьгнаш дуьззина чу хи а хIуттуш. Ткъа, цу юккъехула: — Айса йохийначу хьан телевизорх догIург...» — долийнера дархочо, лазвале пхи туьма а кисанахь, ша уьш лехар хьахо дагахь. Амма, дог а гIелделла, юкъахвисира.

— Анзор... ас ца вина сан кIант... — вевзира и юьхькIам а, хаъал юьхьIаьржо а шегахь эеллачу Наталья Петровнина. ШолгIаниг-м эрна хилира кхуьнца. ХIунда аьлча цу тIехь-м Анзор, операци йинчу цунна ша вовзийта, хьаставала воьллера. Юкъахдиси-кх, байттамал!

Мере молханаш оьхьуш, маха тухуш хьаьвзира лоьраш...

Меттавеанчу Анзора, олла а дина, аьтту куьг кховдийра шена улло лаьттачу Наталья Петровнига. И хаза шен кара а дуьллуш, тетя Наташа охьахиира, Анзоран корта цуьнгахьа керчира...

* * *

Дикка денош девллера. Талуш волу дела больницера ара а ваьккхина, Наталья Петровнас шайга вигина Анзор кхаьргахь Iеш ву ХIара чIогIа къийлалуш, хала Iа

доккхачу шина стагца. Сийсара сарахь а дIаваха воьллера: «Семен Иванович, тетя Наташа, шуна доккха баркалла. ХIинца со туовелла ваьллачу новккъа ву...» — «ХIун до ахь ткъа?» — хаьттира Наташас. «ДIагIур ву со...» — прахIоьттира Анзор. «Кор дIабоккхур бац, ког дIа. Суна хаьа... И паргIато ма елахь тхуна, Анзор. Охьахаа...» — аьллачу Семен Ивановича шен бIаьргаш хьакхийра, тетя Наташас охьаханйнчу Анзорниш хих дузуш дайча.

Оцу къамело, гуттар тамбеш, вохвнучу Анзора ша цхьа жима бер хеташ, шен да-нана денделча санна, мерза яьккхира сийсарлера буьйса. Хийла хенахь дуьйна самалелхаш, ирчачу гIан-набарша хьийзош текхна буьйсанаш йицйира ха ца хорцуш, сама ца волуш, сахуьланга ваьккхинчу сийсарлерчо. Iуьйре а, корах чу гуьйренан бос бетталу хIара делкъе а, дерриг дуьне а цхьа ша тайпа хаза, сирла хета, коча пхьарс а тесна, Семен Ивановичца телевизоре хьоьжуш Iачу Анзорна.

Вехха ша лерана тергалвеш Iийначу Семен Ивановича дехаре хаттарна, Анзора, юкъ-юкъа катухуш, амма хIинца дуьххьара цIенна охьабиллира таханаллалц схьабеана шен вахаран некъ. Воккхачу стагана-м и юьхь цо хьенхьена а йо моьтту хир дара. Вуьшта и гена-м дара бакъдолчунна. Адамех ца тешаш-м цуьнан и дарехь тамаша бу. Шен цхьаъ хилла хила мега. Семен Ивановична-м Анзора цу некъах дозалла ца ден сурт хIоьттира.

— Остопираллах!, — тамаша ца ккхачалора воккхачу стеган, — и доккха хIума ду, Анзор. Хьайн ханна ахь къаьхьа халонаш идийна. Уьш лан-м ондда къонахалла а, шортта собар а оьшу. Ткъа хIинца стенна тIехь севцца хьан, Хизаран юкъаметтигаш, Анзор?

— Кхин дика а, вон а сан цуьнца догIур дацарна тIехь, Семен Иванович.

— Ткъа тIаьхьа а, хьалха а цо талхош, хьан даг чу дийшинчу вукхарех хIун хуьлуш ду хьан?

ЧIогIа тергалдора Семен Ивановича ойлане охьатаьI-

на Анзоран сацавалар, цуьнан, цхьана хIуманан карарав ала санна, веттавалар, сеттар.

— Дуьне даа а, довза а атта ца хилла, Семен Иванович. Лаа олуш ца хиллера оьрсаша, иза урд хадор дац. — Хьаланисвелла Анзор дашна а, бIаьргана а тоьлла, сацаме, баркалле вара. — Вела а, велха а везийлаш дукха хIуьттуш хилла стагна тIе. Декъазчу сох и шолгIаниг сов хьирчина. Дерриг дика дIадоьдуш-м, дела ву олу ца хезчи а Iалу куц ду. Амма дикано къниза хьегош схьавогIу со, и даг тIера дIаваьллачу минотехь хьервер вара, мотта вулу-кх хIинца а цкъацкъа. Ткъа...

— Ма волалахь. ДIадаьлларг дIадалийта, — элира Анзоран айаваларх тамхиллачу Семен Ивановича. — Шена цхьа цатам я халахетар иккхича, цхьаволчун маларан коча вахар санна, хIума хилла ахь лелийнарг. Эцца ваьлларг адамийн таханлерчу хьекъалой, кхетамой вехна Iуьллучун новкъа вуьллу. Дуьйцийла йоццуш цхьатера-м вац и шиъ, Анзор. Воьжна Iуьллучо, хууш ма-дарра, шех кхоам хетийтина ца Iаш, дог а карчадо уллохула волучун. Юха-долчунна, доьгIначух вер вац, бохуш, болх далла тIе бохкуш Iенний, къаьркъа а мелла, вожий — хIун хьуьнар оьшу я къахьега деза!

Лийнчун шен бIаьрга а вогIавелла сацар хаттаре хетадаларо Анзоран ойланаш кIаргйира: «Кху бIаьргаша а боху-кх, со гIалатвоьду, нисло...»

Художественни фильм «Александр Матросов» хIоьттира телевизоран экрана тIехь.

— Вонах а долу цкъацкъа беркат, бохург ду хьуна, Анзор, хIара вайна хилларг, хьо лазийнехь а, — далийра и тергалвеш Iийнчу Семен Ивановича.

— ХIунда бах ахь, Семен Иванович?

— Дера бах... сой, Наташий-м чIогIа хьо лохуш дарий хIетахь дуьйна. Яккхий хIуманаш юхкучу туьканахь а, цхьацца белхаш бийраш гуллучу меттигашкахь а бIаьрг беттара. Ресторане а дахара тхойша цкъа-шозза. Ца тосалора цхьаннахьа а. ТIекера вуьллийла а ца

йолура... -- хаттаре хеталур долуш сецира Семен Иванович.

Цкъа а, шозза а кхарех ша лачкъарна тIехула а кхийсалуш, аьшпаш битта даго ца вуьту Анзор, и дайа санна, телевизор тIе вогIавелира.

Сашин беральа, цуьнан жималлин кхиар, цуьнан лаамаш, ойланаш, дуьнене болу безам гойтуш йоьдура кино. Цуьнан амалшкарчу цхьадолчу хIуманаша цхьана хенахь шеца хилларш карладаьхна, цкъа дIавулий векхалуш, юха дагахьбаллам хуьлий — кхоьлуш воллура Анзор.

ТIом... Беана юкъаннкхинчу цо шадерг кегий, тIе-кIел даькхи, мехкан санна, Матросовн дахарехь а. Военкомат... училище... фронт...

Массо а герз дуьйлу... Оьгу адамаш... Бомбанаша хIитто лаьттан бIогIамаш...

Батальонан тIелатар сецадо фашистийн кхаа дзото. Шиъ йохайо вайн автоматчикийн штурмови группо. КхозлагIниг чIогIа дуьхьалъяьлла. И экхийта гIерташ, тоьлла ялх автоматчик шена гуш веллачул тIаьхьа, воьдий, хазнехасанна дарвеллачу Александр Матросовс, шен дегIаца дуьхьал а вуьжий, цу дзота чуьра схьаетта пулемет сацайо. ТIаккха вайниш атаке хьолху.

Чекхъелира кино. Вист ца хуьлуш, Iаддаiаш вара Анзор, Iадийча санна.

— Ахь стенан ойланаш йо? — хаьттира цуьнга Семен Ивановича.

— Цхьа хIума дагадеанера суна, Семен Иванович.

— ХIун?

— Хьажал хьо, Семен Иванович, вайна ма-гарра адамийн дуьхьа, мехкан сийнна, вайнаш толорхьама, дарехь, хIаллакьхили-кх и Матросов?

— Дера хили.

— Хьалха заманашкахь балехь даллийна, хало яйна, дуьне ца диъна адамо. ХIетахь хIунда ца хилла-техьа, СашкагIар санна, махкана а, халкъана а орцахбовла,

церан дуьхьа хIаллакьхила кийча кIентий? Дуьне долийчхьана а ма лаьттаний тIемаш, къийсам, баланаш. Амма и Александра динарг деш хьалхенгахь кIант ваьлла меттиг-м ца хаало исторехь, — деган кIоргехь шен заманхойх цхьа куралла Iуьллуш хеталора Анзоран аз, лер, хьежар.

— КIентий бийлла, Анзор. Мацахлерчу Римехь ялхой гIовттийна Спартака, Россехь ахархошна хьалхаваьлла Пугачев, Кавказехь хьийзина Таймин Биболат — масане бу уьш, — долийра Семен Ивановича. — Хаьа, хаьа суна хьо ала воллург. «Цара лелийнаршший, Матросовс динарггий бен-бен ду». Ду-те, бен-бен ду. Заманах доллу иза, Анзор. Сашас, гуш лаьтташехь, цIе еттачу бага кхечарна хьалхара ша-шен кхоссар — иза кхечу заманашкахь хилла йоцу, бакъйолу советски патриотизм ю. — Кхузахь Семен Ивановича, мацах Наталья Петровнига кхуо дуьйцуш вайна ма-хаззара, дийцира Анзорна цуьнан ден Расун фронтехь хIаллакьхилар. — Схьалоцур вай хьан да. Ас хьоьга ма-аллара, мел адамаш дойур дара цо ядийнчу оцу мино? Царна хьалхара ма дитира Расус хIара мерза дуьне, хьо, кхин мел дерг. Хьан Iамийна, хьаьнгахь дайна хир дара иштта хIума хьалхенашкахь? Салаьттина, гIиртина, Анзор, адам дикане, паргIатоне кхача, цхьана барта кIел чIагIдала. Амма цу кIел и гулдеш, нисдеш, кхетош да кIезиггий, ткъа, цунна юккъе дIовш, питаний, гамой туьйсурш дукхий хиларо дерриг дохош, талхош схьаихна. ХIетахь масийтта бIе виъна цхьаммо, уьш хIуманах кхетарний, царна хIума Iамарний а кхоьруш. Ткъа, хIинца цхьаъ массо а вахо, кхетокхио гIерташ, ткъа, вуьш и цхьаъ шайл тIаьхьависарна, эшарна кхоьруш лела. Оцу балхо вовшашна чу дехкина советски адамийн синош. Цундела, хьаъа диичух а вай башха тамаша ца бо, ваьшха муьлххачо а дендерггий, дан догIурггий и долу дела. Амма, Анзор, леррана ойла йича, бакъонца турпала гIуллакхаш дукха дина вайн адамаша. Дина-те... деш схьа а догIу, дIа а гIур ду...

Октябрьски революцина тIера волавелла колхозни ярташкахула, пятилетканийн гIирсаш, шахташ юьйцуш, тIеман кIуьралахула чекх а ваьлла, веана, дуьненахь дуьххьара лаьттан спутникаш хьалахецначу вайи таханене схьахIоьттира Семен Иванович. Шега лерана ладоьгIучу Анзорна цо, шен а, кхечеран а дахарерчу масалшна тIехь сеца а соьцуш, дийцира кед-кедел бIаьргаш а, маьрс-маьрсел цергаш а йина Iачу империализмана юккъе а хевшина, лаьтта тIехь дуьххьарлера социалистически пачхьалкх, ахархочух агIо а тоьхна, ленински партин куьйгаллица юьллуш, и таханлерчу хьол тIе яллалц чIагIъеш ларъян шайна мел хала дара.

— Суна дика дийца ца хаьа. Исторически литературехь, советски романашкахь къеггина го и хIуманаш. Дагадеъанчуьра: Анзор, муьлха тайпа литератураца бу хьан безам? Муьлха книжкаш ешна ахь кху тIаьххьарчу хенахь? — хоттуш, сецира Семен Иванович.

— Уьш сох йисина дукха хан яра, Семен Иванович. Беран хенахь «Робинзон Крузо» а, Горькийн «Сан университеташ» а йийшира. Островскийн Павел Корчагин-м сан коьрта чуьра дIаволуш а вацара. Ткъа, хIинца оцу больницехь, тетя Наташас марз а йина, Фадеевн «Къона гварди» роман а йийши, хIинца хIара Музаевн «Замза» повесть йоьшуш а ву тхешан маттахь.

— Бакъ йоьшу, бакъ. Социалистически реализман дас Алексей Максимовича хьекъалан хIорд бу, аьлла, книжка, — куьзганашна тIехула а хьожуш, соцунгIа хиллачу Семен Ивановича хаьддачуьра юхадолийра шаьшшиннан коьрта къамел: — ТIаккха, Анзор, хIинца кхуьий хьо тIамехь Матросов Александра а, стохка йоI юьйчуьра а йоккхуш, поезда кIел ваханчу узбека а динчун дуьхе? Иза вайн догдикалла, кхетаман лакхалла, нийсалла ду. Вайн адамийн сих а, пхонах а доьлла шенчул хьалха юкъара гIуллакх даккхар, цкъа кхаллал бен йоцург а екъар. Вайн, советски адамийнчул чIогIий, къинхетамей, цIений, тешамей, майрий, кIедий дегнаш дац. ЦIахь мат-

таца Іама, хила дуьйлалой, уьш, шарлуш, хазлуш, марзлуш, берийн садехула, пионерски отрядехула, комсомольски собранехула чекхдовлу цаьрца. Ткъа, уьш шен тІамарх доьллачу адаман гІуллакхаш а, гІиллакхаш а тоьлла билгалдовлаза Іойла яц, Анзор. Цу тІера схьа ма даьлла ахь динарг а. Гой хьуна, оцу тапчано хьо гуттаренна чолакх ван я кхин а доьхнарг дан тарлора. Ткъа ахь хьайн дегІал а, сил а лакхадаьккхина халкъан юкъара пачхьалкхан долалла. Хьайх хІуъу хилча а, бен ца хетта хьуна, зуламхой лецабелчахьана. Я цунах цуьрриг вазвала а ца гІерта, муьлххачо а дан догІург и дуйла, хуу хьо. Муха, стенах хилла, хІун ю иза? Советски адамийн ойланийн, кхетаман, лаамийн борзан бІелиг бу иза. Туьканарниш-м хьуна баркалла баьхна а бовлу хир бацара?

— Мичара. Со цигара араваллалц, больницера ца хеди. Вайн адрес хоьттуш, цара хьийзориг доккха хІума ду. Ас ца ло. Суна-м эхь хета царех. Амма следствехь-м дохкобевллера ахча дахьа боьлларш. Юьхьанца вовшашна тІе теІо буьйлира. Юха даре а, дехарш а дора жІаьлеша, — дуьйцура Анзора.

— Анзор, хьуна ма дика ханйтина хиллера цара оцу шифоньераца шаьш дийриг? — хаьттира Семен Ивановича.

— Мичара. КъорІанор ца ханйтира. Лачкъийнера чІогІа. Цхьаъ дуйла хууш, со шеквара-кх. КІиранденна кечйина операци ю шайн, ма аьллера церан коьртачо соьга. И дара-кх ас схьалаьцнарг.

— Миччахьахула хьо леллехь а, советски адамашна юккъехь даьккхина-кх ахь и дегІ. Диканиг доцуш меттиг ма яц, Іемина-кх. Цхьацца гІалаташа вочех тоьхний, царех тардиний адамаш ду, Анзор. Схьа а лаьцна, ахь леваьккхича, мел воиг а дикачех хьоьгуш, цхьа меттиг яьлча, хІуъу дан а лур долуш, амма вонна бага а, бІаьрга а ваханчу ша дарна, цуьнан хама ца хиларна а кхоьруш караво. И доккха гІалат ду. Диканиг, хьаьнггара и даьл-

ча а, ган, лара, айа хиъна ца Iаш, чIогIа лууш ду вайн халкъ... Диканиг зен ца дов...

Шен къамел а сацийна, Семен Ивановича чIогIа тергалвира Анзор. Вуно гIайгIане, ойлане дара дархочун Iар. Амма воккхачу стаге ла лерана доьгIу куц дара цо. ХьалатаIар «дийца ахь» бохуче хеталора цуьнан.

— ХIан-хIа, Анзор, хIан-хIа, — волавелира Семен Иванович юха а. — Цу Хизар-моллина лиънарг а, хьуна хьайна тарделларг а гена хилла хьуна хьоьца чекхдала. Хилла-те. Хьажал хьо, цо, ахь ма-баххара, шарахь сов хьоьстуш-хьоьгуш, адамех а, дуьненах а хадийна, бодашкахь, къорIанашний, ламазашний тIехь валлийна хьо, шен чоьн тIе нисван гIерташ. Ткъа, лаьцна лелла хьо, дукхахверг чехош, къуьйлуш, сагатлуш. Оцу хьайн «накъосташна» ахь динчуьнга ладоьгIча, Анзор, лагеран серех чекхъхьоьжуш ахь яьккхина хан а тоьлла-кх моллин «мазалахь» яьккхинчул. Хизара оццул чамзадаьхнашшехь, ма оьзна хьан даго советски кхетамехьа, вайнюкъарачуьнгахьа... Шегахьачух чIогIа кхуьу дог, лерана лардо цо иза. Замано адамаш а, церан дегнаш а шен патриотизме дерзадо. Дуьненан тIаьхьало яц церан хенехь хуьлийла?.. Хийлазза дуьне инзардохур ду вайн адамаша, Анзор, ядерни физикехь, космически аренашкахь, кибернетикехь... — боккха баьккхина дIахецначу цигаьркнан кIуьран дохк а хIоттош, кIедачу гIентахь дIатаьIира Семен Иванович, куьзганаш охьа а дохкуш. — Наташа цIаяле кхачо еза хIара.

Томкиний, спирт кхеттачу маларшний чIогIа дуьхьал яра лор Наталья Петровна. Шен хан яцъян, стагалара валий цалуучун шовкъ хила ца езаш хIуманаш лору це уьш. «Цул а шоколадан конфет кхалла, дуззий шурин стака мала», — магадо лоьро.

— Семен Иванович, вайша волавеллачуьра, уггар садуург, сайн коьрта чуьра дIа ца долу цхьа хIума хоттур дара ас хьоьга.

— Хаттал ткъа?

— Философаший, поэташий а, психологаший, писательший а чIогIа мехала доху коммунизмехь дерриг адамаш дийцина ца валлал дикий, безамеххьий хир ду бохург. Амма цхьа а шена хетарг аьлла ца волу цунах. Ткъа дан тамаше ду, муха хир ду техьа и цу заманан адамаш? Цхьа шаьш тайпа-м уьш хиндолу таро ю. Стенах девзар ду-техьа, Семен Иванович, церан аматаш, церан гIиллакхаш?

— Гой хьуна, Анзор, хIоранна а ша лаьттачуьра го хIума, ша кхоччера къастадо цо иза. Iилманчаш, писательш, шайна хааре терра, и адамаш буххера дуьйна довзийта хьовсур бу. Куьйга къахьегначу дайн тIаьхье, со цу тIехь цаьрца ларор ваи. Амма цхьаъ-м ду бакъ, Анзор.

— ХIа?

— Цу адамийн ерриг хазалла а, церан ерриг дикалла а бухъюьйлуерг — дуьненан эла — къинхьегам бу тIаккха а.

— Цхьа а айн хир дац-кх, хIета, цу заманан адамана тIехь?

— Хир дац, и айпаш цунах детта бахьанаш, хIуманаш вай дIадахахь-м. Нагахь къинхьегамах нийса ца кхетахь, цунна и ца безахь — стаг кхераме ву, цо кхечуьнан хама ца бо, шегахьа волу иза хьекъалан меттана хIилла дулу цунах.

— Ой, цо бечу балхе хьаьжжина лара ца деза адам?

— Деза-те! Цхьаммо дийриг массеран а, массар дийриг цуьнан а ма ду вайн. Дерриш вовшех дозуш, вовшийн ца хилча йиш йоцуш ду вай. ДаватIарг, вон лелачарна шаьш вукхарна бала буйла хаахьара... Ахь дечух дозуш ду сан хьал-де. Хьажал, цундела, мел хаза ду дуьне! ХIоранна дагахь, цхьадолчу декъана, хIинцале а лепа коммунизман нур. Амма шортта дага деза иза, Анзор! Сона-м хаац, хила дезачун гIайгIа йоцуш, цунна сихдала гIо ца деш муха Iело.

Анзор волалойла лууш, цо эриг хазарх хьаьгна хилира

Семен Ивановичан сацар, цхьа дагахь а доцчу кепара,, мелла а хаттаре хеталуш.

Крекинг-заводан хIара старши оператор, тавелча Анзор шаьш долчу балха варан «захало» мехала даькккхина вара кху деношкахь къаьсттана. Кхуо и дIакъадийна-м дуккха а хан яра, хууш ма-дарра. Шен дагахь Анзор-м чIогIа лууш вара цига балха ваха. Амма шен и чекхдаккха цхьана Семен Ивановичан лаам кIезиг хиларна а, лаьцна лелар шена новкъадаларна а кхийрина ца Iеш, балха хIоьттича шегара цхьа ледарло йожарх а вогура. Заводе балха ша нисвала магарх теша а ца тешара хIара. Дагна чIогIа там беш, карладуьйлура кхунна берахь деца гIалитIа вогIуш, веъча я цигара цIа воьдуш, заводашкара гудок екаш хезча, цигахь болх беш хиларх шен хьегар.

Анзора жоп ца делира. Кхунна ала а, дийца а лууурш дукха дара, шадерш матта буьххье даьхкинера уьш Школа, ВУЗ чекхъяькккхича дан, Iамо, лело билгалдина хIуманаш дукха дара жимачохь. Дагадаьхкинарш туьйлира царел. Кхунна дуьхьалтесира да тIаме вахана де а, вела а къежаш, нанна гIо делахь, цуьнан аьллара тIехь хилалахь, шозлагIчу классерчу шега бахар а, буса хан йоцчу хена балхара цIа а оьхуш, дуьрачу бIаьрхишца, барташ дохуш, панас шен маравихкар а... Юха, хьавззина, хIинца шаьшшиннан хиллачу доккхачу къамела тIе веара Анзор.

Цу къамело шен коьрте ялийнчу ойланашна юккъехула, дIаккхевдина, фотоальбом схьа а эцна, шена ца кIордочу суьрте хьежа велира хIара. Цу тIера кхуьнга схьахьоьжура гIантахь Iачу Семен Ивановична аьрру агIор лаьтта лейтенант Ятуев Расу — Анзоран да.

И сурт мосазза гин, Анзоран дог оьгIазъоьхура, Расу фашистийн кара а вахана, цигара туркойн пачхьалкхе кхаьчна куц ду, и хьахорах ларлолахь, хьасттаха цхьана буса шега баьхначу Хизарна. Анзоран даго хаъал дозалла дора шен ден турпалаллин валарх, тIаккха хьаьвзий

кхоам хетара цуьнан догдоьхна хIаллакъхиларх.

«Нийса ца веха хьо, Анзор», — дийкира лерехь. Ирделира, дарделира Анзоран юьхьан сибат, дуткъделира дог. Корта лаккха хьалаайира цо: «Ваха-м веза! Сайниг санначу ден кIентан бакъо яц ледара хила».

— Семен Иванович, шун заводехь а хамталла ерийтехьа со лаьцна лелла вӀарна?..

— Ас вуьйцур ву... — бекначу неIаран гарголо хадийра Семен Иванович ала воьлларг: — Же, Анзор, экхабелахь кIур. Наташа ю...

Воккха стаг неI елла хьаьдира. Анзора гата хьовзийра чухула.

— Мозийн ваӀ даьлла, тетя Наташа...

Наталия Петровна, вела а къежаш, дIанехьа вирзинчу Семен Ивановиче хьаьжира. Анзор цуьнгара базаран тускар схьаэца вуьйлира...

КХОАЛГІА ДАКЪА

I.

Дайнарш, лайнарш диц а дина, шадерг тІехьа а тетгина, заводехь болх беш вара Анзор. Эххар а, жимачохь дуьйна уггар шен салаьттинчу — заводе кхаьччера хІара. Ткъур-нене ирахъихна «тоьпаш», колоннаш, теплообменникаш... ЦІарах юьззина пешаш, вовшашна тІехула а юьйлуш дІасаоьху стаммий а, ютъкъий а турбанаш. Царна чухула мазут а, соляр а, флегма а дІасатуьттуш гІовгІане насосаш. Цхьана ражжехь садоьІучу заводан пха ца бетталуш меттиг юй-техьа, бІаьстенан юьхьан соьналлаша тираш лецначу, некъаша еринчу йоккхачу кху кертахь?

И дерриг нисдеш дІакхоьхьурш, цу тІехь куьйгалла дийраш адамаш ду. Кхузахь шаьш нефтах доккхучу бензинах, газолинах поэтически цІераш йолу этан, бутан, пропан, этилен, бутилен, пропилен газаш йо цара. Цхьажимма а шайгара ледарло ялахь, уьш лелха а, вуно атта царех цІе яла а мегийла хууш, оццул кхераме болх шех тешабарх хаъал куралла йо Анзора.

Мегарг ког лаьттах ца кхета дуьненан да ша хІинца хетачу цуьнан.

ТІаьхьий-хьалхий дІаоьхура денош, беттанаш. Дукхахдерш товра, дезара Анзорна бригадехь а, заводехь а. Керлачу дахаро доккха ирс шена схьадоьллуш хетара цунна. Шен ма-хуьллу теша, цуьнан кІорге кхача гІертара иза.

Мегарг ког лаьттах ца кхета дуьненан да ша хетачу Анзоран хIинца. Общежитехь шахматех ловзуш валлахь а, заводан библиотекан читальни залехь книжка йоьшуш Iахь а, смене вогIуш велахь а — самукъе, векхалой хуьлу хIара. Балхахь а, мукъачу хенахь набаро Iехаваллац а хеттий, Iамий, ладегIий, къийсий кIордош вац. Наггахь, кIорда а вой, «хьо-м хьалххе волавала везаш хиллерий», олий, ша хьовзаво дела, цкъацкъа, дIаса а хьожий, гIартата яра Анзоран. Амма оцу сохьта юха а волалора.

Общежитехь а, балхахь а — миччахьахь а, кIе юккъехь чхьовг санна, хIара билгалвохуш цхьа хIума дара кхуьнца дегабаам. И бара-кх, дависарг, мера кIел кхозуш. Шайн ма хуьллу хIара шиъ вовшахдаккха-м гIертара накъостий. «Кхин воний санна, шира хIума ду хьуна, Анзор, дегабаам а»,— оьккхуьйтура цара гIад а довIй. Мичча хьовзийча а гIуллакх хила тигацара, дукха хьолахь.

Мел гIадвахана лелахь а, кхуззец ша схьабеана некъ стенна тIехь а, хьаъа а шена тIехтоха магар дара Анзоран деган цхьана сонехь Iеш. И Iотта церан декхар дацахь а йиш хилар диц ца лора кхунна. Схьахетарехь, къамелаш масделлачохь (ткъа, уьш масделли а ду), доллучух кхета, цуьнан дуьхе кхна гIерташ, шадерг кегош тIекIел дохучу кегийрхошлахь, айъина шега дуьххьал схьа я хьовзош мел эриг, цундела, харцахьа туьдий, цу Iоттарна тIе а даладой, гIеллора Анзор. ТIаккха массеран а синкъерам бухура; дийцадаьккхинарг къастоза, кхетоза, чекхдалаза дуьсура; весаш, цатамаш лелхара юккъе.

Керла шо даздеш общежитехь шаьш хIоттийнчу стоьла тIехь а и чамбайира кхуо, вайн заманхо вийца бевллачу доттагIашна, «доьгатан Iайго мезан боьшка бехдо», цхьаммо аьлча.

Газа йиъначун коьртах цIе яьлла, баьхначунний дайна, Анзор дегабааме вийлар бахьанехь, шина декъе а бекъабелла, вовшийн коча баххаза бисира къевсина хIорш. ХIетахь дуьйна, кIай доцу яй санна, лар-м вора

цара хIара, амма, масане галволу, дош дужу. Уьш дерриш дагах деттахь-м... Цхьадерш нис а деш, вуьш тар а долуьйтуш хила ма деза юкъарчу новкъахь!

Бакъду, кхин мел дерг дика ду Анзоран. Накъосташлахь шен долчун да ваш, адамана орцахвала, цуьнан гIуллакхана ваха-ван — шадолчунна кийча ву хIара, цунна хьалхара цIерга эккхаран биста кхаччалц. Тешам. майраллий, гIиллакх, оьзданган лий кхуьнгара доккхур дацара, цкъацкъа кIеззиг кIоршаме ца хеталахьара. Цунах, дегабаамах хIара цIанвелла де а догIург хир ду-кх. ХIинца цкъа-м балхахь а, арахь а накъосташна хаъал ницкъ хуьлу кхуьнгара цу тIехь. Делахь а, хIара «кенах» ваьлчахьана тоуьйтуш, тер-мера хIуманаш тIехьа туьттуш, схьабогIу уьш. Анзор шайца тарвар хьалхадохуш. Церан гIиллакх дукха сов а долий, юкъкара, царех хьовх, шена шех а эхь хеташ йоккху кхуо цхьайолу хан: «Со хIунда хьоьсту массара а, ас хIунда ца хьосту цхьа а? Сан хIун тоьла я хIун оьшу нехачул?..»

Сийсара сарахь а, веана, скверехь веха Анзорца къамел деш Iийна вахара Салман. Шен юьхьъягае дела, кхуьнца цхьана висарх чIогIа ларлора Анзор. Ала догIучунний, дезачунний Салмана кхоа ца вора хIара, вукхара санна. Бакъ мел дерг олий-олий, ша воллучу сацаво, кхуо цIингаш бетташехь.

Кху тIаьххьарчу хенахь Анзор вукхунна дагахь а доцчу агIор сетто, хьийзо волуш вара юьртахочо-нийсархочо дуьйцурш. «ТIехтухуш ву хьо? Суна тамаша ца хета хьуна хьан диплом! Инженер... Со хьол а генаваьлла хила магара!..» — «И ю хьан уггар йоккха сонталла. Со ца хууш ву хьуна хилларг? Соь лало иза? Мила ву хьо кху заводе кхаьчна суначул хазахеташ? Мотт а керчин хьан соьга иштта ала? Дагадаладел мацах вайшиннан эвлахь деана къамел. Цул тIаьхьа мел нисдинарш. Хьайн школе дIатарвалар...»

Эццахь хедира Анзорна шех хеттарг ла ца деллачу Салманан лер. Мел гIоьртича а кхидIа вистхилалур во-

цуш, даг тIе хIоьттира цунна юьртахочун хьовх, бераллин доттагIчун юьхьйоцу дош. Амма кIорггера ойла-м цу багадеъанчу тIехь аьллачу дашо Анзоре шега а яйтира. Ладуьйгlира кхуо, дагалецира хIетахь: дипломни болх чекхбаккха эвла вогIуш а, цул тIаьхьа а Салманан шеца хилла къамелаш... Цул тIаьхьа хийлазза хIара иркара хIиттош санна, хIинца а дийкира кхуьнан лерехь цуьнан хIетахьлера «Нийса ца веха хьо, Анзор...» И хезна Анзор, хIетахь санна, леррана Салмане хьаьжира: «ЦIахь а, арахь а со кхетош! Сан винташ хьийзош! Шуна хIун моьтту? Со Iовдал-м вац, сел юьхь лаьцна лело?» — «Со-м нохчо вай, Анзор. Хиндаций, хьо тохалахь. Суна эхь хета хьо куьйгаш тIехь лелочу накъостех. КIоршаме ву хьо». — «Суо ма-варра бен хила йиш юй сан? Ишшта кхиъна-кх со...» — «ХIан-хIа, и дац, Анзор. Дуьнен тIе массо а адам цхьабосса догцIена долу. Амма дахаро шен цхьацца кепа туху уьш. Ткъа, хьо вочу кепа нисвелла хилла. Цуьнан цхьадолу сенаш даадала ца туьгу. Ахь а тIехь, хьекха еза вай царна гIайракх. Лагерь, Хизар-моллин санна, дита, дIаккосса дегабаам, кIоршамаллий». — «Шу а ца хьийзош, бохий ахь?» — «ХIораннах жоп дийнна коллективо ло, Анзор». — «И дара шун гIуллакх, барт ца хиларна со кхерийнарг-м!» — «Массар доггах юьхьарлаьцнарг ца дуьсу, чекхдолу, Анзор!..»

Оцу йовл-йовлуш гена евллачу кхийсарша къа а, эхь а, кхоам а хетийтира беран хенан шина доттагIчунна вовшех. Iаддаiара и шиъ, шаьш-шаьшшинна садоьIуш, шаьш-шаьшшиннан йоланаш еш, хийла хIуманаш дагадаьхкина. Шаьшшиммо аьллачех дикка хIуманашна дохко и шиъ шийа ваьллачух тера дара, цу шиннан кхин вист ца хуьлуш, леррана вовшака а хьаьжна, дIасакъастар.

Амма Салманал бехке ша хийтира Анзорна. Цхьадерш кхуо ша бакъвоцийла хуъушехь дийцира, волаваллартIехь, шен бартана сихалла...

Цу шен гIалатан ойлаеш, наб яйна, самавуьйлуш, хий-

лазза ха хаьрцира кхуо снйсара. Сатассале набъозийра. ГІенах, ректнфикацнонни колонница хьала а вигна, Салмана мосуьттазлагІа йийцира Анзорна крекирующи установкин белхан процесс, муьлхачу насосо муьлхачу турби чухула хІун дІасало а гойтуш, эваноратора чохь хІун хуьлу а, пешахь цІе яьлча кочегаро дан дезарг а дуьйцуш, цхьацца меттигаш кхуьнга шена юха а юьйцуьйтуш. Іуьйранна хІалагІаьттича, Анзора шайн чуьрчех цхьана помоператорна, цхьа хьаьрк гІалат ца волуш, дийцира теплообменникашна чохь хирг а, редукционни клапано дийриг а. Шайна уггар Іама цатиггарг кхунна сел цІена хаарх цецбевллера общежитерниш. «Набарх Іемн хьуна уьш?»— хоьттура цара. ТІаккха цхьаммо элира, яздархошна цхьацца фантазн, Іилманчашна цхьацца теоремаш а гІенах карош меттигаш хилла. Цхьана студенто кІорггера математически задача гІенах лернна, бохуш хезна шена.

ЧІогІа воккхавеш балха вахара Анзор. Контрольно-измерительни прибореххнй, насосехнй юьзна йолчу операторни чохь бригадана дийцира цо шен и гІан. Соляр догІучул кІезиг а оьцуш, бензин а, кхнтайпа ягоргаш а яхаран шеран план ворхІалгІачу ноябрана кхочушъян а, Анзорах операторан помощник ван а тІелаьцначу кхеран бригадан берриг членийн сакъераделлера цунах. Дийнахь ша кеггораш буса луьстуш хетара царна Анзоран корта.

Иза бакъдара, установка хаий, Іамой гІертарх шен корта кхуо семачу хенахь а мукъа битина миноташ кІезиг яра. «Цкъа помощник ваьлла велхьара, оператор-м лелаш хир вара», — дара Анзоран дагахь а, багахь а.

ТІе дийнна бригадо лаьцнехь а, Анзор операторан помощник ван юкъара хилларг нефтяной техникуман заочник, вуткъа, лекха, сийна бІаьргаш долу Балашов Виктор вара бригадехь, институт чекхъяьккхинчу операторан Мустаев Салманан помощник ларалуш волу. Кхуза девллачуьра, ерриг бригада йовзуьйтур вай: старшн операторан Андреев Семен Ивановичан помощник, юк-

къерчу дегIахь, стомма, хьаьрса чIаба букъа тIехь ловзу, товш ерстана Зайцева Эльвира ю. Ткъа, бригадехь цхьаъ бен ца хуьлу кочегар — Ятуев Анзор Расуевич. ХIорш балхахь а цхьаьна, ойланашца а, лаамашца а цхьаьна товш, вовшех лачкъийна хIума цахилар дезаш, тIехулара а, чухулара а вовшех тардалар хьалхадаьккхина схьадогIуш пхи адам ду.

Кхарех кхетчахьана, шегахь цатовчех хаъал дакъош дитинчу Анзорна тIе а кхеттера шеначулла дика хIуманаш. Царех вай хьахоза дисина, сан дешархо, цхьаъ — кочалла. Кхело ца хьистинчу кхуьнан шогаллехь башха къаьсташ-м яц иза, амма цу массеран а хьаьркаш довза хеной, гIуллакхаший, декхарший Iамийнчу Семен Ивановична бевза кочаллин бос, цуьнан хамталлаш. Дан дезачуний, де аьллачуний Анзорехь малой, кIадой кхуллуш кочалла яц иза. ХIан-хIа, яц. Ша воцуш цатерг хилла бригада лела дела, муха ду хьажа санна, ша дIа хамталлин моха хьо-кх цкъацкъа, иштта хила дезаш санна, везаверан амалехь. Ткъа, шена и хаздаларна, ша и лелоран бахьанех кхуьуш, кхеташ вацара. Шен цкъа а жима цахилар доькхуш хир вара иза.

— Ткъа, ректификационни колонна чохь уровень лахъелча, йовхачу насосо дендерг хаьий хьуна, Анзор?

— И дика ца хаьа, Семен Иванович. Колонна чу соляр луи насос эццахь тIетоха езар-м дицлур дацара суна...

— Салман Мустаевич, тховсалерчу гIенах кхунна и шарде рагI соьхь, Викторехь ю-кх хIета!

Анзор хьовзоре, Эльвирас ойуш аьллачу цунах берриш бийлабелира тамехь. Амма дагахь и йоI Салманца къуьйсучу Викторан велавалар ша тайпа а, юьхьа тIера сиха довш а хилира.

Ша вагарна кхоьруш, дукха гIаравала а ца хIуттуш, Эльвирига безам болуш Виктор вуйла ханйтина, тIехула забар а хьерчош, Салманна юкъ-кара «Дон-Жуан» кхуьссучу цуьнан хIуманаша бригадана. Кхин башха дIодаьл-

ла хаалуш хIума дацахь а, йоьIан ойла Салманна тIехь соьцуш хеталора, цуьнан леларехь. Заводан спортмайданахь а, цIечу уголокехь а, Культуран дворецехь хелхарш деш а-м шиннийца а цхьабосса аьлла самукъе хуьлу Эльвира. Хууш ма-дарра, дукха хIуманаш ма дуй хьекъалечу безамо кIантаний, йоIаний вовшех хаа, къасто дезаш. Хено ша тоха там бу-кх кхааннах совнахчунна зIок.

— Витя, кхетавел Анзор колоннан уровень лахъяларо дан магар доллучех, — элира Семен Ивановича, газосепаратор чуьра давлени гойтучу манометрах куьг а тухуш.

Оператор Салман шен установко сохьтехь бинчу белхан гайтамаш приборашт тIера контрольни листа тIе баха волавелира. Шен агIонан (ши установка ю бригадо цхьана чохь лелош) болх язбеш волу Семен Иванович, жимачу пешара арадолучу мазутан температура лаккхайолуш а яйна, цу чу и мазут лун насос сихъян вахара, куьзганаш кара а лоцуш. Карахь крючок[1] а ловзош, шен уровенашка хьажа арайолаелира сийначу беретца Iаьржа юбкий, баьццара жакетки тIехь товн Эльвира.

— Вало, Анзор, — йоIана тIаьхьа бIаьрг а тесна, шен крючокца операторнин вукху агIорхула, техкина, аратаьIира Виктор, шакарца цхьана эшаран мукъам а балош.

Чохь а, арахь а лергана там беш, сахьт санна, цхьабосса бекара установкийн болх. Температураш, давленеш, хьала-охьа ца уьдуш, цхьана а хIуманна тIехь кхийса а, етта а ца луш, тай тоьхча санна, нийса Андреевн бригадо лелочу крекированин ражо, олуш ма-дарра, еккъа цхьа йоькаш бен ца юьтуш, схьаIуьйду мазутах бензин а, кхийолу сирланиш а. Кхидолчарна тIехь а дикалла багаяхначу бригадо хIор вахтехь тIехкхочушйо сменан задани. Заводехь хийла керлачун юьхь кхуо хьалхаяьккхина. ХIинца, кассир воцуш, установкехь алапа да-

[1] Уровене хьожуш, помоператоро лело мIар.

ла долор юкъадаккхар хьехош бу хIорш, цхьацца нхьашха дагабуьйлуш.

Установкин схьахеза индустриальни гIовгIа лергана чIогIа аьхна, цхьабосса лаьттара хIаваэхь. Оцо тоьшалла дора сменан белхан дикаллин, дукхаллин кхиамна. Амма бригада производственни план кхочушъярх тоьаш яцара. Цуьнан шен коллективан хIор членан нравственни цIеналлин а, идейний, говзаллин кхиаран а яра план.

— Кху чуьра уровень лахъелча... — колоннан уровне хьожуш. шаьшшиъ воллушехь, Викторан ши бIаьрг дIанехьа лаьтта Элвира тергалъеш бара. — ТIаккха, тIаккха йовха насос еса еттало, чохь температура лакха а яьлла, йоккхачу пешан радиантни турба яга тарло... цIеяла...

Бага цхьанна еттахь а, дагахь кхин дара йоI езачу Балашови.

Ша цунах тарвеллера, хьехаме ладоьгIуш лаьтташехь, са эвла даханчу Анзорна. Юург яйча мецаниг санна, Викторх кхагарвоьлла хир вара велакъежжинчохь хьала а вирзина висина хIара.

— ТIаккха, Анзор, мичхьа кхаьчча хIинца хьан, Кесирин гIуллакх? И ярий цуьнан цIе? — хаьттира хаъал цIийвеллачу Виктора, воьхна.

Анзора дукха хестийна доттагIашна шен Кесира, цуьнан хазалла йицъеш шена хета дикалла, вовшех къайле шаьшшиннан яцар. Кхуо йийцина шаьшшиннан безаман цIеналлий, тешамаллий. Дийцина, гIиллакхех бехк лоьцуш, къизчу бIаьргех, лергех, дегнех хала идош, лерана хьоьстуш кху хене шаьшшимма иза муха баькхина. Дийцина, вовшийн гарх шаьшшиъ мел хьоьгу, дайча гIад мел чIогIа доьду, къаьстана минот мел язло, юха гун минот мел марзло...

Царех докх-доккханиг карла а доккхуш, кхуо хIинца Викторна деза туьйхира стомара суьйранна садовш хийистехь Кесирица шен деанчу къамелах, цо балдашца шена кхоьссинчу обанах.

— Шуьша-м шаьш ма-дарра Ромеой, Джульеттий ду, далхо цхьа Шекспир валахь... — эвапоратор йолчухьа ваха дагахь хилира Балашов.

— Хаац, Виктор. Цо бахарехь, хIинца бала боллу сан, Кесирин безам буьйсанан бодашкахь тхойша, хьоьгуш, вовшашка хьежийна... — верриг велакъежира Анзор мархаш дуьхьалара дIатеттинчу малхехь. — Пешашка хьажа со...

Цига воьдучу кхунна тIехула цхьана хIуманах-м къаьхкинчу хьозарчийн гIовгIа яхара. ЦIеххьана дIахьажаверлачу Анзоран цхьанахьара-м, цIен бос туьйсуш, ирча гIуьттучу кIуьрах бIаьрг кхийтира. Цигахьа виллавелира кочегар. Йоккхачу пешана тIекхача воьллачу цуьнан Iемина лерг кхиира пешан лар тIехь яцарх: тамашена егош, екара иза. Сиха цуьнан жимачу коран бIаьрга хьаьжира.

Йогуш, пеша ца тарлуш, керчаш тIекIелъюьйлура къиза цIе. Иза-м шеначулла тардалийтора Анзора. Амма юьхьиг агIоръяьллачу цхьана форсунко дIаетта цIе, пенаца хьала а оьхуш, радиантни турбанех летара — иза чIогIа ирчий, кхерамей дара. «Секундехь хьем бой иштачохь — гIуллакх дIадаьлла!» — Iамийнера Семен Ивановича. Радиантни турбанех цIарул-цIе кочалла Iийдалора. ХIинццехь цIеран басахь довха флегма охьахьодур дара, гинсу санна, декаш. И сацалур дац цхьана а хIумане.

Оцу дагахьчу Анзоран куьйгаша, ойланел хьалха а дуьйлуш, дIайойура форсункаш. ТIаккха дIахьаьдира кочегар пешан вукху агIорхьа: схьаелла езара аварийни линин задвижка. Шен сихалла, доьхкарх дохку гатанан каранаш дицделлачу цуьнан пIелгех дуьйлу мерцхалгаш, догуш, марцалора хIара хьовзо гIертачу йовхачу задвижки тIехь.

Схьахетарехь, хир мекхадоьлла, ца йолура задвижка меттах. Тасавелира, тIетаьIира Анзор. Задвижка цхьацуьрриг меттахйоллушехь, кхуьнан куьйгаш дагош, цин-

цаш схьатоьхна флегма, юьхьа тIе Iаь а тухуш, задвижкех хьаьрчира, лаьхьа санна, сетташ. Шовзткъе пхиъ атмосфера давленица пешахь пхи бIе градус дохделла флегма арагIертара фланца юххехула.

— ЦIе летар ю хьох, Iовдал! — цхьаннан-м боьхна мохь хезира Анзорна.

IЦIе тIеттIа хьалаюьйлура. Шена тIера схьаяьккхина, гатанан куртка цу тIе а тесна, шен болу-боцу ницкъ тIеташ, тасавелира Анзор. Аьллар ца дора задвижко. Макхлуш, кIур буьйлура гатанах. Анзоран садукъдо кIуьрой, газой. Амма цо дIа ца хоьцу задвижка. Хьовзо гIерта иза. ТIаккха цIехьхьана и еллалуш хетта, доккха садаькхира кочегара... Эццахь задвижки тIе доьжначу шен некхауьнца, аварийни лини чу флегма хецадалар сина хаалуш, кхетамчуьра велира Анзор.

Прибораш тIехь установкин температураш лахлуш, редукционни клапанехь давлени охьайоьжча, операторни чуьра араиккхира Семен Иванович, Салман. И шиъ вара, дерриг куьйгаш мерцина, аварийни линии задвижки тIехь Iуьллу Анзор, схьа а эцна, шайн холодильника тIехьарчу бай тIе ваьхьинарг.

ЦIена хIаваъ кийра кхачарца меттаван волавелира Анзор.

Оцу дерригенна юккъехула дагатесира цунна шен деца тIамехь леллачуьнца дукха хан йоцуш шен деана къамел. Советски адамийн хьуьнарш дийцинчу цуьнга хIетахь хаьттинера Анзора: «Семен Иванович, хьалхалерачу заманашкахь хиллий-техьа иштта турнал адамаш?»

— Суна хеташ-м хилла, Анзор. Адам дуьнен тIе даьлчахьана дуьйна схьа а, — элира Семен Ивановича. — Адамо ша-шен ца кхоош меттигаш дукха лелла. Берана хIума ца хуьлуьйтуш, нана елла, доьзал ларбеш — да. Емельян Пугачевс — вежарий-ахархой ларбина, Иван Сусанин — Росси йозушъяцарехьа летта, шун нохчочо Таймин Биболата ша винчу халкъан пергIатонехьа къийсина.

— Тамашена ду-кх хьуна, муха хир ву хьовх коммунизмехь стаг?

— Со погодех дерг ала гIерта бюро яц. ГIалатваларх ларвала лаьа суна, Анзор. Амма коммунизмехь адамаш кхин а дика хир ду, моьтту суна. Хьайн дега хаьттина хили делара ахь иза, Анзор.

— И эскаре воьдуш, со жима ма ву, Семен Иванович.

— Делахь ладогIалахь. Ас дуьйцур ду хьуна хьан ден дагахь хилларг. Фронтехь, цхьа чIогIа цIий Iанийна тIом чекхбаьлча, дукха гIелделла, охьаэгча санна, садоIуш дара тхо. Тхуна тIехула ерриг седарчех егна стигал кхозура, ткъа кIур туьйсу лаьттара бай — берриг баьгна, мерцина бара тIамо. Дависарг яI, хIинца кху тIехь чекхбаьлла белара хIара тIом, элира хьан дас. Хаьий хьуна, сан Анзорна и мел хазахетар дара! Муха ву хьовх и хьан Анзор, хаьттира ас цуьнга. Сол тоьлаш хир ву хьуна, Семен Иванович, сан Анзор, боху цо. Бераш массо хила ма деза дайл тоьлаш. Ца хилча, царех хIун до? Сан кIанта асчул майрий, чIогIий къийса деза адамийн, Даймехкан ирсехьа.

— Иштта элира ккуо? — верриг серлавелира Анзор.

— Массо батарей йолийла-кх, ца элирехь! — шен амалехь ма-хиллара, жоп делира полковника. — И ду-кх хьуна, коммунизмехь адамаш муха хир ду-техьа, бохучу хьан хатарна жоп, Анзор. И адамаш хIинце дуьйна а вайна юккъехь долуш ма ду. Александр Матросоввий, Нурадилов Ханпаший, кхиберш. Амма, хьой, сой — вай, уьш санна, я царел тоьлаш хир ду-дац, — и хаац суна.

— Ткъа иштта я царел тоьлаш хилархъама хIун дан деза, Семен Иванович?

— Дуьххьал-дIа, адамашна дика мел дерг дан деза-кх, Анзор.

Эццахь, мичара вели ца хууш, схьаиккхина, Анзоран и ойланаш хадийнчу заводан лоьро, цIаро човхийнчу кочегарна медицински хьалхара гIо а деш, бохура:

— ХIума ца хилла, куьйгаш, некхан ваз вуно вон да-

гор доцург... Жимма юьхь мерцина. Амма зуда ялоле шадерг дІадоьрзур ду. ДІавадаве медпункте!

Носилкех тийсалуш, тІаьхьаваьллачу Балашов Виктора сихвелла хоьттура:

— Анзор, и, цІе санна, довха флегмин цинцаш схьадетталуш, хьайна хеттарг алахьа!

— Ой, вагавора-кх.

— ХІан-хІа, и ца бахий ас-м. Хьан дагахь хилларг хоьтту. Цхьа турналалла дагаеана хир яра хьуна, билггал!

— Мичара. Со болх беш ма вара, Виктор. Аварийни задвижка ма яра схьаелла езаш.

— Ой, Даймохк бацара эццахь хьуна дагахь боллург? — шениг хьалхадохура Балашовс. — Цуьнан дуьхьа цхьа доккха хІума дар дацара хьан дагахь?

— ХІун доккха хІумий? Ахь хІун юьйцу! Со-м вацара цхьа а хІума дагадогІучохь.

— Дика ойла ехьа, Анзор. Хилла хир бу хьуна хьан дагахь мохк а, вайн адамаш а. ХІай?

— Ой, ас ца боху хьоь...

— ДІавалахьа, дІа. ДоттагІ хуьлу иштта? Урс доцуш, цоьсту-кх ахь со. Гуш лаьтташехь, сан газетни интервью йойуш воллу-кх хьо. ХІара мел чІогІа материал ю, хаьий хьуна, корреспонденцина! ЦІе мел дика хир ю кхуьнан! ХІума дац, ас туьллур ю кхунна и-м, хазнеха санна! Даймохк балош юкъа. Бакъ ма-дду. «Кхетамчуьра а ваьлла, Анзор ца кхиира, Даймехкан дуьхьа шегара даьллачу хьуьнаран ойла ян!» — эр ду ас кхунах.

— Мича хьуьнаран? — гуттар оьгІазвахара Анзор. — Со болх беш вара, ца боху ас хьоь! Кхетий хьо, болх беш!..

II.

Делкъал тІаьхьенга болуш охьакерчина майски малх. Баьццараллех юкъелла йогІу юрт. Шайна долчу декъана

ана и къарзъеш зазадаькккхина туьркаша. Царна тIехула, дургал оьцуш, хьийза накхар-мозий. Муьлххачу агIор хьаьвзича а, схьаетталург бIаьстенан хьожа, коммунизме хьаьддачу адаман гIуллакхийн тата, болар: эвлан йистехь ека трактор, пхьалгIахь еш мекханан цергаш, тусуш, кечдеш нахарш... дIо амбарашкахь электроцецашца хIу цIандеш, дакъош совхозхой, самукъечу къийсаршца школера оьху цIен галстукаш йихкина бераш: «...Ирс долуш хьаха хир ву Батта тIе хьалха гIонверг, Iалелай, ма хIуманаш гур ду, дохьур ду цо ..»

Ма вон хьаьжи хIара вогIу Хизар тIехбевллачу цаьргга. Багийна дIабохур бара уьш, шен аьллар хилча, кхуьнан бIаьргаш чуьрчу цабезамо. Амма ницкъ бац. И бутт санна, шелделла доьлху ХизаргIеран гIуллакхаш. ХIетте а дог Iац, марзделлачух тийсало, кадетта... Кхуьнан багара юьйлу Iаь а яц оцу берийчух уьйш, вайн бIаьстеначух тера. Хьажал, ладогIал кхуьнан сацаре: «КъорIанор, кешнашка баьхкинарш а ма бара бевзина-баьхна хIорш. ДоIанна куьйгаш лоцурий дукха! — пионерашна тIаьхьа хьоьжура Хизар. — И докъан голаш лийчош, ерзош леллачу суна елларг хIун ю — туьма! Оццул хIургонахь дIаса а виттина. Баттахь дукха ца нислучу кхунах валла... Мозашна корта ластийча а бага лекъаш лелхара, баьхначу цхьогалний дайна, цхьа хан яра тхо дахка а, эца а ца торуш... Цамгарш, баларш а, ялорш-йитарш, юха магорш а Iана а дахана лаьттара. ХIинца лоьраш, загсаш, суьдаш... тьфу, наьIалт шуна.... — дагахь ша аьлла и цхьана юьртахочунна хазарна кхеравелча санна, воьхна дIасахьаьжира молла. ХIинца со чекхдаьлла вогIучух беркат ца даьр-техьа? Везан дела, бехьа цу тIехь хьайн хьаналчу лен аьтто...»

Велларг верзош кешнашкахь а хилла, цигара ваьлча, цхьаъ-м дендеш, бажа волчохь а Iийна, вогIу Хизар. Бераш боху и мерIуьргаш юкъа ца лилхинехь, гIадваханера. Мохо ловзо обанан тIемаш тIаьхьа а ца кхуьура. Буха а хьаьвсина, бийлабеллачу пионерийн галстукаша пур

дайи, кIел ког теси... Макхлуш, букархьаьвзи уьш ца ган. «Батта тIе... хьий шу кхехьа кешнашка луьста», — гIам-гIимца цициган бIаьргаш лаьтта карчий Хизара.

Кисанахь буй а бира, дагахь дена а элира, бохург ду. Догъэтlар бен кхин дан хIума дац, леш йоллучу шираллин адам серладохучу, ирсе дечу керлачунна. Кхоьру, хеба Хизар кхунна хьалха.

Амма вайн мелачу меттигашкахь ширалло шен маша лоьцу, ка-мIараш етта, кхетазчунна теба, дIовш детта, и Iуьйшу...

ЦIа кхечи Хизар. Мегарг юьхь-когана мох ца кхоьтуьйтуш кхуьнца хеназа къанъелла Iаьржа дуьйхина, екъана Бана, сеттана хIоллам санна, хьаьвзира майрчунна гонах: Iаса, куй схьаоьцуш, тIера оба, когара маьхьсеш дIайохуш... Пхоьазлагlа еанчу ша кхуьнгахь даькхинчу ткъаесса шарахь Банина шарделла, майрчух бIаьрг ма-кхийтти, и там хилла ву-вац, хаар. Цуьнан хьажарх а, цо доIучу сих а тидало кхуьнга и цкъацкъа. Мара бекарна реза йоцуш, кIеззиг къийлалора, там а, цатам а эделча цIийнда ишта хиларх йоьлла йолу хIусамнана. Амма, цIе санна, къниза, бартана сиха и ша хецаваллалц, цуьнга хIума хатта-ала а йиш йолуш дацара, цхьа кхаъ буха а биллина бен. Ткъа, Банин елакъажжа йоллуш, балда а дайдина лелар, вист а ца хуьлуш, баьрче ваьллачу Хизаран дагна гилгаш дохуш дара. Амма гинарг, хуург, хезнарг майрчунна охьадохка декхарийлахьчу зудчуьнга хIун хоттур ду цIенкъадас. Хьалха лаьцна, жимачу теса куьйгех хи а кхарзийтина, катоьххина цунна хьалха шаршо яржийра Банас.

— Шу ма гаделира цу кешнашкахь?

— Тхо цIа даьхкина хIун хан ю! Со-м Кесирагlеран цигахь вара, — векхавелла, куьйсачу можах кахьаькхира Хизара, шена хьалха чай, чIепалгаш а хIоттийна, дIо маьнгин исте охьалахъелла зуда а кегош хьебачу бIаьргашца.

— ХIун боху? ХIун деш бу хIорш?

— Далла бу хастам, чекхдели вайн захало, цхьадика. Ели цу шиммо Кесира... — эккхийтира Хизара воккхаверра тIехь. ТIаккха воьхна: — Хезехь-м яц иза?

— ЦIа яхара и-м хIинцца. Дийцахьа, — ерриг лергаш хилла ладогIа таелира зуда.

— Мел яI. И дика ду... — хоьржуш, дийца волавелира Хизар шайн хилла къамелаш, цхьацца сацамаш. Шен дагахь дерш царех эрах чIогIа лардеш.

Цхьа бутт хьалха Хизара Iаламат къайлах Бана кхетийтира гIалитIарчу Анзорах, цунна Кесира ялийча хIун дара техьа, бохучух лаьцна ТIаккха, лачкъийна йоIаца барт а бина, кIанта, ша реза ву, элира. Изза жоп, шега хьахийча, Кесирас а делира нецина.

Даъал вовшийн дукхадезаделла, лергаш таIIийна Iачу йоьIан, кIентан хIун талхадора Хизара кегочу цу хьапар-чупаро.

Цу тIера волавелла, Анзорна Кесира йоьхуш вара Хизар хьастах дуьйна, шен гIаж кхочера цхьа-ши воккха стаг юккъе а воьллина. Захало хила ца туьгура. Анзоран цхьацца леларшна реза дацара Кесирин да-наний. Боьхачу зударшка марзваларна кхоьру шай, зуда нисъелча вехар волуш варий, кхин мел дершший дагардарх, гIуллакх а ца хилла, Анзор заводехь болх беш хилар айира Хизара. И гучудаьлча, буобелира йоI ерш, цунах дага а бевлла, жоп дала. Тахана и жоп делла куц ду-кх цара кхунна.

Цаваьлла юкъадаькхинехь а, шичан кIант балхахь а, вехар волуш а хиларна тIехьа лачкъийна кхин дара Хизаран. Анзор юха а шен буйна вало, Кесирех гур беш вара иза. Оззийна цIа а валийна, цунах Iеламстаг ван гIертар шен чекх ца далахь, хIуъу хьовзийна а, цIенойн долара и валар нисдан хьажа дагахь таьжгенаш яра моллас лелораш.

Хьуна ма мотталахь, сан дешархо, и шен планаш, цхьадолчу кхечел башха, кхуо Банех тешайо.

Мичара! Зудчан хьекъал пхьидан цIогане дохкучу Хизара, майрчо аьлларг дан лараелча тоуьйту зудчунна. Кхечун дакъа ца до цунна кхуьнан жайнаша.

IШен хенахь Iаьрбан дешар, хууш ма-дарра, гена валлалц дешна ву Хизар. Амма моллалла лелош а, я лело гIерташ а ца хаавеллера хIара адамашна. Хууш ма-дарра, халонаша зоь адам. Цара цхьаберш кхин а къовлу, чIагIбо, ткъа, скалан юьхк жим ма елли, лерг шелдаларца, пхьаьрсан гола зарзлушшехь боха кийчаниш гучубоху, бовзуьйту. Хьалхарниш, бист а ца хуьлу, бIаьрган негIар а ца тухуш, уллорниш а ийзош, хьалха теIа, шело, йовхо а, тIехь, чохь а ца лоьруш. Лаамой, адамийн хьуьнарх бIобулуш тешарой, тIалам беш уьш дезарой шен доглаьттарг дан дегIе ницкъ ло, цунах тешош, Iалашоне кхачаво.

Ткъа, вайн Хизар шолгIачу куьпара стаг хиллера. ТIеман шерашкахь адамашлахь ойланаш йоьхнарш карийнчу кхуо царна юккъехь шена дежийла лаха сацийра. Къийвелча, шира таьптарш кего ваьлла совдегар санна, мацахлера къорIанаш а даржийна, чувоьллачу цунах молла хилира, шех тешачарна хьехамаш а беш. Далла Iамал йинарг, сагIина комаьршанниг, дуьненан дика ца лоьхуш, эхартана ваьцнарг, герга гIертачу къематан дийнахь декъала хир ву, бохура кхуо берриг къинхетам аллахIехь тарбеллачаьрга. Ткъа, ша цу мисканийн хьокъах цIенош дира, верстира, вахарна вукъвелира... ХIинца, цIавирзича а изза дезаш, цунах хьерчаш, балхах ларлуш, схьаоьху Хизар-молла. Шен «ас дийриг дита, ас бохург де», — хIилла ца девзарш лоьхуш, баа цхьаболчарлахь уьш карош.

— ...Ехна яло кеп царна а ца еза. Цхьадика, со а вацара и лууш. ЮхайогIу оршот-буьйса саций-кх оха, едда йогIучуха и араер йолуш. Даламукъалахь, — хьеначу бетах гатанан маьIиг хьаькхира Хизара. — Элхьамдуьлилл-лахI...

— Вели хьо? — хаьттира, майрчун хабара юккъе

йнстхила шен йиш йоцийла хууш, корта а теІош, ладоьгІуш ІнйначУ Банас.

Цуьнгара пурба даьллачул тІаьхьа, Банас дийцира Анзор, Кесирий тоххар дуьйна вовшийн дезаш хилла хилар а, цара иза дерриг дуьненах лачкъийна хилар а, и оршот-буьйса цу шиннан йиллина хан хилар а.

— Ахь хІун дуьйцу!? — бос керчаш, цецваьллачу Хизаран лер а хийцаделира жимма. ТІаккха вогІ-вогІуш самукъе меттавеара иза, гуттар санна, цхьа бІаьрг хьабийна, зудчуьнга хьаьжжинчохь а сацалуш.

— Мел бага еттийти ахь соьга цу шинна вовшийн марздан гІерташ. Соьга и къахьоьгуьйтуш Ійна-кх дала ма ларош. Селхана Кесирас шен нене ханйтинчун кепара даьлла дош ду-кх тахана ахь цаьргара деанарг. И дерриг дийцина яханчу цунна сан даьттІа дог доккха хІума ду.

Ян а яра Бана цхьана хІуманна-м оьгІаязъяхана хеталуш. Бастабелла чухтанан тІам чомахь дІа а ца бехкалуш, егайора иза хІинца.

— Барт-м ца туьйхира ахь?

— Тоха йиш ярий и, хьоьстуш а лелла.

— Дика болх бина. ХІета гуттар вайгахьа ду-кх гІуллакх... — бетан буьххье деана цхьаъ-м, ладоьгІна, кхечуьнца хийцира Хизара: — Варий, кхана Анзорах кхетча, Кесирас хьайга дийцинарш цахуург хила ма йицлолахь. Йоссо гІалитІа йигар тоде. Цу хоржан хьокха марненан мохчана кхетар. Ткъа, там, йоІ нислуш хета бажа, жайно ма-магго, пхеа шайнах берзо а дуьхьал вац... ЦІеношна йоьгІу-кхи цо. Делаюкъбахьа, хьала-м ца хьакха... — еха ши церг гучу а йоккхуш, верриг сийсаш, ирча велакъежира Хизар. — Кхузара дуьйна дан дезарг ас хьоьхур ду хьуна, стунненйиша. Кхин мила хуьлу хьо?

* * *

И йоккха оршот-буьйса тІе а кхаьчча, Анзора, ялийна, ненан маьхча йолчу йоссийра Кесира. Шегахула доц-

чуха Хизара яла-ян хьийзийтира, кара кортали тухучу тIедаллалц дехаре йийлийтира Бана, Анзоре, нускал цIа даладе, бохуш. Царех гIуллакх ца хилча, совгIаташ дан кечбелла Iийраш дIаберззалц мукъана ялаяхьара шайга, бахийтира. TIаьххьара а «юьртана хьалха ша юьхьIаьржа ма хIоттаве, боху хьоьга хьан дешичас», — долийра юкъалелачо.

— ХIан-хIа, Бана, юьхьIаьржа хьо маццах хIоьттина зуда йига меттигаш шен шортта ю, боху, ала ахь цу сан дешиче!

Корехь ладоьгIу Хизар ойланашка воккхуш, догдиллийтира Анзора. Иштта дIахьедира цо заводерчара нускал доссийначохь сакъоьручу буса вукху чохь ша ленваькхинчу Банига, дукха чам ца байа гIертарх гIуллакх а ца хилла.

Шен аьллар хилча, йоккхачу тоьпах лоьлхуьйтур бара дехьа чохь Iийраш, аьхкаш хуьлуш этIачу дагахь царна сардамаш дуьхкуш лаьттачу Хизар-моллас.

— Анзор, — элира Семен Ивановича, кад ойуш, ира а хIуттуш. — Вайн заводан дина девллачу цIеношкахь шена йогIу квартира Эльвирас хьуна ели. Ткъа оха иза, тароне хьаьжжина, гIеххьа кечйина. ХIан, цу чохь шуьша гIозий, ирсей дехийла лаьа тхуна, — шена улло лаьттачу Кесирига догIа дIаделира. Дукха гIадвахана, Анзор велакъежжинчохь виснера.

Массара а кедаш дIамелира, Салмананнй, Эльвриний юккъехь лаьттачу Виктора, къаьхьа ду, цIахь бохур ду-кх вай а олуш.

Гина, хезна, цу доллучух кхетта, бIаьрга цIий хьаьвзаш, корера дIавирзина Хизар охьавожжаза висира, шен Iасанах а тасавелла. Анзор шегара воккхучу царна дан хIума дацаро моллин гIорсизаллех сийна цIе летайора, хьийзаш, тIекIелбуьйлура цуьнан кийра, бIагIар оьхура корта.

«Яло, яло... — сени чуьрчу зудчуьнга мохь а тоьхна, ша хIун леладо ца хууш, волавеллачу Хизаран, настарш

лехна, когаш тиийсалора уьйтIа ваьлча. — Хуур вайна... хьовсур вай...»

Шолгlачу сарахь, цIа а деана, Анзор, Кесирий шайн квартирехь безам бууш, дуьне юъхьара дерзош дара.

Бlаьстенан малхехь чlегlардигаш санна, ловзура безаман йовхонехь дахаран денош. Ша неIаран гаргол тоьхча шовданан боларахь еана, ерриг ела а елла, Кесира шена дуьхьал яьнйолу миноташ дагаяьхкича, шарал дахлучу вахтин бархI сахьтал доца хетара Анзорна шаьшшимма цхьаьна дуу де-буьйсанан важа ялхитта. Iуьйранна воьдушчул хаза сарахь веъчий, дуьйшушчул таделла гIовттушший вовшийн хеталуш, схьадогIура хIара шиъ. Дегнашний, ойланашний а, лерний, леларний а... кIадделла, налха санна. Гарх, Iарх ца Iеба. Мел лерана хьажарх, хIара ма делира ала хIума ца карадора кхарна вовшашна тIехь. Я дацахь а, я безамана тIехьа шайна ца гахь а. Анзоран дегабаамаш, кIоршамаллаш цIахь артъелла йогIура жимма. Шех дохкучу кхачамбацарех-м башха чIогIа вагацара, уьш шорта лелийнехь а, хIинца шен гIори-гIоддах царех цIанвала гIерташ воллу Анзор. Амма цхьаъ дара кхунна бIаьргаш къерзош. Оццул хIара ларлушшехь, уггар цаторручохь догIий коьрта чу экхара иза, хIуьттаренна санна. Сутаралла. ХIаъа, сутаралла.

Ген сутаралла яц вай юьйцург. ХIан-хIа. Яц-те. Ген сутаралла-м текхо ерзайора, тейора. Важа, юзуш йоцу, дуьненан хIуманах Iебаш йоцу, цхьаъ хилча шиъ еза, кхоъ а, пхиъ а ца тоьу, бух боцчу деган сутаралла ю халаниг. И хьу шеца чIогIа йолуш яра Кесира. Цуьнан мацахлера «Iаlаде, Iаla...» карладолий, вегаво Анзор наггахь, шаьшшиъ вовшашна хьастаделлачу меттехь, зуда чухула дIасахьожийла еъча.

— Дезачу шина адамана уггар мехалниг ду — и шиъ цхьаьна хилар, цу шиннан барт, тешам... аьлла, Кесира, малхбалерчу цхьана поэто. Бакъ а лийна. ХIун ду вайшинна вовшийн, адамийн меха? Вайшинна хIун хала ду

дуьне ловзо, даа! Могаш маьрша.. Болх, мерза уьйраш, доттагIий... Уьш дерриг долуш ду-кх, вайша лараделча-хьана!.. — хьалаиккхина, гIантара схьа а эцна, марахь чухула дIасахьовзийра Анзора балхара цIа веанчу шеца хIума йиъна яьлла, ойлане Iен Кесира.

Чоьй, кхеран шунний кегийчийн башха бIаьрг лоцуш, дог хьостуш, делош дацара: ши-кхо гIант, стол, пенах кхозуш Ленинан портрет а, радиорепродуктор а, пхьегIийн жима шкаф а, трельяжа хьалха одеколонан шиша а лаьтташ, цхьана сонехь туалетни стол.

Юьхьйолош тоьар ю и йийбар-м. Кесирина тIера блузкий, пхьегIийн шкаф селхана эцна кхара. Юха алапа делча кхин оьцур ю. Дерриг ма ца хуьлу дуьйлалуш-шехь. ХIораннан а шен рагI ю.

Схьа ца алахь а, дено-дено цхьацца хьунаш лехьош, хамталлаш еш, езаераш кхуьйсуш хеталора майрчунна зуда. ДIа дуьхе кхиавоьлча: «Ас хIун боху хьоь?!» — кIес тухура Кесирас.

Иза чIогIа халахеташ, вуно гIайгIане вара тIаьххьарчу хенахь Анзор. Балхахь хоьттуш а, цIа схьаоьхуш кху шинца къамелаш деш а, хуьлучух кхиа гIерташ дага-буьйлура накъостий. Шозза-ккхузза Эльвира а кхийтира Кесирех. Виктор, Салман веттавалийтина ца Iеш, Семен Ивановича, ший цхьаьна ледарх гIуллакх а ца хилла, шец-шеца къамел дира Анзорций, цуьнан зудчаний.

— Кесира, бIаьра ма-хьаьжжи майрчун дагара хуучу зударшка йиллина ас хьо. Зудий, майрий — цхьаьннан айп вукхунна бале далаза дукха хьолехь ца дуьсучу Iожан ши ах ю — шеха пIелг а лоьцуш, лерана, ларлуш дуьйцура Семен Ивановича, Анзор бехказлонна цигаьркаш эца а хьажийна. — Ас хьоьга хьастаха ма-аллара, кху тIаьххьарчу хенахь къаьсттана Анзор сингаттаме хилар лаа ца хетало. Амма цуьнан бахьана цо вайх чIогIа лечкъадо. Тхайн ерриг бригадан цIарах ас доьху хьоьга, Кесира, и хIун ду хьажа. Хьанчулла и дан аьтто тхох цхьаьннан а бац.

— Дийнахь а, буса а цунна тIаьхьара ца йолучу шайн Эльвирига хатта аш иза...

Майра аххавуьйлучу зудчуьнчух тарделира Кесирин аз а, сел ира хьажар а ккузахь. Амма и гучохь, цуьнан тидам оьцучохь вацара хезиначо цецваьккхина Семен Иванович. ХIара вист ца хилалора, хьала ца таIалора, тамаша бина ца волура. Дукха йиша йоьхна, бай-й лестара воккхачу стеган ойланаша буьйлина кIайн корта: «Ванах, ккуьнга хIун эр ду?..»

— Сац... Сацийталахь... — куьг а тосуш, хьалатаьIина Семен Иванович верриг вегавора халахетаро, — Диталахь... доккха гIалат дели хьоьгара. Ма гена ю хьо шен квартира хьуна а елла, къеначу ненаца боьхначу тхов кIел Iечу Эльвирина... Кесира, Кесира... — доккха са а доккхуш, техкира воккха стаг.

Цул тIаьхьа бригадан членашкахула а, ша а чIогIа ладийтIира Кесирас шега аьллачуьнга Семен Ивановича. Дацара, я бакъхуьлийла хетийла йолуш а ца карийра иза. Делахь а, хьанна хаьа муьлхачух хIун доллу, бохучухьа таIаза ца Iачу ойланна харцахьа боьду некъ бехкархьама, цхьаннан дош ккачо лиънера цунна. Муха, хьаьнгара и даьлла, шена хиъча Анзора дан мегачух озабелла, накъосташа цунах а, Эльвирех а лардина дош дисира ккачоза. Кхин мехала даьккхинехь, ша хьакхалучарна юккъе гIеххьа весаш юхкур йолуш хаза а, ала а ирча, бехк буьллуш дош дара иза.

Амма цу гIалатах лаьцна Салмана шеца къамел дича а, Кесира-м башха юьхь яьгна ца хилира. Вуьшта, Анзор кIеззиг векхавелла хетарехь, цIера моханаш мелла а маслаIате яьхкина куц хIуьттура бригадана.

— Ккечех хилча а, берахь дуьйна вевзачу хьох къайле хир яцара сан, Анзор. Цундела, я хьан сайх и хир а ца моьттинера, — долийра Салмана, буьйсанан вахтера ваьлла, Iуьйранна шаьшшиъ трамвай тIе вогIуш.

И хецаваларе догдохуш, шаьшшиъ нохчо хилар а далийра хабара юкъа.

Ойланаш еш веана, шен хIун къайле ю хьох, бохучу хаттаре вистхилира Анзор.

— Цхьаъ ду шун цIахь цатаме дуьйлуш. Ахь и лечкьадо тхох. Вайна ма-хаъара, хьуна чу са а диллина волчу Семен Ивановична и чIогIа дазделла. Доллучул а новкъа деана цунна сомара балхахь а, цул хьалха цIахь а хьо мелла тосавалар. Юкъ-кара Хизар а, цуьнан зуда а хаало шуьга догIу-доьдуш. Цара цхьа тим туьйсутехьа хьуний, Кесириний юккъе?

— Хаац, — белш сатийра Анзора. — Чу ма вуола ала атта тарлац стаге. Амма тхан гIуллакх долуш-м ца оьху шуна уьш, Салман, вайн-цига. Хаъал хIуманаш айса къедийна дела, сайна гергахь и тоьъна Iаш вара со-м.

— И ишта дац-м оха а хьаха ца боху, Анзор. Кесирин, хьайн юкъаметтиг кхачамболлуш ларъехьа. Цо кхачор ду хьуна шадерг, ХизаргIара лелориг а тIехь.

— Ахь санна, айса институт чекхъяькхичхьана...

КIоршаме а, дегабааме а, Iоттабаккхаме а хетаделира Салманна и дешнаш а, Анзоран шеха хьажар а. Амма, трамвай тIехь дийца а ца тарделла, хедира, даккхий синош а дохуш, юкъ-кара вовшашка хьажалуш воьдучу цу шиннан къамел.

III.

«Суний, сан зудчунний юккъе мотт ма тийса цхьаммо а. Жимачохь а, воккхачохь а суна шайх воциг бен цхьа мисхал а диканиг ца даьлла верасаллин деза хабарш а совцаде. Тоьур ду. Вита. Со, нах санна, сайна ваха хиъна. Гергарло дезий, лелонний со дуьхьал вац. Амма дIадевлларш, юхин цахиндерш дита. Со кхетта, кхетийна!..»

Иштта Анзора ша вегийчахьана, хIара цIахь воцчухула бен ван ца хIутту Хизар, веана къелиг вуьйлуш, къамел деш Iара Кесирица. Дош шена луъ-луъчухьа хьовзош, керча шарбелла къена мотт тийса ца лора. Цуьнан цициган бIаьргаш цкъацкъа Кесиричех довдий

тIапъолий довш, юха, хабар маслаIате дан доьлча, мелаша схьакъедаш дохкура шайн кедийн кIоргехь. Куьйса юьхь ийзочу Хизаран декъа куьйгаш, дегош, Iасанца хьала-охьа шершара.

— Сой, хьан ненйниший вон ца хиллера Анзорна а, я хьуна а... — Кесирин салаца лоьруш хедадора Хизара шен къамел. — Шуьшиннан а, тхаьшшиннан а дуьхьа хIара захало дендеш доккха къахьийгира, вайна ма-хаъара. Шаьшшиъ тоьлий ма-делли, зIок туьйхи ашшиммо. Бехке, дукхахъерг, хьо ю, Кесира. Айхьа аьлча и цIа вогIур воллушехь, цуьнан алапа тхох лардархьама соьцу хьо кхузахь. ХIумма а дац. ГIоза доийла аш иза... Жимма дакъа-м тхуна а догIура цунах. И хаа гIорта аш мало ца йича.

— Деллахьа, Ваши, хIара «дика» болх хилаза елира со, — элира Кесирас баккъаллаачух тардеш. — ЦIа и хIунда ца веара-м хьуна дика хаьара... Амма, да воккхавер воцуш къоьлла ю хIара аш соь кхачийнарг...

— Жолам яI, жолам, — тамхилла, маж-беташ шарйира Хизара. — ТIаьхь-тIаьхьа дохкур ду шу хала. Ламаз-марха доццчу, сахь-закат ара ца долучу неIарх чу беркат дер дац. ХIинца а дац тIаьхьа. ЦIа йола. Къахьбе цунна хIара делан мостагIий. Хьан майра-х, доккха хIума тIе ца оьшуш, хилла ваьлла молла ву. Со дIа маниккхи, наха куьйгаш тIехь а лелор волуш. Ойла ел шаьш муха кхобур ду юьрто, адамаша... Хьан-х ца хьаьвзина корта... — шеха, ах гIаьттинчу бетан екъачу бертехь мотт а ловзош, сецира Хизар-молла.

— Цунах гIуллакх хилахь тамаша ма бу, Ваши.

— Делахь, кхин де хIета, дукхаяхарг. Дац. Цу кIезгачу алапех шу кхузахь дахкалур дац. Дага ма-деъа, дIа а даьхкина, чу охьаховша атта ду шуна: нехан бага дахале, эвла а волий, катоххий и цIенош сан цIар тIе дахийта Анзоре. Ткъа сан весетан кехато уьш гуттара а шун латтор ду. Кху квартирина цхьаъ «ватIахь», Iедало дIадохур ду уьш. Сел вочу цунна и хилийта-м догIура ас.

Дог лозу, озаза ца Іа. АллахІ, аллахІ... ДІаваха веза... — хьалагІаьттира Хизар. — Когаш кІел ю Іожалла. Ларрий ала Анзоре.

— Ахь хІун цІеношу дуьйцу, Ваши?.. — ерриг качъелла, елакъежжинчохь йисинчу Кесирас сихбинна мотт хьоькхура дуткъийчу балдех, куьйгаш а хьерчош.

«...И вай чохь Іен цІеношм ас, лаьцна ваьллина хІара эскаре ваханаверг а вина, вуно йоккха харж а еш, схьаэцца дай», — аьлла, волавеллачу Хизара хийла хабаран татин гота хьовзийра, несана гергахь Анзоран дика дешича хила гІерташ. Бакъдолчунна говза гІо хьоькхуш, и хьадарх чІогІа ларлуш.

Амма бакъдерг, сан дешархо, иштта ду: мацах жима Анзор казах волчуьра дІавуьгуш, Хизаран карадаьхкира цуьнан да тІамехь турпалаллин валаран кехаташ. Ткъа цаьрца Іедало Анзоран цІарах схьаделлачу цІеношна чу а хиъна, и тІеман гІазот, шен шича, минер Расу фашисташкахула ведда туркойн пачхьалкхе вахана, цхьана буса Хизара бохуш вайна хезира.

— Деца!.. Хуур ду. Хоттур ду ас, Ваши...

ДІавоьдучу мардешичана мас-малик хуьлуш качъелла тІаьхьаяьллачу Кесирин дог ловзадуьйлура, цІа кхача везачу майрчуьнца къамеле яла масъелла...

Шаьшшиннан деанчу хабарх исс дакъа, исс юьхьиг ян, исс бустам баккха охьахиира Кесира: «Уьш доьхкича... ХІан-хІа, доьхкинарш а дина чу нах ховшийча, тхаьш тоьлий даьллачу дийнахь дІа а дахана, охьаховша цІеношхир ду. ТІе хийла хІума а оьцур ю хІетталц царех деанчух... нехан бІаьрг къаьрззарг тоьла!..»

Туйнаш даьхкира цергех.

Ша Анзорначул кІезга-м ца везара Кесирина иза. Амма, цхьацца зударш иштта ма-нисбаллара, цу тІехь хІилла чІогІа долуш, шен дог, безам лачкъой, сацой ларош, майрчун догцІеналлех пайда а оьцуш, цунах ялар охьакхуссучу туйнан мах шена ца хета моттийта хууш, Анзоран мела меттигаш евзаш, гуттар ца хуьлчу даьлча,

мел цIена безам а дуьненан дохно бицбан мегаш хета герга стаг яра Кесира. Ткъа, зударийн цхьайолу чухулеш, тIехулеш ца евзу Анзор гIайгIане вара цуьнан оцу хIуманашна.

Юьхьанцалера безаман цIе яйчахьана дуьйна и юха лато гIерташ кхуо хьоьгу къа боккха болх бара. Кху беа-пхеа баттахь безамах, дахарх лаьцна хийла романан агIо а, туьйра а хьахий Анзора шен зудчан теIа евлла хеталу ойланаш екъа, айа дагахь. Кесира дешна яцарна делахь а, я кхин бахьана хIиттахь а, цуьнан кIезиг самукъадолура царех.

Амма хIинца балхара чукхаьчча, хаъал хIинццалцчул екхаелла хийтира Кесира майрчунна.

— ДагадогIий хьуна, Кесира, мацах цхьана воккхачу поэта Низамис аьлла бохуш, ас дийцинарг? — хIума йиъна а ваьлла, гIантан букъах дIатевжира хIусамненан серлаяларх там хилла Анзор. — Дагах а, коьртах а ца хьакхалуш дIабоьду безам безам бац, аьлла цо, жималлин марзо ю. Лар йоцуш бан бакъо яц бакъ безаман. Абдин-абделац, адам лаьтто худдалц баха богIу иза. Бакълийна поэт. Гой хьуна, Кесира, хьо селханачул тахана тоьла. Таханачул а елаелла хир ю кхана... Вайшиннениг а ма бу цо буьйцу безам... — хьостуш, ларъеш, тIеозийра майрчо доьзалхочух Iана яхха йоллу зуда.

Елакъежна, тIе а таьIна, юха яй-й дIатаьIира Кесира.

— Хаац, — элира цо, Iийна, — эвла-м ца лиъ хьуна. И цIенош доьхкича я царна чу нах ховшийча мукъана, хIун дара-техьа вай?

— ХIун цIенош? — кIедда цецвелира Анзор.

— Вашар чохь Iийраш.

— Уьш вайн ма дац, Кесира, хIинца.

— Ой, кху къоьлли тIе царна дита-м ца воллу хьо уьш?! — бос а керчаш, оьгIазе ехьара Кесира, бIаьрган негIар а ца кхеташ.

— Дакъаза ма яла хьо делаI. Ас пачхьалкхана дIа ма делла и цIеношI, хIара квартира вайна луш, Кесира.

Дуьненан дохнан дуьхьа бIаьрг баккхийттал чIогIа шен зудчун сутаралла кIамъяларна, масъяларна кхоьруш, хьайн хьашт мел ду эсала, мерза лен велира Анзор. Амма гIуллакх хилахь тамаша бара.

Херца белира Кесирин бос, юсаелира иза. Моьттур дара цо дIайоху пхьегIаш вовшехлета. Карара хецаделла хедар дамар-дарц делира цIенкъахь.

— Суна-м ца оьшу хьуна, хIета, хIара хьан екъа, еса квартира. Хьуо майра велахь, тIехь а, чохь а — вайна мел оьшург хилийта! Со нехан бIаьра хьежа, цаьрга балдаш дахийта ца еана хьоьга маре. Хезий хьуна?! Суна эхь хета!.. Сан вархIа а да ца хьегна нахах... — елха хиира Кесира, ахIин декъе юьйлуш.

Воьхна, ша Iаччохь виснера Анзор. ТIаккха хьаланкхира, зуда теян, гонах хьаьвзира иза.

ГIуллакх ца хуьлура. ТIеттIа чуьраюьйлура, хьаста мел хьаьсти. Улло охьа а хиъна, велххал холча хIоьттинера, шен дан доццчу кIуманна, Анзор: «Ой, ас хIун дийр ду доццчунна? Хир дай н-м, сих ма лохьа...»

— Маца хир ду иза, маца?! Шо кхачча-м доллу ахь и боху... Хьажал вайн лулахочун, сан чуй, тIей, тускаршкий. Иза татта а лой йогIу базарара, — хьозанан шурин биста кхаччалц, шаерг йохьуш. Телевизор, холодильник, пуьлуьшаш... церан доцуш хIун ду. ДIа мел диллина хиндай...

— Ой, дависа шен, Кесира: «селхана» балха ваханчу соьга нислур дуй, ший а цу заводехь къанделлачу цаьрга сел сиха вай? Истанг ма-дду хеца, аьлла вайн дайша ког. Ма дийцахьа вайгахь ца товриг. Даа дац, мала дац? Iойла вон ю? Кестта сох помоператор хир ву. ТIаккха кхин а талур ду. Дуьне тIекхета-кх суна, ахь вай къен ду, аьлча. Хьо, со вайшиннан безам... Уьш дерриг шардеш, вайна тамберг лоьхуш, схьахIуьттуш

лаьтта заводерниш! Ма даахьа, Кесира, вайн са. Со хьайчун оххал хьажахьа сан даге.

Анзорна Iаламат халахетара сарахь деша оьхуш, цахуург хоьттуш, хуург шардеш, техминимум Iамош, доIуш са а, еш наб а йоцуш хьийзачу шега Кесирас сел юьхьаза, хIинца санна, цхьадерг алар. Зудчух доьзалхо хьаьрчнахьана гуттар цунна там бан гIерташ, мел гIелвелла веъча а хьоьстуш, ша дан мел мегадолчух и мукъаяькккхина вара Анзор. Цкъацкъа цхьа тер-мера хIума, цIахь воцург а хуьлий, ша юьттуш меттиг йора, вуьштаниш прачечни хьора.... Ког лаьттах ца кхеташ, хьийзара цунна болчу тамана.

— Ас, суо санначаьрца яхь йолуш, бехира, жимма кара хIума йогIу йоллучу нисвала хьажа балха. И мехкдаьттанаш а дитий, — кIеззиг саийзар бен тийнера, везачу майрчух дагахь къахетаза ца Iелу Кесира.

— Ахь хIун дуьйцу, ва Кесира, шена беззачу воьдий балха-м. Со берахь дуьйна хьегна хьуна заводерчех. Цигахь болх бан Iамарх, хаарх. Дог резачу белхан меха хIун ду! Хуур дара хьуна...

Шен ма-хуьллу Iаь хаза лера Анзор, чамзалла ца езаш, къамел цу тIе даларх ларлуш. Шех маларан хьожа кхетча оччаяларна кхоьруш, ницкъ ма-кхоччу юьстара хьоьстура цо, чкъочкъамашка оьхуш, ша шега ладоьгIу зуда.

— Стаг, и вайн ши лулахо заводехь къандалар ма лерана элира ахь. Соь балха гIуо бохург-м дац хир дара хьан иза? — девне яла гIерташ, кIамвора зудчо цунах ларлу, къийлалу майра.

— Яхча, хIара дов дан мукъа а доцуш, вайша дехар-м дара, схьахетарехь, хазанеха санна, — ахзабаре велакъежира Анзор.

— ХIа-хI?.. ЭхI, эхI... Лоьраш... — ге лоцуш, ша Iаччохь сеттира сатосуш дуьйна лазарш оьху Кесира.

Сиха дехьачуьра деана назбарш, истанг цунна кIел

а тесна: «Ас скори помощь...» — воьхний, гIадваханий, аратасавелира Анзор.

* * *

«Родильни цIийнан» приемни адамех юьзна яра. Кхузахь, сов хаза беран гIудалкх а ялош, зезагашца Кесира цIайига еана АнзоргIеран бригада а яра, шайчарна дуьхьал, цаьрга хьажа-хIитта баьхкина а бара кхузахь. Церан хабаршна юккъехула декаш телефонаш еттачарна жоьпаш лучу дежурни зудаберийн ши аз дара: «ЙоI а, ша а вуно дика ю». «ХIумма а яц хIинца а»... «КIант вина...»

И шега боху моьттуш, шечух дерг хоьттуш лаьттачу стага цхьана дежурни-йоIана, тIе а озийна, оба элира: «ХIа...» — зезагийн курс а луш. «Баркалла», — элира йоIа, ела а елла. «Ши йоI, кIант дина хьуна».

Эххар а еана, бер керахьчу няница схьагучуелира Кесира. Велакъежжинчохь виснера и гуш воккхаве Анзор. ДIатIебеттабеллачу заводерчара кар-кара оьцуш чекхвохура кIант. «Ас бехирий куьзгана дукха хьоьжу, бер Кесирех тера хир ду? ДIадаккха кIума-м дац...» — элира Эльвирас. «ВархIаннан ваша хьулда хьох, Расу»,— шена хьоме цIе туьллуш, веза гIудалкха чу виллира Семен Ивановича кIант.

— ХIан-хIа, хIан-хIа... дадас татта веза хьалха...

— ХIара-м ловр дара ас. Пиленкаш йитта ца дезийтичахьана, Виктор... — забар кхуссуш, гIудалкх хьалхатеттинчу Анзора, Кесирига мерза бIаьца а еш, тIетуьйхира: — Хуур ду-кх...

ЦIехьа буьйлабелира. Вуьшта а малхо хьоьстучу цул хаза дей, шаьшшиннел ирс долуш адаммий ца хетара Анзорна. Мегарг ког лаьттах ца кхетара кхуьнан. Ловзара дог. Накъостех бехк лоьцуш, лачкъо гIертара шен воккхавер. Амма Iа ца лора. Вахана мамина улло иккхира дада:

— Кесира, хьайн десара... ХІуъу болх беш а, вайи алапи тІе ахча даккха хьожур ву хьуна со...

— Эльвира йоцчохь хьуо магахь...

— Кесира... — шайчарчех кхин коьртахвала йиш йоцуш, холчохь висира, зудчо ца догІуш эккхийтинарг новкъадеана, Анзор.

Зудчо олучух теша а, кІант винчу цунна луург, хІинца-м муххале, дан а тІерачу майрчунна тарделларг кхузахь бакъ дацара.

* * *

Кесирас шаьшшинна юккъе Эльвира Іиттар моттаргІа яра. Шен сутарчу саьхьараллина дуьхьал лоьцуш кирхьа. Къаьсттана кху тІаьхьарчу хенахь цунна шера хаьара Анзоран Эльвирицара уьйр безама тІехь йоцийла. Амма цунна иштта атта карийнера майра шен лааме, аьлларе ваккхар.

Беттан коьртехь а, цуьнан юкъйоькъуш а майрчо шортта чу ахча кхоьхьийла луучу цхьайолчу зудчун езаераш, ирахлелхарш дара Кесирас ирадоьгІурш. Цара сийсо ваьккхинчу Анзоран юьхьанца тІеттІа серлаюьйлуш яьгна бригадацара уьйр-марзонаш де-дийне мел дели зарзлуш, оьшуш схьайогІура. Бригадерчеран цхьацца хьехарш тохара санна ца хетта догІура. Амма накъосташа шайниг ца дуьтура. «Анзор, варий, воха ма вохалахь. Массо хІуманан а юьхь хала хуьлу. ТІаккха, хьийзий, шен метта дІанисло шадерг. Болх а, адамашцара юкъаметтигаш а, зуда а... — уьш вуно лерана, хаза лело хаа дезаш, гІалатваьлларг вуно дохковоккхуш хІуманаш ду...»

Дикка хан яра шена лууррггий, зудчо хьалха дохургий терзан тІе туьйсуш Анзор схьавогІу. Цкъацкъа заводей, бригадей, накъосташкий болу кхуьнан безам, цІена дог-ойлий тІехь долу терзанан кад хьала баддоза буьсура зудчан дукха езаро. Амма и къуьйлуш, лечкъалуш

схьавалора Анзор. Ткъа хIинца Расу воьссинера ненан лааман кеда. Цу дешин гIорзано гIарчIъаьлла охьайижийнера шен агIо.

Цундела хир дара: «ТIеттIа юхъхьа юьйлуш схьаихи. ХIинца дуьйна-м муххале а... ДIаяха гIорта а тарло. Ванах, заводах а, ккунах а ца волуш, хIун далур дара-техьа? Алапа тIекхеттарг дан хIума карадеъча, жимма ахча нисделча... Цунна качъелла хIара юха ека ялале дIасатоьхна сох помоператор хир вара. ТIаккха дерриг дIадерзалур ду. ХIун дийр дара?..» — кIант теттина воьддушехь, ойланашка вахара Анзор.

IV.

Бовха хьоьжу аьхкенан малх хьетIа балаза хан яра. ГIалин паркаш, скевераш а, драматический, кинон театраш а, туьканаш, урамаш а дуьзна дай, сирла духаделлачу адамой, церан самукъечу хабарший, беларший...

Вайн Анзор, Кесирий а догIу Владимир Ильичан памятник йолчу майданахула, гIудалккахь шайн Расу хьалха а туьттуш. Андаваьлла кIант ша хьажалу-лучухула кхокхашкий, царна тIаьхьа уьдучу берашкий хьежа гIерта, верриг чукхиссало. Цунах там хьулуш данний кIантана а, вовшашна а делакъежа. Севци хIорш.

ГIеххьа кечъелла ю Кесира. Лакронан туфлеш, кIайчу экъан тIехь боьмаша гIа долчу крепдешин, духдаькхина коччий, куьрана тIехула ирахйихкина капронан косынкий дика тов, чардакх санна, лекха дегI долуш, ерстана, хьаьрса хегалучу кхуьнгахь. ШIелгах а, лергех а дашо чIаггаш, хьалха маха, буйнахь бумаьштик, кIантана хьоькхуш схьадаькхкина йовлакх... Анзора, булка отуш, цуьргаш туьйсу. Кхокхий тIома а, кога а схьауьду. ЖIуга хилла царех. Кесирас, уьш гайта, караэцна Расу, ненан марахь воллушехь, шен гIовгIанца чукхийсало

кхокхашна, кегий бишеш кхийдадо, дерриг туйнаш а оьхуш, воьлу.

Буьйлабелла бахана хIорш ирахъхьаьдда спутник лаьттачу сквере бевлира. Охьахевшира гIанта, кIентан гIудалкх Iиндагlехьа а ерзош.

Кесира хIинццалцачул самукъе, лен а, ладогIа а догдогIуш ю. Анзор-м башха ишта а ца хетало. Йовш, латош цигаьрка а ю лелош кхуьнгахь. Сакх, социйла, синтем байна ву.

— Хьажал хьо, оцу тIекхеттачу пхеа туьманах вайна хуьлу гIуллакх: даий, кег-мерсачу гIуллакхашний тохарлерра хьан алапа а дуьсуш, кIантана юргIа ийци, — дуьйцура Кесирас. — Диснарг, доцург деш, дIадуьллур ду. Ишгта кхехьча, ахь цхьаццца катоьхча, Iа долале вай шинара нисдича, цунах мамагIаьргахь етт кхуьур бу. ТIаккха кхин дийр ду. Ша миччахь Iахь а, эвлахь бух латто беза стага, боху баккхийчара.

— ХIун дан йоллу-техьа цунах, ма дукха буьйцу-кх ахь и бух? — хаьттира Анзора оьгIазе, карзахе, хораме, цигаьрканан кIур сихъиккхина, йовхарш а етташ.

— Нах болчохь ма алалахь ишгта, Iовдал. Байттамал яI, ас Iалелай дешшехь ахь, эрна яхийтина хан. Ас ма-эллн, хIинца санна, ахь гIайгIа бинехь, мел IаьIана кир дара? Гой хьуна, лехча йолу катухийла. ХIинца лизерваР цIанбина, боху ахь. Юха кхин дийр ду. Ахь шайца доькъург, цадинарг а яздан мега хьуна, шун барт тахь, — гуттар шаръеллера Кесира, бетах мотт а хьоькхуш, куьйгаш туьйсуш, кIамдеш.

Хьийзаш са схьадала доллучу Анзорна кула хиллера зудчун текъамех. ДIахьовзийча а, схьахьовзийча а, цо мел дуьйцург ца дууш а, ца духуш а хIума IаIорна, нехан бIаьргах и лардарна тIедогIура лелий.

Дукха социйла дайна, юкъ-кара хьалаэккхий, дIасахьовзара Анзор.

— Ой, ва Кесира, вайга хIун хIоьттина и IаIош бала хьега.

— Хьайи цIе а, кIур а доцуш вайна лаьттина дела, ца хаьа хьуна. Хуур ду, Анзор. ХIара-м ншта схьадогIуш дуьне дай. Велча тазета баьхкинчарна дIасахьаьвсича ган а деза хIума.

— Бисинчаьрга къийсийта бахий ахь? Вайга хIун хIоьттина уьш летийта, вовшашца гамбан?

Анзоран кхетамана, цуьнан лаамана гена, хийра хIуманаш дара зудчо хьалхахIитторашш. Амма и езарна, юьхь яйъина дIа ца алалора безамана дог кIедачу кхуьйга шена хетарг. Расус, бат, бIаьргаш дедех терачу Расус а сецавора дуккхадолчарна тIехь.

Кхин Iийча, ша цхьаъ аьлла, шайн арадовларан чам барна а кхеравелла, хьалагIаьттира Анзор. Ша Семен ИвановичагIаьрга ваха дезаш ву, шуьша меллаша цIагIо, аьлла, Расуна оба олуш, зудий, кIант новкъа а даькхина, шен даге хьажа, ойланашка ладогIа, трамвай соцучухьа дIавахара Анзор, башха ша мичахьа воьду а ца хууш, когаш боьлххучхьа ала мегар долуш.

ДIавоьдура иза, адамаш а, некъ а — цхьа хIума ца тергаллуш. Дукха чIогIа ойланашка баьлла корта, некх санна, бекара, кхиссалора, чуьрадуьйлура дог...

«Ишттта кхехьа ахь... Байттамал яI, ас Iалелай дешшехь эрна яхийтина хан», тов. ХIара-м хьаха ца йоллу и тоа. ХIара-м хьаха йоллу со мегарг цIанвелла а валазчу курхалшка ваккха... ХIан-хIа?.. — воьхна, ша шега хоттуш, дIасахьаьжира Анзор. — ХIан-хIа, хIан-хIа, Кесира, хир дац! Со... Ванах, ас динарг хIун ду? Хьераваьллера-техьа со? Кхета гIертташехь... Пхи туьма... Левайти-кх ас со кху Iовдале. Эхь яI, эхь. Хьо валаде. Бакъ, бакъ дайти хьуна цуьнан сонталло соьга и курхал. Хиндацарий, кхуьнца, — коьртах куьг деттара, — ойла йинехь... Накъостий... шайн синош суна чу а дехкина лела уьш. Семен Иванович... Адам хилла а Iай иза. Папица тIом бина, и везна. Со хьоьстуш... ХIун, хIун дан деза царна хаахь? ХIан-хIа, цига далале, айса дIаала деза... айккхавала... Муха, мича

кхокхашна, кегий бишеш кхийдадо, дерриг туйнаш а оьхуш, воьлу.

Буьйлабелла бахана хIорш ирахъхьаьдда спутник лаьттачу сквере бевлира. Охьахевшира гIанта, кIентан гIудалкх ИиндагIехьа а ерзош.

Кесира хIинццалцачул самукъе, лен а, ладогIа а догдогIуш ю. Анзор-м башха ишта а ца хетало. Йовш. латош цигаьрка а ю лелош кхуьнгахь. Сакх, социйла, синтем байна ву.

— Хьажал хьо, оцу тIекхеттачу пхеа туьманах вайна хуьлу гIуллакх: даний, кег-мерсачу гIуллакхашний тохарлерра хьан алапа а дуьсуш, кIантана юргIа нйци, — дуьйцура Кесирас. — Диснарг, доцург деш, дIадуьллур ду. Иштта кхехьча, ахь цхьацца катоьхча, Iа долале вай шинара нисдича, цунах мамагIаьргахь етт кхуьур бу. ТIаккха кхин дийр ду. Ша миччахь Iахь а, эвлахь бух латто беза стага, боху баккхийчара.

— ХIун дан йоллу-техьа цунах, ма дукха буьйцу-кх ахь и бух? — хаьттира Анзора оьгIазе, карзахе, хораме, цигаьрканан кIур сихъиккхина, йовхарш а етташ.

— Нах болчохь ма алалахь ишта, Iовдал. Байттамал яI, ас Iалелай дешшехь ахь, эрна яхийтина хан. Ас ма-элли, хIинца санна, ахь гIайгIа бинехь, мел IаьIана хир дара? Гой хьуна, лехча йолу катухийла. ХIинца лизервар цIанбина, боху ахь. Юха кхин дийр ду. Ахь шайца доькъург, цадинарг а яздан мега хьуна, шун барт тахь, — гуттар шаръеллера Кесира, бетах мотт а хьоькхуш, куьйгаш туьйсуш, кIамдеш.

Хьийзаш са схьадала доллучу Анзорна кула хиллера зудчун текъамех. ДIахьовзийча а, схьахьовзийча а, цо мел дуьйцург ца дууш а, ца духуш а хIума IаIорна, нехан бIаьргах и лардарна тIедогIура лелий.

Дукха социйла дайна, юкъ-кара хьалаэккхий, дIасахьовзара Анзор.

— Ой, ва Кесира, вайга хIун хIоьттина и IаIош бала хьега.

— Хьайн цIе а, кIур а доцуш вайна лаьттина дела, ца хаьа кхуна. Хуур ду, Анзор. ХIара-м иштта схьадогIуш дуьне дай. Велча тазета баьхкинчарна дIасахьаьвсича ган а деза хIума.

— Бисинчаьрга къийсийта бахий ахь? Вайга хIун хIоьттина уьш летийта, вовшашца гамбан?

Анзоран кхетамана, цуьнан лаамана гена, хийра хIуманаш дара зудчо хьалхахIитторашш. Амма и езарна, юьхь яйъина дIа ца алалора безамана дог кIедачу кхуьнга шена хетарг. Расус, бат, бIаьргаш дедех терачу Расус а сецавора дукхахдолчарна тIехь.

Кхин Iийча, ша цхьаъ аьлла, шайн арадовларан чам барна а кхеравелла, хьалагIаьттира Анзор. Ша Семен ИвановичагIаьрга ваха дезаш ву, шуьша меллаша цIагIо, аьлла, Расуна оба олуш, зудий, кIант новкъа а даькхина, шен даге хьажа, ойланашка ладогIа, трамвай соцучухьа дIавахара Анзор, башха ша мичахьа воьду а ца хууш, когаш боьлххучхьа ала мегар долуш.

ДIавоьдура иза, адамаш а, некъ а — цхьа хIума ца тергаллуш. Дукха чIогIа ойланашка баьлла корта, некх санна, бекара, кхиссалора, чуьрадуьйлура дог...

«Иштта кхехьа ахь... Байттамал яI, ас Iалелай дешшехь эрна яхийтина хан», тов. ХIара-м хьаха ца йоллу и тоа. ХIара-м хьаха йоллу со мегарг цIанвелла а валазчу курхалшка ваккха... ХIан-хIа?.. — воьхна, ша шега хоттуш, дIасахьаьжира Анзор. — ХIан-хIа, хIан-хIа, Кесира, хир дац! Со... Ванах, ас динарг хIун ду? Хьераваьллера-техьа со? Кхета гIертташехь... Пхи туьма... Левайти-кх ас со кху Iовдале. Эхь яI, эхь. Хьо валаде. Бакъ, бакъ дайти хьуна цуьнан сонталло соьга и курхал. Хиндацарий, кхуьнца, — коьртах куьг деттара, — ойла йинехь... Накъостий... шайн синош суна чу а дехкина лела уьш. Семен Иванович... Адам хилла а Iай иза. Папица тIом бина, и везна. Со хьоьстуш... ХIун, хIун дан деза царна хаахь? ХIан-хIа, цига далале, айса дIаала деза... айкхавала... Муха, мича

бIаьргашца хьожур ву со церан бIаьра... ХIан-хIа, дац, алалур дац соьга и цаьрга. Амма, ахча — диснарг — тховссехь, Кесирас диллинчуьра схьаэца деза. ТIаккха, тIаккха, хIара юьхь дIа а тилийтина, Семен Ивановиче шегга дIалур ду ас. Ма-хиллара, шадолчунна даре а деш. Цунна хуур ду, и дIа муха дерзо деза... Маржа яI, нахана иштта сайх бала бина лелар ву-техьа со? ЖIаьла, жIаьла ду хьо, Анзор!.. Хизар. Хизарх ца даьлла беркат... Цо Iамийнчара тилий... хьийзабо, меттабан ца буьту корта. Кхета а, сайх тешо а ца вуьту цкъацкъа. Маццалц?.. Маццалц лелор ду хIорш... И хьовх, цхьанна а тосаделлий техьа ас и ахча схьаоьцуш?.. Эльвира-м хиллера насосашна тIехьа....»— эццахь уллохула ваьллачо агIо а тоьхна, хадийра Анзоран ойланаш. Вуьшта а хьере хиллачу цунна и ойланаш шена уллора лелхо, гена яха лиира.

Селхана Iуьйранна вахтера яьлла кхеран бригада шовзткъе бархI сохьтана мукъа ю. Цундела ваьллера Анзор даьзалца, цадогIучу дагца кеч а велла, ара: цIийза босоножкаш, китайски чичунчин хечи чу йоьллина доца пхьуьйшаш долу баьццара коч, боцца лергина корта, буйнахь кепка. Кхуьнгахь чIогIа тов жимдеш тадина, чIегIардиган тIомал Iаьржа мекх. Ша ма-варра борец ву-кх: галлаш санна, пхьаьрсаш, шуьйра белшаш, стомма ворта...

Мацах ша гехь болх бан чу хIиттинчу туькана хьалха кхечи хIара. ТIехвели, дIанехьа а воьрзуш. Безам ца хетачух тера ду кхунна иза. Юккъе кхачаза йолу цигаьрка а охьакхоьсси. Болар тIетуьйхи.

Велавалар а, хьажар а, даккхийчу куьйгийн лелор а цхьа карзахе, доьхна хетало Анзоран. Юьхьа тIехь таьIний, сирлий хийцамаш лелха, херца. Цхьа ойланаш-м йохкучух тера ду кIентан коьрта чохь. ХIун ойланаш?

НеIаргехь сецца, дIаса а хьаьжна, сихха чуиккхина, эцца къаьркъанан читок а кисанахь, тькан чуьра аравелира Анзор. ТIаккха вахана Чехови скверерчу морож-

ни юхкучу павильоне кхечира. Юьстахо нислуш охьахойла елира. Цигара айалуш, дIасахьожучу юкъана тIеeанчу официантке заказ а елла, шен ойланашца дIатийра хIара.

ЦIийлора, макхлора, дарлора, кIадлора кхуьнан битамаш. ДогIаделлачохь лацалора хьажар. Сих-сиха хьерчадора, чуччадуьхкура куьйгаш. ХIун ду-техьа, Анзор, хьан садуург? Хьо хьоьшург, Iуьйшург?..

«Ша хирг хир ду!..» — официантко «Баржомин» шишанца шена хьалха хIоттийнчу стаки чу стоьла кIел ах яхийтина читок юха кисана йиллира цо. ДIамелира. Вагийча санна, хи мелира тIе сиха.

Барт ийгIинчу цIахь башха кхачанан там ца хуьлучу кийрахь керчаш тIекIел дуьйлура къаьхьа къаьркъа. Цигаьрканан кIур баькхира. Кхин а вон хийтира. БIагор хьаьвзира. «Кесира резаяелчахьана, важадерг дIа ца доьрзур техьа?.. Дика-м иза ас бохучу тIехь сеццехь хьаха дара. Ца соцу-кх. Гуттар хала адам хилла Кесира. Хетара суна. Амма оццул хала стаг юйла ца хаьара... Ткъа суна и дукха еза. Еза. Ванах, собардехьа... тохара санна, дукха езий суна иза хIинца?.. Цуьнан ойла ма ца йина ас. Расу... цунна хаа дезара ас лелориг. ХIун дийр дара-техьа цо?. — Кхаьрдар вара-кх, шен денда санна. Бакъ, бакъ кхаьрдар вара...» — схьа а лаьцна, шен корта хьакхийра Анзора. — Кхоам хьан я!...

— Де дика хуьлда хьан, Анзор. Ма дика ду суна хьо карийна, — еана, тIехIоьттира кхунна Эльвира.

Куц долуш, Iаьржочу аматахь, горга юьхь-марш, хьаьрса мас йолуш, берхIиттара яьллачу цуьнгахь, вайна ма-хаъара, тIеюьйххинарг тара. Ткъа хIинца кхуьнан букъа тIехь йорт еттачу борачу чIабица и лекха кIажа, буткъа буьхьиг болу кIайн туфлеш, ез-дарин юбкий, деха ихьош долу нелхан басахь чилланан кофтий-м тайна а ца Iара. Дерриг хазаллин нур ловзу кхуьнан оьздачу легIаца.

— Ой, марша йогIийла, Эльвира. Хьо мичара ели...

Же, охьахаал... — хьаланккхина хьаьвзинчу Анзора: «Хьо лаа-м юй хьовх...» — бохура дагахь.

— Институте контрольни болх дIабелла йогIура со. «Спутника» чохь нейлон ю луш. Ткъа сан ахча цIахь ду, — охьахиира йоI.

Дела а къежаш, Анзоран, Эльвирин, лерана ца хеталурриг, вовшашка хьажарехь говзачу психологана цхьаца хаадала магара. Амма, кху шинна-м хIумма а ца тосаделира цуьнгахь, шен-шен дагара хаарал тIехдаьлла.

— Ма долчу ца нисъелла-кх хьо, Эльвира. Суо да волчух ас хIорш эцца, — «читок» стаки чу ерзийра Анзора. — Амма хьуна морожни эццал хIума ю. Официантка, цхьа бIе ах бIе — пломбир! Айкх ца ялар хьан гIиллакх ду-кх, — къаьркъа тIехьадаькхира.

Анзоре хьаьжжинчохь йисинчу Эльвирин цецъялар кхачо аьттехьа а дацара. «Айкх ца ялар хьан гIиллакх ду-кх» тов. Муьлха дуьйцу-техьа кхуо?» — бIаьргашца кегавора тIееанчо шена хьалха Iийриг.

— Со-м Iадъ1ер. Хаза-м дуй хьовх.

Цуьнан шега хьажар бехкалавахана хетадаларо хадийра Эльвирин лер...

— Со лолда хьан... Читока тIе охьавеана. Я кхунах а ца ве воккха. Тховса хьаша вогIу дела... Выходнойхь мукъа яккхийша и мораль сан лерера!.. — ирахъиккхина Анзор дIатийра цкъа. ТIаккха Iийна, вашацаре вела а къежаш, юха волавелира. — ХIа-а, шу-м со кхетош дай. Хьекъалан дай!. ГIуллакх хила доллий хьовх вайн?

Вехна вогIучу Анзорна шена а хаахь тамаша бара ша ала гIертарг. Шен ма-хуьллу цхьа хIума-м лардеш, къийлалора хIара. Эльвира а кхоьрура, кеп хиллар тIехь, кхуьнгара цхьа там боцург дожарна.

Цхьадолу адамаш диталахь, жимма а аз айаделлачухьа лергаш догIа. Массар бохург санна, хIара шиъ тергалдора, чIогIа схьахьуьйсуш.

Ша чIогIа вистхиларна, бехкалаваханехь а, я кхин

схьалаьцна делахь а, тапъаьлла гIар-тата яйра Анзоран, даккхийра са а доьIуш.

Шайн рационализаторски предложени заводехь чIагI а йина, трестан технически совете елла Эльвирас аьлча а, сменни собранехь ахь дина къамел старши инженера селхана горкомехь хестийна аьлча а вист ца хуьлура Анзор.

— ХIинца а леха хьан хIара кхаьллича цергаш?

Кхин дан хIума а ца хилла, морожнина тIеелира Анзор леваккха гIерта Эльвира.

— ХIаъа.

IIлан а, экономи а, установкийн болх а — шадерг дика схьадогIура, бохура Эльвирас: — «И ца иккхинехьара, дависарг».

— ХIан, хьо-м Iуьйранна вархI долуш, корта лаза а баьлла, больнице вахарий. IIхи туьма ма эшна вайн кассехь.

— ХIун?

ГIантахь меттахъхьовш, цигаьрка латош социйла дайра Анзоран.

— Мухий? — хаьттира цо эххар а, цергаш хьакхош, бат карчош...

— «Мухий?» Хууш я ца хууш, цхьаммо сов дера эцца, шена догIучул.

Эшшехь массара а охьадилла деза, бахара Анзора. Еа бригадна пхи туьма хIун ю? Вайн дайначу ахчанца вукхеран хIун догIу, хоьттура Эльвирас. Важа цуьнга хьаьжжинчохь виснера. Кийра цIе летара...

— Ой, кассир воцуш алапаш далар доладе бахарна-м ца дайна иза вайн? — догдаьттIачух тера, цхьа муха ду а ца хууш тамашена хеталора Анзоран лер а, карзахвалар а. ХIара ша а мегарг ца кхуьуш, кхуьнгахь кегаделлера дохковалар а, дарвалар а, эхьах вагар а... «ХIанхIа, чIагIвала веза, жимма а маллахь, гучуваьлла ваьлла со. ТIаккха заводах а, нахах а вала дезар ду. Цхьана

бакъалгахьа ца доьрзур-техьа, дависарг...» — детталора дог а, бIаьргаш а.

ХIан-хIа, бахара Эльвирас. Шайн бригада вахте дIахIуттуш а, и цигара хийцалуш а Семен Ивановича касса теллина, ягарйина хилла.

Чхам-аьлла бос баьхьира Анзоран эццахь. ТIаккха, гIоьртина, вистхилира:

— ХIета и сан коча догIур ду. Ас бехира, ма лаца тIе, вита. Лагерера веанчу сох теша шуна цIеххьана хала а, кхераме а хир ду. Со ларвечул, шайн гIуллакх дендарий. Масане ду уьш бригадан...

Эццахь, шена гIалат а хеташ, и дешнаш цуьнан багах девлла а довлале, Анзоре хьажаелира Эльвира. Селхана буса касса кегийнчу цунна ша ца гина моьтту хIара чIогIа цецъяьллера кIанта аьллачух. Цул а чIогIа кхераеллера йоI иза вухъхьаваларна. Кхераелла а ца Iаш, хIинций-хIинций и хьахор Анзора дуьхьал тухур долуш хетара. ЛадегIаре дара Эльвирин Iар. Бос байна охьа а таьIна, куьйгаца деса стака хьийзо велира Анзор. ХIуъу лелийна а, мухха Iийна а, мел чуьраваьлла а ша вогуш хIума доцу кеп хIотто лаьара кхунна. Муха ца лаьа! Цунах дикка хьаам, ял хуьлура сингаттамана эккхаволлучу Анзоран инзаре детталучу дагна. ТIекхетта доьттина хи мелира цо. ЙоIана а кховдийра. Цунна ца дийзира иза. «ХIун ала, хIун кечдеш соьцу техьа хьо? ХIун ду-техьа хьан дагахь? ДаватIа, и хаа йоцу йиш?..»

Бехкбилларе хила гIерташ, беса велакъежира Анзор. ХIинца Эльвирина кхузахь шех хеттарг, кхана накъостех кхетча цо цаьрга аьлларг бакъ а хилла дIадахча тоийтора, барша-яьккхина гота лорура Анзора.

ХIара юьхь, хIума ца тосадолуьйтуш, тIехтасаелчахьана и шен велла-ваккха башха нахала а ца волуш, Семен Ивановичехула дIадерзадала герга хетара Анзорна. И дегайовхо яра кхунна чохь садоьIург, мелла а хIара вохвийриг..

* * *

Суьйр-Коьртаний, БухIан-Юьртаний юккъехула хьалайоьду АлдакIело[1] а юьзна Iуьллу Грозненски хIорд. Малхехь къегачу цуьнан куьзгана тIехула лела пийсикна лело а, мотор йолу и гила-кеманаш. ХIорд а, цуьнан йистош а къарзйина силачу адамо. Луьйчу, малхехь Iохку, тайп-тайпана ловзу, спортивни къийсарш до, доу, молу, мIерий доьгIу... Беларш, хабарш, маьхьарий...

Массарел гена даьлла, Лаьнчик-Басехьа[2] хьалатеIадора пийсикаша хIара гила-кема. ХIинца хецца дити тIерачара. Сакъерало ала башха бекхабелла а ца хетало хIорш. Цхьана хIумана тIехь-м къамел сецца, шаьш кхаанах цхьаммо и юхадолоре хьоьжучух тера ву кхарех хIора а.

Семен Иванович шен мIеран тIуьса тIе вогIавеллачохь висина, ткъа Салман, Виктор сихвелла шаьшшиниш чутийса кечдеш ву: чIунаш тIера схьадостуш, тIе нIаьний духкуш...

Муьрг туьйхи Андреевн мIеро. Верриг велакъежжинчохь висинчу чIеридахархочун ши бIаьрг тIуьса тIаьхьа уьду. Хи чухула а, тIехула а идабо иза. Кхоьа вирзина хIинца цунна тIе.

— Хьалатохахьа, тохахьа, Семен Иванович!

Хьалатуьйхира. Куьйггал чIара, малхехь къорза бетталуш, хьаьвзина кеманна чу буьйжира, ирахкхиссалора.

— Маринка!.. — тIера нIаьна та а бина, мIар юхаа чутесира Андреевс. — Юьхь ас йолий, ши кIант.

ХIинца кхо тIус техкара лепачу хи тIехь, кеманна гонаха.

— ...Хьо цигаьрка оза вахана вара, Семен Иванович, — волавелира Балашов. — Ведомость кегийнчу Эльвирина корах чу хьоьжу со ца вайра, схьахетарехь.

— Ткъа хьуна дайрий, Виктор, цо кассера ахча

[1] АлдакIело — меттиган хьалхалера цIе.
[2] Лаьнчик-Басе — меттиган хьалхалера цIе.

бакъалгахьа ца доьрзур-техьа, дависарг...» — детталора дог а, бIаьргаш а.

ХIан-хIа, бахара Эльвирас. Шайн бригада вахте дIахIуттуш а, и цигара хийцалуш а Семен Ивановича касса теллина, ягарйина хилла.

Чхам-аьлла бос баьхьира Анзоран эццахь. ТIаккха, гIоьртина, вистхилира:

— ХIета и сан коча догIур ду. Ас бехира, ма лаца тIе, вита. Лагерера веанчу сох теша шуна цIеххьана хала а, кхераме а хир ду. Со ларвечул, шайн гIуллакх дендарий. Масане ду уьш бригадан...

Эццахь, шена гIалат а хеташ, и дешнаш цуьнан багах девлла а довлале, Анзоре хьажаелира Эльвира. Селхана буса касса кегийнчу цунна ша ца гина моьтту хIара чIогIа цецъяьллера кIанта аьллачух. Цул а чIогIа кхераеллера йоI иза вухъхьаваларна. Кхераелла а ца Iаш, хIинций-хIинций и хьахор Анзора дуьхьал тухур долуш хетара. ЛадегIаре дара Эльвирин Iар. Бос байна охьа а таьIна, куьйгаца деса стака хьийзо велира Анзор. ХIуъу лелийна а, мухха Iийна а, мел чуьраваьлла а ша вогуш хIума доцу кеп хIотто лаьара кхунна. Муха ца лаьа! Цунах дикка хьаам, ял хуьлура сингаттамана эккхаволлучу Анзоран инзаре детталучу дагна. ТIекхетта доьттина хи мелира цо. ЙоIана а кховдийра. Цунна ца дийзира иза. «ХIун ала, хIун кечдеш соьцу техьа хьо? ХIун ду-техьа хьан дагахь? ДаватIа, и хаа йоцу йиш?..»

Бехкбилларе хила гIерташ, беса велакъежира Анзор. ХIинца Эльвирина кхузахь шех хеттарг, кхана накъостех кхетча цо цаьрга аьлларг бакъ а хилла дIадахча тоийтора, барша-яьккхина гота лорура Анзора.

ХIара юьхь, хIума ца тосадолуьйтуш, тIехтасаелчахьана и шен велла-ваккха башха нахала а ца волуш, Семен Ивановичехула дIадерзадала герга хетара Анзорна. И дегайовхо яра кхунна чохь садоьIург, мелла а хIара вохвийриг..

* * *

Суьйр-Коьртаний, БухIан-Юьртаний юккъехула хьалайоьду АлдакIело[1] а юьзна Iуьллу Грозненски хIорд. Малхехь къегачу цуьнан куьзгана тIехула лела пийсикца лело а, мотор йолу и гила-кеманаш. ХIорд а, цуьнан йистош а къарзйинна силачу адамо. Луьйчу, малхехь Iохку, тайп-тайпана ловзу, спортивни къийсарш до, доу, молу, мIерий доьгIу... Беларш, хабарш, маьхьарий...

Массарел гена даьлла, Лаьнчик-Басехьа[2] хьалатеIадора пийсикаша хIара гила-кема. ХIинца хецца дити тIерачара. Сакъерало ала башха бекхабелла а ца хетало хIорш. Цхьана хIумана тIехь-м къамел сецца, шаьш кхаанна цхьаммо и юхадолоре хьоьжучух тера ву кхарех хIора а.

Семен Иванович шен мIеран тIуьса тIе вогIавелла чохь висина, ткъа Салман, Виктор сихвелла шаьшшиннеиш чутийса кечдеш ву: чIунаш тIера схьадостуш, тIе иIаьний духкуш...

Муьрг туьйхи Андреевн мIеро. Верриг велакъежжинчохь висинчу чIеридахархочун ши бIаьрг тIуьса тIаьхьа уьду. Хи чухула а, тIехула а идабо иза. Кхоьа вирзина хIинца цунна тIе.

— Хьалатохахьа, тохахьа, Семен Иванович!

Хьалатуьйхира. Куьйггал чIара, малхехь къорза бетталуш, хьаьвзина кеманна чу буьйжира, ирахкхиссалора.

— Маринка!.. — тIера иIаьна та а бина, мIар юхэ чутесира Андреевс. — Юьхь ас йолий, ши кIант.

ХIинца кхо тIус техкара лепачу хи тIехь, кеманна гонаха.

— ...Хьо цигаьрка оза вахана вара, Семен Иванович, — волавелира Балашов. — Ведомость кегийнчу Эльвирина корах чу хьоьжу со ца вайра, схьахетарехь.

— Ткъа хьуна дайрий, Виктор, цо кассера ахча

[1] АлдакIело — меттиган хьалхалера цIе.
[2] Лаьнчик-Басе — меттиган хьалхалера цIе.

оьцуш, мича даьхьира цо иза? — хаьттинчу Салманан аз дегадора, муха-хIун ду, ца хууш, воьхна.

Цхьана юкъана гIар-тата яйра хе шена луъ-луъчухьа хьийзош лелочу кеманна тIехь.

— Сов ду мотта тарло, Салман, — бегашина ца хеталора Викторан дуьхьал верзар. — Шениг хьалххе дIаэццачу цуьнан гIуллакх дарий кассе гIерта? Ревизор-м яц иза? Цуьнан ойла ейша...

Эльвира езаш шаьшший а волчу тIехь, Салмана цхьана Iотта-баккхама тIе ийзадора, шена хIуьттаренна, йоIана тIехь цхьаъ кхолла Виктор гIерташ тарлора Мустаевна. Амма, деган кIоргехь цуьнан хIуъу делахь а, Викторна цу буса хIоьттина кеп хIинца цо къедориг хета бакъо луш яра. Ведомость а хоьрцуш, Эльвирас кегийна цу буса касса. Иза бакъ ду.

— Анзор... — хатта воьллера Семен Иванович. Амма, цуьнан мIеро муьрг еттар Салмане уьшарца гайта а дезна, юкъахвисира.

— БIагор хьийза а баьлла, больнице ма вахара иза вархI долуш, хьоьга а хаьттина... Хьалатоха, хьалатоха цо хьо вадавале, — сихвелира чIеро идочу Салманан мIерана гIадвахана Виктор.

— Ткъа хьуна Эльвира эццахь гуш, тхо мичхьа-мичхьа дара? — хаьттира Салмана, чIара тIехь мIара хьала а тухуш.

— Семен Иванович цигаьрка оза вахана вара, — дага а лоьцуш, дийца волавелира Виктор, Салманехьа а вирзина. — Хьо контрольни лист яздеш вара. Ткъа, Анзор... Анзор бензинан замер ян ваханера, моьтту суна. ХIаъа, иштта дара.

Ша-м вац хууш, бохуш, холчаоьхура къена Андреев. Эхь, эхь хилла а ца Iа хIара, сан кIентий, бахара цо. Шаьш мел лелориг довш хетара цунна, и нахала далахь, бакъхилахь.

Ткъа, цехехь дуккха а дикачийн юьхь лелош схьабогIучу кхеран юьхьIаьржа хIуьттийла кхоам бара. Цу-

нах вогура хIорш массо а. КIезиг-мезиг вас шаьш вовшашна еш а ца хаалучу хьол тIе баьхнера оццул мерза хIорш цу иккхинчо. Вовшех цаIабар, вовшашна чам а байар дацара иза. ХIан-хIа, кхарех хIораммо а юкъара сий, юкъара ларамми деза лелорна къеггана тоьшалла дара иза, шеко йоццуш.

— Дийца ма-доллий, лен буьйлалушшехь Анзор лагерера веана хилар Iотта там бу хьовзийна схьа...

Мегарг ша хIун дуьйцу а хаахь тамаша хир болуш, таро йоьхна вара Салман. Кху тIехь хецца дош ала башха бегIийла а ца хIуьттура кхунна. ТIехьийза дела озабезам бийриг хиларна кхоьруш, Эльвирех долчу тIехь Викторца кIорге вийла а ца хIуттура, я и бехке ян кхийдо бахьана тоаме а ца хеталора. Ткъа Анзорах дерг аьлча, цуьнан нийса муьлха агIо хир шайх цхьанна а чул башха, Салманна а ца хаьара. Шаьшшиъ цхьана къомах хиларо а гIеххьа хIуманаш хьоьхура кхуьнан дагна. Мухха аьлларг а цхьана агIор хьаьвзина хета герга дара. Цунах чIогIа кхоьрура, ларлора Салман.

— ХIунда, хIунда бах ахь, Саша, иштта? ХIун даьлла вай Анзор кхето, таван гIертарера?.. — сихвелира Виктор. — Деша вахийтина, кхана-лама помоператорна экзаменаш дIаяла кечвина. Вон мел долчух и хервеш схьадогIу вай.

— Цхьаъ нийса дац хьан а, Виктор, кхузахь, — забаре дацара Салманан хабар хьовх, хьежар а.

— ХIун?

Корта а хьаьвзина, ша дечун ойла а ца еш, шен хьаьжа тIе дерзийна цхьаммо Iад уьйзуш гург цунах хиндерг ца хууш хуьлийла яц, бахара Салмана. Ткъа шена гушшехь, дIа ца бойуш, суйнах цIе ялийтар и шен куьйга йилларе нисса зулам хилар а чIагIдора цо дуьйцуш. И харцдан гIерташ, Викторан веттавалар гIуллакх хила ца туьгуш херцара, цо кIел дешнаш туьйссушехь.

— ХIан-хIа, Виктор. Цу тIехь хьо бакъхуьлийла

яц, — сацийра Салмана, «Сайна дайнарг ала ца мега ас?!» — бохуш мохь хьоькху Виктор. — Къайлах тергалъечул, хьо Эльвирина тIеваханехь. Цуьнга ахь хаьттинехь, хIара ккуза ца дала мегара, я бехкениг каро атта хир дара, маьI-маьIнехьа лелха шеконаш кегочул.

— И бакъду. Байттамал яI. Делла дош... Ерриг заводана хьалха юьхьIаьржо. Районехула даьржар ду... — Йоккхачу ойлане дара Семен Ивановичан хи тIехула генна дIахьажар. — Ахча-м... Къайлах кхийда куьг ду кхераменига, цIандан халаниг. Виктора бохург ахь хьахийча, хIун элира Эльвирас? — хаьттира Андреевс, Iийна.

— Хуур ду и-м, аьлла, мела ладар хилла охьаяхара-кх, — хала элира Салмана, баса вуьйлуш.

— Хиъний а ду и-м, цо пхи туьма охьадилличахьана, — беса хилира Виктора сиха хьалатоьхна мIара.

Тапъаьлла гIар-тата яйра. Дикка хан елира кхаанех цхьа а вист ца хуьлуш. ГIеххьа мох а баьлла, кIезиг саделира хе кема дай-й ловзор. Наггахь еана кхеран кеманах кхетта хаьдча а, шен шин берд оьциий дIайоьдура, кIайн чопаш ечу хин жимо тулгIе. Вовшийн тергалвеш а, ца тергалвеш а техкачу кхаа «хIордахочо» шен-шен ойланаш йора. Кхеран хIинца башха самукъа ца долучух тера дара мIерех-чIерех а, я лийчарх а. Тохара рогI-рогIана, неканца гена бийлар а къуьйсуш, кемана тIера чулилхина хIорш Iаддаiара, докхдоккха са а доккхуш. Ур-атталла мохо ловзочу кеманан дола дан а ца гIуртура цхьа а.

— Хьуна ма атта хета!.. — дукха оьгIазвахана, цхьана метта ца сацалора Салман.

— ХIа-а! Безам бу и ленбуьйлург, хецабелларг. Дицделлера, бехк ма билла. Амма ахча охьа-м дилла! Бакъахьа ду...

И аьллачу Викторе хьажжинчохь виснера важа шиъ...

— ...Бакъ ваш хьо, Анзор. Хьох ца тешна, я шекь-

хилла, тхоьгара хIун даьлла? Вайн бригада-х хьан бага а хьаьжна ю: «Анзорна хIун лаьа? Анзорна хIун хета? Анзора хIун боху?..» — ерриг бригадан цIарах бехкбаккхаре дара Эльвирин лер. Цуьнан бакъо а яра и дан. Анзоран шен кхарда дог доцуш, бригадо вилла а, эца а ца торуш лелавора иза. Цундела, йоIана дуьхьал дало дош доцу Анзор меллаша охьатаьIира.

— Суна тIетаIо дуьхьал хеташ ца хилча, ахь хIунда хьахор дара и соьга, леррана, тIаьхьа а еана?

IIалхенаш лело хьовх, мегарг шен бакъйолчу цхьалхенах адам тешо а ца ларош схьавеанчу Анзора хIинца хьийзо моттаргIа тамаша бина ца валлал нийсонах таръелла йогIура. Деган дIо кIоргехь хIара ша башха воккха а ца вевеш. Амма ца ваьллачу денна и кхин а таръян, чIагIъян лаарна тIехь дара: «Хьоь хьан хIун боху? Ас-м хьуна ханйта далийра иза. Цхьаннан бала массарний, массеран бала цхьанний хила ма беза вайн», шега аьллачу Эльвирина: «Баркалла. Сох бала хиларна ма кхералахь! Сан зуда-м хьол бIе дакъа хаза ю!» — аьлла, оьгIазваханчуха Анзоран кхохкор.

— Ахь хIун дуьйцу?!. И хIунда эли ахь соь!? — къора дийкира кийрахь луьйчу Эльвирин аз. Цуьнан цецъяларан, халахетаран барам бацарна тоьшалла дан дукха хIуманаш хIиттира кхузахь: бIаьргаш, балдаш, бос, куьйгаш, хиъна Iар... Уьш дерриш тамашийна хийцалора дегош, детталуш, керчаш... — И муха аладели хьоьга? — социйла дайна, хьаланккхира йоI.

— Иштта, иштта!.. Яхийта кхузара...

Кхин а къаьхьа дара Анзоран иза. Шена хьалхара дIанккхина Эльвира къасто ца кхиалуш, бIаьргаш кхоьли дохковаьллачу Анзоран. ЯьIани тIера баьлча санна, хьалха стоьла тIерачу пхьаьрсашна тIе буьйжира цуьнан ойланашна бусабелла, бIагIарбаьлла корта.

Цу шен маьттазлонна бехкенш леха белира и корта ша Iуьллучохь. Хьекъал я къаьркъа — муьлха ду-техьа

бехкениг? Ладуьйгlира. Хlаъа. Ший а юкъахь дара. Цхьаммо вукхунна гlо динера. Хьекъалан бехк боккха а болуш. Иза доьхнера, кегаделлера. Хиндацарий...

Меллаша хьалатаьlира Анзор. Iийна дlасахьаьжира. Яцара, яцара Эльвира бlаьрго поцехь. Адамийн лераш а эццахула лелачу трамвайнийн гlовгlа а, мохо тlехула легочу гlаша дуьйцурш а, декхна де а — уьш цхьа а ца гора, ца хезара Анзорна, шен деган карзахдийларрин бен. Ладуьйгlира, дуьйгlира... «Ванах, ванах, ас хlун дин?.. Со хьерваьлла?.. Эльвирас хlун хьехадо... Со мича гlерта? И-х, уьш-х со нисвеш... зуда... Кесира... Хlара цунах ца даьлла беркат... Ткъа со... со и хьанах акха гlерта?»

Оцу ойланаша вуьйлина Анзор, вагийча санна, хьалаиккхира, Эльвирина тlаьхьахьада дагахь.

Амма, адамашна а хезаш Анзора шега аьллачун эхьой, барам боцуш халахетарой эккхийна Эльвира гуш а, мохь хезехь а яцара тоххар дуьйна.

Иза, адам кlезиг дол-долчухьа а теlаш, бlаьргех йовлакх а хьоькхуш, йоьдура чехкка, ша шех дага а юьйлуш: «Суна халахетийтинехь а, ахча-м, схьагарехь, Анзора эцначух тера дуй хьовх... Довр дацара ас цу буссехь, кхин мотт lамале, мичча а кепара цуьнга хаьттинехь... Ткъа, ткъа кисана куьг а дуллуш, цу уллора Анзор дlавахча, ма ягарйира ас касса»...

Эццахь еана, лаьттах хьалаяьлча санна, Кесира хlоьттира Эльвирина дуьхьал.

— Хьо юккъе еанера, Кесира?

Цуьнан «Ееанера-те» жоп реза яцаре хила шеца бахьана ца гучу Эльвирас, могаш-доьналлий гlера йолаелла, Расу а гlехь, шадерг хаьттира, хьахийра, шайна иккхина цатам боцург.

Ша жоп ца даларх цецъяьлла лаьттачун бlаьра а йогlаелла, Кесирас: «Хьажал цу зуьдан хабаре!» — бохура дагахь.

— Ма доккха де хир ду-кх и когаваханарг! — элира Кесира йистхуьлийла луучу Эльвирас.

Хьаьжна, буьрса йистхилира Кесира:

— Шайн аьллар хилахь, хьо-м кIант дех хьего теба. БIаьрг сирла а хилла, ели хьо тахана... Амма кхин суна иштта гой...

— Ванах, шуьша маттара-м ца хилла? Аш дуьйцург хIун ду?

Шена и мел халахеттехь а, Кесирех къаьхьа елаозоза ца Iеелира Эльвира, кхул хьалха Анзора шега аьлларг дага а деъна. Эльвира хIинца гуттар йоьхнера. И зудий, маррий ша хьовзо гIерта мотта йоьлча а, цу ирчачу забарх даго теша ца юьтура хIара.

— Дер ду, кхин цуьнца гахь, ас хьан и кIозарш бухйохур ю, бохург. Вита, ма къийса соьца майра...

ХIинца хиира Эльвирина гIуллакх забар тIехь доцийла:

— Кесира, дукхаяхарг, ма алахьа вайлахь там бо цург. Халахоьтуьйту ахь суна.

— И там боцург дуйла-м ас хоуьйтур ду шуна, кхин хьо цунна тIаьхьаязахь!

Ша лаьттачохь егайора оьгIазъяхана Кесира. ХIиццалца ша Анзор хьийзор бехказадаха юкъаийзинчу Эльвирех кху тIаьххьарчу деношкахь баккъалла а дегабаам беш яра Кесира. Ткъа хIинцца и шиъ морожнин павильонехь цхьана гаро, хIундда делахь а, дикка чIагIйиннера зудчун и харц шеко.

— Ой, сох бригадера... — кхин дош ала а ца делла, дIанккхира Эльвира.

— Багахь — цхьаъ, дагахь — кхин... — кхоьссира Кесирас цунна тIаьхьа.

Хих едда хьера кIел иккхинарг шех таръелла, халачу декъе кхаьчча йоьду Эльвира гIадъяхара, некъал дехьара шена тIе вогIучу Салманах бIаьрг кхетча. Нур дайна дуьне хаъал серладелира.

V.

Ши дей, буьйсий дІадаьллера Іуьйранна ца кхаьчча сарле воуьйтуш, хІетале вацахь, буса вуссуьйтуш Кесирагlара, шайн тароне хьаьжжина кечам а бина, хьаша ларве. Анзорца сибрех Іийнчу кІанта телеграмма яийтинера кхаьрга, ша вогІу, аьлла. Амма стенна тІехь, мичара вогІу, схьа маца кхочур ву, ца яздинера. Цундела кхарна ца хаьара, шаьш мичхьа, маца цунна дуьхьал даха деза. Йийбарна эхІъаьлла яцахь а, цІанйина, нисйина серлаяьхнера хІусамдайша шайн чоьнаш. Анзора шен дагахь адамашна баркалле доккха дозалла дора, хьаша тІевосса меттиг а йолуш, шен охьахаарх. Цкъацкъа, схьакхаьчча валахьара-кх, и, олий сихлора хІара, цунна шен вахар, доьзал гайта... «Схьакхаьчча, сох хьаьгар ву хьуна, со ишгта Іаш ву ца моьтту Леча. Ма цецваьнвай...» — лампанаша къагийнчу чоьнаш чухула дІасаволавелира Анзор.

— Эхьхета дагахь а ярий дукха...

Шайн схьадеанчу цхьана къамелан юкъ яра Кесирас юха кегояькхинарг.

Хартъаьлла Анзоран дог дожийра цо:

— Ой, ала а деллий хьоьга хьайн меха хІума доцчу цуьнга иза, сел чам боцуш. Со хІун аьлла вала веза сел догцІенчу Эльвирина гучу?

— Миска хьо яІ... — беламе дара Кесирас тесна куьг. — Везаш ца лелахь, дІаяккха тІаьхьара, ас хьо массаьрга а валхоле. Ма мотталахь, гІодо-гІаддахь, со-м заводе кхочур ю хьуна.

— Товр-м яра хьуна хьо, Іовдал... балха-м ца йогІу хьо цига? — воьхнера Анзор.

— Суна кхин дагадеана хІинца.

— ХІа?

— Селхана деана пхи туьма санна, ахча доккхийла хьуна кест-кеста нисъе эр ду ас цу шун дикачу бригаде.

Вай нахах тарлойла шайна лаахь... церан хIун дайна, гIуллакх ма ду иза.

Воьхна, ша хIун леладо а, мичхьа ву а ца хаьара Анзорна. «О, даьдаьтIарг яI. Хьажал, мичхьа хьийза. ХIара ду хьуна ойла йоцуш динарг, гIайгIа йоцуш ца доьрзу, бохург»... — коьрта чохь хьаьвзина, Анзор ша хIун эр ду а ца хууш виснера зудчуьнга Амма шен «схьада» чекхдаьлчахьана, вукхо и мичара, муха дан дезаран бала боцчу Кесирина-м вир варша даханчул башха ца хетара майрчун ойланашка валар. Пхеа туьманехьа яьллачу цунна тергал а ца делира ша аьллачо бос керчачу майрчуьнга хIоттийнарг. Доллучул хьалха хIара, кхунна хетарг, луург доху шен Анзор пхеа туьманна тIехьа виснера Кесирин. Дуьненан меха майра вицвеллера, ца гора кхунна.

Хийланнан ойлаеш лаьттина, корера схьавирзина, Анзор пенах кхозучу дорахчу сахьте хьаьжира:

— Тховса а ца кхача воллу-техьа иза?

Кхуо и аларе хьежча санна, неIаран горгали бийкира.

— Кхечи... моьтту суна. Iабалахь, — цуьрриг екхаелла яцара ирахIоьттина Кесира.

Дийца даккхал дагна адамаш ца дезаш-м яцара Кесира. ЧувогIучунна башха тIера яцара-кх. Дукхахдолчунна цунна яла еза сискал кхоош хила герга дара хIара ишта. Вуьшта-м, мотт баабаллалц цуьнца багаетта а мало еш яцара. Ткъа, таро ерг, шена пайда кхета мегаш хетарг — иза вузо, вахо хьовх, табинчу маьнги тIе хао а хьаьвзина дацара Кесирина.

Шен зудчун и амалш евзачу Анзора лачкъийнера Леча шайга лаьцначуьра ваьлла вогIуш хилар.

Анзора схьайиллинчу неIаргехь, жима чамда а керахь, хаза вухавелла, охьатаIийна тиллина фуражка а коьртахь, Iаьржачу аматахь, ткъе пхийттара хила тамехь, зоьртал стаг лаьттара.

— Леча!..

ТIекхетта, Анзора и мара а воьллина, вовшех ца Iе-

баш, веха дIасалистира хIара шиъ. Шен ма-хуьллу чамди тIе етталучу хIусамненан мегарг и схьаоьцийла а ца хуьлуш.

— Марша вогIийла хьо, кIант... — нус а иккхира мара.

— Дуьлол, дуьлол чу!..

Анзор хьалха а волуш, чоьхьа бевлира. Сакъераделлий, воккхавийний ца Iара ши доттагIа. Велакъежжинчохь виснера шиъ а, хIун хоттур ду а, стенна тIера долор ду а ца хууш.

ХIоранна а дагахь шен-шениг хир дара. Ткъа куьйган эшара шегара чамда уьйзучу Кесирин сакIамделлера, цу чохь хIун ю, хаа. Башха еза ца хеташ, догIийло-м яра цунна хIусамнана.

Къаьрззина чухула дIасахьаьжна Леча чIогIа хьаьгна ваьллера Анзоран вахарх. Амма, шена и дагадарна а оьгIазвахана, макхвелира иза. ДогъIаьржаниг когашка хьожу бохург чIагIдан санна, шен мера кIел гIам-гIим дира цо.

Охьахевшинчу кхеран къамелаш Iийна дуьйладелира. Дерриш хоьттура, ладоьгIура, буьйлура...

IШаьш лецна Iарриг и гучудаккха тарлудерггий аларх ша а ларлора, Анзор а цунна вицвала ца вуьтура Лечас шен бIаьцанашца.

Ленваьллачу тIехь, хIусамден декхарш дисина хиллера Анзоран.

— Же, Кесира, куьг ма хададелахь...

Ерриг чоьнан самукъадаккхира цу Iаь хазачу забаро.

Майрчун иза стол кечъе бохург дуйла хуу Кесира пхьегIийн шкаф кего, стол хIотто йолаелира.

— ТIаккха, муха ду хьо лелачухула дуьненан гIуллакхаш? — хаьттира Анзора хьеше, шен Iойлехь та а луш.

— Вон дац. Кагъян екъаниг а, сатто тIеданиг а, муьшка ян жеро а ца оьшу, — цигаьрка а латош, векхавелира Леча.

— Оцу тIаьхьарчунна-м, кIант, кху хьан доттагIчо а йоьгIура чIогIа, — майрчун вон хьажар а эцна, кухни чу яхара нус.

— Айкхаш ца тоьаш санна, хIара стенна ялийна ахь, Iовдал? — меллаша лера веанарг. — Корта мукъо-м доггах яа езий.

— О, дIаваьллахь, Леча. ХIокху дуьненан меха ву цу чохь Iуьллу Расу, — аганехьа корта тесна, хIусамда хьалагIаьттира: — Схьавоьл хьо...

Набкхетта волу кIант а хьистина, хьешана шен вахар дета велира Анзор: «Зал... дуьйшу чоь... ХIара юург лелайойла... Ваний. Кху чохь — санузел... Иштта ваха хиъна-кх хьан доттагI...» — доггах, кура, воккхавере дара цуьнан лер.

Амма, Лечин кIезиг лерг, бIаьрг лийцира цу дерригено а. Иза сиха волура шена йоьтучаьрга тIехула бIаьрг тухий. Цуьнан чам кIезиг лета хIуманаш дара Анзора дагардийраш. Бакъду, Анзоран уьш вовшахкхетта цхьа Iаьцик ша воккха ца вер сецо кхин а нуьцкъала дара Лечина.

— Даний, духий бен хIума ца оьшу шуна-м, кхидерг хилахь.

Марвешин цу кхоссаро хаъал дагах даьтта хьаькхна Кесира: «ХIети», — аьлла, схьахIоьттира сени чохь лаьттачу кху шинна. И ца тайначу Анзоран хьажарна кIес тоьхна, зала чу елира хIусамнана.

Вист ца хуьлуш, лаьттина, дIачувелира важа шиъ а. ГIеххьа кечйина яра стол. Башха эхI аьлла болх бацахь а, кхарначулла даа-мала дара цу тIехь.

— Охьахаал, Кесира, хьо а. Коньяк дололе, шампански кхуссур вай, Леча варна тIера!

Кхин кхоссий, Iоттий хьоьхь ца йита гIертачух тера ду, бахара Лечас лере. Амма и хир дац. Шек дIа ма ваьллахь, мервохура цо. Юкъадаьллачу къамелана шен реза вацар лардора Анзора, цунах хьешана вас яларна кхоьруш.

— Дехийла вай! — кад хьалалецира хIусамдас.

— Ядо кхиъна йоI а, чуьрабаккха дин а ма оьшийла, баьхна кIенташа!..

Хиъна Iар а, хьажар а, аз а, хабар а — шадерг лагерни, ирча, маьттаза дара Лечин. Кхидерш хьовх, бат а, бIаьргаш а, куьйгаш а леладора цо, шен кхидолчаьрга хьаьжжина, там боцуш. Маца, стенца кхочу, ахь дийцинехь, хьуна дуьхьал догIур долуш хиллера тхо, шега бохучу Кесирига, ша и берийн хIуманаш лела а ца до, элира хьешо. Маларх кхетча шех а ца тешачу Лечина чIогIа новкъа яра Кесира стоьл тIехь, Анзорца хецца къамел дан. Хьекъале зуда чIогIа ларъяла лууш хуьлу малар тIехь шена олучух, аьлла, говза бехказло ялийра цо, и дехьа чу яхийта.

Цунна-м дуьхьал шен зудчун хIинцале юьхь йолаелла цадогIурш дийца тIералла дика евза Анзор а вацара. Реза елахь-яцахь а, марвешина баркалла а, шайна эшначунна майрчуьнга кухни чу хьажа а аьлла, дехьа яхара Кесира, ага а хьош.

Амма кIентан валти кIелхьара кхо туьман пхи сом ша тоххара схьаэццийла зудчунна хаарна кхераро и гуш йоцуш садаахь а, хIинца дог токх вара, ахча пиджакан чухуларчу киснахь Iуьллу Анзор.

— Хьо хьаха веза, Леча, тхан заводе балха ван. Хаьий хьуна, мел дика ду, — шен дагахь ма-дду бохура Анзора.

— ХIа, тхан завод, тов. Цу мазуташла! Амма дика ду-кх и хьовх, кху десачу пенех Iехавелла валале, хьуна тIе со кхаьчча...

Цхьа аърша хиллал дара, «цу мазуташла», олуш, Лечас даькккхина балда. Кхунна хетарг аьттехьа а дацара вукхо долийнчунна.

«Ма меттабан ца буьту-кх аш сан корта. Вуьшта соьхь доллург ца тоьуш, схьакхаьчча а валале, кхо юха долийнарг», — дагахь бохучу Анзора: «Сан бехкана чIо-

гІа вас эккхаш ю тхуна юккъе», — элира веаначуьнга хозуьйтуш.

— ХІа-а! — и хаа масвелира Леча.

Йилбазаллех хІума дагахь доцу Анзор ша заводехь динарг дийца волавелира, дукха гІадвахана, бага а гІаьттина ладоьгІучу хьешана.

— Ас...

Оцу хенахь Культуран, садаІаран Кировн цІарахчу паркан баьццарчу новкъахула, дай-й хабар а дуьйцуш, схьадогІуш дара кІайн роза карахь Эльвирин, Салманнин. Юьстахочу гІанта охьахиира и шиъ.

Дикка миноташ дІаяхара йоьІан, кІентан сецца къамел дола ца луш. КІанта, охьа а таьІна, сих-сиха кІур бохуш, цигаьрка уьйзура. И тергал а веш, йоІ ирах хьоьжура. Салманан ойланаш екъа бахьана лоьхуш хеталора Эльвира.

— Саша,— элира цо,— де санна, хаза ю-кх цуьнан аматаш ган хуучунна буьйса. Хьажал кхуьнга: дато ветташ санна дохку седарчий; таьІана-сийна стигал, цхьа ша тайпа хІо, бос, хьожа; наштаран экъанах тера кхозу бутт... — доккха са а даькхина, хаьттира Эльвирас: — Саша, хІун ю-техьа цу тІера цхьа тІамар хеталург? Хьажахьа...

— Нохчаша-м, жаІу ву, боху, иза, гІожа тІе а таьІна лаьтташ, — Эльвирин гІодаюккъехула пхьарс а бокхуш, хьалахьаьжира Салман, беттасехь багара кІайн цергаш а къегош.

Вовшехъхьакхаделча догІмаш качделла, таделла тамхилира кху шинна. Лечкъадахь а, догдоьхна яра, диц а лой, юкъ-кара доккха садоккху Эльвира. Анзора шена ялийна кеп хьаха а ца йира цо везачуьнга. И хиъча-м кхин а чуьравер вара, Эльвирин самукъа хІун дича дер дара ца хууш, тховса йишйоьхна, мича эккхийла дайна лела Салман. Кино, музыкальни эстраде, бинжолгаш хоьхкучу, парашютца охьалелхачу... сарахь дуьйна хІара шиъ кхачаза меттиг юй хьовх. ГІуллакх ца хуьлу. Кхуо

мел хIан-хIа бахахь а, хIинццалцлера йоккхаеран нур ца ловзу Эльвирица. Елаелча довн бIаьргаш хIиттина хьуьйсу; эшарха декна хабар хеда; ког дегаза ловзу...

— ХIан-хIа, хьаъа хIуъу дийцичи а, хьохчул уьттазза шек лагерера веанчу цу Анзорах хуьлийла ю, Эльвира, — хецаделира уьш дерриг чухIиттинчу Салманан багара...

Тахана «хIорда» тIехь шайн хиллачу къамелах дикка хIуманаш шен ма-хуьллу лечкъадора кхуо йоIах. Ткъа ша боккха къурд бира, царех цхьадерш дагадьхкича.

— Яц, ма алалахь, — Салманан белша тIера хьала а айина, меллаша корта ластийра Эльвирас. — Вайна и хетийла хаахь, мегарг чIагIвелла а валазчу Анзоран ойла юха аккхаер ю. ТIаккха гуттар бердах ваха герга ву вуьшта а когаш шерша иза. Вай мел хьегнарг дов.

— Ткъа, схьагуш хIума а доцуш, хьо ма бехло... — кхоссавелла, хьалаиккхира холчаоьху Салман.

— Вукхул гIоле и ду, — элира Iийна, Салман охьа а хаош, Эльвирас. ТIаккха, доккха са а даьккхина, тIетуьйхира: — Цахуьлчу далахь, ас охьадуьллур ду и пхи туьма. ХIумма а дац. Со шена хьалхара охьатеIийла хуур ду цхьанна. ХIун дийр ду. Лаа ца аьлла-кхи шун дайша а: «Ма-тов ца хилча — ма-торру». ТIамехь хийламма дуьне дитина накъостана хьалхара-м, Саша...

Эццахь Эльвирина дуьхьал тесира, насосаш юккъерчу шен бIаьрг кхетташехь, куьг кисана а дуллуш, касси уллора волавелла Анзоран операторни чуьра аравалар.

— Ой, вийцахьа, шен даватIарг, мила ву и «цхьаъ», ван мукъана.

Шега хоьттучунна жоьпана корта а ластийна. «Э-э-хI. Виктор, Виктор яI. Ма кIезиг евзане хьуна со...» — аьллачу Эльвирин бIаьргаш чохь хиш къегира. Шеца Iечух уьш лачкъо охьатаьIана иза, белшаш а кхиссалуш, егайора.

— Шелло-кх хьо, Эльвира... — шен пиджак цунна

кхуллуш, тIехула пхьарс баькккхира. — Схьахьажахьа, схьахьажахьа, Эльвира, соьга... — йоьIан догъэца лаьара Салманна.

Сан дешархо, вай ЭльвирагIаьрга ладоьгIучу юкъана хабаран шортта муьрнаш а даьхна, масех берд догIмийн кепашна а бихьна, шаьшшиннан стоьл тIехь буткъа кад узуш Iеш вара хIусамдай, кхуьнан хьаший.

Анзора деза дийцинера Лечина шех Семен Ивановичн бригадан кочегар вар, зуда ялийча заводо а, накъосташа а шена совгIаташ дар, рогIаза квартира ялар, шена кIант вича бригадо лелийнарг... Масане ду кхуьнан, вайна ма-хаъара, дийца хIуманаш. Лечин корта гуттар охьаба хийтинера даккхийчу цара. Уьш дайа, дохо, сийсаздина дIадаха, Анзоран дог-ойла царна тIера юхаяккха езара. Хьешо деанчу гIуллакхца ца догIура, цунна нисса бIостанехьа дара хIусамдас уьйуш дуьйцурш, и хестийна а цавераш.

— Буйна волла-м гIиртани хIорш хьо, — вон гам-зар йолуш сеттира реза воцчу Лечин бат. — Амма, ахь шайн метте бохку уьш. Бакъ. Болабехьа и кхо седа а. Стаг вуха а, вуза а, хьаста а лур ву. Амма, шен хIуманей, соьмей лаьтта цуьнан дог хийцалур доцийла дика ханйтина ахь, церан коммунизмана пхи туьма чекхдаллал Iуьрг а даькккхина.

— О, ишта ма аьллахь, Леча. Веллаволийла. Ледарло йоьжна, — ша шена оьгIазъоьхуш, дуьйцура вукхо бохург тергал а ца дечу Анзора. — Бакъо яцара сан и тешнабехк бан.

ГIадвахана вашацаре велавелира Леча, вукхуьнчух тоха кад дIа а кховдош:

— Ой, хьан хIун бехк бу?Дера ца дина ахь и ца ваьллачу декъаний бен-м. ХIара хьан къелла ганза бу уьш? Церан хIун лозу?

Ма-хуьллу кхардаме айдира веанчо шен тIаьхьара дешнаш, боккха баькккхина дIахецначу цигаьрканан

кIуьран мархи юккъехула, реза воцу хIусамда а тергалвеш.

Шегарниг къоьлла яц, иза дегIана аьхна, дагна цIена дуьненан ялсамани ю, бохура Анзора. «Кхоьруш, са ца нйало. тIаьхьа яьккхина топ яц. Болх, даа-мала, доттагIий. Кхин хIун оьшу ирсана?»

Верриг велавеллачохь виснера и боху Анзор. Аз айаделла, хецаделла, ткъа ша вайвелла, самсаваьлла, чIогIа товш вара иза, шен ерриг зоьрталаллица. ТIаьнкьаьлла и вуьзна воккхавер нур догуш ловзура цуьнан юьхьа тIехь. Схьаэцца кад айира цо:

— Дехийла вай!..

Дассийра кху шиммо кедаш.

— ЧIеро айма лоху, Анзор, — элира Лечас, гIантан букъах дIа а таьIаш, — адамо оьла лоху. Нека хуучунна и карайо...

НеIаран горгали бекча, цIеххьана кхоссавелира, са кIажийн пхенаш чу доьссина, хьаша. И дайа хийлазза дIасахьаьвзира иза ша Iаччохь, оьхь аьлла, пIелгашца стол екийна. Цуьнгара хьал хуу Анзор, и дIаала хьалхе а хетта, сацавелира.

— Надя... — хьалаиккхина неI дIайиллира цо. — Хьо цIа еа, Надя?

— О, хьаша хилла вайгахь-м. Дуьйшучу чохь хазийта бахбинера ас горгали. Бехк ма биллалаш. Марша вогIийла хьо!

Лечас маршалла схьаийцира. Надя шен чу яхара.

Вахтера цIаеъна и шайн заводера лаборантка «ахь боху адам ду иза» бохуш, хестийна а ца волура Анзор, шайца квартирехь иза хилар а дуьйцуш.

— ДаьдаьтIа, шен тхов, шен ков... — шениг ца дуьтура Лечас: — Цундела баьхна вайн дайша: шен цIа — цIен цIа.

— Хууш ца хиллера, Леча. Воьлча, кхул дика хIума ца хиллера. Мацца вагIахь а, неI йиллина, самукъе... хатта а, ала а кийчча карахь накъост.

— Бетана-м догIа тоха деза...

— ВаллаIазмор, ца деза-кх. Дийца ахь хецций. Доьлла. Гхо-м, маьхьарий а дегташ, лела кху чоьнаш чухула... Со хIокху сохьта...

Вохвелла, схьаяьккхина пиджак гIантан гIовлех а оьллина, дехьа ваханчу Анзора, сменехь керла хIума дарий, хаьттира балхара еанчуьнга. Люстран серлонгахь бес-бесара лепачу дарин халат а тIехь куьзгана хьалха талуш лаьтта Надя схьайирзира. Кхеран бригада йохье юьйлучу лулахоша бIе езткъа процент ялар бен, самукъадала хIума ца хилира Надин дийца. «ХIунда бах ахь?» — хаттарца тергалвелира цо чувеанарг.

Анзоран кийра цкъа цIе елира, юха шийла хIо хьаьвзира. Надина цхьа тамаше, хийцавелла хетара иза. Амма хIара аьлла схьалаца хIума ца гора, ккехкийча санна, и малвалар доцург.

Сиха хьаланиккхина, кегийна, Анзоран пиджакан кисанара кхо туьман пхи сом схьадаьккхина, туйнаш тоьхна, шен кисана а дуьллуш: «Къуна къола дича, дела велавелла, боху», — аьлла, неIарге а вахана, дехьа чу ладогIа вуьйлира Леча.

— Масане эккха... авари дIаса... Дика ду хIета... Цу доьхначу хабарца аравала догхиллера Анзоран.

— Собардехьа. — Надин йолаялар хезина Леча, верриг лергаш а хилла, ладегIа вогIавелира. — Шун вахтехь кассера пхи туьма а эшна, цунна Эльвирех дегабаам а бо. бохуш, гIугI-м дара вайн заводехь. Делкъал тIаьхьа Семен Иванович а валийнера, моьтту суна, кхайкхина, завкоме. И муха-хIун ду?

Цунах кIеззиг хIуманаш шена а хазарна даре а дина, Семен Ивановича хIун аьллера-техьа, бохург хаьттира Анзора.

Мегарг дегI а лоций-техьа аьлла, малвеллачу цуьнан настарийн голаш егайора. Надин бIаьра ваханчохь виснера, бос а уьдуш. Надя ца кхуьура хуьлучух. Сехьахь ладоьгIу хьаша гIадваханера.

— Хаац, — элира Надяс. — Тамаша бу-кх, Анзор Расуевич, Эльвирас-м и дийр дарехь...

Цу хенахь шайн чохь, бIаьргаш тховх а боьгIна, наб ца кхеташ, ойланаш еш Iуьллура Эльвира. Хийлазза хьовзош, керчош тIекIел даькхинера кхуо и шен садуу, бригадана юьхьIаьржоне долуш долу гIуллакх. Муьлхха чу агIор хьовзорах, шена хета бакъе кара ца йогIура кхунна цунах. «ХIан-хIа, — бахара Эльвирас меллаша ша-шега, — со а яьлла ондда гIалат — ас ала дезаш хиллера Анзоре. Вон кхийрира со и вухъхьаваларна. Сох безам бахь а, шай, бригадий ас юьхьIаьржонах лардинийла-х дарий цунна мичча хена а хаа кийчча. Кхул ма тоьлара иза тхо массарна а... Дер тоьлара... Вухъхьа ца вала а там бара. Бара-те.. » БIаьрган негIар а ца кхетара Эльвирин.

...Надя цхьаъ-м ала дагахь хеташ, и хаза а лууш, хазале вада а лууш, цу шиннех шегахьарниг къасто йишъяцаро меттах ца волуьйтуш лаьтта Анзор дика гора неIаре уллургана юккъехула хIара шиъ тергалдечу Лечина.

Багара йолу Iаь хаза хиларх а ца тоьа, бахара Iийна йолаеллачу Надяс. ТIехулара цIен, чухулара кIайн — ре-диска саннарг а нисло. Цунна нисса юханехьаниг а хуьлу. Адамаш бен-бен ду. Шена а ца хууш, хIа-а, хIаъанехь корта теIочу Анзора дагахь: «Со веллаваккхарг ву-кх и ши бос берг. Хир-м вац», — бахара. Ара а волалуш, цуьнга элира:

— Шампански а ма дара тхойшиннан, Надя.

— Баркалла, Анзор. Кесира а йижина, со а гIелъелла...

Араваьллачун воьхна хиларх чIогIа цецъяьлла, цунна тIаьхьахьаьжжинчохь йисира Надя.

Анзор сехьавеъча, меттах а ца хьайча санан, стоьл тIехь Iаш вара Леча. Маларо йинчу кепо а дика гIо до-

ра кхунна иштта Iачух, меттах а ца хьайнчух тарвала.

Кхин дIасахьийзаш къа а ца хьоьгуш, лагерера веанчу хьох бина хир бу пхеа туьманна дегабаам, бахара Лечас, оьгIазе хьала а таьIаш. Дайнарг, дойнарг тIетаIон бен, дагадоьхна ца ийзадой кху кхетамана лекхачу адамаша-м вай дIа, шайна юкъа, доцуш цаторучуха баганаш а етташ.

— Вехха со а лийлира, Леча, и моьттуш, — охьахира Анзор. — Аьттехьа а ца хиллера. Уггар харцахьа кхийда церан дегабаам... — гIайгIане хилира цуьнан хьажар.

— Ой, латтийтахьа тIаккха. Дала кхин нис ма бойла уьш цу тIе. Вайн денда вагIахьара хIетале. И ма вагIахьара цкъа а... — тIе а озийна, Анзорна оба элира Лечас... — Буй-м вуьшта а бузур бацара-кхи цара цунах. Амма церан вовшех тешам бар а ду-кх даккхийчех цхьа гIуллакх.

Анзоран дагна чIогIа ца тайра, ца дезаделира хьешана хетарг. ГIончакхе а ца дитира цо иза. Цу ойланаша дакъазадаьхна лела вай, бахара Анзора. Нахах тардала, дуьненан декъа даха деза вай, бохуш, дуьйцура цо, адамашца мел мерза, мел атта ду. Балха вола, ша цехехь эр ду, хаздеш, дIавоьхура Анзора хьаша: «ТIаккха хуур ду хьуна со бакълуьйла».

— Цу мазуташлий? ДIавала, — бахара Лечас. — Цул а кечло хьо цIоганах шад бан. Вай-м, маьI-моза а ца кхеташ, хьегийна нах. Ас кехат доуьйтур ду. Варий, хье ма лолахь. Схьакхетча хуур ду дядя Каспарна, хьо «сука» доцийла.

— Ахь хIун дуьйцу, Леча? — гIеххьа вегийра цо шена хьалха тесначу КаспарагIеран буьрсачу сурташка хьажавелла Анзор.

— Хьо схьахеццале тIе хенаш ма туьйхирий царна, — лерана волавелира Леча.

— ТIаккха? — хьийзаш, тIекIелдуьйлура дарвелла-

чу Анзоран кийрахь мел долу хIума. Ша волчохь Iа ца лора.

— Шайна мотт ахь тоьхна хеташ бу уьш, — охьа а таьIна, дуьйцура Лечас. Дегаза ладоьгIучу Анзоран бIаьра ца хьажало хир вара хIара. — И, хьуна ма-хаъара, стаг лаьтте кховдо кIайдарг дIаяккха еза. Вай нохчий ду, Анзор.

Ша Iачуьра ирахкхоьссира Анзор оьгIазалло. И волчул а лекхий, инзарей хета девлира хьешан бIаьргаш. Кхечахьахь хиллехь, Леча хьакхийна дIаваккхал масвеллера хIусамда. Цунна вон хьожа етталора веанчун къамелах. Дарвеллера. Амма шен чохь мостагIчун кочавахар нохчийн эхье лоруш хиларо собаре валийра.

— Сацийта! Ма хазийта! — тIечевхира Анзор, ерриг чоь егочу озаца. — Сан дог хIинца а доу ас лелийначийн эхьан гIайракхо...

— ТIаьхьа дуй-техьа, — шен дIаьвше кхерам хьоьрсура Лечас, дохковаьрий хьо, бохучу велакъежаре. — Лаца ма лаца, лаьцча, ма хеца дадин маж, лаа аьлла дац хьуна, кIант.

— Далахьеха. Со дохко ца ваьлла и дIахецарх...

— Ахь лачкъийнчу пхеа туьмано-м ца боху ишта... Масане хуьлу кху нах ца хьоьгучу дахаран чкъурга юккъе нисвеллачун ахчано дерзо, нисдан дезарг. Нагахь карара даьллехь, ас лур дара хьуна церан бехкалара вала и пхи туьма. Амма и эрна хир ду-кх. ТIаккха цкъа а церан несаларий, бехкаларий вер вац хьо. Оццул бахьана даьлча-м диталахь адамаш стеган юьхь яха. КхидIа хьан цаьрца доццчу гIуллакхе хьаьжча, хье а ца беш битар гIоле ду. Хьан хIун ду цара тодан а, я талхо а.

Ю санна чекхдевлира и Iаьвдина аьлла дешнаш Анзоран дарделлачу дагах. Лаьттачохь ластийра, тхьусволийра, мIизваькхира цара иза.

— Шадерг ду, шадрег! ГIатта, гIатта, вала ара!.. —

сихвира хIусамдас хьаша. — Шадерг до адамаша... Шадерг!..

Яьллачу гIовгIанна еана, маттара хилча санна, цхьабосса сехьа чу иккхира Кесирий, Надий.

Цец а яьлла йиснера и шиъ, йиллинчу неIарх ара Лечина пIелг хьежош лаьтта оьгIазалло ваго Анзор вайча. Цкъа цуьнгий, тIаккха пена уллора шен чамда схьа а эцна, эсаро човхийнчу гIабакхан басахь хьалатаьIинчу хьешей хьуьйсура.

ГIар-тата яйнера чохь.

— Ма латта!.. — дийкира Анзоран аз. — ХIинца айхьа деанчунна кхин хьайн лар а ма я кху цIен тIе!

Ши зуда вовшашкахьа йирзира, хьо кхуьий, хоьттуш санна. Белшаш саттийра шиммо а.

— Хьовсур вай! — аратасавелира Леча.

— Хама а, пусар а дац хьан! Хьайн леранарг ма кхоаделахь!! Хьайн ворхIа а ден бIаьрг гома хьежабелахь — неI тIеуьйзира Анзора...

VI.

Мегарг наб ца кхеташ сахуьланга ваьллачу Анзорна башха бос а ца къаьстара йоьлуш чухьоьжучу дашо Iуьйренан. ХIинца ша Iаччохь а дуьхьал туьйсура цунна сийсара дайна вон гIенаш. Шозза-кхузза цара хьацаркIур вина самавелира хIара. Царех цхьаъ дагадеъча, холчавахана, бIаьргаш хьаьбира кхуьнан. Дерриг адам кхунах петоьхна цхьана агIор делира. ТIаккха хIара царна тIе волавелира. Уьш цхьабосса бухахилира. ХIокхуо болар тIетуьйхира. Цара дуьхьал куьйгаш лецира, хIара шайна тIе ца вита. Уьш буьрса схьахьаьвсира, кхуьнан корта охьабахара. И ца ладелла, тохалуш самаваьллачу Анзорна, корах чу хьоьжуш Iуьйре карийча, хетта хазий! Дийцина вер а вацара иза. Вочу гIенах самаваьлча хIоранна а хетарг хилла ца Iара Анзорна хеттарг. Иза цхьа ша тайпа, тешам боцуш, таханенах догуш, цунах кхоьруш, хебаш, дегош хазахетар дара. И а эцна

балха вахаран гIайгIа яра Анзорна.

Арарчу Iуьйренан хазалла хьовх, ша шекар а тасаза муьйлучу чайнан чам а ца къасталора цуьнга. «ХIун хир ду-техьа, муха доьрзур ду-техьа?..» — детталора дог, кхарзалора кийра.

НеI еттара меллаша. Даьгна дIаделира Анзоран дог. «Мила... Семен Иванович вац-техьа!..» — вахана дIайиллира неI. Макхвелла, кхоьлина хIара дуьне тIекхийтира Анзорна. Шена гучух ца тешаш, чу цIий хьаьвзинчу бIаьргех куьйгаш хьаькхира.

ХIаъа, бакъдара: куьйса Хизар-молла вара, балдаш а хьедеш, неIаргехь лаьтташ.

— Чувала.

— Ма дика ду-кх хьо дIавахале со тIекхаьчча, — куьлла санна, вайвелла чоьхьавелира Хизар.

— Хьан ирс йовр яц, — доьттина чайнан стака теттира Анзора дешичана хьалха, безамазалла цергашца Iуьйдуш багахь.

— Еарий, оршот марха ма ду Вашин. Вицвелла хьо? ГIоза молийла.

Къайллах вовшийн тергал а веш, IаддаIара кIара шиъ. Цо багахь ден шабар-шибарш хьовх, хиъна Iар, цо бетан лелор, сих-сиха даккхийра доху са, хьажар — шадерг хийра, гома дара хIинца Анзорна.

Хьо ма Iуьрре араваьлла, бохучу хаттарна жоп луш, кхарна чIогIа гатлучу се гIаттийнарг хилира Хизар, шен ма-хуьллу кIеда-мерза. Кегийчарна, шаьш букъ берзийчахьана дерриг чекхдолу, моьтту. Дерриг нисдаза, доллучун бала кхачаза, гIайгIа хилаза ца Iалучу баккхийчийн ойла кIезиг йо аш, бохуш къилаоьхура Хизар.

— ЧIогIа беввели хьо. «Зуда ялийча-м кIезиг вухахьожу Анзор шел сов амал доцчу къеначу дешиче», — Iуьттучу юьртахошна ас ца хьовзош хIун ду: сиха воллу, могуш вацара, цIахь вац, бохуш... — пекъар хуьлуш, охьатаьIира Хизар.

— Цулла а, хьо ала Іеммина, веллачуьнга терра хуьлу доІа а, ала.

Оцу дешнаша цІеххьана хьалатаІийначу Хизаран бІаьрг шега хьоьжучу Анзорна тІе хІоьттира.

«Ахь хІун дуьйцу!?» — дира цуьнан матто халла.

— Тоийта! Сацийта... Ма бегІа и цициган бІаьргаш тІе! Цаьрца хьоьшуш, дакъийна ахь сан дог!.. — хьалаиккхина, дІахьаьдда дІо стоьла тІера альбом а кегийна, схьа тІевеара Анзор: — Хьажал, хьайн шича муха хилла! Ахь и Туркох вахана бахара. Хатта оцу Іачуьнга, — сурта тІехь Расуна улло лаьттачу Семен Ивановична тІе пІелг хьажийра, — цо дуьйцур ду хьуна, сан да тІамехь муха велла, и муха кІант хилла. Вита, хІинца мукъа ма кхийдаде и гезган куьйгаш суна тІе!

— Анзор, дитахьа там боцурш, — Іийна, волавелира бакъдолчо хьала ца тоІуьйту Хизар. — Вайн вархІа а ден садаьллачу тхов кІел вала лаьара. Волий, ладогІахьа юьртдас соьга бохучуьнга. Ши цІа дІадоккху, дуьсучунна тІера ял а йоьху-кх цара соьга...

— Хьо миччахьа вала а мегар ву. Сельсовето боххург де, — элира Анзора. Цlенош шен дац. Ша уьш, шена квартира луш, пачхьалкхана дІаделла.

Эццахь верриг вегош, хьетІа баллаза бисина Хизаран ши бІаьрг Анзора тохара стоьла тІе тесначу сурта тІе Іоттабелира. Кхин а къаьрзира уьш. Цаьрга хьоьжура, дийна велахьара: «Хьий, хьо вала велла. Эхь ца хета хьуна?..» — Хизаре аьн долу лейтенант Ятуев Расу.

И дагадеана Хизар, цІеххьана бос а бовш, цабезаме дІахьаьвзира сурта тІера:

— И баркалла ду-кх, зуда а ялийна, декъала хилча, ахь суна эриг?

Хьеран тІулггал неІалт бен хІума ца догІу, бахара Анзора, Хизар-моллас шен декъалаварна.

— Баркалла. Адам орцах ца даьллехь, вайна ваьллера со. Жолам яІ. Хир дац. Хуьлучуьра даьлла хьуна моьттург!

ЧIогIачу лераша, сехьаялийна Кесира вон хьаьжира гIантахь Iачу ненайнша яханчуьнга. Невцан а ца соцура цунна тIехь бIаьрг. СхьахIуьттург, Кесирина кхеран къамел хезна а, цатовн а хьесап дара.

— Ахь нуьцкъала-м ца ялийна суна хIара? — Кесирина тIе корта тесира Хизаре луьйчу Анзора.

— Со юкъа ца воьллехь, и яп-м ца йогIура хьо жоьлге... — Iасанан юьхьиг цIенкъа туьйхира Хизара, верасаллин барт беттачуха.

«Остопирла, ма сий доцуш ваний: исс мотт бу-кх къеначу хьан багахь...» — куьйгаш дIасдаржийра Кесирас, майрчуьнга а хьожуш.

— Туоба-остопиралла, туоба-остопиралла! Ас хIун дуьйцу? — хьалаиккхинчу Хизара: — И хьан сибрехара доттагI веанера вайн-цига, — аьлла, сийсара Леча шайга вар а, тIаьххье еанчу милицис и лаьцна дIавигар а дийцира.

— Тховса со вохка аьтто баьллехь а, кхана кху чамдин декъахь хила-м деза хьуна цу хьан шичан кIентан, — хIунда элира-техьа шега Лечас, бохуш, ерриг юьхь хаттаре гамзар йохура Хизара: — Цо хье хьовзийна, айса лелочух а тилла. КъингIера девллаш, Вашинаш. ХIусамдай хьастаре а, кхераре а, шена церан гIайгIа йолчуха а лера, Кесирас ма-аллара, исс хи долу Хизаран къена мотт.

— Хьо вист ма ца хуьлу? Цо бохург бакъделахь, вайн ламазех хIун до? Эрна ма ду вайн деле кхайкхар, вай дохку салташ, вай боькъу мел. Дуй, Анзор, алал, вай бехке хIума Леча лацарна тIехь?

— Ду, Хизар, ду. Мичара хьуна мел! И елахь, оцу айхьа юьйцучу жоьжахатахь богур бу хьо къинойн бIогIам! Кечло хьо цуьнан лар эца. Айхьа лелориг цхьаъ ду моттуьйтуш, хьийзий, ницкъ бин ахь суна, морзала бахана мукадахка!.. Сан бIаьрга ма гойла хьо кхин, дIаьвше талу!..

Анзоран буьрсаллех кхеравелла, дуьне-эхарт диццелла Хизар хебба жимвеллера.

— Ойла е, Анзор, дела оьгIазгIорий хьуна!..

— ОьгIаз воних бен деш воцчу хьуна ваха веза-кх дела, — элира Анзора. — КъорIа дуьхьал лоьцуш, ахь лелораш ца го цунна?! ДоттагIаша соь Казахстанера оьхуьйту кехаташ лечкъийн ахь, сан бералла а, жималла а яйи ахь. Вон мел дерг суна Iамо, марздан ьаьллира. Адамийн орцано кхетий, ваькхи со хьан боьхачу багара, Iаьржачу мIарашкара. Баркалла адамашна!

Ша хIун дича бакъахьа ду ца хууш, нел-сагIех тевжина лаьтта Кесира бIаьргаш къаьрзинчохь йисинера, пизаре, оьгIаз мел ваха хазлу Анзоррий, хIиттинчу бIаьргех ангалеш хилла, цIарул-цIийвелла, ворта сийсаш, ша Iаьччохь ветталу Хизаррий гуш.

— Анзор, хьан Ваши вай и-м, ахь хIун до сел тIечехаш!? — элира Кесирас халла, юьхьIаьржа хIоьттина.

— Со бакълуьй, иштта хила деза хIара хIинца дуьйна. Хьуна дика ца вевза хьайн неца яханарг.

Кесирас шегахьа озарх тамхилла Хизар, дар а луш, меттавогIуш хеталора.

— Баркалла, Кесира. Баркалла, иштта хила хьо. Со ван а вацара хьой, Баний яцахьара. Ткъа хьо, гаур, — элира Анзоре ойлане, — хьажалахь хьайна хуьлучуьнга. Со со вац хьуна, хьо кхунах дохко ца валахь. Ас делан наьIалт кхайкхор ду хьан сина а, пхана а.

Ойлано цхьаъ-м лаьцначу моллин юьхьо боьха муьрг туьйхира.

— Хьайн хьаштдерриг де, амма яхийта, кхин сан бIаьрга ма гойла хьо. Ас хама ца бо. Сан кIант а, Кесира а, бакъ доттагIий а бу шортта!

— Хьан ву кIант? — кIелдIахула, бехкаме къегира Хизараи тIеда бIаьргаш. — Айхьа и алале Кесирига хатта дезаш хиллера ахь, Анзор, кIант хьенан ву.

— Муха хьенан ву? — инзаръяьлла, коьртах хIума

кхетта бIагIаръяьлча санна, ша лаьттачохь лестира Кесира. — Цо хIун боху?

— И хIун ду!? Ас хIунда хоьту сайн кIант хьенан ву? — тIечевхира Анзор.

— Ас делах чIагIо йо-кх и кIант кхечуьнан хила а хьаьвзина дац аьлла, Анзор.

Хихиъ аьлла, хьаланккхина, дIанехьа йисина шен Iаса схьа а эцна, неIарехьа вогIавелира молла.

Цкъа ваьхьина шийлачу лайла а воьллина, юха цIийдинчу хих ваькккхича санна, кхарзавеллачу Анзорна, берриг букъ зовзош, деана пханарш кIел ан хIоьттира

Цкъа макхлуш, юха бамбел кIайлуш, бос керча Кесира, бIаьргаш хих а дуьзна, тIулган кепа яхара. ТIаккха, лерган нIаьна батIо санна, мохь белира цуьнга:

— Остопуьрла, хьо харцо! Остопуьрла, хIай везан дела, сацабехьа харцлуьйн мотт! Расу — Анзоран кIант ву. Ас делах, динах, дуьненах, нахах дуй боу-кх цунна...

Кхехкийча санна, малъелла дIаелира кIант вина нана.

— Со харцлуьйр вац, — кхоьссира Хизара неIаргера. — И аллахI — дела ву ас бохучун теш.

— О, ма харц теш ву-кх иза! — эккхийтира Кесирас.

— СовгIаташа бакъавийр ву иза-м! Уьш стенна дина ас хьуна? Дийцал! — сатта а сеттина, хIаваана Iасанан юьхьиг хьовзийра Хизара. — ХIун ю ас хьуна эцаза, алал, хIай?

Дукха холчахIоьттина, ша лаьттачохь кхоссаелира Кесира. Сихъелла, Хизар кхалла воллуш санна лаьтта Анзор а тергалвеш, пIелгех, пхьаьрсах схьаяьхна чIагарш, хIоз моллина дIа а кхоьссина, лазийна хьоза санна, кхоссаелла, шифоньер схьа а йиллина, цу чуьра цхьацца пайдабоцурш, къорза бедарш моллина етта йолийра цо.

— ХIан, дIаэца хьайн тешнабехк! Харцо! ХIорш дегтIе хIиттина лойла вайх харцлуьйриг! Эхь ца хетий, хьан къеначу коьртана!.. Ала, ала, сан маца хIун деана хьоь-

ца, боьха хIума... — кхин ирахь латта а ца елла, дивана тIе охьаюьйжира Кесира.

Бертехула сийна моха йоьду цуьнан аьрру когара кIайн пазат кIеззиг охьаяханера, дIанехьа дIакхоссаелла, цIенкъахь Iуьллура туфли.

Хизара, къорза бедарш Iасанца дIа а кхуьйсуш, гIовталан кисанаш чу теIайора ша схьалехьо дашо хIуманаш. ТIаккха цIеххьана дIа а хьаьвзина, гIам санна, тIепаза вайра иза.

Сингаттаме гIар-тата яро, эккхийта санна, юьйлинера чоь. Юха гIийлла лен елира Кесира:

— Харц, харц луьй хьуна иза, Анзор... Хьо теша цунах, хIай?..

— Шена тIехула мохбедча я лаьхьа текхча, буц леста, техка.

— ХIета, хIета, сохчул теша-кх цунах.

Цхьа тамашена паргIат иза а аьлла, меллаша хьалагIаьттира Кесира: «ДIатеша, хIета...»

Цуьнан юьхьа тIехь халахетар а, я инзаръялар а дацара. Даккхий, декъа бIаьргаш, мича хьуьйсу хуур доцуш, дассаделлера. Меллаша цхьаммо тIехьашха туьттуш санна, астагI а лелхаш, Расу воьлхучу чу яхара иза. Сийна моха гун пазат кхин а охьаяханера, дивана улло, ша Iиллинчохь яра туфли.

Катоьхна вешалки тIера пинжак схьа а эцца, тахана дуьххьара кIант ца хьостуш, неI тIе а оьхна, аратилира Анзор.

— Вий, Анзор, со яларг, хIун хила доллу-техьа вайна?! — майрачунна тIаьхьа араиккхинчу Кесирас, каррехь егош, це еттара балдех. Ша санна, шелъеллачу цо, шех кадетташ, моллина сардамаш багахь ладийгIира, эгначу ойланаша вуьйлина, кхоалгIачу этажа тIера охьавоьдучу Анзоран доьхначу боларе.

Шага санна, цIена, вуно хаза, диканиг хьоьху ойланаш а яра Анзора хьочарна юккъехь, тIеттIа корта яндор бохурш а гIертара чу. Цергех хи дохуш, хиндерш

марзде ойланаш а хьийзара, дог хьоьстуш. Оцу кхаа тайпанах муьлхачунна ша тIаьхьа хIуттур ву ца хаъал ваьржина вара Анзор.

«ХIинца хIун дан деза? Сан жималлина лан ма торру, шиъ ду-кх хIорш хIинца, цхьаъ вуккул ирча... Ас динарг, Хизара цу тIе тоьхнарг. ШолгIачунна-м, и бакъделахь, Кесира дIаяхийтина а, цхьаъ дендарий... Ткъа важа, накъостех со воккхуверг... Цунна, цунна хIун дан деза, мича эккха, мича вала веза... Цуьнгара вер ма вац...»

Хизар вале, Iуьйранна шен кисанахь ахча ца карийчахьана дуьйна, хIокху йоьхначу Iуьйранна хIинца мосуьйттазлагIа и хаттар ша хьаьнга до, хууш вацара трамвай тIехь воьду Анзор. «ХIинца... Эльвира... — оьгIазе дагатесира дукха холча хIоьттинчу кхунна. — А-хI!.. Баккъал хьовзийча, ша ца эцца аьлчахьана а йолу. ТIаккха, цхьа бех а ца луш, дIасатоьхна, бригадо пхи туьма охьадуьллур ду... Суна хьалхара!.. — Зуз дсара дегIе. — Ойт, горлера дуьне яI, ма юьхьIаьржа доьгIна хилла-кх хьо суна, — мохь тоххаза виспра Анзор. — Ма бес-бесара доу-кх хьо...»

Амма ша юха цIа гIур ву бохург кIезиг соьцура ккуьнан дагахь. Цунах вогуш, хьаьжира хIара, ден дагара ца хууш Iуьллучу, самах шена воьлуш чукхийсавала тIерачу Расун ойланехь бIаьра сел лерана, догдоьхна.

Балха вогIуш Семен Иванович, Виктор а вара.

— Со-м, Виктор, цхьа ккхин дагадеъна а дера ву хьуна кху тIехь.

— ХIан?

Эльвирех дерг ала а хаац, бахара Семен Ивановича, дуьйцуш. Анзор-м вац хир ву, вай тешшийтина, цу ахчанна тIе кхевдинарг? Цу ойланаша хьийзош, набаран суй ца бина ша бахара воккхачу стага сийсара. Ван а вара Андреев, хорша хьехча санна, беса, бIаьргаш цIийделла.

Виктора аьттехьа а ца дитира Анзорах шекьхилар:

«Суна ца моьтту и йохьах вухур вара. Дош ма делла цо».

— Хаац, марзделларг дита ца ло а олу цкъацкъа. Корта а хьаьвзу...

Заводан кетІа кхочуш Анзорах бІаьрг а кхетта, и къамел хедира, дагахь а, багахь а ца хилча санна.

Гуттарлерчу маршаллин забаршца вовшийн Іуьйре дика а еш, установкехь вовшахкхеттачу бригадо вахта схьанйцира.

Установкийн болх, даима санна, дика дІабоьдура. Бригадан хІор члено тахана къаьсттана лерана, хІинццалцачул а тергаме кхочушдора шен-шен декхар. Сахьт санна, цхьана эшаре лелаш, тай тоьхча санна, аллал, ийса язбеш, гойтуш бора кхара куьйгалла дечу массо а механизмо, аппарато, чархо болх. Дагна аьхна, лерг хьостуш симфони яра и белхан мукъам.

Амма цхьа мерз ца бекара кхузахь. Хаьддера, къарбеллера цхьа мерз. Уггар коьрта мерз, догъэшна ю тахана бригада. Цо йишхалийна ерриг симфони. Доллучун йиш ойург, и хазйийриг, тайийриг адамийн дегнаш, церан ойланаш ю. Лекхалучохь дац, кийра ша биллича санна, лелачу кхеран дегнаш. Церга тІера балда ца айина бригадо кху чекхъялла йоллучу вахтехь. ХІора а, цхьана хІуманна ша бехке волуш санна, лела меллаша бен бист ца хилалучу вукхарна хьалха. Ас хІун детехьа хьан къина, аьлча санна ду кхеран вовшашка хьовсар.

Дан хІума дац!

Бакъду, цхьа ша-шех кхаьрдарг шайна юккъехь ца хуьлийла йоцийла хаьа... Юьхьъяйина ала, тІе пІелг хьажо ца хІутту. Муха... Ша даре ца дер-техьа. Ма товш дара-кх иза ишта!

Балхахь хилаза ца долучу вовшашна дуьхьал кхетарх ца хьоьгу хІорш тахана, хІоранна а ойла ян, хатта, ша-шех дагавийла чІогІа лаьа.

«ХІун хир ду-техьа?», — даккхий синош а дохуш, бІаьрг ма-боьдду дІахьуьйсу. Мича? Шайна а ца хаьа.

Оццул гIийла, ойлане, сингаттаме уьш хиларна бехке ша вуйла хуу Анзор Iаламат холчохь ву. Уьш гучохь ца Iало. ШIа шена тоххал оьгIазъоьху. Масийттазза даре дан догхилла кхуьнан. Эр ма ду ша цаьрга, аьлла хийлазза чIагIвелла хIинцале. Мотт ца керча. «Муха, муха эр ду оццул дикачу цаьрга... ХIан-хIа, алалур дац. Цулла а, цхьанахьахула дIа а вахана, кехат доуьйтур ду. Бакъо, бакъо яц сан хиллачух хIорш ца кхио. Кхарна юкъахь вас йита. Со санначу жIаьлех ларлуо кхаьрга ца ала», — кечамаш бора дагахь. Чекх ца валалора.

Дукхахболчара Эльвирех дегабаам бо. Цхьаммо ша Анзорах шекьхилар къайллах вукхарах тоьхна. Амма Эльвирас, дукхахберш гIалат кIезиг бовлу, боху, мичча хьовзийча а.

— Ткъа хьуна хIун хета, Анзор? Ахь ма ца олу. Ма юьхьIаьржа хIуьттуш дохку-кх вай, — ма-торру эсала хаьттира Семен Ивановича, дийцина цуьнца, прибораш чохь и тергал а веш.

Лерана кхаьрга ладоьгIура шаьшшиннан цхьацца деш волчу Салманий, Викторий.

— Хаац, — элира Анзора тамашийна гIоргIа, кIоршаме, аз ойуш. — Витийша, витийша... ЦIога доцу жIаьла ду-кх со, жIаьла... Велла волийла... Бакъ...

Бетах цхьа вон туйнаш а девлла, ша хIун юьйцу а ца хууш, мохь а хьаькхха ваддал, холча вахара Анзор.

— Хьуна ма атта хета! — ирахъкхира Салман. — Вай-м дийнна заводана хьалха юьхьIаьржа хIиттиний, ва Анзор!

— Соь хIун де бах ахь ткъа?! — гуттар чуьравелира Анзор. — Со вала шу массеран а къина, хIанехьа вала...

— Хьоьга хьан хIун де боху, ва Анзор? ХIинца мукъана битахьа и дегабаамаш... Вай-м бераш даций! — чукхоссавелира Виктор, бегаша тIера а ваьлла.

— Со Iуьйранна дуьйна а кхета, Виктор! Дан хIума дац. Ткъа хIара сан коча эккха воллу... Вейша со, пурба ду-кх шуна... — Салманна тIе вирзира Анзор.

ХIара схьаэккха доллу, Анзор, бохуш, дег тIе куьг деттара Салмана. Эхьхета. Цхьаммо лелош нисса лаьттина касса, массарех тешна ма-йиссинехь, эшна. Эцца да а воцуш, дан когаш-х баций цу пхеа туьманан?

Эццахь цхьа хIума сихъиккхича санна, йовхарш етташ хьаьвзинчу Анзоран гIелвалар тосаделлачу Семен Ивановича бIаьцашца а, барта а вухаветтара Салман: «Саша, Саша»...

Накъосташна шен хIинццалцлера дегабааман хьунаш хийтира Анзора кхоьхьурш. Амма и аьттехьа дацара. ХIара вуург, воттург даредан стогалла ца кхочу ледарлой, гIалаттий дара.

— Лагерь... Со стаг цахилар ду, Семен Иванович, шадерг, хаьа суна.

— И ца догIу, Анзор. Собар. Хьоь хIун боху? — хIинццалцчул а хьастаме, довха, собаре дара Андреевн аз. И гуттар хала дара Анзорна.

— Алийша, хьовзавейша, човхавейша... Цхьа гIоле ер яцара-техьа!..

ТIаккха мукъа а шен мотт, ойланаш, дог хецадаларе, шега стогалла йоссаре сатуьйсура эхьо хораме лоьцучу Анзора. Шад хIуьттура логе.

И ца хуучу шайн хабар кхечу тIедаккха, совнархозо магаяхь, кхин соьцийла доцуш чекхйолу-кх вайн рационализаторски предложени, аьлла, буйнахь крючок а ловзош, корах ара газосепараторе хьаьжира Виктор. Цу къамелан шолгIа маьIна хаарх тамхиллачу Семен Ивановича, предложени цигахь чIагI а йина, проектни бюрохь цуьнан монтажни чертежаш еш ю, элира.

— Даьдаьтта и экономи — шарахь хIор установко цхьацца эзар туьма кхоор ду-кх. Каталитически процесса тIе вай девлича — кхин а сов, — секундомер а эцца, йовха насос ягаръя вахара оператор Мустаев.

— ХIета, вай дера деза, гонорар схьаэцча, хьан, Эльвирин ловзар хIотто, — кхоьссира Виктора, вела а велла, цунна тIаьхьа.

Мелла а меттавеана хеталора хIинца Анзор, бIаьргаш агIор а уьдуш, бос, тохара санна, лелахь а.

Шен йоккхачу пешан юккъера форсунка тIетуьйхирий, хоьттучу Семен Ивановиче, дIа а ца хьожуш, корта таIийра Анзора.

Виктор аравелира операторни чуьра. Кхунна халахетара Анзоран догдоьхна, гIеххьачунна Эльвирина кху тIаьххьарчу хенахь шел везалуш хеталучу Салманна хIуьттареннa а долуш.

— Хизар-моллас хIун боху, Анзор? — хаьттира Салмана.

Вист ца хуьлуш, Салмане а хьаьжна, дагахьбалламе дIавирзира Iуьйранна шайн цIахь хIоьттина сурт дуьхьал тесна Анзор.

НеIарехь къоламаш хьоькхуш лаьтина, самукъе кхаьрга чу а хьаьжна: «Тахана бIе ткъа лахь, бIе ткъе итт процент хуьлу-кх вайн дийнна бутт, — шен дагахь кхаъ баькхира Виктора. — Хуур ду-кх, ЭльвирагIара хIун дохьу!»

Анзор аравала воллучух тера хеттачу старши оператора цуьнга, сменни собрани фонтан йолчохь хуьлу, элира. Цу хенахь, тIейогIучу бригадан помоператорца замерера йогIу Эльвира чуелира Семен Ивановиче «дика ду» а олуш, Анзор вукху неIарехула аравелира.

— Мел?! — мохь туьйхира Виктора.

— БIе кхузткъе пхийтта, — дийкира Эльвирин багах.

— Ур-ра!

АндреевгIар тIееанчу смене вахта дIаяла буьйлабелира.

Iаламо сийна тир лаьцначу некъийн чимчаргIаш оьху заводан керт денъелла. Установкашкахь вахта хийцалуш, доладелла адам.

Мукъайолучу сменерниш юьстахочу бай тIе гуллуш бу собранина.

Форсункаш, вентиляторш цIанъеш, царна даьтта детташ, масленкий, горгам а эцца, пешашна юккъехула лела

Анзор. Ойланаша бес-бесара моханаш кхоьхьу кхуьнан юьхьа тIехула: «Эльвирех хилла шеко дIаяьллачух тера ма хетало. Еккаелла, самукъе ю, цхьадика. Тамашена ду-кх цуьнан соьца пIна хилар. Цхьа мисхал хийца ца елла-кх. ВаллахI, яц сох шекьхуьйлийла а йоцуш-м. Ша цхьа хIума ю моьтту Кесира ма стаг яц кхунна хьалха. Къелла ялхийна, суна и тIехйиттина, хIара ду-кх Кесирас тхуна динарг. Ахча Лечин карадаха. И цо мичара даьлла а дац милицехь эр. Бакъ... Сан хIун гIуллакх... Дацара! ТIе, ас и лачкъийнийла хиъча, Кесира-м, дера, лелха магара, диканиг хила санна, суна ирах. «ХIун хила доллу техьа вайна?» — аьлла, тIаьхьа муха яьллера... Амма и IадъIийнехь, ас цадендерг-м дара. Со веллавакхарг яI... Хьовзо, цхьаннан юьхь яха бохку хир бу собранехь. Ца вахча хIун дара хьовх цига... Айса ма-баххара, цхьанхьашха дIа а вахана, кехат доуьйтур-кх...»

Кхузара гора Анзорна дIо гIовгIане гулделла адам. Къамелаш дора цара. Кхунна ца къаьстара. Царех хьаьгинчу кхуьнан дегI дегийра. «Кара деана а моттийтина, ас кадетташехь дала доллу-техьа, дуьне, хьо соьгара юха а. ХIан-хIа, йиш-м яц дIахеца! ТIеваха веза...»

Башха гоьвала ца гIерташ, меллаша вахана, Семен Ивановична уллохьо таьIина охьахиира Анзор.

Адамашлахь лохха хабарш девлира. Къамел деш вара Балашов Виктор.

Массо а шега хьоьжуш хеташ, царна шен дагара хаарна кхоьруш, хебара Анзор. Кийрара схьаэккха доллуш детталучу даге ладоьгIура, и сел холча хIоттийнчу ша шех латтал оьгIазъоьхура. ТIаккха догдетIий, дуьненна а дарлора. Я коьрто а, я лерго а цхьа хIума схьа ца лоцуш, дунгIаз санна, IаддаIе лаьара Анзорна.

Социйла дайна, балдех це еттара, хьерчара, хебара. Къайллах кхуо тергалйина Эльвира, цкъа йоьхна а хилла, юха меттаеара.

— ...Хьаьнггара а дужу гIалат. ЮьхьIаьржо а йолу... — луьйра Виктор.

«ХIун ала, стенна тIеван гIерта-техьа, сел дахдина хьийзош?» — бахара хорам хиллачу Анзора ша-шега, кIеззиг метттах а хьовш. МIар къовзийра шен варех. Хаалора.

— Шуна ма мотталаш бехке яц а, и ахча цу йоIах хьарчо а луучу тIехь ас дуьйцург ду.

ХIан-хIа. Дац. Амма, аш хоьтту дела, боху ас, касса кегийра Эльвирас. Ткъа хIунда? — хатта, къастаде цуьнца шаьш.

Цкъа хьалатаьIаш, юха охьатаьIаш Iара Эльвира. Бос керчаш, йогура цуьнан яй-й дIасахьийза юьхь. Цул башха сакъералуш, бекхабеллий-м гулбелларш а бацара. Цара къайлах а, къулах а лерана тергалйора йоI.

— Суна цхьаъ хета, — элира Салмана, — стаг буха ваххалц хин йистехь а лаьттина, тIаккха орца доху-кх ахь, Виктор.

— Ткъа Эльвирас хIунда кегийра ша боху и касса? Шуна хIун хета, Семен Иванович? — хаьттира цхьаммо.

Дерриг ккуза гулделла адам, шаьш къасточу гIуллакхан мах хууш, лерана, олучун а, хоттучун а ойла чIогIа еш, церга тIера балда айий, тIеххулара дош алий ца лууш, кIорггера лелаш дара. Уьш цуьрриг баккхий ца бера шайга деанчух. Хорша хьегIча санна, бос телхина, бIаьрг хIоьттина, йишйоьхна, баьллачу цатаман шело дегIах, дагах етталуш вара кхарех хIора а. Iаламат тапъаьлла ладоьгIура ерриг майдано заводан ширачу белхалочуьнга.

— ...Курхалла-м хIунда дуьйцура. Оха цхьаьна яькхинчу хенахь мIар тIетоххал хIума ца даьллера Эльвирера, — мегарг дийца ца лора Семен Ивановиче, халахетаран къурдаш дег тIе хIуьттуш. — Суиа-м хаац. Шаьш хаттийша... — хедира воккхачу стеган аз.

— Алал, Эльвира.

— Аьлча тоьарг-м хала дац. Эхь дайначунна хIун хуьлу, гечдан кийча адамаш юьхьIаьржа хIиттарх!

— ТIех ма валахьа, тIех...

Ол-олуш, дол-долуш марсаделира адам, гIуггIехь декара, сийсара собрани.

Теббана Iачу Анзоре а хьожуш, хьалагIаьттира Эльвира. Шен ма-хуьллу гIоьртина бIаьрг туьйхира йоIа гулбеллачаьрга. ОхьатаьIира. Йолаелира:

— Ас хIун эр ду... Касса-м ас кега яле эшна хила а тарло. Хаьа, куьг боьхалла вон юьхькIам бу. Логгец догIу эхь... амма хала-м дац хIоккхул дог лаза, бала кхача шу долуш дерг... ХIаъа. Ю, бехке ю. Ас охьадуьллур ду ахча.

«Ас охьадуьллур ду...» — хьайн хьашт мел ду лазош, цергаш йоьхкира оцу кхиссинчу дешнаша Анзоран дагах. Амма... Iаддаiара иза.

— ХIан-хIа. Цхьана ахь дуьллур дац. ГIалатана орцах массо а вала веза!.. — Iе ца велира Салман.

— «Веза!» «Шенна хала хир ду!» «Массар айича дайло хIума!..» «Вон деъча, бевза накъостий!» «Ма лачкънийнехь!»

Тай-тайпана дуьйлура маьхьарий. Цу дерригенга а ладоьгIуш,дуо санна а хилла, Iара Анзор. «Вада веза... Ваха веза кхузара... Ма... даредича хIун дара-техьа... Мичара. ХIан-хIа. ТIаккха-м кхара юьхьа тIехь мел дерг охьадаькхкхича... Даккхийта, доккхунда... Бакъ. ТIаккха, кхин цкъа а бех цалурриг, цIанлур юьхь а, дог а... Оьшучохь човхо а, вогIучохь хасто а кийчачу накъосташца тоьла, денна кхара тIехь дечиг даккхахь а. Со велла-вакхкхарг яI. Эльвирина ницкъ хуьлу-кх...» — дIахьаьжира Анзор цу ойланаш юккъехула.

Тохарлеррачохь лаьтташ яра Эльвира. Цхьаъ-м ала йоллучух тера хета иза. «ХIинца со дIавийца йоллу. Вийца ахь. Хеназа хедаш а дац. ВаллаIазмор, са а ма диттира, эккха йоллалц...» — бехк схьаэца кечвелира Анзор дагахь.

— Ирс яI, — дуйцура Эльвирас, — юьхьIаьржонах кхаьрдачул кийча цунах къахета, кхоам хета вай до-

луш. Амма суна хьалхара кепек ма ло. Цхьаволчунна ма-моьтту, шу совдевр долуш яц со. Яц!..

— Къола ма динехь тІаккха тхуна!

Топ кхетча санна, хьалаиккхира Анзор. Волавелла собрани юккъе велира. Берриш, цецбевлла, кхуьнга хьаьвссинчохь биснера.

— ХІан-хІа, адамаш... хьоме накъостий... Дац... Ас олу... — мохь болуш лестинчу Анзора, гІоддах гІоьртина, баьстира шен лаг Іуьйду, мотт сецо эхьан шад. Цунна шена хууш, хахха-аьлла паргІатделира Анзоран са а, пха а. Хецадала доладелира дерриг дегІ.

Берриш, баганаш а гІаттийна, хьуьйсура цуьнга.

— ХІаъа... И вайн дайна ахча ас... ас эцца... ХІунда йицира? И уггар доьхнарг ду. Ма дийцийта. Хуур ду шуна. Шайн десара, ас доьху, кхоа ма велаш со...

Ерриг собрани цецъяьллачохь йиснера. ГІугІделира.

— Кхин оьцур а дац, и охьа а дуьллур ду, — луьйра Анзор хала, амма резахилла. — Цхьана хенахь... вочаьрга марзваллар тІехь хІума атта хеташ хилла суна. Цуьнан луур дуьйлу сох. Бехке, бехке ву. Шайн даго хьоьххург де. Шайх ца ваьккхичахьана, аш динначунна реза ву. Хаьа... Со кхета, Эльвира. Суна суо къайла гІур ву моттийта дацара ахь сан курхал хьайна тІелацар. ХІан-хІа. Дацара. Сан коьртах эхьан цІе летийла хьоьжура хьо. ТІаьхьа делахь а, летта хьуна иза. Баркалла, Эльвира. Шу массеран а доккхачу деган заманан алу, вочех денна цІанвеш, хьерча сох. Ткъа, ахь, Эльвира, говза эли соьга, хама бе адамийн. Цуьнан меха хІума дац. Бийр бу... — воккхаверан къурдаш дора. — Суо велла дІаваллалц бийр бу ас адамийн хама. — Эццахь хьалатаьІира Анзор. — ХІан-хІа, ма мотталаш... белхан ши адам дара шуна сан дай, наний. Шен гІуллакхашца нах резабаре кхочуш ирс дац, олура цу шимма. И схьалаьцца, и марзделла, и даг чу дижина вара со... Ткъа хІинца... Баркалла, баркалла и меттахІотточу шуна! Ов-вай, ма сан яц-кх адамийн дикаллин! — бІаьрхин

юккъехула гучу, цIенчу дагара ша тергалвечийн бIаьра ца хьажалора Анзор.

— Хецций схьахьажа хьо, Анзор. Тхо дай хIорш-м, — элира Эльвирас. — Вай-м вовшийн доцуш цатерш дай!

Шех схьахьаьрчина Анзор, коьртах куьг хьокхуш, мара воьллира собранина куьйгалла дечу Семен Ивановича:

— ГIалат дужу. Цунна даредар а, и нисдар а ю цкъа стогалла, Анзор...

* * *

Лаьмнаш тIехула схьа мархаш а евлла, тахана малхбузен, маьркIажан юкъ гуттарчул таьIина а, садукъаме а еанера. Иштачу меттиго Кавказехь деш ма-дарра, бодаш баьхкина, стигал къекъа елира цIеххьана. Стелахаьштиг детташ. Баьллачу мохо, бIогIамаш тIера лампанаш лестош, дитташ сеттадора.

Анзор заводера араволуш, Iаржъяла йоьллера. Чачамаш санна, тIедетталучу даккхийчу догIанан тIадамаша цкъацкъа юьхь лазайора.

Трамвайн некъа тIе хIара кхочуш, цхьаъ-м нохчийн маттахь кхайкхира кхуьнга.

ДIасахьаьжира Анзор, аддам дацара гуш.

— Схьанехьа, схьанехьа таIа хьо, доттагIа. ХIоккхузхьа!

Анзорна хIинца къаьстира тIулган некъал дехьарачу газеташ духкучу киоски уллора адамех тера гIаларташ.

Диъ дара уьш. Ткъес даьгначу серлонехь вевзира Анзорна царех кIайн маж ерг а, мацах хаьмбиирзахойн нуц хила вуолар чекх ца даьлларг а. Цхьа верстана стаг вара цаьрца.

— Вуй иза? — хаьттира кIайн маж йолчо.

— Ву, — жоп делира нускал дезначо.

— Соьгара хIун оьшу шуна? — хаьттира церан леларна реза ца хиллачу Анзора.

— ХIокху сохьта эр ду...

Йоца ворта йолчо и оллушехь, верстанчо Анзор Іаьржачу озийра.

ТІеттІа чуьрадуьйлуш деттара догІа.

— Маса лелалаш, тІадор ду вай, — сихбора шеца берш дегІана тоьллачо.

Амма кІайн маж ерг паргІат вара. Можах куьг хьокхуш, хьала а хьаьжна, багахь цхьа шабар-шибарш дина, элира цо:

— Йотин воІ Анзор, хьуна реза вац Хизар а, кхин цхьацца дика адамаш а. Моллина дуьхьалвала гІерта хьо, нехан зуда ялор дохийна ахь. Дала и саннарш ца могуьйту Оха ца дуьту уьш.

— Іабазбек нуьцкъала зуда йига гІортаррий? — хаьттира Анзора оьгІазе.

— Цул оьшу хьан Хизар-моллица эвхьазавалар, ахь цуьнан цІенойх ваккхар. Динах а, делах а вала гІерта хьо. Де моллас бохург, вухаверза хьайн къорІан тІе.

Даьгначу нуьро ма-варра серлаваькхира бІаьргаш хьела дахана воккха стаг, мохо ловзо, гежанчу цуьнан маж. ТІаккха къевкъинчу стигло дегийра латта.

— Леча-миска гучуваькхина ахь, — долийра воккхачо, стигал тейтина. — Лечина тІехь оха хІумма а ца бохуу. И цо ша нисдер.

Цара бохучу вукхарна а вац ша, элира Анзора, реза. Ша лелориг нийсо, бакъо ю.

Эццахь кхеттачу нуьрехь шена къегина урс дайра Анзорна. Буй балийтира цо, мацах, зуда езаш, бетах мотт хьаькхинчохь висинчунна. Юха тоьхна верстанарг виълар вахийтина, пинжак цаьргахь юьсуш, дІаиккхира Анзор...

Зуламана арабевлла хилларш схьалийцира милицин участкан нарядой, дружинникаший.

— Ой, забар ян мегаш дац? Ка санна, онда и кхералойла хьовса дохкуш хила ма мега тхо. Вала-х ца веллий иза...

— Уьш хьаха ду вай къастор! — элира милиционеро.

* * *

Верриг, хи санна, тІада а вина, Анзор цІаккхочуш стигал къекъара, мох лагІбеллехь а.

ХІорш Іаш болчу цІеношуллохь дукха адам дара тулделла. ЧІогІа гІовгІане, къаста хала цхьацца маьхьарий а дуьйлуш. Скори помощан машен яра лаьтташ.

— Майра а ву вогІуш!..

Анзоран башха тидам ца хилира оцу дешан. Амма цец чІогІа велира, цхьанахьа-м шега пІелгаш хьежош, адам дІасахилча:

— Эццахьа, дІанехьа вала хьо...

ТІе яржийна шаршу йолчу барма гуонах хьийзаш адамаш дара, ерриг халат тІадийна лор юккъехь.

— Хьо майра вуй ккуьнан? — хаьттира цуьнга лоьро.

Анзор вист ца хилира. Цунна хезаш а, гуш а хІума дацара, шаршу кІелхьара схьахьоьжу бертикехула сийна моха йоьду Іуьйранналера кІайн пазат бен. «ХІара хІунда, мичара кхаьчча-техьа ккуза?» — хоьттура Анзора сихвелла шега.

— Хьо майра вуй, бахий ас-м, ккуьнан? — меллаша юха а хаьтира тохарлерачу озо.

Цхьаммо-м жоп делира вист ца хиллачу Анзорах:

— Ву дера-кх, ца го хьуна цуьнгахь дерг?

— Сатоха деза, жима къоьнаха. Цунна хІинца дан гІо дац ахь. Кхозлагіа этаж кхераме ю корах чуэккха, — дуьра элира лоьро.

Барма чоьхьа а буьтуш, дІакъовлаелира машинан неІарш.

— Ой, мича хьо аш иза? — машина хьалха хьаьдира эххар меттаван воьлла Анзор. — ХІунда?

— Іуьйранна схьаяхьар ю ахь? — лоьро а олуш, дІаяхара скори помощь.

Адам дІасадаха делира. Ткъа Анзор догІанехь, къекъачу стигали кІел лаьттара, шега деанчу воно дуьне а,

Йоца ворта йолчо и оллушехь, верстанчо Анзор Іаьржачу озийра.

ТІеттІа чуьрадуьйлуш деттара догІа.

— Маса лелалаш, тІадор ду вай, — сихбора шеца берш дегІана тоьллачо.

Амма кІайн маж ерг паргІат вара. Можах куьг хьокхуш, хьала а хьаьжна, багахь цхьа шабар-шибарш дина, элира цо:

— Йотин воІ Анзор, хьуна реза вац Хизар а, кхин цхьацца дика адамаш а. Моллина дуьхьалвала гІерта хьо, нехан зуда ялор дохийна ахь. Дала и саннарш ца могуьйту Оха ца дуьту уьш.

— Іабазбек нуьцкъала зуда йига гІортарриг? — хаьттира Анзора оьгІазе.

— Цул оьшу хьан Хизар-моллица эвхьазавалар, ахь цуьнан цІенойх ваккхар. Динах а, делах а вала гІерта хьо. Де моллас бохург, вухаверза хьайн къорІан тІе.

Даьгначу нуьро ма-варра серлаваьккхира бІаьргаш хьела дахана воккха стаг, мохо ловзо, гежанчу цуьнан маж. ТІаккха къевкъинчу стигло дегийра латта.

— Леча-миска гучуваьккхина ахь, — долийра воккхачо, стигал тейтина. — Лечина тІехь оха хІумма а ца боху. И цо ша нисдер.

Цара бохучу вукхарна а вац ша, элира Анзора, реза. Ша лелориг нийсо, бакъо ю.

Эццахь кхеттачу нуьрехь шена къегина урс дайра Анзорна. Буй балийтира цо, мацах, зуда езаш, бетах мотт хьаьккхинчохь висинчунна. Юха тоьхна верстанарг виълар вахийтина, пинжак цаьргахь юьсуш, дІаиккхира Анзор...

Зуламана арабевлла хилларш схьалийцира милицин участкан нарядой, дружинникаший.

— Ой, забар ян мегаш дац? Ка санна, онда и кхералойла хьовса дохкуш хила ма мега тхо. Вала-х ца веллий иза...

— Уьш хьаха ду вай къастор! — элира милиционеро.

* * *

Верриг, хи санна, тІада а вина, Анзор цІакхочуш стигал къекъара, мох лагІбеллехь а.

ХІорш Іаш болчу цІеношуллохь дукха адам дара тулделла. ЧІогІа гІовгІане, къаста хала цхьацца маьхьарий а дуьйлуш. Скори помощан машен яра лаьтташ.

— Майра а ву вогІуш!..

Анзоран башха тидам ца хилира оцу дешан. Амма цец чІогІа велира, цхьанахьа-м шега пІелгаш хьежош, адам дІасахилча:

— Эццахьа, дІанехьа вала хьо...

ТІе яржийна шаршу йолчу барма гуонах хьийзаш адамаш дара, ерриг халат тІадийна лор юккъехь.

— Хьо майра вуй ккуьнан? — хаьттира цуьнга лоьро.

Анзор вист ца хилира. Цунна хезаш а, гуш а хІума дацара, шаршу кІелхьара схьахьоьжу бертикехула сийна моха йоьду Іуьйранналера кІайн пазат бен. «ХІара хІунда, мичара ккаьчча-техьа ккуза?» — хоьттура Анзора сихвелла шега.

— Хьо майра вуй, бахий ас-м, ккуьнан? — меллаша юха а хаьтира тохарлерачу озо.

Цхьаммо-м жоп делира вист ца хиллачу Анзорах:

— Ву дера-кх, ца го хьуна цуьнгахь дерг?

— Сатоха деза, жима къоьнаха. Цунна хІинца дан гІо дац ахь. Ккхозлагіа этаж ккхераме ю корах чуэккха, — дуьра элира лоьро.

Барма чоьхьа а буьтуш, дІакъовлаелира машинан пеІарш.

— Ой, мича хьо аш иза? — машина хьалха хьаьдира эххар меттаван воьлла Анзор. — ХІунда?

— Іуьйранна схьаяхьар ю ахь? — лоьро а олуш, дІаяхара скори помощь.

Адам дІасадаха делира. Ткъа Анзор догІанехь, къекъачу стигали кІел лаьттара, шега деанчу воно дуьне а,

эхарт а дицдина, кхоччуш цуьнан ойла ян корта басса ца луш. Ткъа цунна тIехьа кхийсарш йора:

— Цу тIе яьккхина хилла хир ю-кх и миска кху жIаьло...

— ХIан-хIа, хаза Iеш бара хIорш-м. Цуьнан меха хIума дацара кхуьнан-м.

Меллаша меттахъхьавира Анзор цхьаммо.

— КIант волччу гIуохьа, — хезира цунна Надин аз.

Хьерваьлча санна, лами тIехула хьалахьаьдира да. Хиллачух хIума ца хууш, цIенкъахь ловзуш Iен Расу шегара боьмаша чайтаIий, ненан когара йоьжна йисина кIайн туфлий охьакхуссуш ира а хIоьттина, куьйгаш даржийна, вегош цхьа гIулч а яьккхина, верриг вела а къежна, важа ког дIаловззушехь, дас кIел тесначу куьйгаш тIе охьавуьйжира, дукха гIадвахана.

— Ой, хьо когавахана, ва Расу? — элира йишйоьхначу Анзора. — Нана йоцуш муха Iийр ву-техьа вайша, сан кIант?

Къаьрззина дега хьаьжна Расу, тамашийна вела а озийна, дегара охьавосса гIоьртира. ТIаккха, ша цо охьавиллича, гIадваханчу кIанта, стигалан къекъаш хилар тергал а ца деш, меллаша ког хьала а айина, керла гIулч яьккхира...

ЭПИЛОГ

Масех де дIадаьллера. Дуьне ша ма-дарра лаьтташ дара, са а хуьлуш, са а довш, малх хьожуш, мархаш йогIуш. Кога ваха гIерта Расу, гал а вуьйлуш, дIаса а техкаш, шен маьнги уллора неIарге а, цигара вуха а оьхура, ша дена дуьхьал воьду сурт хIуьттуш. Велхарна дикка юхакхеттера. Амма, «Вайн мама стенга яхана?» — хоьттуш санна, хьекъале кегий бIаьргаш чухула керчабар ца дуьтура нана лоьхучу кIанта.

Анзор цецвуьйлура кху тIаьхьарчу хенахь шена хезначух. Хабар дара, Хизара, динан харцонаш, шен хIинлланаш дитина, мехкан, халкъан гIуллакхана хьийзачу адамана тIаьхьахIотта дош делла, следователя иза газеташ тIе тухур ду а аьлла, бохуш.

Амма иза мискьала-зарратал цецвер вацара, дIо кешнашкара богIу, Хизарна тIаьхьа малхбузан ламазана хIуьттуш бохку баккхий нах шера гучу хIокху боьххье ша нисвеллехь.

Нийсса ах стигал дIа а лаьцна, цIийелла суьйре. Iаьржа марха санна, дIо хьуьна юккъе буьйжира екачу хьаргIанийн бода. Халла къаьсташ серлабуьйлура къеначу ножан буькъа бохь. Малх регIа тIехьа боьссира, кхоьлира ножан бохь, лаьтта тIехула дIадахделира Iиндагlаш. Къовлалуш бохкучу маьркIажан бодашкахь гIугIе техкира адамийн кхоьлина гIалларташ.

— Ва Хизар, бакъдуй ижа? — хаьттира кхаралахь уггар воккхачу цергаш йоццчо. — Ахь Iедале делла бохуш, чхьа кехат ма дуьйчу адамаша?

— Бакъду, — хецца жоп делира Хизара.

— Далла хьарам хуьлуш воллу хьо? Штаг верах ча ишло и шаннарг. Оха шарIан шуд йийр ю хьуна, Хижар.

— Мичара даьлла со хьарам ву бохург? Iабазбекан мотт вайна хетачул беха хилла. Ас лелориг деле хаьттина ду. Ас миччахьа, хIуъу лелорах, аш ледарло ма ялий-

та я шек ма довла цунах. Вай хIилла долуш хила деза, делаха бевллачийл. ТIахин Iаьзиз вевзий шуна? — хаьттира Хизара.

— Хьанна ча бевза и делахбаьлла къаьркъанан кад? — хаттарца жоп делира воккхачу стага.

— ХIан-хIа, гIалат ву хьо! И делазхо райпохь балхахь ву, массо кхеташонашкахь, дег тIе буй а бетташ, къамелаш до. Советан Iедал хестадо, ша балхахь волччохь ламазаш до, кхоъ зуда ю, сох дагавалаза хIума ца до. Цуьнга хьовса шу. Малар! Вайна-х хаьий. Шен мегтехь дика и хьанна ца деза? Жимма хийцадала деза вай.

— Чухуларий? — балдаш цIубдеш, массаьрга хьожуш чекх а ваьлла, тIетуьйхира воккхачу стага. — Бакъхила а мега Хижар-молла-м... Хьовшур ду вай...

— ХIа-хIан, динан вежарий, бертахь а, бертаза а ваьшкара дуьйлучу гIалаташна гечдар деха вай деле вешан доIа-ламаза тIехь!

Иза а аьлла, Iаьржачу куьйгашца ламаз дихкинчу Хизар-моллин ирча гIаларт лестира орцан дукъа тIехула...

* * *

Надица цIахь Расу витина, Кесирин нах болчу хьажа-хIотта ваханa эвлара вогIу Анзор буьйсанга ваханера. Цкъа ца дезаделира царна кхуьнан шайга лестар. Юха, хIара баккъал холчахь хиларх тешна, юхабевлира уьш цу тIера. Шай, Кесирий цхьаьна леллачу меттигашка а хIиттира Анзор тахана, дерриг карла а даьлла.

ЦIавогIучу новкъахь цхьа тамашена кешнашкахьа озийра иза даго, уллохула волуш. Дерриг чарташ, хIолламаш лаьтташ, инзаре, тапъаьлла ду кхузахь. Цхьана аьчган кертана дехьа ваьлча, керлачу борзана гадаьккхира Анзора. Кесирин барз атта бевзира кхунна бодашкахь. Доккха са а даьккхина, дIасахьаьжира хIара.

Ша лаьттачохь вегийра, кошара санна, адаман лер

шен лере кхаьчча. Саца а сецца, бIаьрг буьйлина дIахьаьжча, гора Iа адам къаьстира. Лерана ладоьгIча, хезира:

— Бехк бацара хьан... Сайна езаш, бехйира ас хьо.. Хьоьга и ла ца делира... Хьуна а, далла а хьалха бехке ву со. Гечделахь, къинтIера яьллахь суна, Кесира! Дала декъала йойла хьо!

Цхьана юкъана барз марабоьллина а Iиллина, юха меллаша хьала а гIаьттина, бодашкахь вайра и стаг.

Шен лергашна хезначух а, бIаьргашна гиначух а ца тешаш, барз Хизара чутаIийначу куьг Iоьттира Анзора «Остопуьрла, кху тIехь а левина-кх со цу жIаьло. Делах дуйнаш а бууш, дойу-кх адамаш! Со шек-м хьаха велира юьхьанца, юха сихвелира-кх араэккха. Ас и аьллехь Кесире... ДаватIа хьан, дуьне! Ас хIун дина лан деза хIара, Кесира...»

Цунна доьгIна чурт санна, вехха борза тIехIоьттина а лаьттина, ерриг лампанех йогучу гIалигахьа юмъийцира Анзора.

— Ког баккха, ког баккха, дада. ЦIахь Расу ву хьуна сагатдеш! Халонаш ган дезар ду вайшиннан, сан кIант! Амма вайша кийча хир ву уьш, хазанеха санна, эшо, Расу!..

И ду-кх, Олхазаран-КIотararчу кIантах лаьцна айса яздина сайн архивехь карийнарг талла ваьлча, суна хааделларг. Цу тIе хIара тоьхна ваьлча, кху тIехь чекхъериг хир ю-кх сан хIара истори, аьлла хийтира суна. Ткъа юха кхоччуш цуьнан ойла йича, адаман дахаран чаккхе мичхьа ю, бохург хаьттира даго. Маса миллионаш шераш хир ду Терк башломах бухдуьйлу! Цунний дайна, хьанна хаьа, оцу Олхазаран-КIотарахь суна вуьйцу хезинчу стагах дерг цу тIехь чекхдолу, ца долу?

ДАКЪОШ

Пролог 5
Хьалхара дакъа 17
ШолгIа дакъа 96
КхоалгIа дакъа 152
Эпилог 229

Мусаев Магомед Мусаевич

АНЗОР
Роман
(на чеченском языке)

Редактор А. Д. Осмаев. Художник В. А. Ерошенко. Художественный редактор М. Б. Магомаев. Технический редактор С. П. Липатова. Корректор А. А. Арсанова. Сдано в набор 25.I 1979 г. Подписано к печати 7.VI 1979 г. Формат 70x108 1/32. Бумага типографская № 2. Объем 7,25 (10,15) п. л. Уч.-изд. л. 10,31. Тираж 3000. СФ00113. Чечено-Ингушское книжное издательство Управления по делам издательств, полиграфии и книжной торговли Совета Министров Чечено-Ингушской АССР, 364021, Грозный, улица Ленина, 14. Заказ № 265. Типография имени И. Н. Заболотного Управления по делам издательств, полиграфии и книжной торговли Совета Министров Чечено-Ингушской АССР, 364021, улица Интернациональная, 12/33. Цена 75 коп.

Max 75 кеп.

АНЗОР

(роман на чеченском языке)